# *RAGAM* BASA JAWI WONTEN ING CERBUNG RAJAPATI ING PERENG WILIS ANGGITANIPUN KUKUH S. WIBOWO

***SKRIPSI***

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh *Gelar Sarjana Pendidikan*

**dening**

**Ega Novia Putri**

**NIM 16205241041**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA**

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**

**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**

**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

**2020**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Ragam Basa Jawi wonten ing Cerbung Rajapati ing Pereng Wilis Anggitanipun Kukuh S. Wibowo* menika saged dipunujekakaken ing pandadaran awit sampun pikantuk palilah saking *pembimbing.*

Yogyakarta, 11 Mei 2020

Pembimbing,

Avi Meilawati, S.Pd, MA,

NIP. 19830502 200912 2 003

## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Ragam Basa Jawi wonten ing Cerbung Rajapati ing Pereng Wilis Anggitanipun Kukuh S. Wibowo* menika sampun dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 18 Mei 2020 dipuntepaken lulus

## DEWAN PENGUJI

| Asma | Jabatan | Tapak Asma | Tanggal |
|---|---|---|---|
| Avi Meilawati, S.Pd, MA. | Ketua Penguji | | 10 Juni 2020 |
| Nurhidayati, S.Pd, M. Hum. | Sekretaris Penguji | | 10 Juni 2020 |
| Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. | Penguji Utama | | 9 Juni 2020 |

Yogyakarta, 10 Juni 2020
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum
NIP 19621008 198803 2 001

**WEDHARAN**

Ingkang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

| | | |
|---|---|---|
| Nama | : | **Ega Novia Putri** |
| NIM | : | 16205241041 |
| Program Studi | : | Pendidikan Bahasa Jawa |
| Fakultas | : | Fakultas Bahasa dan Seni |

Ngandharaken bilih *skripsi* menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing *skripsi* menika beda kaliyan *skripsi* ingkang sinerat dening tiyang sanesipun, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratan ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 11 Mei 2020

Panyerat



Ega Novia Putri

**SESANTI**

Padha bungaha sajroning pangarep-arep, disabar sajroning karupekan, dimantep anggonmu ndedonga!

(Rum 12:12)

**PISUNGSUNG**

Kanthi raos syukur dhumateng Gusti Yesus Kristus, *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula kekalih ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga.

## PRAWACANA

Puji syukur konjuk wonten karsanipun Gusti Ingkang Murbeng Dumadi, ingkang tansah paring kanugrahan, kasarasan, saha kanikmatan satemah *skripsi* kanthi irah-irahan "Ragam Basa Jawi wonten ing Cerbung Rajapati ing Pereng Wilis Anggitanipun Kukuh S. Wibowo", sampun pungkasan anggenipun nyerat. *Skripsi* menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling pendadaran anggayuh *gelar* Sarjana Pendidikan.

*Skripsi* menika saged rampung anggenipun nyerat amargi awit saking pambiyantunipun, panyengkuyung, saha pandonganipun saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat *skripsi* menika.
2. Bapak Dr. Afendy Widayat, M.Phil, minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika.
3. Ibu Avi Meilawati, S.Pd, MA, minangka *dosen pembimbing* ingkang tansah kanthi sabar saha tlatos maringi bimbingan tumrap panyerat.
4. Bapak Mulyana, M.Hum, minangka *penasehat akademik* ingkang sampun paring piwulang saha wejangan ing sadangunipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat saha staf administrasi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun mbiyantu babagan administrasi tumrap panyerat.
6. *Dewan penguji* sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah satemah anggen kula damel *skripsi* saha ujian saged katampi.
7. Tiyang sepuh kula kekalih, Bapak Ngatemin saha Ibu Yekti Mulyani, ugi sedherek kula Mbak Hanna Rianita Putri saha Dek Ageng Pangestu, ingkang sampun paring raos tresna asih, panyengkuyung, saha pandonganipun tumrap panyerat.

8. Kanca-kanca MEMETI (Hikmah, Arum, Nica, Aul, Bukhori, Tyan, Adib), Wonosobo-Bantul (Zahro, Ucik, Umi), Grace saha Ayak ingkang sampun dados sarana kangge wawan rembag supados *skripsi* menika saged langkung sae.
9. Kanca-kanca Paguyuban Bhra Wilasa, kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2016, sarta sedaya pihak ingkang boten saged kula sebataken sedaya ingkang sampun paring donga saha panjurug tumrap panyerat satemah *skripsi* menika saged rampung.

*Skripsi* menika taksih dereng kawastanan kanthi sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju amrih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana atur kanthi andhap asoring panyerat, *skripsi* menika kaajab sageda murakabi dhateng para pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 11 Mei 2020

Panyerat

Ega Novia Putri

## WOSING SERATAN

Kaca

IRAH-IRAHAN ..... i
PASARUJUKAN ..... ii
PANGESAHAN ..... iii
WEDHARAN ..... iv
SESANTI ..... v
PISUNGSUNG ..... vi
PRAWACANA ..... vii
WOSING SERATAN ..... ix
*DAFTAR* TABEL ..... xiii
*DAFTAR* GAMBAR ..... xiv
*DAFTAR* LAMPIRAN ..... xv
*DAFTAR* CEKAKAN ..... xvi
SARINING PANALITEN ..... xvii
BAB I PURWAKA ..... 1
A. Dhasaring Panaliten ..... 1
B. Undheraning Prakawis ..... 4
C. Watesing Prakawis ..... 5
D. Wosing Prakawis ..... 5
E. Ancasing Panaliten ..... 6
F. Paedahing Panaliten ..... 6
G. Pangertosan ..... 7
BAB II GEGARAN TEORI ..... 8
A. Gegaran Teori ..... 8
1. *Sosiolinguistik* ..... 8
2. *Variasi* Basa utawi *Ragam* Basa ..... 9
a. *Variasi* basa adhedasar panuturipun ..... 10
b. *Variasi* basa adhedasar panganggenipun ..... 11
c. *Variasi* basa adhedasar *keformalan* ..... 12

d. *Variasi* basa adhedasar sarananipun .................................................. 15
3. *Fungsi Ragam* Basa .................................................................. 15
a. *Fungsi Instrumental* ............................................................. 15
b. *Fungsi Regulasi* .................................................................. 16
c. *Fungsi Representasional,* ..................................................... 16
d. *Fungsi Interaksional,* ........................................................... 16
e. *Fungsi Personal,* ................................................................. 16
f. *Fungsi Heuristik,* ................................................................. 16
g. *Fungsi Imajinatif,* ................................................................ 17
4. *Tindak Perlokusi* ..................................................................... 17
5. *Konteks* ................................................................................ 18
6. Cerbung ................................................................................. 20
B. Panaliten ingkang Gayut ............................................................ 21
C. Nalaring Pikir .......................................................................... 23
BAB III CARA PANALITEN .............................................................. 26
A. Jinising Panaliten ..................................................................... 26
B. *Data* saha Sumbering *Data* ........................................................ 26
C. Caranipun Ngempalaken *Data* ..................................................... 27
D. Pirantining Panaliten ................................................................ 29
E. Caranipun Nganalisis *Data* ......................................................... 29
F. Caranipun Ngesahaken *Data* ........................................................ 30
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGIPUN ....................... 32
A. Asiling Panaliten ..................................................................... 32
B. Pirembagan ............................................................................ 46
1. *Ragam* Resmi *(Formal)* ............................................................. 46
a. *Fungsi Representasional* (Mahyakaken Kasunyatan) ........................... 46
b. *Fungsi Personal* (Bingah) ............................................................ 48
2. *Ragam* Usaha .......................................................................... 49
a. *Fungsi Instrumental* ................................................................. 49
1) Meksa ................................................................................... 50
2) Panyuwun ............................................................................... 51

3) Ngyakinaken ........................................................................ 52
3. *Ragam Santai* ........................................................................ 53
a. *Fungsi Instrumental* ........................................................................ 54
1) Prentah ........................................................................ 54
2) Pangajak ........................................................................ 55
b. *Fungsi Regulasi* ........................................................................ 56
c. *Fungsi Representasional* ........................................................................ 57
1) Mahyakaken Kasunyatan ........................................................................ 58
2) Nedahaken Kasunyatan ........................................................................ 59
d. *Fungsi Interaksional* ........................................................................ 60
1) Sapa Aruh ........................................................................ 60
2) Pitakenan ........................................................................ 61
e. *Fungsi Personal* ........................................................................ 63
1) Manteb ........................................................................ 63
2) Bingung ........................................................................ 64
3) Gumun ........................................................................ 65
4) Sedhih ........................................................................ 66
5) Jengkel ........................................................................ 67
6) Duka ........................................................................ 68
f. *Fungsi Heuristik* ........................................................................ 70
4. *Ragam* Akrab ........................................................................ 71
a. *Fungsi Instrumental* ........................................................................ 71
1) Nyukani Pamrayogi ........................................................................ 71
2) Ngyakinaken ........................................................................ 72
b. *Fungsi Regulasi* ........................................................................ 73
c. *Fungsi Interkasional* ........................................................................ 75
d. *Fungsi Personal* ........................................................................ 76
1) Bimbang ........................................................................ 76
2) Ajrih ........................................................................ 77
3) Sedhih ........................................................................ 78
e. *Fungsi Heuristik* ........................................................................ 79

f. *Fungsi Imajinatif* ........................................................................ 80
BAB V PANUTUP ........................................................................................ 82
A. Dudutan ................................................................................................ 82
B. Implikasi ............................................................................................... 84
C. Pamrayogi ............................................................................................ 85
KAPUSTAKAN ............................................................................................ 86
LAMPIRAN ................................................................................................. 88

## ***DAFTAR*** **TABEL**

Kaca

Tabel 1. Titikanipun *Ragam* Basa 14

Tabel 2. Tuladhanipun Kertu *Data* 28

Tabel 3. Analisis Jinising *Ragam* Basa Jawi saha *Fungsi Ragam* Basa 30

## *DAFTAR* GAMBAR

Kaca

Gambar 1. Bagan Nalaring Pikir 25

# ***DAFTAR* LAMPIRAN**


| | Kaca |
|---|---|
| Tabel Analisis Jinising *Ragam* Basa saha *Fungsi Ragam* Basa wonten ing Cerbung Rajapati Ing Pereng Wilis Anggitanipun Kukuh S. Wibowo | 89 |
| Cerbung Rajapati ing Pereng Wilis | 132 |

## *DAFTAR* CEKAKAN

**Katrangan:**

Ag : Asmungi
Aj : Ajudan
Am : Amongdenta
Ar : Asro
Dr : Darus
Hrstk : Heuristik
Imaj : Imajinatif
Instr : Instrumen
Intr : Interaksional
Jr : Juari
Km : Kampana
Mr : Markani
Pd : Palindriya
Pers : Personal
Rgls : Regulasi
Rp : Reporter
Rprs : Representasional
Sg : Satrugna
Sk : Sekarniti
Sp : Priyantun Sepuh
St : Setyawan
Tn : Tonah

**_RAGAM_ BASA JAWI WONTEN ING CERBUNG RAJAPATI ING PERENG WILIS ANGGITANIPUN KUKUH S. WIBOWO**

**dening**

**Ega Novia Putri**
**16205241041**

## SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken *ragam* basa Jawi wonten ing salebeting cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo. Bab menika ngrembag jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa Jawi.

Panaliten menika awujud panaliten *deskriptif. Data* wonten ing panaliten menika awujud tuturan saking paraga ingkang ngginakaken jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan* saha *fungsi ragam* basa. Sumber *data* saking panaliten menika, cariyos sambung wonten ing salebeting kalawarti Panjebar Semangat edisi 17-34, 23 April-20 Agustus 2011, episod 1 dumugi 18 kanthi irah-irahan Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo. Anggenipun ngempalaken *data* dipuntindakaken dening panaliten kanthi ngginakaken kertu *data* ingkang dados pirantosipun. *Data* panaliten dipunkempalaken kanthi ngginakaken *teknik* maos saha nyerat (cathet). Analisis *data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika analisis *deskriptif.*

Asiling panaliten menika, jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa ingkang kaginakaken wonten ing cariyos sambung Rajapati ing Pereng Wilis. *Ragam* basa ingkang dipunginakaken inggih menika *ragam beku*, *ragam* resmi, *ragam* usaha, *ragam santai*, saha *ragam* akrab. *Fungsi ragam* basa ingkang dipunginakaken inggih menika *fungsi instrumental* (meksa, ngyakinaken, prentah, panyuwun, pangajak, saha nyukani pamrayogi), *fungsi regulasi*, *fungsi representasional* (mahyakaken kasunyatan, nedahaken kasunyatan, saha ngakoni kasunyatan), *fungsi interaksional* (sapa aruh, pasarujukan/wangsulan, saha pitakenan), *fungsi personal*, (raos pasrah, bimbang, manteb, duka, bingung, ajrih, sedhih, jengkel, gumun, umuk, pamer, bingah, kaget, geguyonan, sereng, saha srengen), *fungsi heuristik,* saha *fungsi imajinatif.*

**Pamijining tembung:** *Ragam* basa Jawi, Rajapati ing Pereng Wilis.

# BAB I

# PURWAKA

## A. Dhasaring Panaliten

Basa inggih menika salah satunggaling sarana kangge ngandharaken menapa kemawon ingkang badhe dipunwedharaken kaliyan tiyang sanes. Amargi basa menika dados sarana wonten ing salebeting pasrawungan. Boten namung basa kemawon, ananging tindak-tanduk subasita inggih kedah pener. Amargi basa saha tindak-tanduk menika boten saged pethal saking unggah-ungguhing tiyang Jawi anggenipun gesang wonten ing masarakat.

Gesang wonten ing masarakat prelu nggatosaken tata krama. Kadosta unen-unen "empan papan", empan papan tegesipun tindak-tanduk ingkang prelu ngatos-atos saha nggatosaken kahanan. Masarakat Jawi ugi caket kaliyan paribasan "ajining dhiri dumunung ing lathi". Tegesipun kapribadening manungsa dipuntemtokaken dening panuturipun piyambak-piyambak. Paribasan menika mujudaken supados ngatos-atos anggenipun sami pawicantenan.

Pawicantenan saha pasrawungan kaliyan tiyang sanes menika gayut kaliyan kawontenanipun masarakat. Maneka warni basa ingkang dipunginakaken nuwuhaken wontenipun *variasi* basa utawi *ragam* basa, amargi basa ingkang dipunginakaken miturut kaliyan kabetahanipun. *Variasi* basa utawi *ragam* basa menika miturut panganggenipun ingkang beda-beda gayut kaliyan pangangge basa, kahanan, saha ancasipun pawicantenan. Kadadosan *variasi* basa utawi *ragam* basa menika amargi panuturipun boten *homogen*, kajawi punika amargi

*interaksi sosial* ingkang dipunlampahi beda-beda. *Faktor* sanesipun ingkang nuwuhaken *variasi* basa utawi *ragam* basa inggih menika *faktor* budaya, *faktor sejarah,* saha *faktor demografi* ingkang beda. Menika ingkang ndayani nuwuhaken *keragaman* sosial saha *fungsi* basa. *Variasi* basa utawi *ragam* basa dipunbedakaken adhedasar panuturipun, panganggenipun, *keformalan,* saha sarana.

Panganggening *variasi* basa utawi *ragam* basa boten namung wonten pasrawungan masarakat kanthi lesan kemawon kadosta pawicantenan masarakat sadinten – dintenipun, pawartos wonten ing *media elektronik*, *ragam* basa wonten sesorah, pawiyatan, lsp. Ananging *variasi* basa utawi *ragam* basa ugi wonten ingkang mawi seratan, kadosta wonten ariwarti, kalawarti, cerkak (cariyos cekak), naskah sandiwara, cerbung (cariyos sambung), lsp. Wujudipun *variasi* utawi *ragam* basa mawi lesan inggih menika awujud pacelathon, menawi mawi seratan awujud pacelathon utawi tuturan, inggih menika kadosta awujud tembung, *frasa*, utawi ukara. *Variasi* basa utawi *ragam* basa ingkang dipunginakaken wonten salebeting seratan menika sami kaliyan pacelathon ingkang dipunginakaken wonten ing padintenan masarakat. Salah satunggaling seratan ingkang badhe dipunrembag inggih menika cerbung utawi cariyos sambung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.

Cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo menika anggadhahi mapinten-pinten jinis, *fungsi,* saha ancasipun *variasi* basa utawi *ragam* basa Jawi wonten ing salebetipun. Amargi paraga wonten ing salebetipun cerbung menika kathah saha maneka warni watekipun, basa ingkang

dipunginakaken narik kawigatosan kangge dipuntliti. Wosing cariyos wonten ing salebeting cerbung gampil dipunpahami. Tuladhanipun *variasi* basa utawi *ragam* basa wonten ing cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo saged dipuntingali saking pethikan cerbung wonten ing ngandhap menika.

> "Hm...ning puceting jisim kuwi rak bisa uga krana kegrujug banyu udan ta, Dhik? Sebab **meh sewengi** natas udane ngrecih. Terange lagi ngarepake **subuh iki mau**. Mula getihe kurban ya wis ilang, wong wis kentir bareng karo iline banyu udan saka ndhuwur kono. Rak iya ta?" (Dt.No:08)

Pethikan cerbung wonten ing nginggil kalebet *ragam* basa santai saha *fungsi representasional*. *Ragam* basa santai ingkang dipunginakaken menika wonten ing swasana santai, nedahaken Komisaris Amongdenta kaliyan Setyawan ingkang ngginakaken basa Jawi ngoko wonten ing pawicantenanipun. Wujud *alegro*nipun wonten ing tembung 'ning' saking tembung 'ananging', 'dhik' saking tembung 'adhik', 'ya' saking tembung 'iya', 'wong' saking tembung 'uwong', saha 'wis' saking tembung 'uwis'. Ngginakaken *fungsi representasional* ingkang mahyakaken kasunyatanipun. Dipunpanggihaken wonten ing tembung **meh sewengi** saha **subuh iki mau.** Tembung kalawau mahyakaken bilih kadadosan menika leres kadadosan saha mahyakaken kasunyatan ingkang kadadosan wonten ing dinten menika bilih sampun sewengi natas jawah saha terangipun nembe subuh.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken pamaos bilih papan pacelathon menika kadadosan wonten ing gang Makadaman panggenan ingkang dipunpanggihaken kunarpanipun, tuturan menika

antawisipun paraga Amongdenta kaliyan Setyawan, minangka Komisaris Pulisi saha dhetektip wonten ing swasana santai. Amongdenta nglesanaken bilih kunarpa ingkang dipunpanggihaken menika sampun pucet saha getihipun sampun ical amargi jawah ingkang sampun sewengi natas. Lajeng Setyawan nyarujuki pamanggihipun Amongdenta, amargi tabeting durjana sampun ical kesiram jawah lajeng kawratan  anggenipun madosi durjananipun.

Saking andharan tuladha pethikan cerbung wonten nginggil, *fokus* panaliten inggih menika jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*ipun, *fungsi ragam* basa Jawi, saha ancasipun ingkang dipunginakaken dening panganggit wonten ing cerbung Rajapati ing Pereng Wilis.

**B. Undheraning Prakawis**

Adhedasar dhasaring panaliten ing nginggil saged kapangihaken prakawis. Prakawis-prakawis dipunandharaken wonten ngandhap menika.

1. Wujudipun *ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.
2. Jinising *ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.
3. Ancasing *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.
4. *Fungsi ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.
5. Karakteristik *ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.

6. Faktor ingkang murugaken kadadosan *ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.

## C. Watesing Prakawis

Adhedasar underaning prakawis ingkang sampun diandharaken, supados panaliten menika langkung runtut saha jangkep, pramila prakawis ingkang dipuntaliti menika dipunwatesi. Watesanipun prakawis ingkang dipuntaliti kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Jinising *ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.
2. *Fungsi ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.
3. Ancasing *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.

## D. Wosing Prakawis

Adhedasar dhasaring panaliten, underaning prekawis, saha watesaning prekawis, pramila saged dipunpundhut saking panaliten menika :

1. Menapa kemawon jinising *ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo?
2. Menapa kemawon *fungsi ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo?
3. Menapa kemawon ancasing *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.

## E. Ancasing Panaliten

Adhedasar wosing prakawis ing nginggil saged kapendhet ancasing panaliten. Ancasing panaliten kaandharaken kados ing ngandhap menika :

1. Ngandharaken menapa kemawon jinising *ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.
2. Ngandharaken menapa kemawon *fungsi ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.
3. Ngandharaken menapa kemawon ancasing *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa Jawi wonten cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.

## F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika dipunajab saged mumpangati kanthi teoritis saha praktis. Paedah teoritis saha praktis wonten ing panaliten menika inggih menika:

1. Paedah *teoritis*, panaliten menika saged nyukani kawruh bab *ragam* basa Jawi ugi gadhah pangangkah saged dados panjurung dhateng panaliti sanesipun supados ngawontenaken panaliten jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa Jawi, saha ancasipun ingkang gayut kaliyan *sosiolinguistik.*
2. Paedah *praktis*, asiling panaliten menika dipunajab saged gadhah paedah kangge piwulangan basa Jawi, gesang wonten ing masarakat Jawi kanthi nggatosaken jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa Jawi, saha ancasipun.

## G. Pangertosan

Supados pamanggih ing antawisipun panyerat saha pamaos wonten panaliten menika jumbuh, pramila dipunandharaken mapinten-pinten pangertosan. Pangertosan kasebat inggih menika :

1. *Sosiolinguistik* inggih menika saking kalih tembung, *sosio* utawi "masarakat" saha *linguistik* "kajian basa". Dados *sosiolingusitik* inggih menika ngrembag bab basa ingkang dipungayutaken kaliyan kawontenanipun masarakat.
2. *Variasi* basa utawi *ragam* basa inggih menika basa ingkang kadadosan amargi wontenipun beda saking tingkat *formalitas* utawi *keresmian tindak bahasa sosiolinguistik* ingkang gayutanipun kaliyan pangangge basa, kahanan, saha ancasipun pawicantenan.
3. Cerbung utawi cariyos sambung inggih menika cariyos ingkang dipunperang kanthi mapinten-pinten perangan ingkang cekak saha dipunsambung malih, langkung saking setunggal kadadosan, saha cariyosipun kompleks.

# BAB II

# GEGARAN TEORI

## A. Gegaran Teori

### 1. *Sosiolinguistik*

*Sosiolinguistik* inggih menika ngelmu antawisipun *sosiologi* kaliyan *linguistik* ingkang sami gegayutan. *Sosiolinguistik* menika saking kalih tembung, inggih menika *sosio* saha *linguistik*. *Sosio* tegesipun “masarakat”, kadospundi caranipun masarakat anggenipun gesang sesrawungan saha *linguistik* tegesipun bab basa ingkang dipungayutaken kaliyan kawontenanipun masarakat. Miturut J.A. Fishman (1972: 4) *sosiolinguistik* wonten tigang unsur, inggih menika ciri khas *variasi* basa, *fungsi-fungsi variasi* basa, saha panganggenipun basa. Tigang unsur kalawau sami gegayutan saha saged ndadosaken ewah-ewahing basa wonten ing masarakat. Ngelmu menika gegayutan kaliyan sinten ingkang gineman, basa menapa ingkang dipunginakaken, kaliyan sinten saha kapan basa menika dipunginakaken (Chaer, 2014: 2-5).

Miturut Nababan (1984) *sosiolinguistik* inggih menika *kajian* basa ingkang gayut kaliyan penutur basa minangka anggota masarakat. Rerembagan menika boten namung *verbal* kemawon, ananging ugi wonten ingkang non *verbal* (Nababan lumantar Sumarsono, 2014: 4-5). Harimurti Kridalaksana (1974) ngandharaken bilih *sosiolinguistik* inggih menika cabang *linguistik* ingkang mahyakaken titikanipun *variasi* basa saha netepaken gayutipun titikan *variasi*

basa kasebat kaliyan titikan *sosial. Sosiolinguistik* menika gayut kaliyan titikan saha *fungsi* wonten ing masarakan basa (Mansoer, 2015: 3).

*Sosiolingusitik* menika ngrembag babagan basa saha kawontenanipun masarakat, utawi *bidang* kaji ingkang ngewrat gayutipun *teori* wonten ing masarakat saha basa, ingkang dipuntliti inggih menika *aspek-aspek sosial* ingkang gadhah titikan, kadosta titikan *sosial*, swantenipun basa ingkang gayut kaliyan *fonem, morfem,* tembung, saha ukara (Endang, 2009: 3).

Adhedasar pamanggih saking ahli-ahli menika saged kapendhet dudutan bilih pangertosan *sosiolinguistik* inggih menika ngelmu ingkang nyinau *kajian* basa ingkang gayut kaliyan kawontenanipun masarakat. Nyinau basanipun, kadospundi panganggenipun basa, saha gayutipun antawisipun basa kaliyan panganggenipun. *Sosiolinguistik* menika gegayutan kaliyan *variasi* basa utawi *ragam* basa ingkang wonten ing gesanging masarakat.

## 2. *Variasi* Basa utawi *Ragam* Basa

*Ragam* basa inggih menika *variasi* basa miturut panganggening ingkang beda-beda miturut *topik* ingkang dipunwicantenaken, miturut gayutipun pawicantenan, sinten ingkang dipunajak gineman, saha tiyang ingkang dipunginemaken. *Variasi* utawi *ragam* basa menika kadadosan amargi wontenipun *ragam sosial* saha *ragam fungsi* basa, lajeng *ragam* basa menika kangge njangkepi *fungsi* ingkang dados pirantos pawicantenan wonten ing kegiyatan masarakat ingkang maneka warni *ragam*ipun (Chaer, 2014: 61-62).

Pamanggihipun Wardhaugh (1986: 22) ingkang sampun dipunterjemahaken mawi basa Jawi, *variasi* basa inggih menika cara ngandharaken unen-unen ingkang kadayan dening *faktor* sanjawining basa ingkang dipunginakaken wonten ing rerembagan. *Ragam* basa ingkang gayutanipun kaliyan dhaerah dipunwastani *dialek; ragam* basa ingkang gayutanipun kaliyan kelompok *sosial* dipunwastani *sosiolek; ragam* basa ingkang gayutipun kaliyan kawontenan rikala micara dipunwastani *fungsiolek;* saha *ragam* basa ingkang pikantuk saking ewahing basa ingkang gayutanipun kaliyan ewah gingsiring jaman dipunwastani *analog kronolek.*

Saking kalih pangertosan wonten ing nginggil saged kapendhet dudutan bilih *ragam* basa inggih menika basa ingkang gadhah kathah *variasi* utawi basa ingkang beda-beda amargi wonten mapinten-pinten *faktor* ingkang ndayani, kadosta *faktor* budaya, *sejarah,* saha *demografi.*

Adhedasar panganggenipun, basa dipunginakaken kangge menapa, ing *bidang* menapa, menapa kemawon pirantosipun, saha kadospundi kahanan *keformalan.* Miturut Chaer (2014: 62-73) *variasi* basa menika dipunperang dados sekawan, inggih menika *variasi* basa adhedasar panuturipun, adhedasar panganggenipun, adhedasar *keformalan,* saha adhedasar sarana. *Variasi* wonten nginggil saged dipunandharaken kados menika.

a. *Variasi* basa adhedasar panuturipun

*Variasi* basa miturut panuturipun menika dipunperang dados sekawan, inggih menika *idiolek, dialek, kronolek,* saha *sosiolek.*

1) *Idiolek* menika asipat *personal*, saged dipuntingali saking swantenipun, panganggenipun tembung, lelewaning basa, rantamaning ukara. Ananging ingkang kathah dipuncakaken inggih menika warninipun swanten, satemah kita saged mangertosi tiyangipun tanpa ningali tiyang ingkang ngendika. Kangge mangertosi idiolekipun tiyang sanes menika langkung gampil saking ginemanipun tinimbang saking seratanipun.

2) *Dialek* menika *variasi* basa ingkang wonten ing satunggal papan utawi dhaerah tartamtu, pramila dipunsebat *dialek areal*, *dialek regional* utawi *dialek geografi*. Sanadyan saben dhaerah gadhah dialek piyambak-piyambak, ananging wonten titikan ingkang sami dados tandha menawi taksih wonten setunggal *dialek*, ingkang beda inggih menika wonten titikan ingkang khas saben dhaerahipun.

3) *Kronolek* utawi dipunsebat *dialek temporar* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening *kelompok sosial* wonten wekdal tartamtu.

4) *Sosiolek* utawi *dialek sosial,* inggih menika *variasi* basa ngengingi *status, golongan,* saha *kelas sosial* panuturipun. Gayutipun kaliyan umur, pawiyatan, *seks*, padamelan, *tingkat kebangsawanan,* kahanan *sosial ekonomi,* saha sanesipun (Chaer, 2014: 62-66).

b. *Variasi* basa adhedasar panganggenipun

*Variasi* basa ingkang ngengingi panganggenipun, tiyang ingkang nginakaken, utawi paedahipun dipunsebut *fungsiolek* (Nababan lumantar Chaer, 2014: 68), *ragam*, utawi *register*. *Variasi* menika adhedasar panganggenipun, gaya, utawi *tingkat keformalan,* saha sarana panganggenipun. Panganggenipun

*variasi* basa menika dipunginakaken kangge kabetahan utawi wonten *bidang* menapa. Kadosta, *bidang sastra jurnalistik, militer, pertanian, pelayaran, perekonomian, perdagangan,* pawiyatan, saha *kegiyatan keilmuan* (Chaer, 2014: 68-69).

c. *Variasi* basa adhedasar *keformalan*

Adhedasar *tingkat keformalan,* miturut Martin Joos 1967 (lumantar Chaer, 2014: 70) *variasi* basa wonten gangsal *ragam*, inggih menika *ragam beku (frozen), ragam* resmi *(formal), ragam* usaha *(konsultatif), ragam santai (casual),* saha *ragam* akrab *(intimate). Ragam-ragam* basa miturut Martin Joos menika kaandharaken wonten ing ngandhap.

1) *Ragam Beku (Frozen)*

*Ragam beku* inggih menika *variasi* basa ingkang wosipun gadhah wujud ingkang boten ewah, *struktur*ipun ugi boten kenging dipunewahi. Dipunwastani *ragam beku* amargi saking pola saha tatananipun sampun dipuntrepaken kanthi mantep, ugi boten saged dipungantos (Endang, 2009: 48-49). *Ragam beku* dipunginakaken wonten ing salebeting paribasan, bebasan, utawi unen-unen.

2) *Ragam* Resmi *(Formal)*

*Ragam* resmi utawi *formal* menika ngginakaken tembung gantos ingkang resmi, *topik* pawicantenanipun asipat resmi saha kanthi saestu, anggenipun pawicantenan sami ngurmati, wujudipun basa ingkang dipunginakaken miturut tatanan, saha *tingkat* tuturipun sami kaliyan *strata* tiyang ingkang dipunajak gineman. *Ragam* resmi menika limrahipun ngginakaken basa krama (Endang, 2009: 25-28).

3) *Ragam* Usaha *(Konsultatif)*

*Ragam* usaha inggih menika *variasi* basa antawisipun *ragam formal* saha *ragam informal* utawi *ragam santai.* Basa menika dipunginakaken wonten ing padintenan saha kalebet basa ingkang *operasional*, tegesipun gadhah watesan ingkang dipundadosaken dhasar kangge nindakaken kegiyatan. Boten prelu ngginakaken rancangan ingkang *ekstensif* babagan menapa ingkang badhe dipunwicantenaken (Chaer, 2014: 71).

*4) Ragam Santai (Casual)*

*Ragam santai* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken ing swasana ingkang santai saha boten resmi. *Ragam santai* menika dipunginakaken ing pawicantenan ingkang santai antawisipun panutur kaliyan mitra tuturipun, wujud basanipun langkung bebas menawi dipunbandhingaken kaliyan *ragam* resmi. Asring ngginakaken tembung wancah utawi tembung ingkang tuturanipun dipunsingkat utawi *alegro*. Asring ngginakaken *interjeksi* utawi nggambaraken raosing manah pamicara, panganggenipun tingkat tutur kadang kala boten nggatosaken gayutipun panutur saha mitra tuturipun, saha topik pawicantenanipun boten runtut (Endang, 2009: 28-34). *Kosakata*nipun kathah ingkang ngginakaken *unsur leksikal dialek* saha *unsur* basa daerah.

5) *Ragam* Akrab *(Intimate)*

*Ragam* akrab inggih menika *variasi* basa ingkang biyasanipun dipunginakaken dening panutur ingkang sampun akrab. *Ragam* menika dipuntandhai panganggenipun basa ingkang boten trep, cekak aos, saha *artikulasi* ingkang boten cetha (Chaer, 2014: 71).

Tabel 1. Titikanipun *Ragam* Basa

| *Ragam* Basa | Titikanipun |
|---|---|
| *Ragam Beku* | - wosipun saha strukturipun boten kenging dipunewahi.<br>- pola saha kaidahipun sampun dipuntrepaken kanthi mantep saha boten saged dipungantos.<br>- *fungsi*nipun kangge kabetahan tartamtu.<br>- dipunginakakaken wonten ing salebeting paribasan, bebasan, utawi unen-unen. |
| *Ragam* Resmi | - ngginakakaken tembung gantos ingkang resmi.<br>- topik pawicantenanipun asipat resmi saha kanthi saestu, saged dipuntingali saking *konteks* utawi panuturipun.<br>- anggenipun pawicantenan sami ngurmati.<br>- wujudipun basa ingkang dipunginakakaken miturut kaidah, saha tingkat tuturipun sami kaliyan strata tiyang ingkang dipunajak gineman.<br>- limrahipun ngginakakaken basa krama. |
| *Ragam* Usaha | - wujudipun *ragam usaha* antawisipun *ragam formal* kaliyan *ragam santai.*<br>- *ragam usaha* menika *ragam* basa ingkang *operasional.*<br>- dipunginakakaken wonten ing padintenan.<br>- boten prelu ngginakakaken rencana ingkang *ekstensif* babagan menapa ingkang badhe dipunwicantenaken. |
| *Ragam Santai* | - dipunginakakaken ing swasana ingkang santai saha boten resmi.<br>- dipunginakakaken ing pawicantenan ingkang santai antawisipun panutur kaliyan mitra tuturipun, wujud basanipun langkung bebas menawi dipunbandhingakaken kaliyan *ragam* resmi.<br>- asring ngginakakaken tembung wancah utawi tembung ingkang tuturanipun dipunsingkat utawi *alegro.*<br>- *kosakata*nipun kathah ingkang ngginakakaken *unsur leksikal dialek* saha *unsur* basa daerah. |
| *Ragam* Akrab | - dipunginakakaken dening panutur ingkang sampun akrab sanget.<br>- basa ingkang dipunginakakaken boten jangkep, cekak, saha *artikulasi* ingkang boten cetha.<br>- kadangkala ngginakakaken ukara *elips*, inggih menika tembung ingkang *struktur*ipun boten jangkep.<br>- panganggenipun wujud *alegro* ingkang langkung kathah. |

d. *Variasi* basa adhedasar sarananipun

Sarana ingkang dipunginakaken inggih menika *ragam* lesan saha *ragam* seratan, utawi *ragam* ingkang ngginakaken sarana/pirantos tartamtu. Antawisipun basa lesan kaliyan basa seratan wonten ingkang beda, kadosta wujud *struktur*. Basa lesan menika dipunbiyantu dening *unsur-unsur nonsegmental* utawi unsur *nonlinguistik* ingkang arupa swanten, gerak, asta, mustaka, utawi obahing badan sanesipun. Menawi wonten basa seratan menika boten wonten. Lajeng dipungantos kedah dipun*eksplisit*aken sacara *verbal* (Chaer, 2014: 72-72).

Saking jinising *variasi* basa wonten ing nginggil, panaliten menika ngginakaken jinising *variasi* basa adhedasar *keformalan* miturut Martin Joos dados landasan, amargi *variasi* basa adhedasar *keformalan* kathah dipunpanggihaken wonten ing cerbung ingkang badhe dipuntliti.

### 3. *Fungsi Ragam* Basa

Miturut Wardhaugh (1972: 3-8) *fungsi ragam* basa inggih menika pirantos pawicantenan manungsa, mawi seratan utawi lesan. Miturut H.A.K. Halliday (1973) ingkang dipunpethik Tarigan (2003: 6-7) wonten pitu paedahing *ragam* basa, inggih menika.

a. *Fungsi Instrumental* utawi *direktif*, inggih menika *fungsi* basa *komunikatif* ingkang ndadosaken kadadosan-kadadosan tartamtu. *Fungsi ragam* basa menika nedahaken tuturan prentah, ngrayu, nyukani pamrayogi, pangajak, ngyakinaken, meksa, saha panyuwun. Tuladhanipun wonten ukara-ukara wonten ngandhap menika:

   - *Harap tenang. Ada ujian.*

- *Sebaiknya Anda menelepon dulu.*

- *Anda tentu mau membantu kami.*

b. *Fungsi Regulasi*, inggih menika basa ingkang dipunginakaken kangge ngatur saha ngendalikaken tiyang sanes, kahanan, ugi kadadosan.

c. *Fungsi Representasional,* inggih menika *fungsi* basa kangge mangertosi *objek* utawi kadadosan wonten ing sakiwa tengenipun miturut kasunyatan ingkang dipuntingali.

d. *Fungsi Interaksional,* inggih menika gadhah paedah kangge gesanging manungsa anggenipun bebrayan kaliyan tiyang sanesipun. Biyasanipun gadhah *pola* tetep, kadosta anggenipun pepanggihan, pamitan, lsp. Tuladhanipun tuturan wonten basa Inggris *How do you do, How are you, Here you are,* saha *Nice day*. Wonten ing basa Indonesia kadosta *Apa kabar, Bagaimana anak-anak*, *Mau kemana nih*, lsp. Tuturan menika dipungayutaken kaliyan *unsur paralinguistik,* kadosta eseman, obahing asta, pasuryan, kedhepan soca, lsp.

e. *Fungsi Personal*, inggih menika nyukani kalodhangan kangge tiyang sanes anggenipun ngandharaken pepenginan saha emosi mawi basa. Ingkang mirengaken ugi saged ngira-ira menapa panutur saweg duka, bungah, sedhih, bingung, gumun, utawi nesu.

f. *Fungsi Heuristik,* inggih menika panganggenipun basa kangge mangertosi ngelmu, nyinau babagan cariyos wonten papan panggenanipun. *Fungsi heuristik* menika dipunandharaken awujud pitakenan-pitakenan ingkang mbetahaken wangsulan.

g. *Fungsi Imajinatif*, dipunginakakaken kangge ngandharaken pamanggih, pangraos, ingkang nyata utawi *imaginasi (khayalan, rekaan)*. *Fungsi imajinatif* limrahipun arupa karya seni (puisi, cariyos, dongeng, lsp) ingkang dipunginakakaken kangge panglipur panutur utawi ingkang mirengaken.

Panaliten menika ndadosaken *fungsi ragam* basa wonten ing nginggil dados landasan anggenipun nemtokakaken *fungsi ragam* basa ingkang wonten ing cerbung Rajapati ing Pereng Wilis.

**4. *Tindak Perlokusi***

Mulyana (2005: 81) ngandharaken bilih *tindak perlokusi* inggih menika asiling utawi *efek* ingkang dipuntuwuhaken dening panutur. Tuturan *perlokusi* menika ngewrat teges tartamtu ingkang dipunpenginaken dening panutur wonten ing rerembagan.

Miturut Ibrahim (1993: 261) *tindak perlokusi* saged awujud narima topik, nolak, saha netral. Tegesipun, perlokusi menika dipuntamtukaken dening wontenipun kahanan *konteks* saha miturut panuturipun wonten ing rerembagan.

Saking pangertosan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *perlokusi* inggih menika *efek* saking pawicantenan ingkang dipuntuwuhaken dening panutur. *Ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa ingkang sampun dipanggihaken lajeng dipunpadosi ancasipun utawi efekipun saking tuturan wonten ing salebeting rerembagan, supados mangertosi menapa ingkang dipunpenginaken utawi ingkang kedah dipuntindakaken kaliyan mitra tuturipun.

## 5. *Konteks*

Rerembagan menika dipun*analisis* ngginakaken *konteks. Konteks* menika kangge mbiyantu mangertosi dhasaring pangandikan wonten ing satunggaling rerembagan. *Konteks* ing panaliten menika kadosta *unsur-unsur* ingkang kalebet wonten ing basa saha gayutipun saha wujud saha pamilihan *ragam* basa. Mulyana (2005: 21) ngandharaken *konteks* inggih menika latar (panggenan, wekdal, saha kawontenan) wonten ing satunggaling rerembagan. *Konteks* menika minangka sebab musabab wonten ing satunggaling rerembagan.

Miturut Kridalaksana (2008: 13) *konteks* menika magepokan kaliyan kawontenan-kawontenan rerembagan. *Konteks* menika tegesipun perangan-perangan kawontenan *fisik* utawi *sosial* ingkang gegayutan kaliyan satunggaling tuturan; gambaran (ngelmu) ingkang gathuk antawisipun ingkang ngendika kaliyan ingkang mirengaken, satemah tiyang ingkang mirengaken saged mangertosi kekajenganipun ingkang ngendika.

Saking pamanggih-pamanggih wonten nginggil saged kapendhet dudutan, bilih tegesipun *konteks* inggih menika perangan saking satunggaling rerembagan ingkang ngandharaken kawontenan *fisik* utawi *sosial.* Miturut Dell Hymes (lumantar Sumarsono, 2014: 334-335), ngandharaken bilih *konteks* dipunperang dados wolung pirantos tutur ingkang dipunsebat SPEAKING, inggih menika *setting and scene, participants, end, act sequences, key, instrumentalities, norms of interaction and interpretation,* saha *genres.* Wondene wolung pirantos tutur menika kandharaken kados mekaten.

*a.* *Setting and scene. Setting* menika gayut kaliyan wekdal saha papan panggenan dumadinipun satunggaling rerembagan. Lajeng *scene* gayut kaliyan kahanan utawi kawontenan tuturan ingkang beda saha saged nuwuhaken panganggenipun *variasi* basa.

*b.* *Participants* inggih menika sedaya tiyang ingkang ndherek wonten rerembagan, saged dados pamicara utawi tiyang ingkang mirengaken.

*c.* *Ends* inggih menika ngandharaken kekajenganipun utawi ancasing rerembagan.

*d.* *Act sequence* inggih menika nggambaraken wujuding saha wosing rerembagan. Wujudipun kadosta tembung-tembung ingkang dipunginakaken, kadospundi panganggenipun, saha gayutipun antawisipun menapa ingkang dipunandharaken kaliyan pokokipun rerembagan.

*e.* *Key* inggih menika nggambaraken kadospundi caranipun ngandharaken rerembagan ingkang badhe dipunaturaken: kanthi bungah, bombong, gumedhe, nyaruwi, lan sapiturute.

*f.* *Instrumentalities* inggih menika ngandharaken basa ingkang dipunginakaken, kadosta lesan, seratan, mawi *telegraf* utawi *telepon.* Ugi nggambaraken kode rerembagan ingkang dipunginakaken, kadosta basa, dialek, fragam, utawi register.

*g.* *Norm of Interaction and Interpretation* inggih menika *norma* utawi pranatan wonten sesrawungan. Kadosta gayut kaliyan caranipun nyuwun pirsa, suka pamragoyi, saha sanes-sanesipun.

h. *Genre* inggih menika nggambaraken kadospundi wujudipun rerembagan menika, kadosta narasi, puisi, pepatah, donga, saha sanes-sanesipun (Sumarsono, 2014: 325-335).

*Konteks* kasebat wonten panaliten *"Ragam Basa Jawi wonten ing Cerbung Rajapati ing Pereng Wilis Anggitanipun Kukuh S. Wibowo"* dipunginakaken dados landasan anggenipun nemtokakaken jinis saha *fungsi ragam* basa. Kangge nemtokakaken jinis saha *fungsi ragam* basa menika nggatosaken pirantos tutur *setting and scene, participants, end, act sequences, key, instrumentalities, norms of interaction and interpretation,* saha *genres.*

**6. Cerbung**

Miturut Sudjiman (1984: 53) ngandharaken bilih cariyos sambung inggih menika cariyos rekaan ingkang dipunserat sepaleh-sepaleh utawi per-seri kanthi urut woten ing salebeting kalawarti. Cariyos wonten salebeting cerbung menika dipunpedhot wonten ing perangan ingkang narik kawigatosan, ancasing supados pamaos kersa maos seri salajengipun.

Andharan saking ahli menika saged kapendhet dudutan bilih cerbung utawi cariyos sambung inggih menika cariyos *fiksi* utawi *rekaan* ingkang dipunperang kanthi mapinten-pinten perangan (*episode)* ingkang cekak saha dipunsambung malih, langkung saking setunggal kadadosan, saha cariyosipun langkung *kompleks.*

Panaliten menika ngginakaken cerbung anggitanipun Kukuh S. Wibowo kanthi irah-irahan Rajapati ing Pereng Wilis ingkang kaserat wonten ing Kalawarti Panjebar Semangat edisi 17-34, 23 April 2011 - 20 Agustus 2011

episod 1 dumugi 18. Tema wonten ing cerbung Rajapati ing Pereng Wilis inggih menika rajapati, prakawis wonten ing gesanging manungsa, saha kahanan ingkang *kontras status sosial*ipun antawisipun paraga setunggal kaliyan sanesipun, mliginipun wonten ing cerbung menika ngrembag bab rajapati amargi prakawis katresnan. Lajeng piwulang ingkang saged dipunpendhet saking cerbung inggih menika babagan negakaken ukum, ningkataken ekonomi masarakat kangge nyuda angka tiyang ingkang tumindak ala.

Cerbung menika dados sumber panaliten amargi wonten kathah *variasi* utawi *ragam* basa wonten salebetipun cerbung menika. Kejawi menika, wonten salabeting cerbung menika ngewrat boten namung setunggal tema kados ingkang sampun dipunandharaken wonten nginggil, cariyosipun saged dipunmangertosi saha narik kawigatosan menawi sampun dipunwaos. Piwulang wonten salebeting cerbung ugi nyukani ngelmu kangge gesanging manungsa wonten padintenan.

## B. Panaliten ingkang Gayut

Panaliten ingkang wonten gayutanipun kaliyan *sosiolinguistik* sampun dipuntindakaken kaliyan panaliti-panaliti saderengipun, awit saking menika panaliten ingkang gayut dados dhasar kangge nyusun panaliten. Panaliten ingkang gayut inggih menika panalitenipun Dicky Aria Krisna Yudha, mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah Universitas Negeri Yogyakarta angkatan 2009 kanthi irah-irahan *Ragam Basa Jawi Wonten Ing Salebeting Naskah Sandiwara Mata Kuliah Sanggar Sastra Jawa.* Panaliten menika ngrembag bab *ragam* basa wonten ing salebeting naskah kasebat.

Bedanipun kaliyan panaliten ingkang badhe dipuntliti inggih menika saking *objek* panalitenipun, wonten ing skripsi saking Dicky Aria Krisna Yudha taun 2013 menika objekipun *sampel* naskah sandiwara mata kuliah Sanggar Sastra Jawi, ingkang badhe dipunanalisis namung jinising *ragam* basa adhedasar *keformalan* saha *fungsi ragam* basa kemawon. Menawi wonten ing panaliten menika ngginakaken cerbung kanthi irah-irahan Rajapati ing Pereng Wilis, ingkang badhe dipunanalisis jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa Jawi.

Salajengipun panaliten ingkang dipuntindakaken dening Intan Irawati mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2007 kanthi irah-irahan *Ragam Bahasa pada Acara Klinong-Klinong Campursari di Jogja TV.*

Bedanipun kaliyan panaliten ingkang badhe dipuntliti inggih menika saking *objek* panalitenipun saha ingkang badhe dipunanalisis, wonten ing skripsi saking Intan Irawati taun 2012 menika kalebet *ragam* basa lesan objekipun salah satunggaling adicara ing TV, taksih ngginakaken basa Indonesia, saha ingkang dipunanalisis inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken saha *faktor* ingkang murugaken pangangge ngginakaken *ragam* basa. Menawi wonten ing panaliten menika kalebet *ragam* basa mawi seratan, objekipun ngginakaken cerbung kanthi irah-irahan Rajapati ing Pereng Wilis, ingkang badhe dipunanalisis jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*, *fungsi ragam* basa, saha ancasipun *ragam* basa Jawi.

*Jurnal Kata (Bahasa, Sastra, dan pembelajarannya)* ingkang dipuntindakaken dening Rian Diasti, Wini Tarmini, saha Eka Sofia Agustina sasi

Mei 2014, mahasiswa Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Lampung kanthi irah-irahan *Ragam Bahasa dalam Acara Talk Show Kick Andy Periode Oktober 2013.* Bedanipun kaliyan panaliten ingkang badhe dipuntliti inggih menika saking *objek* panalitenipun, wonten ing jurnal basa menika kalebet *ragam* basa lesan objekipun salah satunggaling adicara ing TV, inggih menika *talk show Kick Andy,* jinising *ragam* basa ingkang dipuntliti adhedasar panutur, panganggenipun, *keformalan*, saha sarana. Menawi wonten ing panaliten menika *ragam* basa mawi seratan, *objek*ipun ngginakaken cerbung kanthi irah-irahan Rajapati ing Pereng Wilis, ingkang badhe dipunanalisis jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan* kemawon, *fungsi ragam* basa, saha ancasipun *ragam* basa Jawi.

*Jurnal language, linguistics, and literature* ingkang dipuntindakaken dening Heppy Lismayanti, Kisyani Laksono, saha Maria Mintowati kanthi irah-irahan *Language Variations by Guru Zaini Ghani's Preach in South Kalimantan* taun 2019 menika *objek* panalitenipun mawi lesan, inggih menika khotbah ingkang dipuntindakaken wonten ing Kalimantan Selatan. Wonten ing *jurnal* menika ngrembag *ragam* basa, gaya basa adhedasar swanten, saha *struktur* ukara ing khotbah Guru Zaini Ghani. Jinising *ragam* basa ingkang dipuntliti menika *ragam* basa *idiolastik, dialek, ragam* basa *formalitas,* resmi, saha *santai.*

## C. Nalaring Pikir

Ngelmu *sosiolinguistik* menika ngewrat babagan jinising *ragam* basa saha *fungsi ragam* basa ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil. Adhedasar saking teori *ragam* basa kalawau saged dipuntingali bilih cerbung

ingkang badhe dipuntaliti menika ngginakakaken jinising saha *fungsi ragam* basa Jawi.

Miturut *teori* ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil, *ragam* basa menika wonten gangsal, inggih menika *ragam beku, ragam* resmi, *ragam* usaha, *ragam santai,* saha *ragam* akrab. *Ragam* ingkang dipunginakakaken wonten ing panaliten menika adhedasar saking objek panaliten ingkang dipuntingali saking cerbung kanthi irah-irahan Rajapati ing Pereng Wilis ngginakakaken gangsal *ragam* basa, inggih menika, *ragam* resmi, *ragam* usaha, *ragam santai,* saha *ragam* akrab.

*Fungsi ragam* basa ingkang dipunpanggihaken wonten pitu, inggih menika *fungsi instrumental, fungsi regulasi, fungsi representasional, fungsi interaksional, fungsi personal, fungsi heuristik,* saha *fungsi imajinatif.*

Gambar 1. Bagan Nalaring Pikir



# BAB III

# CARA PANALITEN

## A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih menika panaliten *deskriptif.* Miturut Sudaryanto (1992: 62-63) panaliten *deskriptif* menika panaliten ingkang ngandharaken kahanan ingkang kadadosan ngginakaken *prosedur ilmiah* kangge mangsuli kadadosan kanthi nyata. Lajeng kangge panaliten *kualitatif* menika panaliten ingkang dipuntujukaken kangge ngandharaken utawi nganalisis kahanan, kadadosan, *sikap, persepsi,* lsp kangge ngempalaken deskripsi *data.*

Panaliten menika ngrembag jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa Jawi salebeting cerbung Rajapati ing Pereng Wilis. *Data*nipun awujud pacelathon utawi tuturan antawisipun jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa, saha ancasipun. Wonten ing panaliten menika ngginakaken *deskriptif kualitatif* amargi ngandharaken jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa Jawi wonten ing salebeting cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo.

## B. *Data* saha Sumbering *Data*

*Data* menika awujud tuturan paraga wonten salabetipun cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo. *Data* ingkang kabedhah wonten ing panaliten inggih menika jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa. Sumber

*data*nipun inggih menika cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo ingkang kaserat wonten ing Kalawarti Panjebar Semangat edisi 17-34, 23 April 2011 dumugi 20 Agustus 2011 episod 1 dumugi 18. Cerbung menika dados sumber panaliten amargi wonten kathah *variasi* utawi *ragam* basa wonten salebetipun cerbung menika. Kejawi menika, wonten salabeting cerbung ngewrat boten namung setunggal tema kados ingkang sampun dipunandharaken wonten nginggil, cariyosipun saged dipunmangertosi saha narik kawigatosan menawi sampun dipunwaos. Piwulang wonten salebeting cerbung ugi nyukani ngelmu kangge gesanging manungsa wonten padintenan.

## C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Caranipun ngempalaken *data* inggih menika kanthi *teknik* maos saha *teknik* nyerat (cathet). *Data* ingkang dipunpendhet inggih menika jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa Jawi. *Teknik* maos dipuntindakaken kanthi cara (1) panaliti maos cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo kanthi tliti, (2) nyukani pratandha wonten ing cerbung ingkang ngemu jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*ipun saha *fungsi ragam* basa Jawi, (3) jinising saha *fungsi ragam* basa Jawi ingkang sampun dipunpanggihaken lajeng dipunandharaken kadospundi pangrembagipun adhedasar *teori*nipun.

Anggenipun nyamektakaken *data* menika wonten tigang kegiyatan ingkang dipuntindakaken (Sudaryanto, 1993: 9), inggih menika.

1. Ngempalaken *data* ingkang badhe dipunserat;
2. Milih *data* kanthi mbucal ingkang boten dipunbetahaken;

3. Nata miturut jinising *data* ingkang saweg dipunserat, dipunpilih, saha dipunperang.

Salajengipun menika *teknik* nyerat (cathet), inggih menika nyerat wonten ing kertu *data* ingkang sampun samekta. Menawi *data* sampun dipunpilih lajeng dipunanalisis, dipunandharaken miturut jinising *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basanipun, lajeng *data* dipunserat wonten ing kertu *data.* Kertu *data* ingkang dipundamel wonten ing panaliten menika kados ing ngandhap menika.

Tabel 2. Tuladhanipun kertu *data*

| | | |
|---|---|---|
| Sumber | : | *data* nomer 01 |
| *Konteks* | : | Pacelathon menika antawisipun Mas Darpita saha Sekarniti wonten ing griyanipun Sekarniti. Mas Darpita ngendika bilih boten dangu malih rama dalah ibunipun badhe sowan saperlu nglamar Sekarniti. Lajeng Darpita nyukani pitakenan dhateng Sekarniti menapa sampun purun menapa dereng menawi dados jatukramanipun ananging Sekarniti boten langsung mangsuli. Tumungkul sekedhap uwik kaliyan benik rasukan, lajeng ningali nginggil malih saha matur. |
| *Data* | : | "Yen kersane Mas Darpita kaya ngono, **aku mung manut.**" |
| Jinis *Ragam* Basa | : | *Santai* |
| *Fungsi* | : | *Personal* (pasrah) |
| Katrangan | : | Ukaranipun nedahaken ragam santai, wujud *alegro*nipun tembung 'ngono' saking tembung 'mangkoni' saha 'mung' saking tembung 'namung', *konteks*ipun *ragam* basa dipunginakaken ing swasana santai saha ngginakaken basa ngoko alus. Panutur nglairaken raosing manah ingkang awujud raos pasrah. Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih papan pacelathon menika kadadosan wonten ing griyanipun Sekarniti antawisipun Mas Darpita saha Sekarniti. Wonten kahanan menika Mas Darpita ngendika bilih boten dangu malih rama ibunipun badhe sowan kangge nglamar Sekarniti. Sekarniti pasrah, wujudipun raos pasrah saged dipuntingali saking wangsulanipun Sekarniti ingkang namung pasrah manut kaliyan dhawuhipun Mas Darpita. |

## D. Pirantining Panaliten

Miturut Notoatmodjo (2010) pirantining panaliten inggih menika pirantos-pirantos ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data*, pirantining panaliten menika awujud kertu *data* saha panaliti. Anggenipun ngempalaken *data* dipuntindakaken dening panaliti piyambak kanthi kertu *data* ingkang dados pambiyantunipun. Wonten ing panaliten menika panaliti nganalisis *data* ingkang awujud cerbung. *Data* ingkang sampun dipunanalisis lajeng dipunandharaken saha dipunpantha-pantha miturut *data* ingkang sampun dipuntamtukaken, lajeng dipunserat wonten ing tabel analisis *data*. Ginanipun kangge nyerat tuturan saking paraga wonten ing crita sambung Rajapati ing Pereng Wilis ingkang kalebet jinising *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa.

## E. Caranipun Nganalisis *Data*

Anggenipun nganalisis *data* menika kanthi cara *deskriptif*. Analisis *data deskriptif* dipunginakaken kangge ngandharaken jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa Jawi lajeng dipunandharaken miturut titikan ingkang trep gayut kaliyan landhasan *teori*nipun. Urut-urutaning *teknik* analisis *data* inggih menika wonten *tahap* wiwitan saha *tahap lanjutan* (Sudaryanto, 2015: 25). Wonten ing *tahap* wiwitan ingkang dipuntindakaken inggih menika (1) panaliti maos cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo kanthi tliti, (2) nyukani pratandha wonten ing cerbung ingkang ngemu jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*ipun saha *fungsi ragam* basa Jawi, (3) *data* dipunanalisis, dipunandharaken miturut jinising *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basanipun, (4) nyerat wonten ing kertu *data*.

Salajengipun inggih menika *tahap lanjutan. Tahap lanjutan* ingkang dipuntindakaken inggih menika.

1. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken salajengipun dipunlebetaken wonten ing tabel asiling analisis *data.*

Tabel 3. Tabel Analisis Jinising *Ragam* Basa Jawi saha *Fungsi Ragam* Basa

| No | *Konteks* | *Data* | *Ragam* Basa | | | | | *Fungsi Ragam* Basa | | | | | | | Kat. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Beku | Resmi | Usaha | Santai | Akrab | Instr | Rgls | Rprs | Intr | Pers | Hrstk | Imaj | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |

2. Panaliti ngandharaken asiling panaliten jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*ipun saha *fungsi ragam* basa kanthi *deskriptif* miturut kategorinipun.
3. Salajengipun *data* dipunanalisis ngengingi *ragam basa* Jawi, *fungsi ragam* basa Jawi, saha ancasipun saking *ragam* basa Jawi menika miturut *teori* ingkang dipundadosaken dhasaran wonten ing panaliten menika.
4. Damel dudutan saking sedaya pirembagan ingkang gayut kaliyan *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa wonten ing cerbung Rajapati ing Pereng Wilis.

## F. Caranipun Ngesahaken *Data*

*Validitas* saha *reliabilitas data* dipunginakaken kangge mangertosi sahipun *data* ingkang saged dipuntliti. *Validitas* wonten ing panaliten menika dipuntindakaken kanthi *validitas semantik. Validitas semantik* inggih menika *data-data* ingkang ngengingi jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa, saha

ancasing saking *ragam* basa Jawi wonten ing cerbung Rajapati ing Pereng Wilis menika dipuntindakaken kanthi cara nggatosaken *data-data* ingkang sampun kapanggihaken saha madosi maknanipun adhedhasar *konteks*ipun satemah langkung gampil dipunmangertosi suraosing ukara. Salajengipun *data* menika dipunrembag kaliyan ahli ingkang nguwaosi bidang kasebat inggih menika dosen pembimbing. Ancasipun inggih menika kangge mangertosi *data*nipun menika *valid* menapa boten.

Uji *reliabilitas data* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrareter* saha *interrater*. *Reliabilitas intrareter* inggih menika panaliti maos kanthi dipunambali malih pramila pikantuk *data* ingkang sami boten ewah. *Reliabilitas interrater* inggih menika ateges nyuwun pamrayogi saking ahli inggih menika dosen pembimbing. Kanthi nindakaken diskusi saha konsultasi menika kaajab panaliten saged leres saha absah.

# BAB IV

# ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGIPUN

Bab menika ngandharaken asiling panaliten saha pangrembagipun jinising *ragam* basa Jawi, fungsi *ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa Jawi wonten ing salebeting cerbung kanthi irah-irahan Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo. Asiling panaliten menika badhe dipunandharaken awujud tabel saha *deskripsi* wonten ing pirembagan.

## A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika arupi jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa Jawi wonten ing cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo. *Data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten menika salajengipun dipunandharaken miturut *teori*nipun satemah kapanggihaken *data* jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*, *fungsi ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa Jawi.

*Data* ingkang dipunpanggihaken kathah satemah boten saged dipunandharaken sedaya wonten ing tabel, ananging wonten ing kaca lampiran sampun kaandharaken sedaya *data*nipun. Wonten bab menika namung mendhet *sampel* babagan jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*, *fungsi*nipun *ragam* basa, saha ancasipun ingkang sedayanipun kaserat wonten ing tabel.

**Tabel Analisis Jinising *Ragam* Basa saha *Fungsi Ragam* Basa wonten ing Cerbung Rajapati Ing Pereng Wilis Anggitanipun Kukuh S. Wibowo**

| No. | Jinis *Ragam* Basa | *Fungsi Ragam* Basa | *Data* | Indikator |
|---|---|---|---|---|
| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** |
| 1 | *Ragam* Resmi *(Formal)* | a. *Fungsi Represen tasional* (Mahyakaken Kasunyatan) | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Markani wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Markani saha garwanipun dugi wonten ing dalemipun Palindriya, Amongdenta ngginakaken tata krama saha subasita nyumanggakaken Markani saha garwanipun kangge lenggahan ingkang sekeca amargi kekalihipun badhe dipunsukani pitakenan gayut kaliyan kunarpa kurban ingkang dipunpanggihaken.<br>Mr: *"Awit rikala kula dalah semah kula dumugi papan mriku, lamat-lamat kepireng* ***swantenipun adzan Subuh****."* (Dt.No:18) | *Ragam resmi*: amargi topik pawicantenanipun asipat resmi saha kanthi saestu. Panutur saha mitra tuturipun sami ngurmati saha ngginakaken basa krama kangge ngurmati tiyang ingkang dereng dipuntepang.<br>*Fungsi representasional* (mahyakaken kasunyatan): saking *konteks*ipun mahyakaken bilih Markani dumugi papan panggenan menika nalika subuh, tuturan menika miturut kasunyatan ingkang dipuntingali Markani wonten ing pacelathon salajengipun. |
| | | b. *Fungsi Personal* (Bingah) | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Pulisi saha Setyawan wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Setyawan sowan amargi dipundhawuhi Amongdenta. Sasampunipun dumugi kantor piyambakipun kepanggih kaliyan pulisi piket cacah kalih, lajeng salah satunggaling pulisi nyumanggakaken Setyawan kangge langsung mlebet kantor amargi sampun dipuntengga komandhan kanthi semanak saha trapsila. | *Ragam resmi:* wonten ing kahanan resmi ketingal saking papan panggenan ingkang kadadosan wonten ing Markas Kapulisen saha boten wonten wujud *alegro*nipun.<br>*Fungsi personal* (bingah): saking *konteks*ipun nedahaken raos bingah anggenipun nyumanggakaken Setyawan. |

Tabel Salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** |
|---|---|---|---|---|
| | | | Pl: *"Sampun dipuntengga komandhan, Mas. Mangga langsung kemawon."* (Dt.No:74) | |
| 2 | *Ragam* Usaha | *a. Fungsi Instrumental*<br>1) Meksa | *Konteks:* Pacelathon menika antawisipun Setyawan saha Amongdenta. Enjing menika kepireng swantenipun telpun gegem ngantos nggugah sarenipun Setyawan. Nitik kodhe telponipun wewengkon saking Tulungagung, inggih menika Amongdenta. Amongdenta meksa Setyawan supados piyambakipun saged dhateng Widarakandhang amargi Amongdenta pikantuk lapuran menawi wonten ing Widarakandhang wonten prakawis rajapati.<br>Am: *"Dhik, apa kowe bisa tindak menyang Widarakandhang* ***saiki uga****?* ***Penting banget, Dhik!"*** (Dt.No:4) | *Ragam* usaha: paraga Amongdenta saweg usaha kangge meksa mitra tuturipun inggih menika Dhik Setyawan supados saged tindak dhateng Widarakandhang.<br>*Fungsi instrumental* (meksa): titikanipun meksa menika saged dipuntingali wonten frasa **'saiki uga'** saha **'penting banget, Dhik!'** |
| | | 2) Panyuwun | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Dumadakan Amongdenta pikatuk telpun saking Kapolres, piyambakipun dipunutus ngadhep Kapolres enjing menika kangge lapuran sementara bab kasus rajapati menika. Lajeng Amongdenta nyuwun Setyawan supados nglajengaken pamriksan menika. Menawi wonten perkembangan enggal dipunsuwun nelpun Amongdenta supados saged dipunaturaken dhateng Kapolres.<br>Am: *"****Kowe keriya ana kene. Pokoe purba wasesa dakpasrahake kowe****. Nek ana perkembangan anyar diage* | *Ragam* usaha: paraga Amongdenta saweg usaha nyuwun mitra tuturipun supados nglajengaken pamriksan amargi piyambakipun dipuntimbali Kapolres.<br>*Fungsi instrumental* (panyuwun): titikanipun bilih Setyawan saweg nyuwun menika saged dipuntingali ing ukara **'Kowe keriya ana kene. Pokoe purba wasesa dakpasrahake kowe.'** |

Tabel Salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** |
|---|---|---|---|---|
| | | | *nelpuna aku ben bisa dakaturake marang Kapolres."* (Dt.No:30) | |
| | | 3) Ngyakinaken | *Konteks:* Pacelathon menika antawisipun Setyawan saha Amongdenta ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyukani pamanggih bilih Markani saha semahipun menika ingkang mrejayani. Amongdenta boten pracaya, lajeng Setyawan matur kaliyan Amongdenta ngyakinaken piyambakipun bilih wonten ing donyanipun kriminal menapa kemawon saged kadadosan.<br>St: *"Neng donyane kriminal ora ana tembung mokal, Mas..."* (Dt.No:49) | *Ragam* usaha*:* Setyawan ngyakinaken Amongdenta bilih wonten ing donyanipun kriminal menika boten wonten tembung mokal, sedaya saged kadadosan.<br>*Fungsi instrumental* (ngyakinaken): titikanipun wonten ukara **'Neng donyane kriminal ora ana tembung mokal.'** |
| 3 | *Ragam Santai* | *a. Fungsi Instrumental*<br>1) Prentah | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Swasananipun wiwit repet-repet tumuju padhang nalika Setyawan markir kendharaanipun. Wonten ing papan menika sampun kathah anggota pulisi pakeyan preman ingkang ngupengi kunarpanipun. Nalika Komisaris Pulisi Amongdenta ningali bilih Setyawan sampun dugi, lajeng piyambakipun ngengken Dhik Setyawan supados ningali kunarpanipun.<br>Am : *"Kae Dhik, kunarpane isih dititipriksa anggotaku. Anggotaku wis miwiti olah TKP, ning posisine kunarpa durung diowahi kok.* ***Ayo pirsanana kana!****"* (Dt.No:06) | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai amargi dipuntingali saking *alegro*nipun, wujud *alegro* tembung 'dhik' = 'adhik', 'wis' = 'uwis', saha 'ning' = 'ananging'.<br>*Fungsi instrumental* (prentah): tuturan ingkang nedahaken ukara prentah inggih menika ukara **'Ayo pirsanana kana!'** Panganggening ukara **kana** menika nedahaken bilih panutur saweg mrentah dhateng mitra tuturipun. |
| | | 2) Pangajak | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken dening Palindriya wonten ing dalemipun Palindriya. Amongdenta | *Ragam santai:* nedahaken wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung 'ngaten' |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | minangka kumandhan pulisi, Juari minangka kepala unit reserse kriminal, Ajun minangka komisaris pulisi, Loso Santosa minangka brigadir satu, saha Setyawan minangka dhetektip dugi wonten ing dalemipun Palindriya. Piyambakipun nyumanggakaken dayohipun supados sami mlebet wonten ing dalemipun. Amongdenta sekaliyan badhe kepanggih kaliyan Pak saha Mbok Markani ingkang manggihaken kunarpanipun Darpita.<br>Pd: *"**Mangga-mangga**, Bapak Kapolsek. Nyuwun pangapunten lha dene kawontenanipun griya kula semrawut kados ngaten."* (Dt.No:16) | = 'mekaten'.<br>*Fungsi instrumental* (pangajak): paraga menika ngajak mitra tuturipun supados mlebet wonten ing dalemipun. Saged dipuntingali wonten frasa **'mangga-mangga'.** |
| | | b. *Fungsi Regulasi* | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Sarni wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Sarni sampun dugi lajeng dipungiring wonten ing teras lajeng dipunlungguhaken jejer Palindriya. Lajeng Amongdenta wiwit nyuwun pirsa dhateng Sarni, piyambakipun ngendika kaliyan Sarni supados boten ngayawara anggenipun mangsuli pitakenanipun Amongdenta.<br>Am: *"Wangsulanmu ngayawara! Endi ana jamake barang sing kulina dicekel kok keri ora krasa. **Kowe aja waton mangsuli, aku dudu pulisi wingi sore.** Anggere wani nggorohi aku, woo aja takon dosa kowe!"* (Dt.No:68) | *Ragam santai:* dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro*nipun tembung 'endi' = 'neng ngendi'.<br>*Fungsi regulasi:* titikanipun wonten ukara **'kowe aja waton mangsuli'.** Ukara menika ngendalikaken pangandikanipun mitra tuturipun. |
| | | c. *Fungsi Represen tasional* | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Tonah wonten ing | *Ragam santai:* nedahaken wonten ing kahanan santai. Wujud |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | 1) Mahyakaken Kasunyatan | pawon. Nalika Setyawan saweg wonten ing pawon, piyambakipun kepanggih kaliyan Tonah, abdinipun Pak Palindriya. Kekalihipun sami pawicantenan babagan kulawarganipun Pak Palindriya. Tonah ngandharaken bilih ibunipun Sekarniti menika sampun seda amargi gerah seseg.<br>Tn: *"**Sampun seda watawis kalih setengah taun kepengker mergi gerah seseg**. Tapi nek gagapan kula, sedane ndara putri niku keranten menggalih Den Rara Sekarniti kok."* (Dt.No:25) | *alegro* wonten tembung 'mergi' = 'amargi' saha 'niku' = 'puniku/punika'.<br>*Fungsi representasional* (mahyakaken kasunyatan): mahyakaken kasunyatan bilih ibunipun Sekarniti **'sampun seda watawis kalih setengah taun kepengker amargi gerah seseg'.** |
| | | 2) Nedahaken Kasunyatan | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Setyawan ngandharaken pamanggihipun, Amongdenta boten radi pracaya lajeng nyuwun mitra tuturipun, Setyawan, kangge menggalih malih babagan Markani ingkang manggihaken kunarpanipun Darpita.<br>Am: *"Ning tetep nglengkara, Dhik. Coba ta dipenggalih, Darpita tiwas wanci surup surya. Mangka Markani nemokake jisime **wanci subuh.** Apa ya mungkin Markani, sing subuh iku arep budhal menyang pasar, sorene isih kluyuran ana papan kene?"* (Dt.No:50) | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung 'ning' = 'ananging', 'dhik' = 'adhik', 'mangka' = 'kamangka', saha 'ya' = 'iya'.<br>*Fungsi representasional* (nedahaken kasunyatan): Amongdenta nedahaken bilih Markani menika nemokaken kunarpanipun **'wanci subuh'.** |
| | | *d. Fungsi Interaksional*<br>1) Sapa Aruh | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakakaken Setyawan wonten ing dalemipun. Enjing menika kepireng swantenipun telpun gegem ngantos nggugah sarenipun Setyawan. Nitik kodhe telponipun wewengkon saking Tulungagung, inggih menika | *Ragam santai: konteks*ipun menika dipunginakakaken wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* wonten tembung 'nggih'= 'inggih'.<br>*Fungsi interaksional* |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | Amongdenta. Saking telpun seluler amargi dereng mangertos sinten ingkang ngebel lajeng Dhik Setyawan nyuwun pirsa.<br>St : *"Halo, sinten nggih?"* (Dt.No:03) | (sapa aruh): tuturan menika nedahaken anggenipun sami sapa aruh. |
| | | 2) Pitakenan | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta, Markani, saha Palindriya wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Markani saweg cariyos babagan kunarpa ingkang dipunpanggihaken, Amongdenta boten radi pracaya lajeng piyambakipun nyuwun pirsa dhateng Pak Palindriya babagan cariyos ingkang dipunandharaken Markani menika leres menapa boten.<br>Am: *"Apa bener ngono, Pak Palin?"* (Dt.No:21) | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung 'pak' = 'bapak'.<br>*Fungsi interaksional* (pitakenan): nedahaken pitakenan minangka wujuding pasrawungan dhateng mitra tuturipun. |
| | | *e. Fungsi*<br>1) *Personal* Manteb | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Amongdenta nakeni Setyawan menapa sampun manggihaken titikan awal. Setyawan boten tumuli mangsuli, bathuke njengkerut, alisipun gathuk kados saweg mikir prakawis ingkang saestu, lajeng mangsuli kanthi manteb.<br>St: *"**Cetha nek wong iki tiwas merga diprajaya,** ora mati merga tiba saka sepedhah motore. Sapa sing merjaya durung bisa dakkira-kira, **ning sing cetha durjanane wengis banget**."* (Dt.No:07) | *Ragam santai: kontek*ipun wonten ing kahanan santai. Wujud alegro 'wong' = 'uwong', 'merga' = 'amarga', 'ning' = 'nanging', saha 'nek' saking tembung 'yen/menawi'.<br>*Fungsi personal:* nedahaken raos manteb, ditingali saking ukara **'cetha nek wong iki tiwas merga diparajaya'** saha **'ning sing cetha durjanane wengis banget'.** |
| | | 2) Bingung | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai antawisipun paraga |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | wonten ing lokasi rajapati. Wonten ing mriku kathah wartawan-wartawan ingkang sami madosi *informasi* babagan rajapati menika. Ananging Amongdenta ngraos bingung amargi wartawan-wartawan sami dhateng wonten ing papan penylidhikan, sejatosipun piyambakipun boten ngraos nimbali.<br>Am: *“Njur aku kudu komentar **piye**, Dhik?”* (Dt.No:12) | setunggal kaliyan mitra tuturipun. Wujud *alegro*nipun ‘njur’ = ‘banjur’ saha ‘dhik’ = ‘adhik’.<br>*Fungsi personal* (bingung): nedahaken raos bingung, lajeng Amongdenta nyuwun pamanggih kaliyan mitra tuturipun **‘njur aku kudu komentar piye?’** |
| | | 3) Gumun | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Sasampunipun Tonah maringi unjukan piyambakipun wangsul dhateng wingking malih, lajeng Setyawan saha Sekarniti menika miwiti pawicantenan. Sekarniti nyuwun pirsa menapa Setyawan menika dhetektip menapa boten lajeng Setyawan gumun kaliyan Sekarniti amargi Sekarniti menika mangertosi bilih piyambakipun dhetektip.<br>St: *“Kok ngerti?”* (Dt.No:33) | *Ragam santai:* dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi personal:* nedahaken raos gumun kaliyan mitra tuturipun, saged dipuntingali wonten ing ukara **‘kok ngerti?’** |
| | | 4) Sedhih | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyuwun pirsa dhateng Sekarniti prakawis rajapati ingkang dipunalami Darpita. Ananging dumadakan Setyawan nyuwun pirsa babagan Risang, tiyang ingkang sampun nate sesambungan kaliyan Sekarniti. Pasuryanipun Sekarniti ewah nalika dipunsuwuni pirsa babagan Risang. Socanipun kaca-kaca | *Ragam santai:* saking *konteks*ipun wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi personal* (sedhih): saking konteksipun saged dipuntingali bilih paraga ngraos sedhih menawi dipunsuwuni pirsa babagan Risang, amargi Risang menika sampun seda. |

Tabel Salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** |
|---|---|---|---|---|
| | | | saha lambenipun ngucap lirih. Sk: *"Pati."* (Dt.No:35) | |
| | | 5) Jengkel | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyuwun pirsa dhateng Sekarniti prakawis rajapati ingkang dipunalami Darpita. Ananging dumadakan Setyawan nyuwun pirsa babagan Risang, tiyang ingkang sampun nate sesambungan kaliyan Sekarniti. Sekarniti mangsuli pitakenanipun Setyawan babagan patinipun Risang kanthi radi njengek amargi manahipun boten remen. Sk: *"Geneya Mas Dhetektip malah ngurus patine Risang? Panjenengan rak lagi golek sisik melik kanggo nglarah tiwase Darpita ta? Dakjaluk aja ndhudhah barang sing wis kependhem kareben kumarane Risang tentrem ing alam kelanggengan kana."* (Dt.No:36) | *Ragam santai:* nedahaken wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro*nipun tembung 'wis' = 'uwis'. *Fungsi personal* (jengkel): dipuntingali saking *konteks*ipun tuturan menika nedahaken raos jengkel kaliyan mitra tuturipun. |
| | | 6) Duka | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan terus ndhedhes Sekarniti supados ngaku menawi piyambakipun ingkang mrejayani Darpita, Sekarniti duka dhateng Setyawan amargi Setyawan menika ndakwa piyambakipun ingkang nyujanani Darpita. Sk: *"Oh,* ***kejem panjenengan, Mas...!*** *Kejem banget ndakwa aku kaya ngono.. huhuhuu!!"* (No.Dt:39) | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung 'ngono' = 'mangkono'. *Fungsi personal* (duka): dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun, Sekarniti menika nedahaken raos duka dhateng mitra tuturipun, Setyawan, amargi mitra tuturipun ndakwa piyambakipun ingkang nyujanani. Saking tuturan **kejem panjenengan, Mas.** |
| | | *f. Fungsi* | *Konteks:* Pacelathon menika | *Ragam santai:* wonten |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | *Heuristik* | dipuntindakakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Setyawan saha Amongdenta ngira-ira babagan prakawis rajapati menika. Setyawan ngendika bilih menawi dipuntingali saking tatunipun anggenipun mrejaya ngginakaken gegaman ingkang anteb saha landhep. Lajeng Amongdenta nyukani pitakenan kaliyan Dhik Setyawan babagan analisis ingkang dipunpanggihaken.<br>Am: *"Kira-kira motife apa ya, Dhik?"* (Dt.No:10) | ing kahanan santai. Wujud alegro 'ya' = 'iya' saha 'dhik' = 'adhik'.<br>*Fungsi heuristik:* amargi ukaranipun mbetahaken wangsulan. Inggih menika babagan ingkang dipunlesanaken dening Amongdenta. |
| 4 | *Ragam* Akrab | a. *Fungsi Instrumental*<br>1) Nyukani Pamrayogi | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakakaken antawisipun Asro saha Murji wonten ing margi tumuju Plumutan. Margi ingkang dipunambah menika lurung alit, ciyut, saha lunyu amargi kenging jawah kalih dinten kapengker. Amargi marginipun awrat, lajeng sepedhah motoripun badhe dipuntitipaken kemawon wonten ing dalemipun warga.<br>Ar: *"Mur, penake sepedhah motore ditinggal neng kene wae. Bahaya nek nekad ditumpaki tekan ndhuwur kana."* (Dt.No:54) | *Ragam* akrab*:* nedahaken kahanan akrab antawisipun kalih paraga menika amargi sampun raket. Wujud tembung 'nek' tegesipun 'yen/menawi'.<br>*Fungsi instrumental* (nyukani pamrayogi): paraga Asro nyukani pamrayogi kaliyan mitra tuturipun supados sepedhah motoripun dipuntinggal kemawon. |
| | | (2) Ngyakinaken | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing dalemipun Setyawan. Lewat telpun gegem Amongdenta ngyakinaken Dhik Setyawan supados piyambakipun saestu tindak dhateng Widarakandhang kangge ningali prakawis rajapati wonten ing mriku.<br>Am: *"**Tenan ya, Dhik**, dakenteni* | *Ragam* akrab*:* antawisipun Amongdenta kaliyan dhik Setyawan katingal sampun akrab kadosta kulawarga saha *konteks*ipun nedahaken ing swasana akrab, wujud alegro 'ya' = 'iya', 'dhik' = 'adhik'.<br>Ukara elips pelesapan jejer, *"~~Amongdenta saha~~* |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | *tekamu! Iki maeng anggotaku sing tugas piket mentas entuk lapuran menawa neng Widarakandhang ana rajapati. Penake awake dhewe langsung ketemu neng lokasi wae ya!"* (Dt.No:05) | ~~*Dhik Setyawan*~~ *(J) langsung ketemu neng lokasi (W)"*<br>*Fungsi Instrumental* (ngyakinaken): saking tuturan menika paraga ngyakinaken mitra tuturipun supados rawuh dhateng Widarakandhang, titikanipun saking ukara **'Tenan ya, Dhik'.** |
| | | b. *Fungsi Regulasi* | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Palindriya saha Tonah wonten ing kebon. Rikala tengah dalu Tonah mlampah ngunclug nyabrang plataran dalemipun Palindriya. Lajeng bablas tumuju kebon ing wingking dalem. Mustakanipun plingukan kados wonten ingkang dipunpadosi. Dumadakan Palindriya ngagetaken Tonah, piyambakipun kraos kaget. Tonah cariyos bilih dhetektip mudha menika wiwit nyujanani garwanipun ingkang mrejayani Darpita, ananging Tonah malah nyujanani Palindriya ingkang mrejayani Darpita. Lajeng Palindriya mangsuli supados Tonah boten waton anggenipun ngendika.<br>Tn: *"Hus, **aja waton ngomong** kowe, Nah!"* (Dt.No:44) | *Ragam* akrab: nedahaken bilih Palindriya saha Tonah menika sampun akrab, amargi antawisipun abdi kaliyan juraganipun.<br>Ngginakaken tembung kowe anggenipun sami gineman.<br>*Fungsi regulasi:* titikanipun wonten ing tembung **aja waton ngomong**, nedahaken supados mitra tuturipun boten waton ngendika. |
| | | c. *Fungsi Interaksional* | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun para wartawan saha Amongdenta wonten ing lokasi rajapati. Wartawan-wartawan ingkang sampun dugi sami mendhet gambaripun kurban. Amongdenta nyuwun supados menawi badhe | *Ragam* akrab*:* antawisipun wartawan kaliyan Amongdenta katingal akrab, amargi nimbali Komisaris Amongdenta kanthi celukan ndhan. Tembung 'siyap' menika saking |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | dipuntayangaken mustakanipun kurban dipunburengaken kangge kepentinganipun masarakat, lajeng para reporter sami sarujuk.<br>Rp: *"Siyap, Ndhan."* (Dt.No:13) | tembung 'siap'. Wujud *alegro* 'ndhan' = 'komandhan'.<br>*Fungsi interaksional* (pasarujukan/wangsulan): saking wangsulanipun repoerter **'siyap, ndhan'.** |
| | | d. *Fungsi Personal*<br>1) Bimbang | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Palindriya wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Darpita sampun wangsul lajeng Sekarniti gineman kaliyan Palindriya. Palindriya nyuwun pirsa kaliyan Sekarniti babagan sesambunganipun kaliyan Darpita, lajeng Sekarniti mangsuli kanthi ambegan panjang kaliyan kluntrung-kluntrung mlebet kamaripun.<br>Sk: *"**Embuh Pak, jane atiku durung pati nyanthol. Ning piye maneh, kahananku wis kaya ngene.** Aku ora kepengin Bapak tansah dadi poyokane uwong merga aku."* (Dt.No:02) | *Ragam* akrab: wonten ing kahanan akrab, wujud *alegro*nipun 'pak' = 'bapak', 'ning' = 'ananging', 'wis' = 'uwis', saha 'merga' = 'amarga'.<br>*Fungsi personal:* tuturanipun Sekarniti nedahaken raos bimbang amargi prakawis menika boten sami kaliyan ingkang dipunkarepaken. |
| | | 2) Ajrih | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Setyawan nyuwun pirsa babagan gedhong kuna tilas pabrik teh ingkang suwung lajeng samenika dados susuhipun dhemit. Amongdenta nyigeg pirembaganipun kaliyan Setyawan amargi piyambakipun ngraos mengkirig.<br>Am: *"... Eh Dhik, wis ah kowe aja takon-takon perkara kuwi.* ***Githokku mengkirig****. Lan ngertiya, purnamasidi kuwi tiba mengko bengi."* (Dt.No:15) | *Ragam* akrab*:* wonten ing kahanan akrab antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan, saged dipuntingali menika ngginakaken tembung kowe amargi sampun akrab. Wujud *alegro*nipun 'dhik' = 'adhik', saha 'wis' = 'uwis'.<br>*Fungsi personal* (ajrih): dipuntingali saking *konteks* saha tuturan menika nedahaken bilih paraga ngraos ajrih. Titikanipun **'githokku** |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | | **mengkirig'.** |
| | | 3) Sedhih | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Markani, garwanipun, saha Amongdenta wonten ing dalemipun Palindriya. Markani dipunsuwuni pirsa kaliyan Amongdenta. Markani boten kiyat nguwasani pangraosipun lajeng nangis ngguguk, garwanipun ugi ndherek prembeng-prembeng, astanipun ngrangkul pundhak ingkang jaler.<br>Mr: *"Oalah mbokmuu...kok apes temen awake dhewe iki mau. Njur saiki malah urusan karo pulisi... Piye mengko nek awake dhewe diterka sing mateni njur diukum huhuhu.."* (Dt.No:19) | *Ragam* akrab*:* wonten ing kahanan akrab. Antawisipun Markani kaliyan garwanipun inggih menika kulawarga. Wujud *alegro* tembung 'njur' = 'banjur'.<br>*Fungsi personal* (sedhih): tuturan menika nedahaken raos sedhih amargi Markani saha garwanipun urusan kaliyan pulisi. Saking *konteks*ipun ugi nedahaken piyambakipun saweg sedhih. |
| | | *e. Fungsi Heuristik* | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Setyawan saha Amongdenta saweg cariyos bilih piyambakipun tengah dalu nalika rembulan purnamasidi nekad mlebet gedhong kuna menika. Amongdenta ngraos kaget lajeng nyuwun pirsa dhateng Setyawan babagan cariyos ingkang saweg dipunandharaken Setyawan.<br>Am: *"Heh, edan kowe Dhik! Terus piye?"* (Dt.No:76) | *Ragam* akrab*:* nedahaken kahanan akrab antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan. Wujud *alegro* 'dhik' = 'adhik'.<br>*Fungsi heuristik:* ukaranipun mbetahaken wangsulan saking Setyawan. |
| | | *f. Fungsi Imajinatif* | *Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Palindriya saha Kampana wonten ing dalemipun Palindriya. Rikala Kampana dugi ing dalemipun Palindriya, kekalihipun sami cariyos ngrembang gesangipun Kampana samenika, lajeng Palindriya mbayangaken menawi | *Ragam* akrab*:* antawisipun Palindriya saha Kampana sampun kados kulawarga.<br>*Fungsi imajinatif:* nedahaken bilih tuturanipun dereng kadadosan, saged dipuntingali wonten ing |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | kala rumiyin Sekarniti boten rewel anggenipun nampi Kampana. Pd: *"Bener. Ah,* ***saupama biyen*** *Sekarniti ora ndadak rewel....."* (Dt.No:61) | frasa **'saupama biyen...'** |

Tabel wonten ing nginggil nedahaken jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan* saha *fungsi ragam* basa Jawi ingkang wonten ing cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo ingkang dados *objek* panaliten. Wonten ing salebeting cerbung menika, boten dipunpanggihaken *ragam beku,* namung wonten *ragam* resmi, *ragam* usaha, *ragam santai,* saha *ragam* akrab. *Fungsi* ingkang dipunginakakaken wonten ing pacelathon inggih menika *fungsi instrumental, regulasi, representasional, interaksional, personal, heuristik,* saha *imajinatif.* Wonten ing salebeting pacelathon, *fungsi-fungsi* menika dipunperang malih miturut *konteks* pacelathonipun, inggih menika: (1) *Fungsi instrumental* ingkang nedahaken tuturan meksa, panyuwun, ngyakinaken, prentah, pangajak, saha nyukani pamrayogi, (2) *fungsi regulasi,* (3) *fungsi representasional* nedahaken tuturan mahyakaken kasunyatan saha nedahaken kasunyatan, (4) *fungsi interaksional* nedahaken tuturan pitakenan, sapa aruh, saha pasarujukan, (5) *fungsi personal* nedahaken tuturan duka, jengkel, sedhih, srengen, bingung, umuk, ajrih, bimbang, geguyonan, saha manteb, (6) *fungsi heuristik*, saha (7) *fungsi imajinatif.*

Tabel ingkang wonten ing nginggil menika ngandharaken *data-data* jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan* saha *fungsi ragam* basanipun.

Panganggening *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa ingkang sampun dipunpanggihaken rikala nganalisis *data,* badhe dipunudhar ing pirembagan salajengipun.

## B. Pirembagan

Jinising *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa wonten ing salebeting cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo badhe dipunudhar wonten ing pirembagan menika. *Ragam* basa Jawi boten saged uwal saking *fungsi ragam* basanipun, pramila rikala ngrembag *ragam* basa Jawi dipunandharaken ugi panganggening *fungsi ragam* basanipun saha ancasipun saking *ragam* basa Jawi menika.

### 1. *Ragam* Resmi *(Formal)*

Wonten ing salebeting pacelathon ingkang nedahaken jinising *ragam* resmi ing cerbung menika saged dipuntingali saking satunggal ukara ingkang nedahaken tuturan *ragam* resmi. Adhedasar tabel *data* wonten ing nginggil nedahaken jinising *fungsi ragam* basa, inggih menika *fungsi representasional* ingkang mahyakaken kasunyatan saha *fungsi personal* ingkang nedahaken tuturan bingah, ingkang badhe dipunanalisis wonten ing pirembagan.

#### a. *Fungsi Representasional* (Mahyakaken Kasunyatan)

*Fungsi representasional* ingkang mahyakaken kasunyatan menika dipunginakaken dening panutur kangge paring *informasi* babagan menapa ingkang dipunalami. Panganggening tuturan menika saged ndadosaken mitra

tuturipun mangertosi kahanan ingkang saweg dipunalami dening panutur saha mitra tuturipun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Markani wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Markani saha garwanipun dugi wonten ing dalemipun Palindriya, Amongdenta ngginakaken tata krama saha subasita nyumanggakaken Markani saha garwanipun kangge lenggahan ingkang sekeca amargi kekalihipun badhe dipunsukani pitakenan gayut kaliyan kunarpa kurban ingkang dipunpanggihaken.

Mr: *"Awit rikala kula dalah semah kula dumugi papan mriku, lamat-lamat kepireng* ***swantenipun adzan Subuh****."* (Dt.No:18)

Miturut *konteks*ipun kutipan wonten nginggil kalebet jinising *ragam* resmi, panganggening tembung boten wonten ingkang ngginakaken *alegro*. Tuturan menika ugi dipunginakaken wonten ing kahanan resmi, amargi saking *konteks*ipun Amongdenta menika kanthi ngginakaken tata krama saha subasita nyumanggakaken Markani saha garwanipun supados lenggah. Antawisipun Amongdenta kaliyan Markani sami ngurmati saha ngginakaken basa krama kangge ngurmati amargi saweg ngandharaken babagan ingkang resmi saha kanthi saestu.

*Fungsi representasional* ingkang nedahaken mahyakaken kasunyatan inggih menika wonten kutipan **'lamat-lamat kepireng swantenipun adzan Subuh'** Ukara menika ngandharaken bilih Markani menika dumugi papan panggenan ingkang wonten kunarpanipun wanci subuh. Tuturan menika ngandharaken bilih kadadosan menika nyata dipunalami.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih papan pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya antawisipun Amongdenta saha Markani. Miturut *konteks* saha tuturan

menika panutur ngginakaken tembung ingkang resmi saha topik pawicantenan kanthi saestu, antawisipun Amongdenta kaliyan Markani sami ngurmati, saha ngginakaken basa krama, pramila kalebet resmi. Paraga Markani cariyos kanthi lesan bilih panjenenganipun nalika badhe dhateng peken sadeyan ron nglewati papan ingkang wonten kunarpanipun dumadakan kepireng swantenipun adzan Subuh. Salajengipun Markani dipunsuwuni pirsa kanthi premati kaliyan Amongdenta lajeng kekalihipun dipundadosaken seksi. *Efek* utawi *tindak perlokusi* saking tuturan menika supados Markani cariyos gayut kaliyan prakawis ingkang kadadosan kangge manggihaken *informasi* ingkang leres.

b. *Fungsi Personal* (Bingah)

Raos bingah menika dipunginakaken dening paraga wonten ing cerbung menika rikala ngandharaken raos ingkang adamel manahipun bingah.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Pulisi saha Setyawan wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Setyawan sowan amargi dipundhawuhi Amongdenta. Sasampunipun dumugi kantor piyambakipun kepanggih kaliyan pulisi piket cacah kalih, lajeng salah satunggaling pulisi nyumanggakaken Setyawan kangge langsung mlebet kantor amargi sampun dipuntengga komandhan kanthi semanak saha trapsila.

Pl : “Sampun dipuntengga komandhan, Mas. Mangga langsung kemawon.” (Dt.No:74)

Tuturan kala wau kalebet jinising *ragam* resmi dipuntingali saking ukara **‘Sampun dipuntengga komandhan, Mas’** Panganggening ukara menika nedahaken jinis *ragam* resmi amargi dipuntingali saking tembungipun boten wonten tembung *alegro,* ngginakaken basa krama alus, saha papan pacelathon menika kadadosan wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang ingkang nedahaken tansah resmi.

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos bingah dipuntandhani saking *konteks*ipun, inggih menika salah satunggaling pulisi nyumanggakaken Setyawan kanthi semanak saha trapsila, lajeng Setyawan menika mangsuli salah satunggaling pulisi kanthi mesem.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih papan pacelathon menika kadadosan wonten ing Markas Kapulisen Sendhang, tuturanipun antawisipun salah satunggaling pulisi saha Setyawan. Miturut *konteks* saha tuturan menika panutur ngginakakaken tembung ingkang resmi kangge gineman kaliyan mitra tuturipun saha ngginakakaken basa krama, pramila kalebet resmi. Swasana manahipun kraos bingah. Tuturan menika gadhah ancas utawi *efek* kangge mitra tuturipun supados enggal-enggal mlebet ing ruwanganipun komandhan amargi rawuhipun Setyawan menika sampun dipuntengga-tengga kaliyan komandhanipun.

2. *Ragam* Usaha

Wonten ing salabeting pacelathon menika nedahaken jinising *ragam usaha. Ragam usaha* menika nginakakaken basa antawisipun *ragam formal* saha *ragam informal. Ragam* usaha menika *ragam* basa ingkang *operasional.* Wonten ing salebeting cerbung menika *ragam* usaha ingkang dipunginakakaken ngginakakaken *fungsi instrumental.*

a. *Fungsi Instrumental*

*Fungsi instrumental* utawi *fungsi direktif* inggih menika *fungsi* basa ingkang dipunginakakaken kangge ngatur tumindakipun tiyang sanes supados

nindakaken kepenginanipun panutur. Wujudipun saged suka pamrayogi, panyuwun, mrentah, meksa, saha ngyakinaken.

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken miturut *data* saha tuladha ingkang sampun dipunpanggihaken.

1) Meksa

Tuturan meksa menika asring dipunginakaken dening paraga kangge ngandharaken pepenginanipun kanthi meksa dhateng mitra tuturipun. Panganggening tuturan menika asring ngginakaken ukara ingkang tegesipun sami ananging dipunambal-ambali supados mitra tuturipun mangertosi saha nindakaken menapa ingkang dipunpenginaken paraga kasebat.

*Konteks*: Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Amongdenta. Enjing menika kepireng swantenipun telpun gegem ngantos nggugah sarenipun Setyawan. Nitik kodhe telponipun wewengkon saking Tulungagung, inggih menika Amongdenta. Amongdenta meksa Setyawan supados piyambakipun saged dhateng Widarakandhang amargi Amongdenta pikantuk lapuran menawi wonten ing Widarakandhang wonten rajapati.

Am : *“Dhik, apa kowe bisa tindak menyang Widarakandhang **saiki uga? Penting banget, Dhik!**”* (Dt.No:04)

Kutipan tuturan ing nginggil menika kalebet jinising *ragam* usaha. Paraga Amongdenta saweg usaha kangge meksa mitra tuturipun inggih menika Dhik Setyawan supados saged tindak dhateng Widarakandhang. Basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa wonten ing padintenan ngginakaken basa ngoko alus, saged dipuntitiki wonten tembung tindak.

Wonten ing *konteks*ipun Amongdenta dumadakan ngebel Dhik Setyawan, ngagetaken anggenipun Dhik Setyawan sare. Lajeng Amongdenta menika ngandharaken pepenginanipun supados Dhik Setyawan saged tindak dhateng

Widarakandhang. Dipuntingali saking ukaranipun nedahaken tuturan meksa, saged dipuntingali saking ukara **'saiki uga? Penting banget, Dhik!'** Menika nedahaken bilih Amongdenta meksa Dhik Setyawan supados menyang Widarakandhang samenika ugi, amargi wonten prakawis ingkang wigatos.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih papan pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Setyawan, tuturanipun antawisipun Setyawan saha Amongdenta. Dumadakan Setyawan dipuntelpun kaliyan Amongdenta mawi telpun gegem, ancasipun utawi *efek* ingkang dipuntuwuhaken nalika Amongdenta nelpun Setyawan menika usaha kangge meksa mitra tuturipun supados saged dhateng wonten ing Widarakandhang, amargi Amongdenta pikantuk lapuran menawi ing Widarakandhang wonten rajapati. Lajeng Setyawan gage siap-siap, amargi Kediri-Tulungagung menika boten caket.

2) Panyuwun

Panganggening fungsi *instrumental* ingkang nedahaken panyuwun menika dipunginakaken dening panutur rikala badhe nyuwun menapa ingkang dipunpenginaken.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Dumadakan Amongdenta pikatuk telpun saking Kapolres, piyambakipun dipunutus ngadhep Kapolres enjing menika kangge lapuran sementara bab kasus rajapati menika. Lajeng Amongdenta nyuwun Setyawan supados nglajengaken pamriksan menika. Menawi wonten perkembangan enggal dipunsuwun nelpun Amongdenta supados saged dipunaturaken dhateng Kapolres.

Am : *"**Kowe keriya ana kene. Pokoe purba wasesa dakpasrahake kowe**. Nek ana perkembangan anyar diage nelpuna aku ben bisa dakaturake marang Kapolres."* (Dt.No:30)

Kutipan menika kalebet jinising *ragam* usaha amargi paraga Amongdenta saweg usaha nyuwun mitra tuturipun supados nglajengaken pamriksan amargi piyambakipun dipuntimbali Kapolres.

Miturut *konteks* saha tuturanipun ingkang nedahaken panyuwun menika saking ukara **‘kowe keriya ana kene. Pokoe purba wasesa dakpasrahake kowe’** Tuturan menika Amongdenta nyuwun dhateng Setyawan supados Setyawan nglajengaken pamriksan menika amargi Amongdenta menika dipuntimbali Kapolres.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih pacelathon menika kadadosan wonten ing teras dalemipun Palindriya antawisipun Amongdenta saha Setyawan. Saking tuturan menika nuwuhaken *efek* supados Setyawan purun nglajengaken pamriksan rajapati menika amargi Amongdenta dipunutus kangge sowan wonten ing Kapolres. Swasana wonten menika Amongdenta kanthi saestu nyuwun supados Setyawan nindakaken menapa ingkang dipundhawuhi Amongdenta.

3) Ngyakinaken

Panganggening *fungsi instrumental* ingkang nedahaken tuturan ngyakinaken inggih menika dipunginakaken dening paraga rikala micara dhateng mitra tuturipun supados mitra tuturipun yakin kaliyan menapa ingkang badhe dipuntindakaken dening paraga utawi mitra tuturipun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Amongdenta wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyukani pamanggih bilih Markani saha garwanipun menika ingkang dipunsujanani. Amongdenta boten pracaya, lajeng Setyawan matur kaliyan Amongdenta ngyakinaken piyambakipun bilih wonten ing donyanipun kriminal menapa kemawon saged kadadosan.

St : *“Neng donyane kriminal ora ana tembung mokal, Mas...”* (Dt.No:49)

Kutipan wonten ing nginggil kalebet jinising *ragam* usaha amargi dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun nedahaken panutur saweg ngyakinaken supados mitra tuturipun pitados bilih wonten ing donyanipun kriminal boten wonten tembung mokal, sedaya saged kadadosan. Dipuntingali saking ukara **‘Neng donyane kriminal ora ana tembung mokal, Mas’** Menika saged dipunmangertosi menawi Setyawan saweg ngyakinaken Amongdenta bilih ing donyanipun kriminal menapa kemawon saged kadadosan.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih papan pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya antawisipun Setyawan saha Amongdenta. Wonten kahanan menika gadhah ancas utawi *efek* ingkang dipuntuwuhaken inggih menika supados Amongdenta saged yakin kaliyan babagan ingkang saweg dipunlesanaken dhateng Setyawan, amargi Amongdenta menika boten pracaya kaliyan pamanggihipun Setyawan.

3. *Ragam Santai*

Wonten ing salebeting pacelathon *ragam santai* menika nedahaken jinising *fungsi ragam* basa, inggih menika (1) *fungsi instrumental* ingkang nedahaken tuturan prentah saha pangajak, (2) *fungsi regulasi,* (3) *fungsi representasional* ingkang mahyakaken kasunyatan saha nedahaken kasunyatan, (4) *fungsi interaksional* ingkang nedahaken tuturan sapa aruh saha pitakenan, (5)

*fungsi personal* ingkang nedahaken tuturan bimbang, manteb, gumun, sedhih, saha jengkel, saha (6) *fungsi heuristik.*

a. *Fungsi Instrumental*

1) Prentah

*Fungsi instrumental* ingkang nedahaken tuturan prentah menika dipunginakakaken dening paraga rikala ngandharaken pepenginanipun supados mitra tuturipun nindakakaken menapa ingkang dipunandharaken dening paraga kasebat.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Swasananipun wiwit repet-repet tumuju padhang nalika Setyawan markir kendharaanipun. Wonten papan menika sampun kathah anggota pulisi pakeyan preman ingkang ngupengi kunarpanipun. Nalika Komisaris Pulisi Amongdenta ningali bilih Setyawan sampun dugi, lajeng piyambakipun ngengken Dhik Setyawan supados ningali kunarpanipun.

Am : *"Kae Dhik, kunarpane isih dititipriksa anggotaku. Anggotaku wis miwiti olah TKP, ning posisine kunarpa durung diowahi kok.* ***Ayo pirsanana kana!****"* (Dt.No:06)

Tuturan menika nedahaken bilih ngginakakaken *ragam* santai amargi wonten ing kahanan santai. Saged dipuntingali saking alegronipun, wujud alegro 'ning' saking tembung 'ananging' saha 'wis' saking tembung 'uwis' saha ngginakakaken basa Jawi ngoko.

Miturut *konteks*ipun, Amongdenta ngengken Dhik Setyawan supados mriksa kunarpanipun ingkang wonten ing lokasi rajapati. Tuturan ingkang nedahaken ukara prentah inggih menika ukara **'Ayo pirsanana kana!'** Panganggening ukara **kana** menika nedahaken bilih panutur saweg mrentah dhateng mitra tuturipun supados nindakakaken menapa ingkang dipunprentahaken,

inggih menika mriksa kunarpa wonten ing lokasi rajapati amargi anggota pulisi sanesipun sampun miwiti olah TKP.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing lokasi rajapati, tuturan menika antawisipun Amongdenta saha Setyawan. Wonten ing papan mriku sampun wonten pulisi pakeyan preman ingkang ngupengi kunarpa ingkang dipunpanggihaken. Wonten ing swasana santai menika, Amongdenta mrentah mitra tuturipun ancasipun utawi *efek* saking tuturan menika supados Setyawan nindakaken menapa ingkang dipunprentahaken Amongdenta, inggih menika supados mriksa kunarpanipun.

2) Pangajak

Panganggening *fungsi instrumental* ingkang nedahaken pangajak menika dipunginakaken dening panutur rikala badhe ngajak mitra tuturipun kangge nindakaken ingkang dipunpenginaken.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken dening Palindriya wonten ing dalemipun Palindriya. Amongdenta minangka komandhan pulisi, Juari minangka kepala unit reserse kriminal, Ajun minangka komisaris pulisi, Loso Santosa minangka brigadir satu, saha Setyawan minangka dhetektip dugi wonten ing dalemipun Palindriya. Piyambakipun nyumanggakaken dayohipun supados sami mlebet wonten ing dalemipun. Amongdenta sekaliyan badhe kepanggih kaliyan Pak saha Mbok Markani ingkang manggihaken kunarpanipun Darpita.

Pd : *“**Mangga-mangga**, Bapak Kapolsek. Nyuwun pangapunten lha dene kawontenanipun griya kula semrawut kados ngaten.”* (Dt.No:16)

Kutipan menika kalebet jinising *ragam santai* amargi salah satunggaling titikan *ragam santai* wonten wujud *alegro*. Wujud *alegro*nipun tembung ‘ngaten’ menika saking tembung krama ‘mekaten’.

Miturut *konteks* saha tuturanipun nedahaken pangajak saged dipuntingali wonten ing ukara **‘Mangga-mangga’** Tuturan menika nedahaken bilih paraga saweg ngajak mitra tuturipun supados mlebet wonten ing dalemipun paraga. Tembung **mangga** wonten ing basa Jawi menika nyumanggakaken tiyang.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Pak Palindriya. Nalika Amongdenta sekaliyan dumugi wonten ing dalemipun lajeng dipunsumanggakaken. Ancasipun sowan wonten ing dalemipun Pak Palindriya inggih menika kangge nyuwun pirsa Pak saha Mbok Markani ingkang manggihaken kunarpanipun Darpita. Kekalihipun dados seksi wigatos keranten ingkang rumiyin nyumerepi kunarpanipun kurban.

b. *Fungsi Regulasi*

*Fungsi regulasi* dipunginakaken kangge ngatur saha ngendalikaken tiyang sanes, kahanan, saha kadadosan. Wonten ing *ragam* tutur menika dipunpanggihaken *fungsi* basa ingkang sipatipun ngendalikaken mitra tuturipun babagan unggah-ungguh basanipun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Sarni wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Sarni sampun dugi lajeng dipungiring wonten ing teras lajeng dipunlungguhaken jejer Palindriya. Lajeng Amongdenta wiwit nyuwun pirsa dhateng Sarni, piyambakipun ngendika kaliyan Sarni supados boten ngayawara anggenipun mangsuli pitakenanipun Amongdenta.

Am : *“Wangsulanmu ngayawara! Endi ana jamake barang sing kulina dicekel kok keri ora krasa.* ***Kowe aja waton mangsuli, aku dudu pulisi wingi sore.*** *Anggere wani nggorohi aku, woo aja takon dosa kowe!”* (Dt.No:68)

Dipuntingali saking tuturanipun nedahaken bilih tuturan menika kalebet jinising *ragam santai*. *Konteks*ipun ugi nedahaken wonten ing swasana santai

pacelathon antawisipun Amongdenta kaliyan Sarni. Wujud *alegro* tembung endi saking tembung ‘neng ngendi’.

*Fungsi regulasi* wonten ing pacelathon menika ancasipun ngatur unggah-ungguhing basa ingkang dipunalami mitra tuturipun. Amongdenta ngendika dhateng Sarni bilih ngendikanipun Sarni kala wau waton mangsuli kadosta badhe nggorohi Amongdenta minangka komandhan pulisi. *Fungsi regulasi* ingkang dipunpanggihi wonten ing ukara **‘Kowe aja waton mangsuli, aku dudu pulisi wingi sore’** saking ukara menika katingal bilih Amongdenta saweg ngendalikaken pangandikanipun Sarni ingkang ngayawara. Ancasipun saking *fungsi* menika supados ngendikanipun boten waton saha ngayawara nyobi kangge nggorohi tiyang sanesipun.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya, tuturan menika antawisipun Amongdenta saha Sarni. Wonten swasana santai menika, Sarni dipunlungguhaken jejer Palindriya lajeng dipunsuwuni pirsa kaliyan Amongdenta. Ancasipun Sarni dipuntimbali menika kangge dipunsuwuni pirsa babagan prakawis rajapati, ananging tansaya dangu nalika dipunsuwuni pirsa wangsulanipun Sarni saya ngayawara, ndadosaken Amongdenta srengen.

c. *Fungsi Representasional*

*Fungsi representasional* menika *fungsi* basa ingkang dipunginakaken kangge mahyakaken kasunyatan, paring *informasi*, saha nedahaken kahanan miturut kasunyatanipun. Miturut *data* wonten nginggil wonten *fungsi*

*representasional* wonten ingkang mahyakaken kasunyatan saha nedahaken kasunyatan.

1) Mahyakaken Kasunyatan

*Fungsi representasional* ingkang mahyakaken kasunyatan menika dipunginakaken dening panutur kangge paring *informasi* babagan menapa ingkang dipunalami. Panganggening tuturan menika saged ndadosaken mitra tuturipun mangertosi kahanan ingkang saweg dipunalami dening panutur saha mitra tuturipun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Tonah wonten ing pawon. Nalika Setyawan saweg wonten ing pawon, piyambakipun kepanggih kaliyan Tonah, abdinipun Pak Palindriya. Kekalihipun sami pawicantenan babagan kulawarganipun Pak Palindriya. Tonah ngandharaken bilih ibunipun Sekarniti menika sampun seda amargi gerah seseg.

Tn : *"**Sampun seda watawis kalih setengah taun kepengker mergi gerah seseg**. Tapi nek gagapan kula, sedane ndara putri niku keranten menggalih Den Rara Sekarniti kok."* (Dt.No:25)

Miturut *konteks*ipun tuturan menika kalebet jinising *ragam santai*. Pacelathon antawisipun Tonah kaliyan Setyawan menika nedahaken pacelathon wonten ing swasana santai. Wujud *alegro* wonten ing tembung 'mergi' saking tembung krama 'amargi' saha tembung 'niku' saking tembung 'puniku/punika'.

Tuturan wonten nginggil mahyakaken kasunyatan, ukara ingkang nedahaken inggih menika **'Sampun seda watawis kalih setengah taun kepengker mergi gerah seseg'** Ukara menika ngandharaken bilih Bu Ajeng ibunipun Sekarniti sampun seda watawis kalih setengah taun kepengker amargi gerah seseg. Tonah ugi ngandharaken bilih sedanipun Bu Ajeng menika amargi keranten menggalih Sekarniti ingkang boten purun dipunjodhokaken.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing pawon antawisipun Setyawan saha Tonah. Setyawan kaliyan Tonah pawicantenan kanthi santai ngrembag kulawarganipun Palindriya. Tuturan menika ngandharaken bilih garwanipun Palindriya sampun seda amargi gerah seseg saha menggalih amargi putrinipun badhe dipunjodhokaken kaliyan Kampana ananging Sekarniti menika boten purun amargi sampun gadhah pilihan piyambak.

2) Nedahaken Kasunyatan

*Fungsi representasional* ingkang nedahaken kadadosan miturut kasunyatan ugi dipunginakaken dening paraga kangge nedahaken informasi miturut ingkang dipuntingali.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Setyawan ngandharaken pamanggihipun, Amongdenta boten radi pracaya lajeng nyuwun mitra tuturipun, Setyawan, kangge menggalih malih babagan Markani ingkang manggihaken kunarpanipun Darpita.

Am : *"Ning tetep nglengkara, Dhik. Coba ta dipenggalih, Darpita tiwas wanci surup surya. Mangka Markani nemokake jisime* ***wanci subuh.*** *Apa ya mungkin Markani, sing subuh iku arep budhal menyang pasar, sorene isih kluyuran ana papan kene?"* (Dt.No:50)

Kutipan wonten nginggil kalebet jinising *ragam santai* amargi dipuntingali saking *konteks*ipun ingkang nedahaken pacelathon antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya saha wonten ing swasana santai. Wontenipun wujud *alegro* tembung 'ning' saking tembung 'ananging', tembung 'dhik' saking tembung 'adhik', 'mangka' saking tembung 'kamangka', saha 'ya' saking tembung 'iya'.

*Fungsi representatif* kutipan menika nedahaken kasunyatan menika gadhah *fungsi* kangge maringi informasi ingkang miturut kasunyatanipun. Miturut tuturanipun, kutipan **'wanci subuh'** menika nedahaken kasunyatan bilih kunarpanipun Darpita dipunpanggihaken dening Markani wanci subuh nalika badhe budhal dhateng peken.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya, tuturan antawisipun Amongdenta saha Setyawan. Amongdenta kaliyan Setyawan pawicantenan kanthi santai saha sami nyukani pamanggih babagan prakawis rajapati. Ancasing pawicantenan menika Setyawan nyukani pamanggih bilih Markani saha garwanipun ingkang mendhet artanipun kurban amargi kekalihipun ingkang sepisanan manggihaken kunarpanipun Darpita, ananging Amongdenta boten sarujuk kaliyan pamanggihipun.

d. *Fungsi Interaksional*

*Fungsi interaksional* menika gadhah paedah kangge gesanging manungsa anggenipun bebrayan saha pasrawungan kaliyan tiyang sanesipun. Wonten ing salebeting cerbung menika ingkang kalebet *fungsi interaksional* inggih menika tuturan arupi sapa aruh saha pitakenan.

1) Sapa Aruh

Panganggening tuturan menika kangge miwiti utawi mungkasi pacelathon supados kalampahan kanthi lancar anggenipun nindakaken pawicantenan.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken Setyawan wonten ing dalemipun. Enjing menika kepireng swantenipun telpun gegem ngantos nggugah sarenipun Setyawan. Nitik kodhe telponipun wewengkon saking Tulungagung, inggih menika Amongdenta. Saking telpun seluler amargi

dereng mangertos sinten ingkang ngebel lajeng Dhik Setyawan nyuwun pirsa.

St : *"Halo, sinten nggih?"* (Dt.No:03)

Kutipan menika kalebet jinising *ragam santai* amargi dipuntingali saking *konteks*ipun nedahaken wonten ing swasana santai. Wonten wujud *alegro* tembung 'nggih' saking basa krama 'inggih'.

Miturut *konteks*, panganggening tuturan sapa aruh menika dipunginakaken nalika Amongdenta ngebel Dhik Setyawan. Tuturan sapa aruh inggih menika ukara **'Halo, sinten nggih?'**. Panganggening ukara menika kangge miwiti pawicantenan antawisipun Dhik Setyawan kaliyan Amongdenta. Amargi Dhik Setyawan dereng mangertos sinten ingkang ngebel, lajeng piyambakipun nyuwun pirsa sinten ingkang ngebel menika.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Setyawan. Setyawan saking telpun gegemipun nyuwun pirsa dhateng mitra tuturipun sinten ingkang nelpun menika. Amargi wonten ing layar *handphone*nipun Setyawan kaserat namung nomer telpun omah ingkang nitik kodhenipun area Tulungagung. *Efek* ingkang dipuntuwuhaken saking tuturan menika supados mitra tuturipun saged pitepangan kaliyan Setyawan mawi telpun gegem.

2) Pitakenan

Wujud *komunikasi* ingkang arupi pitakenan menika mitra tuturipun kedah mangsuli pitakenan ingkang dipunlesanaken dening panutur. Supados wujud interaksi antawisipun panutur saha mitra tuturipun saged kalampahan kanthi lancar.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta, Markani, saha Palindriya wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Markani saweg cariyos babagan kunarpa ingkang dipunpanggihaken, Amongdenta boten radi pracaya lajeng piyambakipun nyuwun pirsa dhateng Pak Palindriya babagan cariyos ingkang dipunandharaken Markani menika leres menapa boten.

Am : *"Apa bener ngono, Pak Palin?"* (Dt.No:21)

Kutipan menika kalebet jinising *ragam santai* amargi dipuntingali saking *konteks*ipun kalebet wonten ing swasana santai. Wonten wujud *alegro* ing tuturan menika, inggih menika tembung 'pak' saking tembung 'bapak'.

*Fungsi interaksional* wonten ing kutipan wonten ing nginggil arupi pitakenan. Dipuntingali saking *konteks*ipun nedahaken bilih Amongdenta dereng yakin kaliyan pamanggihipun Markani lajeng nyuwun pamanggihipun Pak Palindriya. Ukara **'Apa bener ngono, Pak Palin?'** Menika nedahaken pitakenan kangge Pak Palindriya supados *komunikasi* saged kalampahan kanthi lancar.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya, tuturan antawisipun Amongdenta, Markani, saha Palindriya. Markani nglesanaken *kronologis* anggenipun manggihaken kurnarpanipun bilih enjing menika Markani saha garwanipun mlampah badhe dhateng peken lajeng nyumerepi kunarpa kurban. Kekalihipun ngembrukken pikulanipun saha mlajeng dhateng dalemipun Pak Palindriya ndhodhog korinipun, ananging Amongdenta dereng radi pracaya lajeng nyuwun pirsa dhateng Palindriya kangge ngyakinaken menawi kadadosan menika nyata.

e. *Fungsi Personal*

*Fungsi personal* menika nyukani kalodhangan kangge tiyang sanes anggenipun ngandharaken pepenginan saha emosi mawi basa. Ingkang dipunpanggihaken wonten ing *data* wonten nginggil inggih menika ngandharaken ukara manteb, bingung, gumun, sedhih, jengkel, saha duka.

1) Manteb

*Fungsi personal* nedahaken raos manah ingkang manteb menika dipunginakaken dening paraga rikala wonten ing kahanan ingkang saestu.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Amongdenta nakeni Setyawan menapa sampun manggihaken titikan awal. Setyawan boten tumuli mangsuli, bathuke njengkerut, alisipun gathuk kados saweg mikir prakawis ingkang saestu, lajeng mangsuli kanthi manteb.

St : *"**Cetha nek wong iki tiwas merga diprajaya,** ora mati merga tiba saka sepedhah motore. Sapa sing merjaya durung bisa dakkira-kira, **ning sing cetha durjanane wengis banget**."* (Dt.No:07)

*Konteks* saking pacelathon menika nedahakan jinising *ragam santai* amargi tuturanipun kadadosan wonten ing swasana santai. Nedahaken wujud *alegro* wonten ing tembung 'wong' saking tembung 'uwong', tembung 'merga' saking tembung ngoko 'amarga', saha tembung 'ning' saking tembung 'ananging'.

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos manteb dipuntandhani saking ukara **'Cetha nek wong iki tiwas merga diprajaya'** saha **'ning sing cetha durjanane wengis banget'.** Ukara menika ngandharaken bilih Setyawan menika kanthi manteb ngandharaken panyebab tiwasipun tiyang ingkang saweg dipunpriksa.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing lokasi rajapati antawisipun Amongdenta saha Setyawan. Wonten ing swasana santai menika Amongdenta saweg gineman kaliyan Setyawan, menapa sampun manggihaken titikan awal menapa dereng. Lajeng Setyawan mangsuli kanthi manteb bilih tiyang menika tiwas dipunprajaya boten dhawah saking sepedhah motor, ananging dereng mangertos sinten ingkang merjayani. Setyawan ngira-ira bilih rajapati menika kadadosan kala wingi sonten utawi wanci surup surya, amargi kahanan kunarpanipun sampun pucet saha sampun boten seger malih.

2) Bingung

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos bingung menika dipunginakaken dening paraga rikala wonten ing kahanan gugup. Raos bingung menika kadadosan amargi paraga boten mangertos menapa ingkang badhe dipuntindakaken.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Wonten ing mriku kathah wartawan-wartawan ingkang sami madosi *informasi* babagan rajapati menika. Ananging Amongdenta ngraos bingung amargi wartawan-wartawan sami dhateng wonten ing papan penylidhikan, sejatosipun piyambakipun boten ngraos nimbali.

Am : *“Njur aku kudu komentar* ***piye****, Dhik?”* (Dt.No:12)

*Konteks* wonten ing pacelathon menika kalebet jinising *ragam santai* ingkang kadadosan wonten ing swasana santai. Wujud *alegro* wonten ing tembung ‘njur’ saking tembung ‘banjur’ saha ‘dhik’ saking tembung ‘adhik’.

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos bingung menika saged dipuntingali wonten ing ukara **‘Njur aku kudu komentar piye, Dhik?’** Tembung **piye** menika nedahaken bilih panutur utawi Amongdenta saweg bingung amargi

wartawan-wartawan sami dhateng lajeng piyembakipun boten mangertos kedah komentar kados pundi.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing lokasi rajapati antawisipun Amongdenta saha Setyawan. Ing mriku kathah wartawan-wartawan ingkang sami pados *informasi* wonten ing papan panylidhikan menika. *Informasi* menika lajeng badhe dipunudhal wonten ing media massa. Amongdenta rumaos boten nimbali para wartawan menika, kamangka piyambakipun ngraos bingung mbok menawi dipunsuwuni pirsa.

3) Gumun

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos gumun menika dipunginakakaken dening paraga rikala wonten ing kahanan gumun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakakaken antawisipun Sekarniti saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Sasampunipun Tonah maringi unjukan piyambakipun wangsul dhateng wingking malih, lajeng Setyawan saha Sekarniti menika miwiti pawicantenan. Sekarniti nyuwun pirsa menapa Setyawan menika dhetektip menapa boten lajeng Setyawan gumun kaliyan Sekarniti amargi Sekarniti menika mangertosi bilih piyambakipun dhetektip.

Sk : *"Mase iki rak dhetektip ta?"*
St : *"**Kok ngerti?**"* (Dt.No:33)

Saking *konteks*ipun nedahaken bilih pacelathon menika kalebet jinising *ragam santai* saha wonten ing swasana santai ingkang papan pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Pak Palindriya.

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos gumun menika saged dipuntingali wonten ing ukara **'kok ngerti?'** menika nedahaken bilih Setyawan

ngraos gumun amargi mitra tuturipun, Sekarniti mangertosi bilih Setyawan menika dhetektif.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya antawisipun Sekarniti saha Setyawan. Sekarniti saha Setyawan pawicantenan wonten ing swasana santai. Amargi Palindriya pamit badhe dhateng tokonipun lajeng Setyawan gantos naken-nakeni putrinipun, Sekarniti. Sekarniti sampun mangertos bilih Setyawan menika dhetektip, pramila menika nggampilaken Setyawan nalika badhe nyuwun pirsa dhateng piyambakipun prakawis rajapati menika.

4) Sedhih

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos sedhih menika dipunginakaken dening paraga rikala wonten ing kahanan susah saha nelangsa.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyuwun pirsa dhateng Sekarniti prakawis rajapati ingkang dipunalami Darpita. Ananging dumadakan Setyawan nyuwun pirsa babagan Risang, tiyang ingkang sampun nate sesambungan kaliyan Sekarniti. Pasuryanipun Sekarniti ewah nalika dipunsuwuni pirsa babagan Risang. Socanipun kaca-kaca saha lambenipun ngucap lirih.

Sk : *"Pati."* (Dt.No:35)

Saking *konteks*ipun nedahaken bilih pacelathon menika kalebet jinising *ragam santai* saha wonten ing swasana santai ingkang papan pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Pak Palindriya.

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos sedhih menika saged dipuntingali saking *konteks*ipun. Nalika Sekarniti dipunsuwuni pirsa babagan

patinipun Risang Ragutama, piyambakipun ngraos sedhih ngantos socanipun kaca-kaca saha pangucapanipun dados lirih.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya antawisipun Sekarniti saha Setyawan. Setyawan dumadakan nyuwun pirsa babagan Risang, Risang menika kala rumiyin sampun nate sesambungan kaliyan Sekarniti. Sekarniti ndengegek boten nyana menawi badhe dipuntakeni prakawis menika. Pitakenan ingkang medal saking lesanipun Setyawan kados alu ingkang nyodhog teleng manahipu. Sejatosipun Sekarniti badhe nyelani taken saking pundi Setyawan mangertosi prakawis menika, ananging boten siyos kawetu. Sekarniti lajeng mangsuli kanthi raos sedhih amargi socanipun sampun kaca-kaca. *Efek* ingkang dipuntuwuhaken panutur inggih menika raos kesedhihan dhateng mitra tuturipun amargi dipunsuwuni pirsa babagan Risang.

5) Jengkel

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos jengkel menika dipunginakaken dening paraga rikala wonten ing kahanan ingkang anyel.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyuwun pirsa dhateng Sekarniti prakawis rajapati ingkang dipunalami Darpita. Ananging dumadakan Setyawan nyuwun pirsa babagan Risang, tiyang ingkang sampun nate sesambungan kaliyan Sekarniti. Sekarniti mangsuli pitakenanipun Setyawan babagan patinipun Risang kanthi radi njengek amargi manahipun boten remen.

Sk : *"Geneya Mas Dhetektip malah ngurus patine Risang? Panjenengan rak lagi golek sisik melik kanggo nglarah tiwase Darpita ta? Dakjaluk aja ndhudhah barang sing wis kependhem kareben kumarane Risang tentrem ing alam kelanggengan kana."* (Dt.No:36)

Saking *konteks*ipun nedahaken bilih pacelathon menika kalebet jinising *ragam santai* saha wonten ing swasana santai ingkang papan pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Pak Palindriya. Wujud *alegro* wonten ing tembung ‘wis’ saking tembung ‘uwis’, tembung ‘rak’ menika tegesipun ‘pancen mula’.

Dipuntingali saking *konteks*ipun Sekarniti ngraos jengkel saha manahipun boten remen kaliyan mitra tuturipun. **‘Geneya Mas Dhetektip malah ngurus patine Risang?’** Menika nedahaken bilih paraga Sekarniti boten remen menawi tiyang sanes nyuwun pirsa saha ngurusi babagan patinipun Risang Ragutama.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya antawisipun Sekarniti saha Setyawan. Pawicantenan antawisipun Setyawan saha Sekarniti wonten ing swasana santai. Saking tuturan menika nuwuhaken *efek* kangge mitra tuturipun, inggih menika Sekarniti ngraos jengkel, manahipun boten remen amargi dipunsuwuni pirsa prakawis Risang ingkang sejatosipun sampun pati. Sekarniti nyuwun supados boten ndhudhah barang ingkang sampun kependhem kareben kumaranipun Risang tentrem wonten ing alam kelanggengan.

6) Duka

Panganggening ukara raos duka menika dipunginakaken dening panutur rikala ngandharaken raos boten remen kaliyan kahanan utawi dhateng mitra tuturipun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan terus ndhedhes Sekarniti supados ngaku menawi piyambakipun ingkang mrejayani

Darpita, Sekarniti duka dhateng Setyawan amargi Setyawan menika ndakwa piyambakipun ingkang nyujanani Darpita.

Sk : *“Oh,* ***kejem panjenengan, Mas...!*** *Kejem banget ndakwa aku kaya ngono.. huhuhuu!!”* (No.Dt:39)

Saking *konteks*ipun nedahaken bilih pacelathon menika kalebet jinising *ragam santai* saha wonten ing swasana santai ingkang papan pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Pak Palindriya. Wujud *alegro* tembung ‘ngono’ saking tembung ‘mangkono’.

Miturut *konteks* saha tuturanipun kalebet *fungsi personal* ingkang nedahaken raos duka amargi dipuntingali saking ukaranipun **‘Oh, kejem panjenengan, Mas...! Kejem banget ndakwa aku kaya ngono’** Menika nedahaken bilih Sekarniti ngraos duka dhateng Setyawan amargi Setyawan ndakwa piyambakipun ingkang nyujanani Darpita.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya antawisipun Sekarniti saha Setyawan. *Efek* ingkang dipuntuwuhaken dhateng mitra tuturipun inggih menika Sekarniti ngraos duka kaliyan Setyawan amargi piyambakipun dipundakwa ingkang mrejayani Darpita, ananging Setyawan terus ndhedhes Sekarniti. Setyawan nedahi Sekarniti bilih piyambakipun kengkenan tiyang sanes kangge mejahi Darpita. Rehning kajiyat palakrami, pramila Sekarniti boten rumangsa kecalan nalika calon garwanipun menika pati. Ananging Sekarniti malah njempling ngumbar tangis.

f. *Fungsi Heuristik*

Panganggenipun *fungsi* menika kangge mangertosi sedaya kemawon ingkang dipunandharaken mawi pitakenan-pitakenan pramila mbetahaken wangsulan.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Setyawan saha Amongdenta ngira-ira babagan prakawis rajapati menika. Setyawan ngendika bilih menawi dipuntingali saking tatunipun anggenipun mrejaya ngginakaken gegaman ingkang anteb saha landhep. Lajeng Amongdenta nyukani pitakenan kaliyan Dhik Setyawan babagan analisis ingkang dipunpanggihaken.

Am : *"Kira-kira motife apa ya, Dhik?"* (Dt.No:10)

Saking *konteks*ipun nedahaken bilih pacelathon menika kalebet jinising *ragam santai* saha wonten ing swasana santai ingkang papan pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Pak Palindriya. Wujud *alegro* wonten ing tembung 'ya' saking tembung 'iya' saha tembung 'dhik' saking tembung 'adhik'.

Dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun, pacelathon menika kalebet *fungsi heuristik* amargi saking tuturanipun mbetahaken wangsulan saking mitra tuturipun. Inggih menika wangsulan babagan motif ingkang dipunginakaken kangge mrejaya kurban rajapati.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing lokasi prajaya antawisipun Amongdenta saha Setyawan. Antawisipun Setyawan saha Amongdenta sami ngira-ira babagan prakawis menika. Miturut Setyawan dipuntingali saking tatunipun, ingkang mrejaya menika ngginakaken gegaman ingkang anteb tur landhep, saged linggis, wesi gligen, wadung, utawi ganco. *Efek* saking tuturan menika Amongdenta mbetahaken wangsulan saking mitra tuturipun

kinten-kinten motif menapa ingkang dipunginakaken, ananging Setyawan dereng saged matur, sebab upami durjananipun melik dhateng bandhanipun kurban, kasunyatanipun sepedhah motoripun taksih wutuh.

4. *Ragam* Akrab

Wonten ing salebeting pacelathon *ragam akrab* menika nedahaken jinising *fungsi ragam* basa, inggih menika (1) *fungsi instrumental* ingkang nyukani pamrayogi saha ngyakinaken, (2) *fungsi regulasi,* (4) *fungsi interaksional* ingkang nedahaken pasarujukan utawi wangsulan, (5) *fungsi personal* ingkang nedahaken tuturan bimbang, ajrih, sedhih, saha (6) *fungsi heuristik.*

a. *Fungsi Instrumental*

1) Nyukani Pamrayogi

*Fungsi instrumenal* ingkang nyukani pamrayogi menika ancasipun kangge nyukani pamanggih dhateng mitra tuturipun ingkang dipunajak gineman. Supados mitra tuturipun nindakaken menapa ingkang dipunandharaken dening panuturipun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Asro saha Murji wonten ing margi tumuju Plumutan. Margi ingkang dipunambah menika lurung alit, ciyut, saha lunyu amargi kenging jawah kalih dinten kapengker. Amargi marginipun awrat, lajeng sepedhah motoripun badhe dipuntitipaken kemawon wonten ing dalemipun warga.

Ar : "Mur, penake sepedhah motore ditinggal neng kene wae. Bahaya nek nekad ditumpaki tekan ndhuwur kana." (Dt.No:54)

Dipuntingali saking *konteks*ipun, tuturan menika kalebet jinising *ragam* akrab saha wonten ing swasana akrab. Antawisipun Asro saha Murji menika

kanca raket ingkang sampun akrab. Wujud tembung ‘nek’ menika tegesipun ‘yen/menawi’.

Tuturan **‘Mur, penake sepedhah motore ditinggal neng kene wae’** nedahaken bilih Asro saweg nyukani pamrayogi dhateng mitra tuturipun, supados ninggal sepedhah motoripun amargi bahaya menawi nekad dipuntumpaki ngantos nginggil ngengingi marginipun ingkang rekaos.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing margi tumuju Plumutan antawisipun Asro saha Murji. Asro saha Murji menika saweg dhateng Plumutan kangge methuk Markani amargi dipundhawuhi Komandhan Amongdenta. Margi ingkang awrat saha lunyu ndadosaken kekalihipun ninggal sepedha motoripun lajeng dipuntitipaken ing warga sekitar.

2) Ngyakinaken

Panganggening *fungsi instrumental* ingkang nedahaken tuturan ngyakinaken inggih menika dipunginakaken dening paraga rikala micara dhateng mitra tuturipun supados mitra tuturipun yakin kaliyan menapa ingkang badhe dipuntindakaken dening paraga utawi mitra tuturipun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing dalemipun Setyawan. Lewat telpun gegem Amongdenta ngyakinaken Dhik Setyawan supados piyambakipun saestu tindak dhateng Widarakandhang kangge ningali prakawis rajapati wonten ing mriku.

Am : *“**Tenan ya, Dhik**, dakenteni tekamu! Iki maeng anggotaku sing tugas piket mentas entuk lapuran menawa neng Widarakandhang ana rajapati. Penake awake dhewe langsung ketemu neng lokasi wae ya!”* (Dt.No:05)

Dipuntingali saking *konteks*ipun menika kalebet jinising *ragam* akrab amargi saking tuturanipun antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan katingal akrab sanget. Wujud *alegro* wonten ing tembung 'ya' saking tembung 'iya' saha tembung 'dhik' saking tembung 'adhik', tembung 'maeng' tegesipun 'mau', saha wonten ukara *elips* pelesapan jejer, *"~~Amongdenta saha Dhik Setyawan~~ (J) langsung ketemu neng lokasi (W)"*

Dipuntingali saking tuturanipun nedahaken bilih panutur saweg ngyakinaken mitra tuturipun, wonten ing frasa **'Tenan ya, Dhik'** Tembung **tenan** menika ngyakinaken mitra tuturipun supados saestu tindak dhateng Widarakandhang lokasi rajapati.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Setyawan antawisipun Setyawan saha Amongdenta mawi telpun gegem. Amongdenta nelpun Setyawan menika ancasipun ngengken Setyawan supados saged dhateng Widarakandhang amargi ing mriku wonten rajapati ingkang kedah dipuntliti prakawisipun.

b. *Fungsi Regulasi*

*Fungsi regulasi* dipunginakaken kangge ngatur saha ngendalikaken tiyang sanes, kahanan, saha kadadosan. Wonten ing *ragam* tutur menika dipunpanggihaken *fungsi* basa ingkang sipatipun ngendalikaken mitra tuturipun babagan patrapipun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Palindriya saha Tonah wonten ing kebon. Rikala tengah dalu Tonah mlampah ngunclug nyabrang plataran dalemipun Palindriya. Lajeng bablas tumuju kebon ing wingking dalem. Mustakanipun plingukan kados wonten ingkang dipunpadosi.

Dumadakan Palindriya ngagetaken Tonah, piyambakipun kraos kaget. Tonah cariyos bilih dhetektip mudha menika wiwit nyujanani garwanipun ingkang mrejayani Darpita, ananging Tonah malah nyujanani Palindriya ingkang mrejayani Darpita. Lajeng Palindriya ngendika supados Tonah boten waton anggenipun ngendika.

Tn : *"Hus,* ***aja waton ngomong*** *kowe, Nah!"* (Dt.No:44)

Dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun menika kalebet jinising *ragam* akrab amargi antawisipun Palindriya saha Tonah menika sampun akrab, amargi Tonah menika abdinipun Pak Palindriya ingkang nyambut damel wonten ing dalemipun.

*Fungsi regulasi* wonten ing pacelathon menika wonten ancas ngatur unggah-ungguh basa ingkang dipunngendikakaken dening mitra tuturipun. Palindriya ngendika dhateng Tonah bilih boten waton ngendika. *Fungsi regulasi* ingkang dipunpanggihi wonten ing ukara **'aja waton ngomong',** saking ukara menika katingal bilih Palindriya saweg ngendalikaken pangandikanipun Tonah ingkang waton ngengingi bab sinten ingkang mrejayani Darpita.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing kebon wingking dalemipun Palindriya antawisipun Palindriya saha Tonah. Tonah cariyos bilih dhetektip mudha menika wiwit nyujanani garwanipun ingkang mrejayani Darpita amargi nyuwun pirsa bab sinten tiyang ingkang ngginakaken ganco kangge dhangir kebon. Ananging Tonah malah nyujanani Palindriya ingkang mrejayani Den Darpita, Palindriya gage mangsuli supados Tonah boten waton anggenipun ngendika babagan sinten ingkang sejatosipun mrejayani Darpita.

c. *Fungsi Interkasional*

*Fungsi interaksional* menika gadhah paedah kangge gesanging manungsa anggenipun bebrayan saha pasrawungan kaliyan tiyang sanesipun. Wonten ing salebeting cerbung menika ingkang kalebet *fungsi interaksional* inggih menika tuturan arupi pasarujukan utawi wangsulan.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun para wartawan saha Amongdenta wonten ing lokasi rajapati. Wartawan-wartawan ingkang dugi sami mendhet gambaripun kurban. Amongdenta nyuwun supados menawi badhe dipuntayangakaken mustakanipun kurban dipunburengakaken kangge kepentinganipun masarakat, lajeng para reporter sami sarujuk.

Rp : *"Siyap, Ndhan."* (Dt.No:13)

Dipuntingali saking tuturanipun nedahaken bilih pacelathon menika kalebet jinising *ragam* akrab. Antawisipun wartawan kaliyan Amongdenta katingal akrab, amargi nimbali Komisaris Amongdenta kanthi celukan ndhan. Wujud *alegro* wonten ing tembung 'siyap' saking tembung 'siap' saha tembung 'ndhan' saking tembung 'komandhan'.

*Fungsi interaksional* menika nedahaken pasarujukan utawi wangsulan saking pitakenan ingkang dipunandharaken kaliyan mitra tuturipun. Tuturan **'Siyap, ndhan'** menika nedahaken bilih panutur sarujuk kaliyan menapa ingkang dipunandharaken kaliyan mitra tuturipun.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing lokasi rajapati antawisipun para wartawan saha Amongdenta. Antawisipun Amongdenta kaliyan para reporter menika sampun akrab. Amongdenta nyuwun supados mustakanipun kurban dipunburengakaken menawi badhe dipuntayangakaken. Amargi menawi saben

dinten dipunsukani tontonan tatu saha getih tansaya dangu masarakatipun bakal ndherek bringas, sekedhap-sekedhap duka saha padu. Lajeng para reporter nyarujuki pamanggihipun Amongdenta.

d. *Fungsi Personal*

*Fungsi personal* menika nyukani kalodhangan kangge tiyang sanes anggenipun ngandharaken pepenginan saha emosi mawi basa. Ingkang dipunpanggihaken wonten ing *data* wonten nginggil inggih menika ngandharaken ukara bimbang, ajrih, saha sedhih.

1) Bimbang

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos bimbang menika dipunginakaken dening paraga kangge ngandharaken raos bimbang kaliyan pepenginanipun.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Palindriya wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Darpita sampun wangsul lajeng Sekarniti gineman kaliyan Palindriya. Palindriya nyuwun pirsa kaliyan Sekarniti babagan sesambunganipun kaliyan Darpita, lajeng Sekarniti mangsuli kanthi ambegan panjang kaliyan kluntrung-kluntrung mlebet kamaripun.

Sk : *"**Embuh Pak, jane atiku durung pati nyanthol. Ning piye maneh, kahananku wis kaya ngene**. Aku ora kepengin Bapak tansah dadi poyokane uwong merga aku."* (Dt.No:02)

Kutipan menika kalebet tuturan jinising *ragam* akrab dipuntingali saking *konteks*ipun, pacelathonipun kalampahan wonten ing satunggaling kulawarga antawisipun Palindriya kaliyan Sekarniti menika bapak kaliyan anakipun. Wujud *alegro* wonten ing tembung 'pak' saking tembung 'bapak', tembung 'ning' saking tembung 'ananging', tembung 'wis' saking tembung 'uwis', saha tembung 'merga' saking tembung 'amarga'.

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos bimbang menika saking tuturan **'Embuh Pak, jane atiku durung pati nyanthol. Ning piye maneh, kahananku wis kaya ngene'** Sekarniti bimbang babagan manahipun, amargi piyambakipun dipunjodhokaken kaliyan Darpita, pria ingkang boten dipuntresnani Sekarniti ananging Sekarniti ugi boten purun menawi bapakipun dados poyokanipun tiyang sanes.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya antawisipun Sekarniti saha Palindriya. Sejatosipun Sekarniti taksih bimbang babagan sesambunganipun kaliyan Darpita amargi sejatosipun Sekarniti dereng wonten raos tresna dhateng Mas Darpita. Ananging piyambakipun ugi boten purun nguciwani bapakipun saha ndadosaken bapakipun poyokan warga.

2) Ajrih

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos ajrih menika dipunginakaken dening paraga rikala wonten ing kahanan ingkang ndadosaken ajrih.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Setyawan nyuwun pirsa babagan gedhong kuna tilas pabrik teh ingkang suwung lajeng samenika dados susuhipun dhemit. Amongdenta nyigeg pirembaganipun kaliyan Setyawan amargi piyambakipun ngraos mengkirig.

Am : *"Wah embuh ya, aku durung ngecek lapurane masyarakat marang kapolsek-kapolsek sadurunge aku. Eh Dhik, wis ah kowe aja takon-takon perkara kuwi.* ***Githokku mengkirig****. Lan ngertiya, purnamasidi kuwi tiba mengko bengi."* (Dt.No:15)

Dipuntingali saking konteksipun, tuturan menika nedahaken jinising *ragam* akrab, amargi wonten ing kahanan akrab antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan, saged dipuntingali menika ngginakaken tembung kowe amargi sampun

akrab. Wujud *alegro*nipun wonten ing tembung ‘ya’ saking tembung ‘iya’, ‘dhik’ saking tembung ‘adhik’ saha ‘wis’ saking tembung ‘uwis’.

*Fungsi personal* saged ipuntingali saking *konteks* saha tuturan menika **‘githokku mengkirig’**, tuturan menika nedahaken bilih panutur ngraos ajrih amargi mitra tuturipun ngendikan babagan kumaranipun Rebeca Naurin ingkang wonten ing gedhong kuna menika nalika purnamasidi.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing lokasi rajapati antawisipun Amongdenta saha Setyawan. Setyawan nyuwun pirsa babagan gedhong kuno tilas pabrik teh ingkang sampun suwung. Amongdenta ngendika bilih samenika gedhong menika dados susuhipun dhemit amargi pendhak tengah wengi utaminipun nedhenge rembulan purnamasidi kepireng swantenipun tangis layung-layung saking lebet gedhong menika. *Efek* saking tuturan menika ndadosaken Amongdenta ngraos ajrih, Amongdenta sampun gadhah pangkat komisaris pulisi ananging tetep ajrih menawi ngrembag prakawis lelembut.

3) Sedhih

*Fungsi personal* ingkang nedahaken raos sedhih menika dipunginakakaken dening paraga rikala wonten ing kahanan susah saha nelangsa.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Markani, garwanipun, saha Amongdenta wonten ing dalemipun Palindriya. Markani dipunsuwuni pirsa kaliyan Amongdenta. Markani boten kiyat nguwasani pangraosipun lajeng nangis ngguguk, garwanipun ugi ndherek prembeng-prembeng, astanipun ngrangkul pundhak ingkang jaler.

Mr : *“Oalah mbokmuu...kok apes temen awake dhewe iki mau. Njur saiki malah urusan karo pulisi... Piye mengko nek awake dhewe diterka sing mateni njur diukum huhuhu..”* (Dt.No:19)

Dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun kalebet jinising *ragam* akrab amargi wonten ing kahanan akrab. Markani saha garwanipun inggih menika kulawarga. Wujud *alegro* tembung 'njur' saking tembung 'banjur', tembung 'nek' tegesipun 'yen/menawi'.

*Fungsi personal* wonten ing pacelathon menika nedahaken raos sedhih amargi Markani saha garwanipun ngraos bilih piyambakipun apes saha urusan kaliyan pulisi. Dipuntingali saking *konteks*ipun Markani nangis ngguguk saha garwanipun ugi ndherek prembeng-prembeng, menika nedahaken bilih kekalihipun kala wau sami nandhang sedhih.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya antawisipun Markani, garwanipun, saha Amongdenta. *Efek* saking tuturan menika Markani ngraos sedhih saha apes amargi urusan kaliyan pulisi. Swasananipun dados susah amargi Markani nangis ngguguk saha garwanipun ndherek prembeng-prembeng nalika mangsuli pitakenanipun Amongdenta.

e. *Fungsi Heuristik*

Panganggenipun *fungsi* menika kangge mangertosi sedaya kemawon ingkang dipunandharaken mawi pitakenan-pitakenan pramila mbetahaken wangsulan.

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Setyawan saha Amongdenta saweg cariyos bilih piyambakipun tengah dalu nalika rembulan purnamasidi nekad mlebet gedhong kuna menika. Amongdenta ngraos kaget lajeng nyuwun pirsa dhateng Setyawan babagan cariyos ingkang saweg dipunandharaken Setyawan.

Am : *"Heh, edan kowe Dhik! Terus piye?"* (Dt.No:76)

Dipuntingali saking *konteks*ipun menika kalebet jinising *ragam* akrab amargi saking tuturanipun antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan katingal akrab sanget saha tuturanipun ngginakaken tembung pisuhan saking tembung **edan**. Wujud *alegro* wonten ing tembung 'dhik' saking tembung 'adhik'.

Dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun, pacelathon menika kalebet *fungsi heuristik* amargi saking tuturanipun mbetahaken wangsulan saking mitra tuturipun. Inggih menika wangsulan babagan kelajengan anggenipun Setyawan cariyos nalika purnamasidhi Setyawan nekad mlebet ing gedhong kuna.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang antawisipun Amongdenta saha Setyawan. Nalika Setyawan cariyos bilih piyambakipun tengah dalu nalika rembulan purnamasidi nekad mlebet gedhong kuna menika Amongdenta dados ajrih ananging piyambakipun terus nyuwun pirsa dhateng Setyawan. Setyawan ngendika malih bilih swanten tangis tengah dalu ingkang dipuncariyosaken tiyang-tiyang menika boten ngayawara. Swanten tangis menika panci wonten.

f. *Fungsi Imajinatif*

*Fungsi imajinatif* dipunginakakaken kangge ngandharaken gagasan, pangraos, ingkang nyata utawi namung *imajinasi.*

*Konteks:* Pacelathon menika dipuntindakakaken antawisipun Palindriya saha Kampana wonten ing dalemipun Palindriya. Rikala Kampana dugi ing dalemipun Palindriya, kekalihipun sami cariyos ngrembang gesangipun Kampana samenika, lajeng Palindriya mbayangaken menawi kala rumiyin Sekarniti boten rewel anggenipun nampi Kampana.

Pd : *"Bener. Ah,* ***saupama biyen*** *Sekarniti ora ndadak rewel....."* (Dt.No:61)

Dipuntingali saking tuturanipun menika kalebet jinising *ragam* akrab amargi antawisipun Palindriya kaliyan mitra tuturipun, Kampana sampun akrab amargi Kampana menika calon garwanipun yoganipun Palindriya ingkang boten siyos dados.

*Fungsi imajinatif* wonten ing pacelathon menika saged dipuntingali wonten ing frasa **'saupama biyen'.** Tuturan menika nedahaken *fungsi imajinatif* amargi tuturanipun dereng kadadosan, taksih wonten ing awang-awangipun Palindriya. Pangajabipun Palindriya umpami Sekarniti boten rewel kangge palakrami kaliyan Kampana.

Ancasipun saking *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa menika kangge mahyakaken bilih tuturan menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya antawisipun Palindriya saha Kampana. Kampana nyariyosaken gesangipun ingkang samenika manggen wonten ing Batu ajar bisnis alit-alitan. *Efek* utawi *tindakan perlokusi* saking tuturan menika ndadosaken Palindriya mbayangakeun pepenginanipun ingkang boten siyos katindakaken, inggih menika menawi Sekarniti siyos pala krami kaliyan Kampana. Ananging Kampana menika nyuwun supados boten dipunenget-enget malih lelampahan ingkang sampun kawuri, mindhak ngemutaken ingkang boten-boten.

# BAB V

# PANUTUP

## A. Dudutan

Adhedasar asiling panaliten saha pirembagan babagan jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*ipun, *fungsi ragam* basa, saha ancasing *ragam* basa Jawi wonten ing salebeting cerbung Rajapati ing Pereng Wilis anggitanipun Kukuh S. Wibowo, saged dipunpendhet dudutanipun kados ing ngandhap menika.

Jinising *ragam* basa Jawi ingkang dipunginakaken ing panaliten menika adhedasar *keformalan*ipun, *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan*ipun wonten gangsal, ananging wonten ing cerbung menika namung dipunpanggihaken sekawan jinis *ragam* basa, inggih menika *ragam* resmi, *ragam* usaha, *ragam santai*, saha *ragam* akrab. Sekawan jinis *ragam* basa menika ingkang dipunpanggihaken ing pacelathon salebeting cerbung Rajapati ing Pereng Wilis.

*Ragam* resmi menika saged katitik saking panganggening tembung ingkang boten ngginakaken *alegro* saha ngginakaken tembung ingkang asipat resmi. *Ragam* usaha menika dipunginakaken panutur supados mitra tuturipun purun nindakaken menapa ingkang dipunpenginaken dening panutur, panganggening *ragam usaha* menika saged dipunginakaken wonten ing kahanan *formal* utawi *informal. Ragam santai* menika saged katitik saking panganggenipun tembung ingkang dipunsingkat utawi *alegro.* Asring ngginakaken *interjeksi* utawi nggambaraken raosing manah pamicara, panganggenipun tingkat tutur kadang kala boten nggatosaken gayutipun panutur

saha mitra tuturipun, saha *topik* pawicantenanipun boten runtut, saha *kosakata*nipun kathah ingkang ngginakaken *unsur leksikal dialek* saha *unsur* basa daerah. *Ragam akrab* menika saged katitik saking panganggenipun basa ingkang boten trep, cekak aos, saha *artikulasi* ingkang boten cetha.

*Fungsi ragam* basa ingkang dipunpanggihaken ing panaliten menika wonten pitu, inggih menika *fungsi instrumen, fungsi regulasi, fungsi representasional, fungsi interaksional, fungsi personal, fungsi heuristik,* saha *fungsi imajinatif.*

1. *Fungsi instrumen* menika ndadosaken kadadosan-kadadosan tartamtu. Wonten ing panaliten menika dipunpanggihaken *fungsi instrumen* antawisipun meksa, ngyakinaken, prentah, panyuwun, pangajak, saha nyukani pamrayogi.
2. *Fungsi regulasi* menika dipunginakaken kangge ngatur saha ngendalikaken tiyang sanes, kahanan, ugi kadadosan.
3. *Fungsi representasional* menika kangge mangertosi *objek* utawi kadadosan wonten ing sakiwa tengenipun miturut kasunyatan ingkang dipuntingali. Wonten ing panaliten menika dipunpanggihaken *fungsi representasional* ingkang mahyakaken kasunyatan, nedahaken kasunyatan, saha ngakoni kasunyatan.
4. *Fungsi interaksional* menika arupi sapa aruh, pasarujukan/wangsulan, saha pitakenan.
5. *Fungsi personal* ingkang dipunpanggihaken ing panaliten menika wonten raos pasrah, bimbang, manteb, duka, bingung, ajrih, sedhih, jengkel, gumun, umuh, pamer, bingah, kaget, geguyonan, sereng, saha srengen.

6. *Fungsi heuristik* menika awujud pitakenan-pitakenan ingkang mbetahaken wangsulan.
7. *Fungsi imajinatif* menika kangge ngandharaken pamanggih, pangraos ingkang nyata utawi *imaginasi.*

Ancasing utawi *tindakan perlokusi (efek)* saking jinising *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa wonten ing panaliten menika kangge mangertosi menapa ingkang dipuntindakaken utawi dipunpenginaken panutur saha mitra tuturipun wonten ing salebeting cerbung Rajapati ing Pereng Wilis.

## B. Implikasi

Panaliten ingkang ngrembag jinising *ragam* basa, fungsi *ragam* basa, saha ancasing saking *ragam* basa wonten ing salebeting cerbung Rajapati ing Pereng Wilis menika saged kangge paring seserepan dhateng pamaos. *Implikasi* saking panaliten dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika saged dipunginakaken kangge nambah *referensi* panaliten salajengipun wonten ing panaliten *bidang linguistik* mliginipun *sosiolinguistik* babagan jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa, saha ancasipun.
2. Asiling panaliten menika saged kangge pambiyantu tumrap para pamaos amrih langkung paham bab jinising *ragam* basa Jawi, *fungsi ragam* basa saha ancasipun ing salebeting cerbung Rajapati ing Pereng Wilis. Sanesipun panaliten menika saged nyukani *kontribusi* kangge paraga pendhidhikan utawi pawiyatan arupi *bahan ajar* wonten ing pamulangan basa Jawi ngengingi bab jinising *ragam* basa Jawi saha *fungsi ragam* basa.

3. Asiling panaliten menika saged dipunginakaken dados bahan ajar wonten ing pawiyatan SMP utawi SMA. Saking pacelathon-pacelathon utawi tuturan ingkang dipunpanggihaken wonten ing salebetipun cerbung saged dipunpilih ingkang kalebet pacelathon antawisipun kulawarga lajeng dipungayutaken kaliyan *Kompetensi Dasari (KD)*.

## C. Pamrayogi

Adhedasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunandharaken, wonten pamrayogi ingkang prelu dipungatosaken. Pamrayogi badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika ngandharaken jinising *ragam* basa Jawi adhedasar *keformalan* miturut Martin Joos. Kaajab kangge tiyang ingkang badhe neliti bab basa saged neliti jinising *ragam* basa adhedasar *variasi* ingkang sanesipun. Kadosta adhedasar panuturipun, adhedasar panganggenipun, utawi adhedasar sarananipun.
2. Tumrap mahasiswa ingkang badhe neliti gadhah greged nindakaken panaliten ingkang jumbuh, saged ngrembag wujudipun saking jinis saha *fungsi*nipun *ragam* basa menika.

## KAPUSTAKAN

Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2014. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal. Edisi Revisi.* Jakarta: Rineka Cipta.

Diasti, R., Wini T., & Eka S. A. 2014. *Ragam Bahasa dalam Acara Talkshow Kick Andy Periode Oktober 2013.* Jurnal Kata (Bahasa, Sastra, dan pembelajarannya). hlm 1-14

Ikhsanudin. 2011. *Bahasa dan Masyarakat.* Jurnal Pendidikan Sosiologi dan Humaniora. Vol. 2. No. 2. 139-146.

Irawati, Intan. 2012. *Ragam Bahasa pada Acara Klinong-Klinong Campursari di Jogja TV* [skripsi]. Yogyakarta (ID): Universitas Negeri Yogyakarta.

Lismayanti, H., Kisyani, L., & Maria, M. 2019. *Language Variations by Guru Zaini Ghani's Preach in South Kalimantan.* Advances in Social Science, Education and Humanities Research, volume 421, 448-453.

Mulyana. 2005. *Kajian Wacana (Teori, Metode, dan Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana).* Yogyakarta: Tiara Wacana.

Nurhayati, Endang. 2009. *Sosiolinguistik Kajian Kode Tutur dalam Wayang Kulit.* Yogyakarta: Kanwa Publisher.

Pateda, Mansoer. 2015. *Sosiolinguistik.* Bandung: CV Angkasa.

Permana, Chinda P. & Endang Nurhayati. 2014. *Ragam Bahasa Serat Kalatidha serta Relevansinya dalam Pembelajaran Bahasa Jawa Siswa SMP Negeri 7 Yogyakarta.* Jurnal LingTera. Vol. 1. No. 1. 39-53.

Saragih, D. K. S. K. (2018). *Bahasa dan Ragam Bahasa pada Pendidikan Anak Sekolah. Paradigma Lingua*, *6*(2).

Setyawan, A., Edi S., & Eka S. A. 2014. *Bahasa Lisan dalam Kegiatan Pembelajaran Siswa Kelas XI SMA Negeri 1 Sekincau.* Jurnal Kata (Bahasa, Sastra, dan Pembelajarannya). 1-9.

Sudaryanto. 1992. *Metode Linguistik.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Sumarsono. 2014. *Sosiolinguistik.* Yogyakarta: SABDA (Lembaga Studi Agama, Budaya, dan Perdamaian).

Verhaar. 1992. *Pengantar Linguistik.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Wardhaugh, Ronald. 2006. *An Introduction Sociolinguistics.* Blackwell Publishing.

Yudha, Dicky A. K. 2013. *Ragam Basa Jawi wonten ing Salebeting Naskah Sandiwara Mata Kuliah Sanggar Sastra Jawa* [skripsi]. Yogyakarta (ID): Universitas Negeri Yogyakarta.

# LAMPIRAN

**Data Jinising *Ragam* Basa saha *Fungsi Ragam* Basa wonten ing Cerbung Rajapati Ing Pereng Wilis Anggitanipun Kukuh S. Wibowo**

| No | Konteks | Data | Jinis Ragam Basa | | | | | Fungsi Ragam Basa | | | | | | | Katrangan |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Beku | Resmi | Usaha | Santai | Akrab | Instr | Rgls | Rprs | Intr | Pers | Hrstk | Imaj | |
| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** | **11** | **12** | **13** | **14** | **15** | **16** |
| 1 | Pacelathon menika antawisipun Mas Darpita saha Sekarniti wonten ing griyanipun Sekarniti. Mas Darpita ngendika bilih boten dangu malih rama dalah ibunipun badhe sowan saperlu nglamar Sekarniti. Lajeng Darpita nyukani pitakenan dhateng Sekarniti menapa sampun siyap menapa dereng menawi dados jatukramanipun ananging Sekarniti boten langsung mangsuli. Tumungkul sekedhap uwik kaliyan benik rasukan, lajeng ningali nginggil malih saha matur. | Sk: "Yen kersane Mas Darpita kaya ngono, **aku mung manut.**" | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam Santai: konteks*ipun dipunginakaken ing swasana santai saha ngginakaken basa ngoko alus. Wujud alegronipun 'ngono' = 'mangkono', 'mung' = 'namung'. *Fungsi Personal:* nedahaken raos pasrah kaliyan mitra tuturipun. Dipuntingali saking wangsulanipun Sekarniti. Ancas: kangge ngandharaken dhateng Sekarniti bilih boten dangu malih rama ibunipun badhe sowan kangge nglamar Sekarniti. Sekarniti pasrah, saged dipuntingali saking wangsulanipun Sekarniti ingkang namung pasrah manut kaliyan dhawuhipun Darpita. |
| 2 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Sekarniti saha Palindriya wonten | Sk: "**Embuh Pak, jane atiku durung pati nyanthol. Ning** | | | | | v | | | | | v | | | *Ragam* akrab: wonten ing kahanan akrab, wujud alegronipun 'pak' = 'bapak', 'ning' = 'ananging', 'wis' |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | ing dalemipun Palindriya. Nalika Darpita sampun wangsul lajeng Sekarniti gineman kaliyan Palindriya. Palindriya nyuwun pirsa kaliyan Sekarniti babagan sesambunganipun kaliyan Darpita, lajeng Sekarniti mangsuli kanthi ambegan panjang kaliyan kluntrung-kluntrung mlebet kamaripun. | **piye maneh, kahananku wis kaya ngene.** Aku ora kepengin Bapak tansah dadi poyokane uwong merga aku.” | | | | | | | | | | | | | = ‘uwis’, saha ‘merga’ = ‘amarga’. *Fungsi personal:* tuturanipun Sekarniti nedahaken raos bimbang amargi prakawis menika boten sami kaliyan ingkang dipunkarepaken. Ancas: kangge mbingahaken manah bapakipun supados boten dados poyokan warga. Ananging sejatosipun Sekarniti taksih bimbang babagan sesambunganipun kaliyan Darpita amargi sejatosipun Sekarniti dereng wonten raos tresna dhateng Mas Darpita. |
| 3 | Pacelathon menika dipuntindakaken Setyawan wonten ing dalemipun. Enjing menika kepireng swantenipun telpun gegem ngantos nggugah sarenipun Setyawan. Nitik kodhe telponipun wewengkon saking Tulungagung, inggih menika Amongdenta. Saking telpun seluler amargi dereng mangertos sinten ingkang ngebel. | St: “**Halo**, sinten nggih?” | | | | v | | | | | v | | | | *Ragam santai: konteks*ipun menika dipunginakaken wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* wonten tembung ‘nggih’= ‘inggih’. *Fungsi Interaksional* (Sapa Aruh): tuturan menika nedahaken anggenipun sami sapa aruh. Ancas: kangge nyuwun pirsa dhateng mitra turipun sinten ingkang nelpun menika. Amargi ing layar *handphone*nipun |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | | Setyawan kaserat namung nomer telpun omah. |
| 4 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Amongdenta. Enjing menika kepireng swantenipun telpun gegem ngantos nggugah sarenipun Setyawan. Nitik kodhe telponipun wewengkon saking Tulungagung, inggih menika Amongdenta. Amongdenta meksa Setyawan supados piyambakipun saged dhateng Widarakandhang amargi Amongdenta pikantuk lapuran menawi wonten ing Widarakandhang wonten rajapati. | Am: "Dhik, apa kowe bisa tindak menyang Widarakandhang **saiki uga? Penting banget, Dhik!**" | | | v | | | v | | | | | | | *Ragam* usaha: paraga Amongdenta saweg usaha kangge meksa mitra tuturipun inggih menika Dhik Setyawan supados saged tindak dhateng Widarakandhang. *Fungsi Instrumental* (Meksa): Titikanipun meksa menika saged dipuntingali wonten frasa **'saiki uga'** saha **'penting banget, Dhik!'** Ancas: ancasipun Amongdenta nelpun Setyawan menika usaha kangge meksa mitra tuturipun supados saged dhateng wonten ing Widarakandhang, amargi Amongdenta pikantuk lapuran menawi ing Widarakandhang wonten rajapati. Lajeng Setyawan gage siap-siap, amargi Kediri-Tulungagung menika boten caket. |
| 5 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing dalemipun Setyawan. Lewat telpun Amongdenta ngyakinaken Setyawan supados | Am: "**Tenan ya, Dhik,** dakenteni tekamu! Iki maeng anggotaku sing tugas piket mentas | | | | | v | v | | | | | | | *Ragam* akrab*:* antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan katingal akrab kadosta kulawarga saha *konteks*ipun nedahaken ing swasana akrab, wujud *alegro* ;ya' |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | piyambakipun saestu tindak dhateng Widarakandhang kangge ningali prakawis rajapati wonten ing mriku. | entuk lapuran menawa neng Widarakandhang ana rajapati. Penake awake dhewe langsung ketemu neng lokasi wae ya!" | | | | | | | | | | | | | = 'iya', 'dhik' = 'adhik'. Ukara *elips* pelesapan jejer, *"~~Amongdenta saha Dhik Setyawan~~ (J) langsung ketemu neng lokasi (W)"* *Fungsi Instrumental* (ngyakinaken): saking tuturan menika paraga ngyakinaken mitra tuturipun supados rawuh dhateng Widarakandhang, titikanipun saking ukara **'Tenan ya, Dhik'.** Ancas: ngengken Setyawan supados saged dhateng Widarakandhang amargi ing mriku wonten rajapati ingkang kedah dipuntliti prakawisipun. |
| 6 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Swasananipun wiwit repet-repet tumuju padhang nalika Setyawan markir kendharaanipun. Wonten papan menika sampun kathah anggota pulisi pakeyan preman ingkang ngupengi kunarpanipun. | Am : "Kae Dhik, kunarpane isih dititipriksa anggotaku. Anggotaku wis miwiti olah TKP, ning posisine kunarpa durung diowahi kok. **Ayo pirsanana kana!**" | | | | v | | v | | | | | | | *Ragam Santai*: wonten ing kahanan santai amargi dipuntingali saking alegronipun, wujud alegro 'ning' = 'nanging' saha 'wis' = 'uwis'. *Fungsi Instrumental* (Prentah): tuturan ingkang nedahaken ukara prentah inggih menika ukara ***Ayo pirsanana kana!*** Panganggening ukara ***kana*** menika nedahaken bilih panutur saweg mrentah |

Tabel Salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** | **11** | **12** | **13** | **14** | **15** | **16** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Nalika Komisaris Pulisi Amongdenta ningali bilih Setyawan sampun dugu, lajeng piyambakipun ngengken Dhik Setyawan supados ningali kunarpanipun. | | | | | | | | | | | | | | dhateng mitra tuturipun.<br>Ancas: supados Setyawan nindakaken menapa ingkang dipunprentahaken Amongdenta, inggih menika supados mriksa kunarpanipun. |
| 7 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Amongdenta nakeni Setyawan menapa sampun manggihaken titikan awal. Setyawan boten tumuli mangsuli, bathuke njengkerut, alisipun gathuk kados saweg mikir prakawis ingkang saestu, lajeng mangsuli kanthi manteb. | St: "**Cetha nek wong iki tiwas merga diprajaya,** ora mati merga tiba saka sepedhah motore. Sapa sing merjaya durung bisa dakkira-kira, **ning sing cetha durjanane wengis banget**." | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai: kontek*ipun wonten ing kahanan santai. Wujud alegro 'wong' = 'uwong', 'merga' = 'amarga', saha 'ning' = 'nanging'.<br>*Fungsi personal:* nedahaken raos manteb, ditingali saking ukara **'cetha nek wong iki tiwas merga diparajaya'** saha **'ning sing cetha durjanane wengis banget'.**<br>Ancas: kangge nedahaken bilih Setyawan kanthi manteb ngendika bilih tiyang menika tiwas dipunprajaya. Setyawan ngira-ira bilih rajapati menika kadadosan kala wingi sonten utawi wanci surup surya, amargi kahanan kunarpanipun sampun pucet saha sampun boten seger malih. |
| 8 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun | Am: "Hm...ning puceting jisim kuwi | | | | v | | | | v | | | | | *Ragam* santai: wonten ing swasana santai, ngginakaken basa Jawi |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Amongdenta nyukani pamanggih dhateng Dhik Setyawan ingkang nedahaken kasunyatan prakawis ingkang saweg dipuntliti. | rak bisa uga krana kegrujug banyu udan ta, Dhik? Sebab **meh sewengi** natas udane ngrecih. Terange lagi ngarepake **subuh iki mau**. Mula getihe kurban ya wis ilang, wong wis kentir bareng karo iline banyu udan saka ndhuwur kono. Rak iya ta?” | | | | | | | | | | | | | ngoko. *Fungsi representasional:* ngandharaken kasunyatan, dipunpanggihaken wonten tembung **meh sewengi** saha **subuh iki mau.** Ancas: jisim ingkang dipunpanggihaken menika sampun pucet saha getihipun sampun ical amargi jawah ingkang sampun sewengi natas. Lajeng Setyawan nyarujuki pamanggihipun Amongdenta, amargi tabeting durjana sampun ical kesiram jawah lajeng kawratan anggenipun madosi durjananipun. |
| 9 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan. Kekalihipun saweg ndhudhah prakawis babagan rajapati. Amongdenta nyuwun dhateng Setyawan supados saged nganalisis kangge miyak kadurjanan ingkang saweg kadadosan menika. | Am: “Iya, aku ngerti. Ning jroning swasana sing kaya mangkene iki **aku banget mbutuhake analisis-analisismu kuwi, Dhik.** Sebab kowe wis kondhang nduweni analisa sing landhep kanggo miyak | | | | v | | v | | | | | | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan ingkang santai. Wujud alegro tembung ‘ning’ = ‘nanging’. *Fungsi instrumental* (panyuwun): nedahaken ukara panyuwun inggih menika ukara **aku banget mbutuhake analisis-analisismu kuwi, Dhik.** Amongdenta nyuwun Setyawan supados saged paring analisis gayut kaliyan kadurjanan. Ancas: kangge mahyakaken |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | kadurjanan...” | | | | | | | | | | | | | supados Setyawan purun nganalisis analisa kangge miyak kadurjanan. |
| 10 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. Setyawan saha Amongdenta ngira-ira babagan prakawis rajapati menika. Setyawan ngendika bilih menawi dipuntingali saking tatunipun anggenipun mrejaya ngginakaken gegaman ingkang anteb saha landhep. Lajeng Amongdenta nyukani pitakenan kaliyan Dhik Setyawan babagan analisis ingkang dipunpanggihaken. | Am: “Kira-kira motife apa ya, Dhik?” | | | | v | | | | | | | | v | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. Wujud alegro ‘ya’ = ‘iya’. *Fungsi heuristik:* amargi ukaranipun mbetahaken wangsulan. Inggih menika babagan ingkang dipunlesanaken dening Amongdenta. Ancas: kangge ngandharaken pamanggihipun Setyawan bilih dipuntingali saking tatunipun, ingkang mrejaya menika ngginakaken gegaman ingkang anteb tur landhep. Ananging Setyawan dereng saged matur, sebab upami durjananipun melik dhateng bandhanipun kurban, kasunyatanipun sepedhah motoripun taksih wutuh. |
| 11 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha Setyawan ing lokasi rajapati. Amongdenta ngraos duka saha kaget ngantos njambaki rikmanipun piyambakipun amargi wartawan- | Am: “**Haduh matek aku.** Saka ngendi wartawan-wartawan iku krungu nek neng kene ana rajapati?” | | | | | v | | | | | v | | | | *Ragam akrab*: wonten ing kahanan akrab. Wujud *alegro*nipun ‘matek’ = ‘mati’. *Fungsi personal* (duka): nedahaken raos duka, saged dipuntingali saking tuturanipun paraga **haduh** |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | wartawan sami dhateng. | | | | | | | | | | | | | | **matek aku.**<br>Ancas: kangge mahyakaken raos duka ingkang dipunraosaken Amongdenta amargi wartawan sami dugi wonten ing lokasi prajaya. |
| 12 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha Setyawan ing lokasi rajapati. Wonten mriku kathah wartawan-wartawan ingkang sami madosi *informasi* babagan rajapati menika. Ananging Amongdenta ngraos bingung amargi wartawan-wartawan sami dhateng wonten ing papan penylidhikan, amargi piyambakipun boten ngraos nimbali. | Am: “Njur aku kudu komentar piye, Dhik?” | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro*nipun ‘njur’ = ‘banjur’ saha ‘dhik’ = ‘adhik’.<br>*Fungsi personal* (bingung): nedahaken raos bingung, dipuntingali saking tuturan **‘njur aku kudu komentar piye?’.**<br>Ancas: kathah wartawan ingkang pados *informasi* ing papan panylidhikan menika ingkang badhe dipunudhal wonten ing media massa. Amongdenta rumaos boten nimbali para wartawan menika, kamangka piyambakipun ngraos bingung mbok menawi dipunsuwuni pirsa. |
| 13 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun para wartawan saha Amongdenta wonten ing lokasi rajapati. | Rp: “Siyap, Ndhan.” | | | | | v | | | | v | | | | *Ragam* akrab*:* antawisipun wartawan kaliyan Amongdenta katingan akrab, amargi nimbali Amongdenta kanthi celukan ndhan. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Wartawan-wartawan ingkang dugi sami mendhet gambaripun kurban. Amongdenta nyuwun supados menawi badhe dipuntayangaken mustakanipun kurban dipunburengaken kangge kepentinganipun masarakat, para reporter sami sarujuk. | | | | | | | | | | | | | | Tembung ‘siyap’ = ‘siap’. Wujud *alegro* ‘ndhan’ = ‘komandhan’.<br>*Fungsi interaksional* (pasarujukan/wangsulan): saking wangsulanipun reporter **‘siyap, ndhan’.**<br>Ancas: Amongdenta nyuwun supados mustakanipun kurban dipunburengaken menawi badhe dipuntayangaken kangge kepentingan sesarengan. |
| 14 | Pacelathon menika antawisipun Setyawan saha Amongdenta ing lokasi rajapati. Setyawan nyuwun pirsa dhateng Amongdenta babagan tilas pabrik teh ingkang samenika sampun suwung. | St: “Oh, iya? Kok Mas Amongdenta pirsa nek gedhong lawas kae saiki dadi susuhing dhemit?” | | | | v | | | | | | | v | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi heuristik:* ukaranipun mbetahaken wangsulan. Inggih menika babagan kadospundi tilas pabrik ingkang samenika suwung saged dados susuhing dhemit.<br>Ancas: kangge ngandharaken pitakenanipun Setyawan babagan tilas pabrik ingkang sanjangipun samenika dados susuhing dhemit. |
| 15 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing lokasi rajapati. | Am: “... **Eh Dhik**, wis ah kowe aja takon-takon perkara kuwi. Githokku | | | | | v | | | | | v | | | *Ragam* akrab*:* wonten ing kahanan akrab antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan. Wujud *alegro*nipun ‘dhik’ = ‘adhik’, saha |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Setyawan nyuwun pirsa babagan gedhong kuna tilas pabrik teh ingkang suwung lajeng samenika dados susuhipun dhemit. Amongdenta nyigeg pirembaganipun kaliyan Setyawan amargi piyambakipun ngraos mengkirig. | mengkirig. Lan ngertiya, purnamasidi kuwi tiba mengko bengi.” | | | | | | | | | | | | | | ‘wis’ = ‘uwis’. *Fungsi personal* (ajrih): saking *konteks* saha tuturan nedahaken bilih paraga ngraos ajrih. Titikanipun **‘githokku mengkirig’.** Ancas: paring andharan bilih samenika gedhong suwung dados susuhipun dhemit amargi pendhak tengah wengi utaminipun nedhenge rembulan purnamasidi kepireng swantenipun tangis layung-layung saking lebet gedhong menika. |
| 16 | Pacelathon menika dipuntindakaken dening Palindriya wonten ing dalemipun Palindriya. Amongdenta, Juari, Ajun, Loso Santosa, saha Setyawan dugi wonten ing dalemipun Palindriya. Piyambakipun nyumanggakaken dayohipun supados sami mlebet wonten ing dalemipun. Amongdenta sekaliyan nadhe kepanggih kaliyan Pak saha Mbok Markani ingkang | Pd: “**Mangga-mangga,** Bapak Kapolsek. Nyuwun pangapunten lha dene kawontenanipun griya kula semrawut kados ngaten.” | | | | v | | v | | | | | | | | *Ragam santai:* nedahaken wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung ‘ngaten’ = ‘mekaten’. *Fungsi instrumental* (pangajak): paraga menika ngajak mitra tuturipun supados mlebet wonten ing dalemipun. Saged dipuntingali womten frasa **‘mangga-mangga’.** Ancas: kangge nakeni Pak saha Mbok Markani ingkang manggihaken jisimipun Darpita. Kekalihipun dados seksi wigatos keranten ingkang rumiyin |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | manggihaken kunarpanipun Darpita. | | | | | | | | | | | | | | nyumerepi kunarpanipun kurban. |
| 17 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha Markani.Amongdenta nyuwun pirsa kaliyan mitra tuturipun, inggih menika Markani, ingkang dados seksi amargi manggihaken kunarpanipun kurban. | Am: “Jam pinten sampeyan manggihaken kunarpane kurban?” | | | | v | | | | | | | v | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai. *Fungsi heuristik*: ukaranipun mbetahaken wangsulan, inggih menika mangertosi tabuh pinten anggenipun mitra tuturipun manggihaken kunarpanipun. Ancas: kangge mangertosi *informasi* babagan kunanrpa kurban saking para seksi. |
| 18 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha Markani ing dalemipun Palindriya. Nalika Markani saha semahipun dugi wonten ing dalemipun Palindriya, Amongdenta ngginakaken tata krama saha subasita nyumanggakaken Markani saha semahipun kangge lenggahan ingkang sekeca amargi kekalihipun badhe dipunsukani pitakenan gayut kaliyan kunarpa kurban ingkang dipunpanggihaken. | Mr: “Awit rikala kula dalah semah kula dumugi papan mriku, lamat-lamat kepireng **swantenipun adzan Subuh**.” | | v | | | | | | v | | | | | *Ragam resmi*: topik pawicantenanipun asipat resmi saha kanthi saestu, sami ngurmati saha ngginakaken basa krame kangge ngurmati tiyang ingkang dereng dipuntepang. *Fungsi Representasional* (Mahyakaken Kasunyatan): Markani dumugi papan panggenan menika nalika subuh, miturut kasunyatan ingkang dipuntingali Markani. Ancas: piyambakipun dipunsuwuni pirsa dhateng Amongdenta kangge |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | | madosi *informasi* gayut kaliyan prakawis ingkang kadadosan. |
| 19 | Pacelathon menika antawisipun Markani, garwanipun, saha Amongdenta ing dalemipun Palindriya. Markani dipunsuwuni pirsa kaliyan Amongdenta. Markani boten kiyat nguwasani pangraosipun lajeng nangis ngguguk, garwanipun ugi ndherek prembeng-prembeng, astanipun ngrangkul pundhak ingkang jaler. | Mr: “Oalah mbokmuu...kok apes temen awake dhewe iki mau. Njur saiki malah urusan karo pulisi... Piye mengko nek awake dhewe diterka sing mateni njur diukum huhuhu..” | | | | | v | | | | | v | | | *Ragam* akrab*:* wonten ing kahanan akrab. Antawisipun Markani kaliyan garwanipun inggih menika kulawarga. Wujud *alegro* tembung ‘njur’ = ‘banjur’.<br>*Fungsi personal* (sedhih): tuturan menika nedahaken raos sedhih amargi Markani saha garwanipun urusan kaliyan pulisi. Saking *konteks*ipun ugi nedahaken piyambakipun saweg sedhih.<br>Ancas: kangge mahyakaken bilih Markani ngraos sedhih apes amargi urusan kaliyan pulisi. |
| 20 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha Markani ing dalemipun Palindriya. Amargi cariyosipun kendel sebab tetangisan, lajeng Amongdenta mrentah Markani kangge nglajengaken cariyosipun babagan pakulinanipun Markani sakulawarga. | Am: “Pun sakniki mang bacutne critane.” | | | | v | | v | | | | | | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung ‘pun’ = ‘sampun’, tembung ‘mang’ = ‘samang’.<br>*Fungsi instrumental* (prentah): paraga menika mrentah mitra tuturipun supados nglajengaken anggenipun cariyos **pun sakniki mang bacutne critane.**<br>Ancas: kangge mangertosi |

Tabel Salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** | **11** | **12** | **13** | **14** | **15** | **16** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | | pakulinanipun Markani sakulawarga. |
| 21 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta, Markani, saha Palindriya wonten ing Palindriya. Nalika Markani saweg cariyos babagan kunarna ingkang dipunginakaken, Amongdenta boten radi pracaya lajeng piyambakipun nyuwun pirsa dhateng Pak Palindriya babagan cariyos ingkang dipunandharaken Markani menika leres menapa boten. | Am: “Apa bener ngono, Pak Palin?” | | | | v | | | | | v | | | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung ‘pak’ = ‘bapak’. *Fungsi interaksional* (pitakenan): nedahaken pitakenan minangka wujuding pasrawungan dhateng mitra tuturipun. Ancas: kangge mangertosi *kronologis*ipun Markani anggenipun manggihaken kunarpanipun. |
| 22 | Pacelathon menika antawisipun Markani saha Amongdenta ing dalemipun Palindriya. Amongdenta ngendika anggenipun nyuwun katrangan piyambakipun sawatawis sampun cekap, lajeng Markani nyuwun pirsa ngyakinaken menapa piyambakipun leres boten dipuntahan. | Mr: “Dados kula mboten ditahan?” | | | | v | | v | | | | | | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. *Fungsi instumental* (ngyakinaken): dipuntingali saking tuturanipun paraga ngyakinaken mitra tuturanipun menawi piyambakipun saestu boten dipuntahan, titikanipun **dados kula mboten ditahan?** Ancas: kangge ngyakinaken mitra tuturipun menapa ingkang dipunngendikaken dening |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | | Amongdenta menika saestu leres. |
| 23 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Tonah wonten ing pawon. Setyawan nyuwun pirsa dhateng mitra tuturipun amargi nembe kemawon kepanggih. | St: "Jeneng sampeyan sinten Yu?" | | | | v | | | | | v | | | | *Ragam santai:* dipuntingali saking *konteks*ipun wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi interaksional* (pitakenan):nedahaken pitakenan minangka wujuding pasrawungan dhateng mitra tuturipun.<br>Ancas: kangge mangertosi asmanipun mitra tuturipun ingkang dipunajak gineman. |
| 24 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Tonah wonten ing pawon. Setyawan nyuwun pirsa sinten menika Jana. Lajeng Tonah ngandharaken kasunyatan babagan Jana ingkang maggen wonten ing dalemipun Pak Palindriya ugi. | Tn: "Oo..niku ta. Niku jenenge Jana, ning asring kula celuk Dhegleng. **Tiyange radi setrip, dhat eling dhat mboten.** Duka stres duka dospundi. **Nek pas kumat nika sedinten mbethethet kadhang mboten medal blas seking njero gubuge**..." | | | | | v | | | v | | | | | *Ragam akrab:* paraga setunggal kaliyan mitra tuturipun katingal sampun akrab. Wujud *alegro* tembung 'nika' = 'menika', 'ning' = 'ananging', 'dospundi' = 'kadospundi'.<br>Ukara *elips* pelesapan jejer *"~~Jana~~ (J) tiyange radi setrip (W)"*<br>*Fungsi representasional* (mahyakaken kasunyatan): tuturan menika ngandharaken kasunyatan bilih paraga Jana menika tiyangipun radi setrip, ing ukara **radi setrip, dhat eling dhat mboten. Nek pas kumat nika** |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | | **sedinten mbethethet kadhang mboten medal blas seking njero gubuge.** Ancas: kangge ngandharaken dhateng Setyawan, bilih Jana menika tiyangipun radi setrip duka stres menapa kadospundi. |
| 25 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Tonah wonten ing pawon. Nalika Setyawan saweg wonten ing pawon, piyambakipun kepanggih kaliyan Tonah, abdinipun Pak Palindriya. Kekalihipun sami pawicantenan babagan kulawarganipun Pak Palindriya. Tonah ngandharaken bilih ibunipun Sekarniti menika sampun seda amargi gerah seseg. | Tn: "**Sampun seda watawis kalih setengah taun kepengker mergi gerah seseg**. Tapi nek gagapan kula, sedane ndara putri niku keranten menggalih Den Rara Sekarniti kok." | | | | v | | | | v | | | | | *Ragam santai:* nedahaken wonten ing kahanan santai. Wujud alegro wonten tembung 'mergi' = 'amargi' saha 'niku' = 'puniku'. *Fungsi representasional* (mahyakaken kasunyatan): mahyakaken kasunyatan bilih ibunipun Sekarniti **'sampun seda watawis kalih setengah taun kepengker amargi gerah seseg'.** Ancas: kangge mahyakaken panyebab sedanipun ibunipun Sekarniti. |
| 26 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Tonah wonten ing pawon. Setyawan nyuwun pirsa dhateng mitra tuturipun babagan pilihanipun Sekarniti | St: "Kok sesambetanipun lare kalih niku mboten disarujuki Bu Ajeng perkarane napa, Yu? Napa pilihane | | | | v | | | | | | | v | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung 'niku' = 'menika', 'napa' = 'menapa', 'bu' = 'ibu'. *Fungsi heuristik*: tuturan menika mbetahaken wangsulan saking |

Tabel Salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** | **11** | **12** | **13** | **14** | **15** | **16** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | ingkang boten dipunsarujuki Bu Ajeng, ibunipun Sekarniti. | Sekarniti niku yogane tiyang sekeng?” | | | | | | | | | | | | | mitra tuturipun. Inggih menika babagan kenging menapa Bu Ajeng boten nyarujuki pilihanipun Sekarniti.<br>Ancas: kangge mangertosi menapa ingkang ndadosaken Bu Ajeng boten nyarujuki sesambetanipun lare kalih kalawau. |
| 27 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Tonah wonten ing pawon. Nalika dipunsuwuni pirsa dhateng Setyawan, Tonah ngakoni kasunyatan babagan mantu ingkang dipunkersakaken ndara putrinipun. | Tn: “Mireng-mireng panci mergi perkawis bandha. Ndara putri niku kersane rak pados mantu ingkang **bobot, bibit lan bebetipun setimbang**.” | | | | v | | | | v | | | | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung ‘mergi’ = ‘amargi’, ‘niku’ = ‘menika’.<br>*Fungsi representasional:* ngakoni kasunyatan bilih ndara putri ngersakaken mantu ingkang bobot, bibit, saha bebetipun setimbang.<br>Ancas: kangge mahyakaken pepenginanipun ndara putri ingkang ngersakaken mantu ingkang bobot, bibit, saha bebetipun setimbang. |
| 28 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Tonah wonten ing pawon. Sasampunipun sami gineman ngrembag | Am: “Emm...ngaten ta. **Pun nggih Yu, kula tak dhateng ngajengan malih**.” | | | | v | | | | | v | | | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung ‘ngaten’ = ‘mekaten’, ‘pun’ = ‘sampun’, ‘nggih’ = ‘inggih’.<br>*Fungsi interaksional* |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | kulawarganipun Palindriya, Setyawan pamitan kaliyan Tonah kangge dhateng ngajengan malih. | | | | | | | | | | | | | | (pasarujukan): nedahaken tuturan badhe pamitan minangka wujuding pasrawungan dhateng mitra tuturipun. Wonten ukara **pun nggih Yu, kula tak dhateng ngajengan malih.** Ancas: kangge paring pangertosan bilih Setyawan badhe pamitan badhe dhateng ngajengan malih. |
| 29 | Pacelathon menika kadadosan wonten ing pawon. Tonah grenengan piyambak ngraos jengkel amargi pitakenanipun mitra tuturipun ingkang kathah. | Tn: "Huh...dhasar dhetektip, ethok-ethoke wae takon ika-iki. Ning aku ngerti nek jan-jane dheweke lagi golek sisik melik." | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung 'ning' = 'ananging'. *Fungsi personal* (jengkel): saking konteks saha tuturanipun paraga saweg jengkel. Ancas: paring pangertosan bilih Tonah jengkel kaliyan Setyawan amargi dipunsuwuni pirsa terus. |
| 30 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha Setyawan ing dalemipun Palindriya. Dumadakan Amongdenta pikatuk telpun saking Kapolres, piyambakipun dipunutus ngadhep Kapolres enjing menika kangge lapuran sementara bab | Am: "**Kowe keriya ana kene. Pokoe purba wasesa dakpasrahake kowe.** Nek ana perkembangan anyar diage nelpuna aku ben bisa | | | v | | | v | | | | | | | *Ragam* usaha*:* paraga Amongdenta saweg usaha nyuwun mitra tuturipun supados nglajengaken pamriksan amargi piyambakipun dipuntimbali Kapolres. *Fungsi Instrumental* (Panyuwun): Titikanipun nyuwun menika saged dipuntingali wonten ukara **'Kowe** |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | kasus rajapati menika. Lajeng Amongdenta nyuwun Setyawan supados nglajengaken pamriksan menika. | dakaturake marang Kapolres.” | | | | | | | | | | | | | **keriya ana kene. Pokoe purba wasesa dakpasrahake kowe.’** Ancas: kangge nyuwun Setyawan supados nglajengaken pamriksan rajapati amargi Amongdenta dipun utus kangge sowan wonten ing Kapolres. |
| 31 | Pacelathon menika antawisipun Sekarniti saha Tonah ing dalemipun Palindriya. Tonah dipunkengken Sekarniti kangge mbekta unjukanipun dhateng wingking malih amargi dayohipun sampun kondur sedaya kejawi Setyawan. | Sk: “**Gawanen bali neng mburi kana Yu, ombenen dhewe!** Sing rong gelas wae tinggalen kene kanggo aku lan mase iki! | | | | | v | v | | | | | | | *Ragam akrab*: antawisipun Sekarniti kaliyan Tonah sampun akrab kadosta kulawarga. *Fungsi instrumental* (prentah): Sekarniti mrentah Tonah kangge mbekta unjukanipun dhateng wingking. Titikanipun saking ukara **gawanen bali neng mburi kana Yu, ombenen dhewe!** tembung **kana** menika nedahaken panutur saweg mrentah mitra tuturipun. Ancas: kangge mrentah Tonah supados nindakaken menapa ingkang dipundhawuhi Sekarniti. |
| 32 | Pacelathon menika antawisipun Sekarniti saha Tonah ing dalemipun Palindriya. Tonah ingkang dados abdi | Tn: “**Sendika**, Den Rara.” | | v | | | | | | | v | | | | *Ragam resmi*: wonten ing kahanan resmi. Saged dipuntingali wonten ing tuturanipun saha ngginakaken basa krama alus. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | kulawarganipun Palindriya tansah ngajeni Sekarniti, Sekarniti menika langkung enem. | | | | | | | | | | | | | | *Fungsi interaksional* (pasarujukan): dipuntandhai tembung **sendika.** Ancas: wujuding pasarujukan dhateng mitra tuturipun. |
| 33 | Pacelathon menika antawisipun Sekarniti saha Setyawan ing dalemipun Palindriya. Sekarniti nyuwun pirsa menapa Setyawan menika dhetektip menapa boten lajeng Setyawan gumun kaliyan Sekarniti amargi Sekarniti menika mangertosi bilih piyambakipun dhetektip. | St: “Kok ngerti?” | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* tuturanipun wonten ing kahanan santai. *Fungsi personal:* nedahaken raos gumun kaliyan mitra tuturipun,saged dipuntingali wonten ing ukara **‘kok ngerti?’.** Ancas: nedahaken raos gumun dhateng Sekarniti amargi piyambakipun sampun mangertos sinten Setyawan menika. |
| 34 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Sekarniti wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyuwun pirsa dhateng Sekarniti babagan sesambunganipun kaliyan Risang Ragutama. | St: “Apa sing njalari sesambunganmu karo Risang, Risang Ragutama, pedhot?” | | | | v | | | | | | | v | | *Ragam santai:* saking konteksipun wonten ing kahanan santai. *Fungsi heuristik:* panutur menika mbetahaken wangsulan saking mitra tuturipun babagan sesambunganipun mitra tuturipun kaliyan Risang Ragutama. Ancas: kangge mangertosi sesambunganipun Sekarniti kaliyan Risang Ragutama. |
| 35 | Pacelathon menika antawisipun | Sk: “Pati.” | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* saking *konteks*ipun |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Sekarniti saha Setyawan ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyuwun pirsa babagan Risang. Pasuryanipun Sekarniti ewah nalika dipunsuwuni pirsa babagan Risang. Socanipun kaca-kaca saha lambenipun ngucap lirih. | | | | | | | | | | | | | | wonten ing kahanan santai. *Fungsi personal* (sedhih): saking konteksipun saged dipuntingali bilih paraga ngraos sedhih menawi dipunsuwuni pirsa babagan Risang. Ancas: supados Setyawan pikantuk *informasi* babagan sesambunganipun Sekarniti kaliyan Risang kenging menapa saged pedhot. |
| 36 | Pacelathon menika antawisipun Sekarniti saha Setyawan ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyuwun pirsa dhateng Sekarniti prakawis rajapati ingkang dipunalami Darpita. Ananging dumadakan Setyawan nyuwun pirsa babagan Risang, tiyang ingkang sampun nate sesambungan kaliyan Sekarniti. Sekarniti mangsuli pitakenanipun Setyawan babagan patinipun Risang kanthi radi njengek amargi manahipun boten remen. | Sk: "Geneya Mas Dhetektip malah ngurus patine Risang? Panjenengan rak lagi golek sisik melik kanggo nglarah tiwase Darpita ta? Dakjaluk aja ndhudhah barang sing wis kependhem kareben kumarane Risang tentrem ing alam kelanggengan kana." | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* nedahaken wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro*nipun tembung 'wis' = 'uwis'. *Fungsi personal* (jengkel): dipuntingali saking *konteks*ipun tuturan menika nedahaken raos jengkel kaliyan mitra tuturipun. Ancas: kangge nedahaken dhateng Setyawan bilih Sekarniti ngraos jengkel amargi dipunsuwuni pirsa prakawis Risang ingkang sejatosipun sampun pati. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 37 | Pacelathon menika antawisipun Setyawan saha Sekarniti ing dalemipun Palindriya. Nalika saweg rerembugan, Setyawan ngandharaken kasunyatan bilih piyambakipun ngginakaken ngginakaken metodhe kangge madosi sisik melik. | St: "Aku miwiti **ngecakake metodheku** kanthi luwih dhisik golek sisik melik bab latar mburine pawongan sing nduweni sesambungan mirunggan karo Darpita!" | | | | v | | | | v | | | | | *Ragam santai*: dipuntingali saking konteks saha tuturanipun wonten ing kahanan santai. *Fungsi representasional* (mahyakaken kasunyatan): mahyakaken bilih Setyawan ngecakaken metodhenipun kangge madosi sisik melik. Ancas: kangge paring pangertosan dhateng Sekarniti menawi ingprakawis menika Setyawan ngginakaken metodhe kangge madosi sisil melik. |
| 38 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Sekarniti wonten ing dalemipun Palindriya. Sekarniti ngraos jengkel dhateng Setyawan amargi piyambakipun dipunsujana ingkang mejahi Darpita. | Sk: "**Geneya aku sing koktarap?** Sing duwe sesambungan mirunggan karo Mas Darpita rak ora mung aku. Awit kejaba aku isih ana rama, ibu dalah sedulur-sedulure Mas Dar. **Apa Mas Dhetektip sujana marang aku?**" | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung 'mung' = 'namung'. *Fungsi personal* (jengkel): saking tuturanipun nedahaken bilih panutur ngraos jengkel kaliyan mitra tuturipun. Titikanipun wonten ing ukara **geneya aku sing koktarap?** saha **apa Mas Dhetektip sujana marang aku?.** Ancas: kangge mangertosi sinten ingkang sejatosipun mejahi Darpita. |

Tabel Salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** | **11** | **12** | **13** | **14** | **15** | **16** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 39 | Pacelathon menika antawisipun Sekarniti saha Setyawan ing dalemipun Palindriya. Setyawan terus ndhedhes Sekarniti supados ngaku menawi piyambakipun ingkang mrejayani Darpita, Sekarniti duka dhateng Setyawan amargi Setyawan menika ndakwa piyambakipun ingkang nyujanani Darpita. | Sk: "Oh, **kejem panjenengan, Mas...!** Kejem banget ndakwa aku kaya ngono.. huhuhuu!!" | | | | v | | | | | | | v | | | *Ragam santai*: dipuntingali tuturan saha *konteks*ipun wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi personal* (duka): saking *konteks* saha tuturanipun, Sekarniti menika nedahaken raos duka dhateng mitra tuturipun, Setyawan, amargi mitra tuturipun ndakwa piyambakipun ingkang nyujanani. Saking tuturan **kejem panjenengan, Mas.**<br>Ancas: Setyawan nedahi Sekarniti bilih piyambakipun kengkenan tiyang sanes kangge mejahi Darpita. |
| 40 | Pacelathon menika antawisipun Sekarniti saha Sekarniti wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan nyukani pitakenan dhateng Sekarniti babagan menapa ingkang njalari patinipun Risang Ragutama, kekasihipun Sekarniti. | St: "Yen ngono kuwi kudu mangsuli pitakonku ing ngarep. Apa sing njalari kekasihmu, Risang Ragutama, tumekaning pati?" | | | | v | | | | | | | | v | | *Ragam santai:* saking tuturanipun nedahaken wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi heuristik*: tuturan menika mbetahaken wangsulan saking mitra tuturipun babagan patinipun Risang Ragutama.<br>Ancas: kangge mangertosi menapa ingkang njalari patinipun Risang Ragutama. |
| 41 | Pacelathon menika antawisipun | Sk: "Merga mobile | | | | v | | | | v | | | | | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Sekarniti saha Sekarniti wonten ing dalemipun Palindriya. Sekarniti ngandharaken kadospundi anggenipun mobilipun Risang saged kacilakan wonten ing Selareja. | kacilakan, kecemplung jurang neng Selareja. Mobile kobong, kunarpane Risang tinemu gosong....” | | | | | | | | | | | | | santai. Wujud *alegro* tembung ‘merga’ = ‘amarga’.<br>*Fungsi representasional* (mahyakaken kasunyatan): saking tuturanipun Sekarniti ngandharaken *kronologis* anggenipun mobilipun Risang kacilakan wonten ing Selareja.<br>Ancas: kangge mahyakaken kadospundi anggenipun mobilipunRisang saged kacilakan wonten ing Selareja. |
| 42 | Pacelathon menika antawisipun Palindriya saha Tonah wonten ing kebon. Tengah dalu kanthi swanten ingkang lirih saking ngandhapipun wit jambu, Palindriya ngagetaken Tonah saha ngajak Tonah dhateng kamaripun Palindriya. | Pd: “**Nah...Tonah**, aku neng kene..!” | | | | | v | | | | v | | | | *Ragam akrab*: antawisipun Palindriya kaliyan abdinipun ingkang sampun akrab.<br>*Fungsi interaksional* (sapa aruh): saking tuturanipun nedahaken sapa aruh, inggih menika Palindriya ingkang nimbali Tonah, ukaranipun **Nah...Tonah.**<br>Ancas: kangge ngagetaken Tonah supados piyambakipun nindakaken menapa ingkang dipundhawuhi Palindriya. |
| 43 | Pacelathon menika antawisipun Palindriya saha Tonah wonten | Tn: “**Sareh riyin** Ndara, kula ajenge | | | | | v | | v | | | | | | *Ragam santai:* saking *konteks*ipun nedahaken wonten ing kahanan |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | ing kebon. Palindriya ngengke Tonah supados enggal-enggal mlebet kamaripun Palindriya, ananging Tonah nyuwun mitra tuturipun supados sareh rumiyin amargi Tonah badhe matur. | matur...” | | | | | | | | | | | | | santai. Wujud *alegro* tembung ‘riyin’ = ‘rumiyin’.<br>*Fungsi instrumental* (panyuwun): saking tuturanipun nedahaken bilih panutur nyuwun mitra tuturipun supados sareh rumiyin.<br>Ancas: nyuwun Palindriya supados saged sareh rumiyin amargi Tonah badhe matur. |
| 44 | Pacelathon menika antawisipun Palindriya saha Tonah wonten ing kebon. Palindriya ngendika dhateng Tonah supados ngendikanipun boten waton. | Pd: “Hus, aja waton ngomong kowe, Nah!” | | | | | v | | v | | | | | | *Ragam akrab:* antawisipun panutur saha mitra tuturipun sampun akrab. Ngginakaken tembung kowe anggenipun sami gineman.<br>*Fungsi regulasi:* titikanipun wonten ing tembung **aja waton ngomong**, nedahaken supados mitra tuturipun boten waton ngendika.<br>Ancas: kangge ngendalikaken ngendikanipun Tonah ingkang waton. |
| 45 | Pacelathon menika antawisipun Palindriya saha Tonah wonten ing kebon. Palindriya clilengan ajrih amargi wonten ingkang ngonangi piyambakipun kaliyan | Pd: “He sapa kuwi..! **Cilaka**, ana sing ndingkik anggon kita sapatemon Nah!” | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai*: saking konteks saha tuturanipun wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi personal* (ajrih): saking tuturanipun nedahaken panutur |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Tonah anggenipun patemon. | | | | | | | | | | | | | | ngraosaken ajrih saking tembung **cilaka** amargi konangan anggenipun patemon.<br>Ancas: nedahaken raos ajrih amargi Tonah saha Palindriya konangan anggenipun sami patemon. |
| 46 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing plataran dalemipun Palindriya. Amongdenta umuk kaliyan Setyawan bilih Amongdenta saha anggota-anggotanipun saged madosi sisik melik tanpa pambiyantunipun dhetektif. Setyawan ngendika bilih durjananipun inggih menika Pak Palindriya. | Am: "Wis Dhik, wewadining rajapati iki wis kawiyak. **Kabeh mau merga saka landhepe panggraitaku sarta kelantipane anggotaku jroning golek sisik melik. Tanpa pambiyantune dhetektip** nyatane pulisi ya bisa mrantasi gawe ha ha ha..." | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung 'wis' = 'uwis', 'dhik' = 'adhik', 'merga' = 'amarga', saha 'ya' = 'iya'.<br>*Fungsi personal* (umuk): saking tuturanipun nedahaken raos umuk, wonten ing ukara **Kabeh mau merga saka landhepe panggraitaku sarta kelantipane anggotaku jroning golek sisik melik. Tanpa pambiyantune dhetektip,...**<br>Ancas: kangge umuk dhateng Setyawan bilih tanpa pambiyantunipun dhetektip, pulisi saged mrantasi prakawis menika. |
| 47 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun | Am: "Iki maeng anak buwahku loro, | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. Wujud alegro tembung |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Amongdenta saha Setyawan wonten ing plataran dalemipun Palindriya. Amongdenta ngendika pamer kaliyan Setyawan amargi piyambakipun ngrumangsani saged ngudhari wewadining rajapati. | Asmungi lan Darus wis dakprentah budhal nyekel Sarni. Dina iki Sarni lan Palindriya bakal dakgawa menyang markas kareben di-BAP penyidik.” | | | | | | | | | | | | | ‘maeng’ saking tembung ‘mau’.<br>*Fungsi personal* (pamer): dipuntingali saking konteksipun Amongdenta menika saweg pamer kaliyan Setyawan ngrumangsani piyambakipun saged ngudhari wewadining rajapati.<br>Ancas: kangge pamer dhateng Setyawan bilih anak buahipun badhe nyekel Sarni saha Sarni kaliyan Palindriya badhe dibekta dhateng markas. |
| 48 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing plataran dalemipun Palindriya. Amongdenta bingung kaliyan pamanggihipun Setyawan menawi wonten ingkang mendhet artanipun kurban amargi dhompetipun kothong. | Am: “Njur apa tegese nek dhompete kurban kothong?” | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung ‘njur’ = ‘banjur’<br>*Fungsi personal* (bingung): tuturan menika nedahaken raos bingung tegesipun dhompet kurban ingkang kothong menika menapa.<br>Ancas: kangge madosi menapa surasaning menawi dhompetipun kurban kothong. |
| 49 | Pacelathon menika antawisipun Setyawan saha Amongdenta ing dalemipun Palindriya. Setyawan | St: “Neng donyane kriminal ora ana tembung mokal, | | | v | | | v | | | | | | | *Ragam* usaha*:* Setyawan ngyakinaken Amongdenta bilih wonten ing donyanipun kriminal |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | nyukani pamanggih bilih Markani saha semahipun menika ingkang dipunsujanani. Amongdenta boten pracaya, lajeng Setyawan matur kaliyan Amongdenta ngyakinaken piyambakipun bilih wonten ing donyanipun kriminal menapa kemawon saged kadadosan. | Mas...” | | | | | | | | | | | | | | menika boten wonten tembung mokal, sedaya saged kadadosan. *Fungsi instrumental* (ngyakinaken): titikanipun wonten ukara **‘Neng donyane kriminal ora ana tembung mokal.’** Ancas: kangge ngyakinaken Amongdenta supados pracaya kaliyan pangandikanipun Setyawan. |
| 50 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Setyawan ngandharaken pamanggihipun, Amongdenta boten radi pracaya lajeng nyuwun mitra tuturipun, Setyawan, kangge menggalih malih babagan Markani ingkang manggihaken jisimipun Darpita. | Am: “Ning tetep nglengkara, Dhik. Coba ta dipenggalih, Darpita tiwas wanci surup surya. Mangka Markani nemokake jisime **wanci subuh.** Apa ya mungkin Markani, sing subuh iku arep budhal menyang pasar, sorene isih kluyuran ana papan kene?” | | | | v | | | | v | | | | | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung ‘ning’ = ‘ananging’, ‘dhik’ = ‘adhik’, ‘mangka’ = ‘kamangka’, ‘ya’ = ‘iya’. *Fungsi representasional* (nedahaken kasunyatan): Amongdenta nedahaken bilih Markani menika nemokaken jisime **‘wanci subuh’.** Ancas: kangge nedahaken bilih Markani manggihaken jisimipun kurban wanci subuh. |
| 51 | Pacelathon menika antawisipun | Am: “Asro, Murji | | | | | v | v | | | | | | | | *Ragam akrab:* wonten ing kahanan |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Amongdenta, Asro, saha Murji ing dalemipun Palindriya. Amongdenta mrentah Asro saha Murji kangge kesah dhateng dalemipun Markani wonten ing Plumutan. | kowe menyanga omahe Markani neng Plumutan **kana.** Nek wis ketemu njur gawanen mrene saiki uga.” | | | | | | | | | | | | | akrab. Wonten *alegro* tembung ‘wis’ = ‘uwis’, ‘njur’ = ‘banjur’. Ukara *elips* pelesapan jejer, “Nek wis ketemu (K) ~~Markani~~ (J) njur gawanen mrene saiki uga (W)”. *Fungsi instrumental* (mrentah): Amongdenta ngengken Asro saha Murji kangge kesah dhateng dalemipun Markani. Titikanipun ukara **Asro, Murji kowe menyanga omahe Markani neng Plumutan kana.** Tembung **kana** nedahaken bilih saweg mrentah. Ancas: kangge mrentah anakbuahipun supados nindakaken menapa ingkang dipunutusaken. |
| 52 | Pacelathon menika antawisipun Asmungi, Darus, saha Sarni wonten ing dalemipun Sarni. Sasampunipun Asmungi nepangaken piyambakipun minangka saking Polsek Sendang, Sarni menika lajeng mlajar amargi mangertos bilih piyambakipun dipuntimbali pulisi. | Ag: “Asem.” | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* wonten ing kahanan santai. *Fungsi personal* (jengkel): saged dipuntingali wonten ing tuturanipun ingkang ngendika **asem**, menika nedahaken bilih saweg jengkel. Ancas: kangge nangkep Sarni ingkang dipuntimbali pulisi supados saged dhateng Polsek |

Tabel Salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** | **11** | **12** | **13** | **14** | **15** | **16** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | | Sendhang. |
| 53 | Pacelathon menika antawisipun Asmungi, Darus, saha Sarni wonten ing dalemipun Sarni. Darus sereng kaliyan mitra tuturipun amargi Sarni menika nyobi kangge mlajar. | Dr: “Ayo mlayuwa nek kepengin moncrot molomu!” | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi personal* (sereng): nedahaken raos sereng, amargi mitra tuturipun nyobi kangge mlajar.<br>Ancas: nedahaken bilih Darus menika sereng kaliyan Sarni amargi piyambakipun nyobi mlajar. |
| 54 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Asro saha Murji wonten ing margi tumuju Plumutan. Margi ingkang dipunambah menika lurung alit, ciyut saha lunyu amargi kenging jawah kalih dina kapengker. Amargi marginipun awrat, lajeng sepedhah motoripun badhe dipuntitipaken wonten ing dalemipun warga. | Ar: “Mur, penake sepedhah motore ditinggal neng kene wae. Bahaya nek nekad ditumpaki tekan ndhuwur kana.” | | | | | v | v | | | | | | | *Ragam* akrab*:* nedahaken kahanan akrab antawisipun kalih paraga.<br>*Fungsi instrumental* (nyukani pamrayogi): paraga Asro nyukani pamrayogi kaliyan mitra tuturipun supados sepedhah motoripun dipuntinggal kemawon.<br>Ancas: kangge nyukani pamrayogi supados sepedhah motoripun dipuntinggal kemawon wonten ing dalemipun warga. |
| 55 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Asro saha Markani wonten ing dalemipun Markani. | Ar: “Assalamualaikum! Kulanuwun, Mbah!” | | v | | | | | | | | v | | | *Ragam resmi*: ngginakaken basa krama alus.<br>*Fungsi interaksional* (sapa aruh): tuturan menika nedahaken sapa |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Sasampunipun dugi dalemipun Markani, Asro lajeng uluk salam kangge paring pangertosan menapa prelunipun. | | | | | | | | | | | | | | aruh kangge miwiti pacelathon.<br>Ancas: kangge nindakaken etika tata krama kanthi uluk salam menawi badhe mertamu. |
| 56 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Asro saha Markani wonten ing dalemipun Markani. Markani njenggirat badhe mlayu amargi ningali pulisi ananging Asro mrentah piyambakipun kangge mandheg. | Ar: “**Mandheg!** Apa pilih tak tembak sikilmu?!” | | | | v | | v | | | | | | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi instrumental* (prentah): tuturan menika mrentah mitra tuturipun supados **mandheg**.<br>Ancas: ngengken Markani supados mandheg amargi piyambakipun badhe dipunbekta pulisi. |
| 57 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Asro, Murji, saha Markani wonten ing dalemipun Markani. Markani saweg usaha nyuwun dhateng mitra tuturipun supados piyambakipun boten dipunbedhil, Markani ngakeni kalepatanipun. | Mr: “**Kula ampun dibedhil,** Pak Pulisi. Kula manut nek ajeng mang rangket. Kula ngakeni lepat. Kula kalimput. Kula manut yen ajenge diukum.” | | | v | | | v | | | | | | | *Ragam usaha:* saking tuturanipun panutur saweg usaha supados piyambakipun boten dipunbedhil.<br>*Fungsi instrumental* (panyuwun): saking tuturanipun panutur nyuwun supados piyambakipun boten dipunbedhil lajeng ngakeni kalepatanipun.<br>Ancas: nyuwun dhateng mitra tuturipun supados Markani sampun dipunbedhil. |
| 58 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Kampana saha Palindriya | Km: “Kula n**dherek asung belasungkawa**, | | | | | v | | | | | v | | | *Ragam akrab:* Kampana kaliyan Palindriya menika sampun akrab kadosta kulawarga. Wujud *alegro* |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Kampana rawuh kanthi nranyak ninggal subasita, dhadhanipun mungal. Kampana nyaket dhateng Palindriya lajeng ngrayuk astanipun Palindriya ingkang taksih ndlongop. | Pak.” | | | | | | | | | | | | | Tembung ‘pak’ = ‘bapak’. *Fungsi personal* (sedhih): saking tuturanipun Kampana paring belasungkawa dhateng kulawarganipun Palindriya. Ancas: paring asung belasungkawa dhateng Palindriya gayut prakawis ingkang saweg kadadosan. |
| 59 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Kampana saha Palindriya wonten ing dalemipun Palindriya. Palindriya saweg ngyakinaken menawi ingkang wonten ing ngajengipun leres Kampana menapa boten. | Pd: “Kampana! Kowe rak angger Kampana ta?” | | | | v | | v | | | | | | | *Ragam santai*: wonten ing kahanan santai. *Fungsi instrumental* (ngyakinaken): Palindriya ngyakinaken menawi ingkang wonten ing ngajengipun leres Kampana menapa boten. Ancas: ngyakinaken menapa leres mitra tuturipun menika saestu Kampana. |
| 60 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Kampana saha Palindriya wonten ing dalemipun Palindriya. Palindriya ngraos bungah amargi kepanggih malih kaliyan Kampana. Lajeng piyambakipun ngrangkul keket | Pd: “Wadhuh anaku lanang, piye kabarmu? Wis pirang taun kowe ora dolan mrene?” | | | | | v | | | | | v | | | *Ragam akrab:* antawisipun Palindriya saha Kampana sampun kados kulawarga. Wujud *alegro* tembung ‘wis’ = ‘uwis’. Ukara *elips* pelesapan jejer, “~~Kampana~~ (J) anaku lanang (W)”. *Fungsi personal* (bungah): saking *konteks* saha tuturanipun Palindriya |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | sanget. | | | | | | | | | | | | | | ngraos bungah amrgi kepanggih malih kaliyan Kampana.<br>Ancas: nedahaken raos bingah amargi Palindriya saged kepanggih malih kaliyan Kampana. |
| 61 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Palindriya saha Kampana wonten ing dalemipun Palindriya. Rikala Kampana dugi ing dalemipun Palindriya, kekalihipun sami cariyos ngrembang gesangipun Kampana samenika, lajeng Palindriya mbayangaken menawi kala rumiyin Sekarniti boten rewel anggenipun nampi Kampana. | Pd: "Bener. Ah, **saupama biyen** Sekarniti ora ndadak rewel....." | | | | | v | | | | | | | v | *Ragam* akrab*:* antawisipun Palindriya saha Kampana sampun kados kulawarga.<br>*Fungsi imajinatif:* nedahaken bilih tuturanipun dereng kadadosan, saged dipuntingali wonten ing frasa **'saupama biyen...'**<br>Ancas: mbayangaken pepenginanipun Palindriya ingkang boten siyos katindakaken, inggih menika menawi Sekarniti siyos palakrami kaliyan Kampana. |
| 62 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Palindriya saha Kampana wonten ing dalemipun Palindriya. Kampana ngendika dhateng Palindriya supados boten ngenget-enget malih lelampahan ingkang sampun | Km: "Sampun, sampun. **Sampun dipunenget-enget malih lelampahan ingkang sampun kawuri**, mindhak ngemutaken ingkang mboten- | | | | | v | | v | | | | | | *Ragam akrab:* antawisipun Palindriya saha Kampana sampun kados kulawarga.<br>*Fungsi regulasi:* saking tuturanipun menika nedahaken supados boten ngenget-enget lelampahan ingkang kala rumiyin. Dipuntingali wonten ing ukara |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | kawuri, inggih menika prakawis Kampana saha Sekarniti ingkang boten siyos palakrami. | mboten.” | | | | | | | | | | | | | **sampun dipunenget-enget malih lelampahan ingkang sampun kawuri.**<br>Ancas: ngendalikaken pangandikanipun Palindriya ingkang tansah ngenget-enget malih lelampahan ingkang sampun kawuri. |
| 63 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Palindriya saha Kampana wonten ing dalemipun Palindriya. Kampana madosi Sekarniti samenika wonten pundi, lajeng Palindriya mrentah Kampana supados madosi Sekarniti wonten ing wingking. | Pd: “Mbokmenawa lagi neng mburi. **Kana jajal golekana!”** | | | | | v | v | | | | | | | *Ragam akrab:* antawisipun Palindriya saha Kampana sampun kados kulawarga.<br>*Fungsi instrumental* (prentah): saking tuturan menika Palindriya mrentah Kampana supados madosi Sekarniti wonten ing wingking. Dipuntitiki saking ukara **kana jajal golekana!** Tembung **kana** menika nedahaken menawi saweg mrentah.<br>Ancas: mrentah Kampana supados madosi Sekarniti wonten ing wingking utawi pawon. |
| 64 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Palindriya wonten ing dalemipun | Am: “... Jaman internet. Jaman *facebook, twitter,* lan sapanunggalane. | | | | v | | | | v | | | | | *Ragam santai: konteks* saha tuturanipun wonten ing kahanan santai. Wujud *alegro* tembung ‘pak’ = ‘bapak’, ‘wis’ = ‘uwis’. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Palindriya. Amongdenta ngandharaken dhateng mitra tuturipun bilih jaman samenika boten wekdalipun njodhok-njodhokaken yoga, amargi sampun wonten *sosial media.* | Wis dudu wayahe maneh njodhok-njodhokake anak. Kuna kuwi. Iya nek anakmu tresna, lha nek ora? Apa sampeyan ora mesakake marang kesiksane batine anakmu? | | | | | | | | | | | | | *Fungsi representasional* (mahyakaken kasunyatan): saking tuturanipun Amongdenta ngandharaken bilih ing jaman samenika sampun wonten *sosial media* sanes wekdalipun kangge njodhok-njodhokaken yoga.<br>Ancas: nedahaken bilih jaman samenika sampun maju sanes wekdalipun njodhok-njodhokaken anak. |
| 65 | Pacelathon menika antawisipun Palindriya saha Amongdenta ing dalemipun Palindriya. Palindriya cariyos bilih kala rumiyin Sekarniti, badhe dipunjodhokaken kaliyan Kampana. Ananging Sekarniti boten purun nglampahi. LajengAmongdenta nyukani pitutur dhateng Palindriya babagan kamulyan ingkang dipunraosaken Sekarniti, ningali samenika sampun jaman maju inggih boten wekdalipun njodhok-njodhokaken anak. | Am: "...**Gegarane wong akrami dudu bandha dudu rupa, amung ati pawitane.** Banjur dipungkasi nganggo tetembungan: **tan kena tinambak arta.** Tegese katresnan mono ora bisa diregani nganggo dhuwit." | v | | | | | | | v | | | | | *Ragam santai:* dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun wonten ing kahanan santai.<br>*Fungsi imajinatif:* amargi ngginakaken sekar ingkang boten saged dipunewahi.<br>Ancas: bilih ing jaman maju samenika sampun boten wekdalipun njodhok-jodhokaken anak, amargi menika gegayutan kaliyan katresnan, kamulyan, saha batosipun anak. |

Tabel Salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** | **7** | **8** | **9** | **10** | **11** | **12** | **13** | **14** | **15** | **16** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 66 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta, Asmungi, saha Darus wonten ing dalemipun Palindriya. Nalika Asmungi saha Darus dugi dalemipun Palindriya. Amongdenta mapag duginipun andhahanipun kalih wau kanthi srengen amargi mangertosi bilih Sarni menika dipunborgol. | Am: "**Ngapa ndadak diborgol barang?** Ngene iki nek disawang uwong rak kurang prayoga." | | | | | v | | | | | v | | | *Ragam akrab:* antawisipun Amongdenta kaliyan anggotanipun ingkang sampun akrab.<br>*Fungsi personal* (srengen): *konteks* saha tuturanipun nedahaken bilih Amongdenta saweg srengen amargi ningali Sarni dipunborgol.<br>Ancas: nedahaken raos srengen amargi mangertosi bilih Sarni menika dipunborgol. |
| 67 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing dalemipun Palindriya. Setyawan asring nyuwun idi dhateng wingking, lajeng Amongdenta nggojeki piyambakipun. | Am: "Wah, kowe ki kaya wong anyang-anyangen wae ta, Dhik. Angger neng kene kok mesthi beser ha ha ha..." | | | | | v | | | | | v | | | *Ragam akrab:* antawisipun Amongdenta kaliyan anggotanipun ingkang sampun akrab. Wujud *alegro* tembung 'ki' = 'iki', 'wong' = 'uwong', 'dhik' = 'adhik'.<br>*Fungsi personal* (geguyonan): Amongdenta nggojeki Setyawan amargi piyambakipun idi dhateng wingking terus menawi wonten ing dalemipun Palindriya.<br>Ancas: Amongdenta geguyonan kaliyan Setyawan ngendika menawi Setyawan menika anyang-anyangen. |
| 68 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha Sarni ing | Am: "Wangsulanmu ngayawara! Endi | | | | v | | | v | | | | | | *Ragam santai:* dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun wonten |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | dalemipun Palindriya. Nalika Sarni sampun dugi lajeng dipungiring wonten ing teras lajeng dipunlungguhaken jejer Palindriya. Amongdenta nyuwun pirsa dhateng Sarni, piyambakipun ngendika kaliyan Sarni supados boten ngayawara anggenipun mangsuli pitakenanipun Amongdenta. | ana jamake barang sing kulina dicekel kok keri ora krasa. **Kowe aja waton mangsuli, aku dudu pulisi wingi sore.** Anggere wani nggorohi aku, woo aja takon dosa kowe!” | | | | | | | | | | | | | | ing kahanan santai.<br>*Fungsi regulasi:* titikanipun wonten ukara **‘kowe aja waton mangsuli’.** Tegesipun Amongdenta ngendalikaken Sarni supados mangsuli kanthi pener saha boten nggorohi Amongdenta.<br>Ancas: ngendalikaken pangandikanipun Sarni supados boten mangsuli kanthi ngayawara. |
| 69 | Pacelathon menika kadadosan wonten ing dalemipun Palindriya. Palin saweg dipuntakeni Amongdenta. Palin ngendika bilih ganconipun dipuntitipaken Tonah. Lajeng Amongdenta mrentah Asmungi saha Darus kangge madosi Tonah. | Am: “**Golekana** Tonah, jaken mrene pisan. Dheweke uga seksi ing perkara iki!” | | | | v | | v | | | | | | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai. Tembung ‘jaken’ saking tembung ‘ajak’.<br>*Fungsi Instrumental* (mrentah): tembung **golekana** menika nedahaken bilih Amongdenta saweg mrentah anak buahipun.<br>Ancas: kangge mrentah Asmungi saha Darus kangge madosi Tonah. |
| 70 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha anak buahipun wonten ing dalemipun Palindriya. Kala wau Asmungi saha Darus dipundhawuhi madosi Tonah, ananging Tonah sampun wonten ing mriki, | Am: “Cukup. Wonge wis neng kene, **goblog!**” | | | | v | | | | | | v | | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai. Wujud *alegro* tembung ‘wis’ = ‘uwis’.<br>*Fungsi personal* (jengkel): saking tembung **goblog!** Nedahaken bilih Amongdenta ngraos jengkel kaliyan mitra tuturipun. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Amongdenta jengkel dhateng mitra tuturipun. | | | | | | | | | | | | | | Ancas: nedahaken raos jengkel dhateng Asmungi saha Darus minangka anak buahipun. |
| 71 | Pacelathon menika antawisipun Sekarniti saha Kampana wonten ing dalemipun Palindriya. Astanipun Kampana megar nedya ngrayuk bangkekanipun Sekarniti. Sekarniti nggiwar badhe mlayu ananging boten saged. | Sk: "Uh, kowe aja ugal-ugalan. Culna tanganmu! Aku njerit lho..." | | | | v | | | v | | | | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai. Wujud *alegro* tembung 'culna' saking tembung 'ucul'. *Fungsi regulasi:* titikanipun wonten ing ukara **kowe aja ugal-ugalan.** Ancas: ngendalikaken patrapipun Kampana supados sampun ugal-ugalan kados mekaten. |
| 72 | Pacelathon menika antawisipun Sekarniti saha Kampana wonten ing dalemipun Palindriya. Sekarniti nyuwun pirsa menapa leres Kampana menika durjananipun, lajeng Kampana ngakoni. Sekarniti kaget. | Sk: "**Hah!** Yen ngono kowe durjanane?" | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai. *Fungsi personal* (kaget): nedahaken raos kaget, titikanipun wonten ing tembung **Hah!.** Ancas: nedahaken raos kaget amargi boten nyana menawi Kampana ingkang mejahi Darpita. |
| 73 | Pacelathon menika antawisipun Amongdenta saha Setyawan ing dalemipun Palindriya. Setyawan ngandharaken bilih ingkang merjaya Darpita menika Jana Amongdenta kaget, Palindriya | Am: "**Piye** ta Dhik? Jana eh Risang iku sapa?" | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai. *Fungsi personal* (bingung): tembung **piye** menika nedahaken bilih Amongdenta ngraos bingung. Ancas: nedahaken bilih |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | njondhil, Juari pandeng-pandengan kaliyan Loso. Lajeng Amongdenta nyuwun pirsa kanthi bingung. | | | | | | | | | | | | | | Amongdenta ngraos bingung sinten Jana alias Risang menika. |
| 74 | Pacelathon menika antawisipun Pulisi saha Setyawan ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Setyawan sowan amargi dipundhawuhi Amongdenta. Sasampunipun dumugi kantor piyambakipun kepanggih kaliyan pulisi piket, Setyawan dipunsumanggakaken kangge langsung mlebet kantor amargi sampun dipuntengga komandhan kanthi semanak saha trapsila. | Pl: "Sampun dipuntengga komandhan, Mas. Mangga langsung kemawon." | | v | | | | | | | | v | | | *Ragam resmi:* wonten ing kahanan resmi ketingal saking papan panggenan ingkang kadadosan wonten ing Markas Kapulisen saha boten wonten wujud *alegro*nipun. *Fungsi personal* (bingah): saking *konteks*ipun nedahaken raos bingah anggenipun nyumanggakaken Setyawan. Ancas: nedahaken raos bingah amargi rawuhipun Setyawan menika sampun dipuntengga-tengga kaliyan komandhanipun. |
| 75 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha ajudanipun wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Amongdenta mijet tombol pirantos elektronik ingkang wonten ing mejanipun. Boten dangu pulisi enem ajudanipun Amongdenta dugi | Aj: "Siyap Ndhan, wonten dhawuh?" | | | | | v | | | | v | | | | *Ragam* akrab: ajudanipun saha Amongdenta sampun akrab. Wujud *alegro* tembung 'ndhan' = 'komandhan'. *Fungsi interaksional* (pitakenan): nedahaken pitakenan minangka wujuding pasrawungan dhateng mitra tuturipun. Ancas: kangge mangertosi dhawuh |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | kanthi gita-gita. | | | | | | | | | | | | | | menapa saking Amongdenta. |
| 76 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Amongdenta saha Setyawan wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Setyawan saha Amongdenta saweg cariyos bilih piyambakipun tengah dalu nalika rembulan purnamasidi nekad mlebet gedhong kuna menika. Amongdenta ngraos kaget lajeng nyuwun pirsa dhateng Setyawan babagan cariyos ingkang saweg dipunandharaken Setyawan. | Am: “Heh, edan kowe Dhik! Terus piye?” | | | | | v | | | | | | v | | *Ragam* akrab*:* nedahaken kahanan akrab antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan. Wujud *alegro* ‘dhik’ = ‘adhik’. *Fungsi heuristik:* ukaranipun mbetahaken wangsulan saking Setyawan. Ancas: kangge mangertosi wangsulan saking Setyawan amargi kala rembulan purnamasidi Setyawan nekad mlebet gedhong kuna tilas pabrik teh menika. |
| 77 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Amongdenta wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Setyawan sowan dhateng Amongdenta kangge ningali BAP. Nalika kekalihipun saweg pawicantenan, Setyawan cariyos bilih piyambakipun sampun nate dhateng gedhong kuna tilasipun | Am: “Wah...wah... **sembrana kowe Dhik.** Apa kowe ora wedi nek ditekak dhemite Rebeca?” | | | | | v | | v | | | | | | *Ragam* akrab*:* nedahaken kahanan akrab antawisipun Amongdenta kaliyan Setyawan. *Fungsi regulasi:* titikanipun wonten ing ukara **‘sembrana kowe Dhik’.** Saking ukara menika katingal bilih Amongdenta saweg ngendalikaken patrapipun Setyawan ingkang sembarana nranyak mlebet wonten ing gedhong kuna ingkang sampun |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | pabrik teh, Setyawan ngendika bilih piyambakipun mireng swanten tangis wonten ing tengah dalu. Lajeng Amongdenta ngendika dhateng Setyawan supados ngendikanipun boten sembrana. | | | | | | | | | | | | | | suwung.<br>Ancas: kangge ngendalikaken patrapipun Setyawan supadosa boten sembrana. |
| 78 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Setyawan saha Amongdenta wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Setyawan nyariyosaken kenging menapa piyambakipun saged durjanani Jana alias Risang ingkang mrejayani Darpita. | Am: “Hhh...perkara katresnan bisa njalari manungsa melik nggendhong lali ya Dhik, klebu tega marang patine kanca dhewe.” | | | | v | | | | v | | | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai. Wujud *alegro* tembung ‘ya’ = ‘iya’, ‘dhik’ = ‘adhik’.<br>*Fungsi representasional* (nedahaken kasunyatan): nedahaken bilih katresnan menika njalari manungsa melik nggendhong lali.<br>Ancas: nedahaken bilih katresnan menika saged njalari manungsa melik nggendhong lali, saged tega dhateng kancanipun piyambak. |
| 79 | Pacelathon menika antawisipun Setyawan saha Amongdenta wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Sasampunipun cariyos, Setyawan nyuwun pirsa dhateng Amongdenta kadospundi pangakuwanipun | Am: “Oh kena, kena. **Tunggunen sedhela!**” | | | | v | | v | | | | | | | *Ragam santai:* dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun wonten ing swasana santai.<br>*Fungsi instrumental* (panyuwun): nyuwun mitra tuturipun supados nengga sekedhap. Saking ukara **Tunggunen sedhela!.** |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Risang dhateng penyidhik gayut kaliyan kacilakan nggegirisi ingkang nate dipunalami, ngenger wonten ing dalemipun Pak Palindriya, saha piyambakipun ingkang merjayani Darpita. | | | | | | | | | | | | | | Ancas: nyuwun supados Setyawan nengga sekedhap, amargi piyambakipun nyuwun pirsa kadospundi pangakuwanipun Risang dhateng penyidhik. |
| 80 | Pacelathon menika antawisipun Setyawan saha Juari wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Juari dugi ruwanganipun Amongdenta kanthi ngasta bendhelan BAP, piyambakipun langsung sapa aruh dhateng Setyawan sami nyuwun pirsa kadospundi kabaripun. | Jr: “Piye kabare Mas Setyawan?” | | | | v | | | | | v | | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai.<br>*Fungsi interaksional* (pitakenan): minangka wujuding pasrawungan dhateng mitra tuturipun.<br>Ancas: nyuwun pirsa dhateng Setyawan gayut kaiyan kabaripun Setyawan. |
| 81 | Pacelathon menika antawisipun Setyawan saha Juari wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Juari dugi ruwanganipun Amongdenta kanthi ngasta bendhelan BAP, piyambakipun langsung sapa aruh dhateng Setyawan sami nyuwun pirsa kadospundi kabaripun. | St: “Alhamdulillah padha waras, Mas.” | | | | v | | | | | v | | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai.<br>*Fungsi interaksional* (wangsulan): minangka wujuding pasrawungan dhateng mitra tuturipun.<br>Ancas: mangsuli pitakenanipun Juari gayut kaiyan kabaripun Setyawan. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 82 | Pacelathon menika antawisipun Setyawan saha Amongdenta wonten ing Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Juari dipunutus Amongdenta supados ngadhep saha mbekta BAP-nipun Risang Ragutama. Kanthi bingahing manah Juari nyukani BAP-nipun dhateng Setyawan. | Jr: "Iki Mas, **kanthi senenging ati** BAP-ne Risang dahsilihake sampeyan. Aku maturnuwun banget dene sampeyan wis mbiyantu tugase pulisi, mligine tugasku, jroning miyak rajapati ing Widarakandhang..." | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* dipuntingali saking *konteks* saha tuturanipun wonten ing swasana santai.<br>*Fungsi personal* (bingah): dipuntingali saking tuturanipun, panutur nedahaken raos bingah. Saking tuturan **kanthi senenging ati.**<br>Ancas: nedahaken raos bingah amargi Setyawan menika sampunmbiyantu tugasipun pulisi, mliginipun tugasipun panutur. |
| 83 | Pacelathon menika dipuntindakaken antawisipun Risang saha piyantun sepuh wonten ing panggenan dunungipun priyantun sepuh kalawau. Risang boten mangertos sampun pinten sasi wonten ing panggen menika. Tansaya dangu kuwarasanipun Risang pulih, lajeng priyantun sepuh kalawau ngajak Risang dhateng alam padhang. | Sp: "Kisanak, wis titi wancine kowe weruh padhange hawa. **Ayo** saiki meluwa aku!" | | | | v | | | | | v | | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai. Tembung kisanak menika tegesipun panjenengan.<br>*Fungsi instrumen* (pangajak): dipuntingali saking tuturipun, tembung **ayo** nedahaken bilih panutur saweg ngajak mitra tuturipun.<br>Ancas: ngajak mitra tuturipun supados nindakaken menapa ingkang dipundhawuhi, inggih menika medal dhateng alam padhang. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 84 | Pacelathon menika kadadosan wonten ing margi. Setyawan pikantuk sms lajeng piyambakipun minggir wonten ing sangandhapipun wit trembesi. Sms menika saking Satrugna, wartawan Warta Bawana. Satrugna paring kabar bilih Risang Ragutama wancinipun ngadhepi vonis hakim atas kadurjanan. Dinten menika piyambakipun dipunpanggihaken pati nganyut tuwuh wonten ing tahanan. Pati kendhat. | Sg: “Mas, sesuk iki sejatine Risang Ragutama wancine ngadhepi vonise hakim atas kadurjanan sing nate ditindakake ing Widarakandhang patang sasi kepungkur. Ning dina iki dheweke tinemu mati nganyut tuwuh neng tahanan. Mati kendhat.” | | | | v | | | | | | v | | | *Ragam santai:* wonten ing swasana santai. Wujud *alegro* tembung ‘ning’ = ‘ananging’.<br>*Fungsi personal* (duka): panutur nedahaken raos duka amargi Risang dipunpanggihaken pati nganyut tuwuh wonten ing tahanan.<br>Ancas: kangge nedahaken raos duka amargi Risang ingkang sampun wancinipun ngadhepi vonis hakim prakawis kadurjanan dipunpanggihaken pati nganyut tuwuh wonten ing tahanan. |

# RAJAPATI ING PERENG WILIS

Dening
Kukuh S. Wibowo

**(1)**

WANCINE nyedhaki surup srengenge nalika nom-noman lanang wadon kuwi gegandhengan tangan tumuju plataran. Sing lanang nganggo bathik corak barong lengen cen-dhak, clana soklat tuwa lan selopan ireng. Pawakane atletis. Dedege sedhengan, dhuwur ora endhek banget ya ora.

Pakulitane nguning langsep. Rambute dijungkati klimis. Brengose sing njlirit tansaya muwuhi bagusing rupa. Sing wadon nganggo rok terusan biru wates dhengkul, rambute dawa sabau. Praupane mung dipulas manda-manda, ewadene ora nyuda kasulistyane kang alami. Ing akasa mendhunge tansaya nggameng sineling gumlegering gludhug. Angine midid, swarane keprungu gumrubug. Tekan sacedhake Yamaha Jupiter Z sing diparkir ana sangisore wit pelem, priya enom aran Darpita iku mandheg. Tangane ngrangkul pundhake wanita ayu Sekarniti banjur diinger madhep dheweke. Darpita ngangkat janggut nyathis iku nganggo driji penudinge amrih praupane si kenya luwih tumenga.

“Dhik, ora suwe maneh rama dalah ibuku bakal sowan mrene saperlu nglamar sliramu. Rak ya wis siyap ta upama sliramu dadi jatukramaku, dadi nyonyah Darpita Wisnungkara?”

Sing ditakoni ora age wangsulan. Tumungkul sedhela uwik karo benike klambi, banjur tumenga maneh. Ujare lirih, “Yen kersane Mas Darpita kaya ngono, aku mung manut.”

Darpita ketara marem. Bathuke Sekarniti diaras alon. Wanodya kuwi ora suwala. Pangrangkule Darpita diculake. Dheweke banjur marani kendharaane sing dijagang. Sadurunge nguripi sepedhah motore, Darpita kober clilengan. Rumangsane kaya ana mripat sapasang sing tansah nguwasi saparipolahe. Nanging ana ngendi pernahe mripat kasebut, Darpita ora bisa ngira-ira panggonane.

Sawise nganggo helm, alon-alon Darpita nglakokake sepedhah motore. Sekarniti nguntabake lungane nganti satengahe latar. Metu saka plataran bawera dalane terus njojrog mudhun. Dalan kuwi isih makadaman, kiwa tengene rupa perengan sing thinukulan gegrum-bulan ketel. Omahe Sekarniti, ya pacangane Darpita, pancen manggon ana pethite gang. Diarani gang sebab saka omahe Sekarniti tumuju dalan aspal isih udakara telungatus meter. Kejaba omahe Sekarniti, ora ana omah maneh ing sadawane lurung cilik makadaman sing njojrog iku.

Apes. Lagi wae Darpita ngurubake lampu colok dalan, kaselak udane ceblok. Swarane banyu udan sing nampes gegodhongan keprungu kumlethok, saya suwe saya deres kemrosog. Darpita agahan midak rem. Kuncine dijabut kanggo mbukak jok. Jok diangkat tangan kiwa, tangan tengene njupuk jas udan kang kasimpen ana cluwegan sangisore sadhel. Helm-e dicopot lan digandhulake spion. Clanane diwingkis tekan dhengkul. Selope dicopot lan dilebokake jok tilas wadhahe jas udan. Darpita trima nyeker, eman yen selop kulit sing larang regane iku nganti teles jalaran bisa njalari cepet rusak.

Jas udan cepet-cepet dikrukupake awak. Krana anggone ngrudhungake rada gupuh, perangan rai kuwalik ana mburi. Darpita bekah-bekuh merga mripate ketutupan mantel. Dheweke ngempet ambegan. Jas udan diputer-puter dipernahake nggon bolongan rai. Darpita lagi ambegan lega sawise raine krasa blong. Dheweke banjur ngelekake mripat. Darpita njondhil. Ora weruh saka ngendi asale, dumadakan ana regemenge wewujudan ngaglah ana ngarepe. Krana udane deres banget sarta kawimbuhan swasane wis remeng-remeng, penyawange Darpita dadi ora pati premana. Lap…laap!! Saka kumilate thathit Darpita kober nyumurupi tangane ayang-ayang ireng kuwi nyekel barang gilig rada dawa,

embuh ganco embuh linggis. Gegaman kuwi digegem kenceng tangan loro, malang ana sangarepe dhadha.

"Sam…peyan sinten?" swarane Darpita groyok karo nyoba nyetitekake raine bleger ing ngarepe kuwi.

Ora ana wangsulan. Regemenge ayang-ayang kuwi maju sejangkah lan kanthi kebat mbabitake gegamane. Kumrosake udan lan jumedhere bledheg nyilep jerit dawa ngeres-eresi. Udane saya deres pindha disuntak saka langit binarung keclaping thathit ambal-ambalan. Regemenge ayang-ayang kuwi maju sejangkah lan mbabitake gamane

Saka plataran omahe, Sekarniti isih kober nyumurupi Darpita ngurubake lampune sepedhah motor. Titikane, lampune sing mburi murub abang. Nanging Sekarniti age-age cengkelak mlayu menyang emper merga udane wiwit ceblok pating tlethok. Saka teras kono Sekarniti merlokake noleh maneh. Nanging urube lampu sepedhah motore Darpita wis ora katon. Sekarniti mesthekake yen priya sing sedhela maneh dadi bojone kuwi wis mudhun tekan ngisor saengga lampune sepedhah motor ora bisa sinawang.

Ana saselane kumrosoke udan lan jumedhere bledheg, lamat-lamat kupinge Sekarniti krungu pambengoke uwong. Dheweke mandheg sedhela ana lambene lawang, niling-nilingake asale swara mau. Nanging wekasane wong ayu kuwi jumangkah mlebu ngomah. Jangkahe angle nyabrang ruwang tamu kang amba ngoblah-oblah. Swasana kamar tamu kuwi surem merga sulake lampu kang cemanthel ana tengahe ora keconggah njamah sajembaring ruwangan. Ruwang tamune uga krasa suwung jalaran mung diiseni kursi kayu cacah lima ngupengi meja ukiran. Ketara yen bekakas kuna.

Sekarniti bablas menyang ruwang tengah. Antarane ruwang tamu lan ruwang tengah winatesan tembok. Gawangane tanpa lawang, mung dialing-alingi klambu werna biru. Dibadhingake ruwang tamu, ruwangan tengah kuwi luwih bawera maneh. Kaya swasana ing kamar tamu mau, urube lampu ing ruwang tengah kuwi uga ora keconggah ma-dhangi saisine ruwangan.

Ana kamar cacah papat ing ruwang tengah kono, loro ing sisih kiwa lan sisane maneh ana sisih tengen. Tumapake Sekarniti menyang ruwang tengah meh bareng karo mlebune Palindriya, bapake, saka lawang iring kiwa. Mlebune sajak nyengka. Sandhang penganggone Palindriya klebus dening banyu udan. Palindriya pawongan sing wis umur. Rambute nyambel wijen.

"Wis mulih pa Darpita?" pitakone Palindriya karo ngulapi praupane.

"Uwis, ngarep mburi karo cebloke udan mau. Lha Bapak iki maeng mentas tindak saka ngendi wong arep dipamiti Mas Darpita kok malah ora ana?"

"Saka mburi kana, nutupi blumbang. Nek ora ditutupi jeneh lelene padha ucul yen nganti banyune amber, tarah udane kaya disok ngene. Ora Ndhuk, kowe ki ya wis manteb tenan pa karo Darpita?" pitakone Palindriya karo nguculi klambine sing klebus lan kari kaosan singlet. Klambi lan clanane Palindriya kombor sarwa ireng! Sawise dicoplok, klambi modhel busanane warok Ponorogo iku banjur dijereng ana sendhenan kursi.

Sekarniti ambegan dawa. "Embuh Pak, jane atiku durung pati nyanthol. Ning piye maneh, kahananku wis kaya ngene. Aku ora kepengin Bapak tansah dadi poyokane uwong merga aku," ucape Sekarniti karo kluntrung-kluntrung mlebu kamar paturon banjur nutup lawange. Kamar nomer loro ing iring tengen.

Palindriya nggresah. Tangane kumlawe ngranggeh rokok kretek merek Cempaka kang gumlethak ana ndhuwur meja. Nglolos saeler nuli disulet. Bokonge dibrukake menyang kursi penjalin. Senadayan wis ngematake rokok kretek klangenane, ewadene pikirane Palindriya ketara durung jenjem. Nyedhote rokok jero-jero, mertandhani yen atine wong lanang umur seketan lima taun iku lagi goreh semu was-was.

**(2)**

RUMANGSANE anggone ngliyep isih durung patiya suwe nalika nggantere telpun gegem kang tumumpang kenap cilik kuwi nggugah turune. Gragaban, telpun gage disaut. Sing kacetha ing layar handphone nomer telpun omah. Nitik kodhe areane, pawongan sing lagi ngebel kuwi saka wewengkon Tulungagung.

Disawang sakeplasan, penuduhe wektu ing telpun seluler kasebut ngatonake angka 04. 45.

"Halo, sinten nggih?"

"Halo Dhik Setyawan, iki aku Dhik. Aku, Amongdenta! Pangapuramu sing gedhe ya nek telpunku ngagetake anggonmu sare," swarane pawongan ing sabrang kana.

"Oh Mas Amongdenta ta, tak kira sapa. Ora dadi ngapa, malah aku maturnuwun dene wis digugah. Piye Mas, enek apa kok njanur gunung ngebel aku?" pitakone Setyawan karo njenggelek. Kemule disingkap.

"Dhik, apa kowe bisa tindak menyang Widarakandhang saiki uga? Penting banget, Dhik!"

"Sik Mas, Widarakandhang ki sisih ngendi aku kok rada lali."

"Alah kuwi lho, Kantor Kecamatan Sendhang munggah. Pratelon Manahilan menggok nengen. Lokasine neng ndhuwur dhewe," swarane pawongan ing sabrang kana aweh pituduh. "Tenan ya, Dhik, dakenteni tekamu! Iki maeng anggotaku sing tugas piket mentas entuk lapuran menawa neng Widarakandhang ana rajapati. Penake awake dhewe langsung ketemu neng lokasi wae ya!" swarane priya kuwi nyrateg.

Setyawan ngringkesi kemule. Dheweke banjur menyang jedhing saperlu adus lan amek wudhu. Lebar nindakake shalat Subuh, Setyawan banjur budhal nunggang Honda Supra X. Lurung gedhe Kediri – Tulungagung isih sepi. Hawane atis. Nanging jaket lulang, clana jins, sepatu kets dalah helm tutupan iku wis cukup ngangetake awake sing kuru. Mung butuh wektu setengah jam lakune Setyawan wis ngambah kukubaning Kabupaten Tulungagung.

Mungkur ngliwati kreteg Ngujang kang tumelung ana sandhuwure Kali Brantas, Setyawan menggok nengen. Kendharaane digelak daya-daya enggala tekan papan kang dituju. Lakune mbandhang, pandom spidho metere nyenggol angka 100. Ora ngentekake wektu telung prapat jam, lakune Setyawan wis mlebu wewengkoning Kecamatan Sendhang. Lurung padesan sing diambah saya suwe saya munggah, mesine sepedhah motor ngeden-ngeden. Setyawan nyuda presneleng amrih tarikane gas luwih entheng. Saya dhuwur dalan sing diambah, pedhut esuk kang tumurun saka pucuking Gunung Wilis tansaya kandel. Hawane tansaya adhem pating trecep. Kiwa tengene dalan sing diliwati akeh-akehe isih wujud lemah kothong kang thinukulan gegrumbulan lan maneka wit-witan, klebu jati lan cengkeh.

Setyawan arang kadhing simpangan karo kendharaan, tarah wancine isih esuk banget. Upamaa papagan karo kendharaan paling mung sepedhah motore bakul-bakul sing lagi padha budhal menyang pasar kecamatan. Tandhane yen kuwi mau sepedhah motore bakul, pernah jok mburi dipasangi obrog isi krambil, pitik, buwah utawa sayuran.

Lurung aspalan sing diambah Setyawan iku wekasane cuthel ing sangisore perengan lan kasambung dening dalan lemah sing luwih ciyut. Upama ditlusur terus mbokmenawa dalan lemah kuwi munggah nganti tekan pucuke gunung kana. Nanging watara sepuluh meter sadurunge entek-entekane aspal mau ana lurung mlebu ing sisih tengene dalan.

Setyawan banjur ngenggokake sepedhah motore menyang gang makadaman sing dalane ndeder kuwi. Swasanane wiwit repet-repet tumuju padhang nalika dheweke markir kendharaane. Ing lokasi rajapati wis ana sawatara anggota pulisi pakeyan preman sing pinuju ngupengi kunarpa. Weruh tekane Setyawan, Komisaris Pulisi Amongdenta gita-gita anggone mapagake.

"Kae Dhik, kunarpane isih dititipriksa anggotaku. Anggotaku wis miwiti olah TKP, ning posisine kunarpa durung diowahi kok. Ayo pirsanana kana!"

Setyawan nyedhak, mbrobos tali garis pulisi werna kuning sing dipasang malangi dalan. Sawatara anggota reserse lan unit identifikasi sing lagi nandangi olah TKP rada nyisih, aweh enggon Setyawan melu nitipriksa jisim. Layon kuwi wis ketara pucet. Njrebabah mujur ngalor. Anggane isih kebungkus jas udan, nanging tita yen kurban menganggo busana bathik. Clanane diwingkis wates dhengkul, sikile nyeker. Lan sirahe, ah… sirah kuwi remuk.

Setyawan jengkeng nyetitekakake nggon perangan tatu. Kalamangsa sirahe nengklang-nengkleng kareben bisa nyawang tatu iku saka maneka arah. Drijine uga kober ndudul-ndudul sirahe kunarpa. Mesthi wae sawise dheweke masang sarung tangan saka karet. Setyawan ganti nyetitekakake kiwa tengene kunarpa. Ora tinemu sisa-sisane getih mblambang utawa muncratan isen-isening sirah.

Ora adoh saka gumlethake jisim, ana sepedhah motor Yamaha Jupiter Z ing kahanan rubuh njekangkang. Sepedhah motor iku isih gres. Rupane ireng meles mawa kombinasi stiker rupa emas. Setyawan banjur menyat nyedhaki kendharaan kuwi. Ora ana perangan sing rusak. Rubuhe sepedhah motor sajake disebabake dening amblese jagang merga lemahe teles.

Kunci kontake isih cemanthel ana jok. Sajake nalika kurban kuwi diperjaya, dheweke mentas wae mbukak jok lan durung kober njabut kuncine. Helm standar werna ireng kontal sawatara meter. Spone njebeber merga posisine mlumah. Ana sacedhake helm Setyawan nemokake dhompet kulit werna ireng kang isih ngecemes banyu. Dhompet diiling-ilingi sedhela, banjur dilebokake sake jaket.

"Piye Dhik, apa kowe wis nemokake titikan awal?" pitakone Amongdenta sawise nyaketi Setyawan.

Setyawan ora tumuli wangsulan. Bathuke njengkerut, alise gathuk kaya lagi mikir perkara sing serius. "Cetha nek wong iki tiwas merga diprajaya, ora mati merga tiba saka sepedhah motore. Sapa sing merjaya durung bisa dakkira-kira, ning sing cetha durjanane wengis banget," celathune Setyawan.

"Bener Dhik, iki pancen rajapati sing wengis. Mbokmenawa kawengisane durjana ngluwihi sato galak," Komisaris Amongdenta nanggapi.

"Saka pangiraku rajapati iki kedadeyan wingi sore, utawa saora-orane wanci surup surya. Merga kahanane kunarpa wis pucet lan ora seger maneh."

"Hm…ning puceting jisim kuwi rak bisa uga krana kegrujug banyu udan ta, Dhik? Sebab meh sewengi natas udane ngrecih. Terange lagi ngarepake subuh iki mau. Mula getihe kurban ya wis ilang, wong wis kentir bareng karo iline banyu udan saka ndhuwur kono. Rak iya ta?"

"Bisa uga mengkono, Mas. Lan ya jalaran udan sing ora terang-terang mau awake dhewe dadi kangelan nggoleki tlacaking durjana. Awit tabeting durjana wis ilang kesiram banyu udan."

Komisaris Amongdenta nggresah. Ujare, "Aku wis mbadhe nek iki mesthi golonganing kasus sing rumit. Mula aku banjur keraya-raya nilpun menyang Kediri kuwi pamrihku supaya Dhik Setyawan kersa sabiyantu ngudhari wewadining rajapati iki. Kowe ngerti, Dhik, aku durung suwe dibenum ana wewengkon kene. Yen ora tumuli bisa miyak rajapati iki kondhiteku ana sangarepe Kapolres bakal kucem."

"Ing kene aku mung saderma udhu panemu lan urun pemikiran adhedhasar analisisku, Mas. Ning sing tandang gawe neng lapangan tetepa penjenengan sarta andhahan penjenengan kang dumadi saka anggota reserse lan unit identifikasi kuwi."

"Iya, aku ngerti. Ning jroning swasana sing kaya mengkene iki aku banget mbutuhake analisis-analisismu kuwi, Dhik. Sebab kowe wis kondhang nduweni analisa sing landhep kanggo miyak kadurjanan. Sapa sing ora ngakoni kawaskithane Dhetektip Setyawan?"

Sing dialembana mesem. Ing bang wetan srengengene saya munjuk. Kencar-kencar sorote sing kuning pindhane emas sinangling nampeg njenggelege Gunung Wilis kang katon ijo royo-royo. Mbaka sethithik pedhute sumilak, njalari atising hawa dadi rada suda.

"Dhik, nek saka pandugamu kira-kira gegamane durjana sing kanggo mrejaya kurban kuwi jinis apa?" Amongdenta nyoba nggathukake pangira-irane dhewe karo pangira-irane Setyawan.

"Nek ndulu tatune, anggone mrejaya genah nganggo gegaman kang anteb. Utawa bisa uga anteb tur landhep. Mbuh kuwi linggis, wesi gligen, wadung utawa ganco." Amongdenta manggut-manggut. Nuli, "Kira-kira motife apa ya, Dhik?"

"Aku durung bisa matur, Mas. Sebab upama durjanane melik marang bandhane kurban, nyatane sepedhah motore isih wutuh. Kuncine cemanthel. Nek durjanane kepengin nggawa mlayu rak gampang banget ta?."

Lagi wae Setyawan mingkem, dumadakan keprungu pamberunge mesin sepedhah motor mara susul sumusul. Mesine nggembor-nggembor ngunggahi lurung makadaman. Sawise njagang kendharaane rong meter saka garis pulisi, nom-noman nenem kalungan keplek lan nyangklek rangsel kuwi tranyak-tranyak mrepegi Amongdenta.

"Hadhuh matek aku. Saka ngendi wartawan-wartawan iku krungu nek neng kene ana rajapati?" celathune Amongdenta karo njambaki rambute dhewe.

**(3)**

SETYAWAN ngguyu. Ucape, "Dheweke wartawan Mas, apamaneh wartawan mligi kasus kriminal. Kerjane meh kaya dhetektip. Informasi bisa teka saka ngendi wae."

"Njur aku kudu komentar piye, Dhik?"

"Ya didhawuhake wae apa anane.

Ning sing magepokan klawan proses penylidhikane kasus iki becike aja diudhal dhisik menyang media massa kareben ora ngganggu kerjane andhahan penjenengan sing nedhenge golek sisik melik. Awit durjanane rak durung kecekel ta?"

Wartawan-wartawan kuwi jebul ora langsung mawancarai Amondenta, nanging malah ibut njupuk gambare kurban. Ana sing nyuting nganggo handycam, ana uga sing jeprat-jepret motreti saka sadhengah sudhut. Wondene wartawan radio mung ngulat-ulati saka kadohan sinambi ngenteni kanca-kancane saka media cetak lan televisi rampung njupuk gambar, banjur wawancara bebarengan karo Komisaris Pulisi Amongdenta. Tumrap jurnalis radio, sing baku dudu gambar nanging voice utawa swarane nara sumber.

Amongdenta ora bisa menggak nadyan cara kerjane wartawan sing kaya ngono kuwi kalamangsane sok ngrerendheti nyambut gawene pulisi. Nanging arepa dikayangapa masyarakat tetep nduweni hak oleh informasi sing bener lan akurat. Jamane wis tinarbuka utawa transparan, beda karo era Orde Baru biyen. Aparat jejeging adil, kalebu pulisi, saiki ora kena maneh nyengker sawijining kasus. Apa maneh yen kasus mau lagi dadi sorotane masyarakat.

"Mas-mas wartawan tivi lan koran, tulung mengko nek arep ditayangake perangan sirahe kurban sing remuk iku rada diburengake ya! Ben ora katon sadhis. Iki ora kok ateges aku nyampuri urusane pers, ning ora nayangake gambare kurban rajapati kanthi mlaha ngono kuwi uga kanggo kepentingane masyarakat. Jalaran nek saben dina disuguhi tontonan tatu lan getih, suwe-suwe masyarakate bakal melu bringas. Sithik-sithik nesu, sithik-sithik padu," kandhane Amongdenta.

"Siyap, Ndhan," wangsulane salah sijine reporter televisi sing menganggo sragam biru tuwa sleret putih.

Para wartawan kang liputane ing babagan kriminal pancen sok ngundang "ndhan" marang komandhane pulisi nadyan juru warta mau dudu andhahane. Amongdenta dhewe ora

kabotan diundang “ndhan” dening wartawan, sebab bisa njalari saya kumraketing pasrawungan.

Sajrone Amongdenta ngladeni wartawan, Setyawan nylingker ngadoh. Dheweke ngulatake omah gedhe magrong-magrong sing ngedhangkrang ana ndhuwur punthuk pethite dalan njojrog iki. Omah loji cakrik kuna, omahe Palindriya Harjamingkalpa. Omah kuwi njenggarang, nanging katon sintru. Temboke kusem, embuh wis pirang puluh taun ora kambon cet. Godhonge wit pelem gadhung sing thukul ana tengahing plataran ngrembuyung, muwuhi swasanane dadi tansaya singup. Omahe Palindriya mencil, adoh karo tangga teparo.

Rada dhuwur saka omahe Palindriya, ana wewangunan kang luwih gedhe lan luwih dawa. Saemper gudhang utawa pabrik. Nanging katon banget yen bangunan lawas kuwi wis suwe ora kopen. Kacihna temboke nglumut lan payone wis padha thethel. Yen sinawang saka papan sing rada ngisor, bangunan bongkor iku kaya-kaya mangku omahe Palindriya. Atine Setyawan notol-notol selak kepengin nakokake wewangunan bongkor kuwi marang Amongdenta. Nanging sarehne kepala pulisi kecamatan iku isih diwawancarai wartawan, kekarepane disumenekake luwih dhisik.

Nalika Setyawan pinuju ngulat-ngulati wewangunan loro ing sandhuwure gumuk mau, ambulan saka rumah sakit umum sing tinanggenah njupuk jisim teka. Kunarpane Darpita nuli diwadhahi kanthong mayit werna kuning banjur digotong mlebu ambulan. Wartawan tivi lan fotografer rebutan njupuk gambar. Sawise ambulan lunga, para jurnalis iku uga banjur pamitan marang Amongdenta. Marang salah sijine anggota reserse sing melu olah TKP, Amongdenta prentah supaya sepedhah motore kurban digawa menyang markas kanggo barang bukti.

“Mas, wewangunan gedhe neng ndhuwur daleme Pak Palindriya kae bangunan apa ta?” pitakone Setyawan karo tuding-tuding.

“Dhek jaman Landa biyen, bangunan kae kanggo panggonan ngolah teh. Awit nalika semana lengkehing Wilis sisih kidul wetan kene iki rak didadekake punjering kebon teh dening Hindia Belanda jalaran struktur lemahe dianggep cocog. Sawise diolah dadi teh kemasan siyap com, teh-teh mau banjur dikirim menyang Kediri, Tulungagung lan Blitar. Malah kabare nganti tekan Surabaya lan Semarang barang. Ujaring kandha, daleme Pak Palindriya kuwi biyen penginepane para pegawe perkebunan, mligine sing nduweni jabatan staf mendhuwur. Ning kepriye larah-larahe kok saiki omah loji kae dienggoni Palindriya sakulawargane, aku durung mudheng.”

Amongdena mandheg sedhela anggone crita. Banjur, “Kosik, kowe kok takon perkara tilase pabrik teh barang kae ki enek apa ta, Dhik? Apa manut petungmu ana gandheng cenenge karo perkara rajapati iki?”

“Aku durung bisa mesthekake, Mas. Ning saora-orane aku kudu paham karo kahanan sakiwa tengene lokasi rajapati kanthi komplit, kareben anggonku sabiyantu golek sisik melik cepet entuk titikan.”

“O ngono. Nek ngono dakbacutake critaku. Sawise Landa oncad saka wewengkon Tulungagung merga kalindhih dening Jepang, pabrik teh kae ditinggal prung. Jepang sajake ora ketarik nerusake usahane Landa ing babagan perkebunan. Satemah kebon teh sing maune subur ndemenakake kuwi malih ora kopen. Buruh pethik sing biyene disewa Landa banjur padha golek pegaweyan liya. Watara sepuluh taun sawise Indonesia mardika, pabrik teh kuwi klebu sing dinasionalisasi dening Bung Karno. Pamarentah banjur nyoba nguripake maneh tilas usahane Landa kasebut. Ning sajake kurang ngrembaka awit kalah saingan karo teh-teh kemasan sing luwih modern. Usaha kuwi rugi terus. Wekasane ing awaling taun pitungpuluhan perusahaan iku ditutup. Aset-asete pabrik sing arupa mesin rajang teh sarta mesin pag wis padha diusungi mudhun. Pabrike ditogake mangkrag, wekasane bongkor kaya ngana kae.”

“Ateges tilase pabrik kae saiki suwung?”

"Iya, puluhan taun ditogake kothong. Nanging...." Amongdenta ora tumuli nutugake rembuge. Lathine kedher, mripate pendirangan. Dheweke nyedhakake lambene menyang kupinge Setyawan. Ujare setengah klesik-klesik, kaya-kaya samar yen nganti keprungu liyan. "Saiki gedhong kae angker, dadi susuhe dhemit."

Setyawan mlengak. "Oh, iya? Kok Mas Amongdenta pirsa nek gedhong lawas kae saiki dadi susuhing dhemit?"

"Ana sawatara warga desa kene sing tau lapuran menyang kantorku. Jarene pendhak tengah wengi, utamane nedhenge rembulan purnamasidi, sok keprungu swara tangis layung-layung saka njero gedhong kae. Kalamangsa uga keprungu bengok sesambat. Ujaring kandha, sing nangis lan jerit-jerit mau kumarane Rebeca Naurin."

"Sik mas, Rebeca Naurin kuwi sapa?"

"Rebeca Naurin kuwi anak wadone Hubert Van Vossen, Landa sing biyen nyekel pabrik teh ana kene. Critane rak ngene, sawise wilayah kene dijegi dening mungsuh, pabrik iku banjur digropyok dening tentara Jepang. Hubert dalah Naurin ditangkep ana pabrik kono banjur dijagal. Nanging sadurunge diprajaya, Naurin dirudapeksa luwih dhisik dening sara-dhadhu Jepang sing nggropyok mau. Anggone ngrudapeksa wayah bengi, ngepasi mbulane purnamasidi."

"Yagene bab kumarane Naurin mau lagi dilapurake menyang kantor pulisi kalane Mas Amongdenta ngasta ana kene? Tegese rak durung suwe ta? Apa sadurunge penjenengan dadi Kapolsek uga wis tau ana lapuran ngenani kumarane Rebeca Naurin kuwi?"

"Wah embuh ya, aku durung ngecek lapurane masyarakat marang kapolsek-kapolsek sadurunge aku. Eh Dhik, wis ah kowe aja tokan-takon perkara kuwi. Githokku mengkirig. Lan ngertiya, purnamasidi kuwi tiba mengko bengi," Amongdenta nyigeg pirembugan karo gidhig-gidhig.

Setyawan mesem. Ambak dedege pidegsa sarta wis nyandhang pangkat komisaris pulisi, nanging Amondenta tetep jirih yen ngrembug perkara lelembut. Setyawan ngerti, Amongdenta jago gelut. Ngelmu bela dhirine lumayan, malah sithik-akeh uga diwarisi pethingan kanuragan dening simbah buyute, Ki Singa Gunaseca. Sawise dadi pulisi, Amongdenta jago mikut durjana. Nanging yen diajak rembugan babagan alam alus, Amongdenta mesthi kipa-kipa ora gelem.

"Saiki ngene wae Dhik, ayo nakoni seksi-seksine rajapati iki. Sing dakdadekake seksi kanggo sauntara ana wong papat, yakuwi Pak Palindriya, anake wadon sing aran Sekarniti sarta Pak lan Mbok Markani. Pak Markani sabojone iki pawongan sing sepisanan nemokake kunarpane kurban. Saiki kabeh isih dakkon nunggu neng daleme Pak Palindriya kana. Ayo diparani!"

"Ayo tak dherekne, Mas."

**(4)**

PALINDRIYA menyat saka kursine nalika sumurup Amongdenta kledhang-kledhang mlebu plataran. Kumendhan pulisi kecamatan iku ditutwuri wong telu. Sing loro pawakan pidegsa, kulit nyawo mateng. Palindriya ora kasamaran, lelorone kuwi andhahane Komisaris Amongdenta. Sing nganggo rompi ireng aran Juari, kepala unit reserse kriminal. Pangkate ajun komisaris pulisi.

Wondene sing dedege luwih jangkung lan kulite luwih peteng jenenge Loso Santosa. Pangkate brigadir satu. Dheweke anggota unit Sabara. Loso asring patroli munggah nganti tekan entek-entekane lurung aspalan ing Desa Widarakandhang kono. Merga kerep munggah, akeh wong Widarakandhang sing wis wanuh karo Loso. Dhasare Loso dhewe pinter nyrawungi masyarakat, ora mokal yen tepungane akeh.

Sijine maneh priya isih enom. Pawakane kuru lan ora mitayani. Dedege sedhengan. Kulite resik kepara pucet. Rambute piyak pinggir. Nganggo clana jins mbulak, jakete werna

ireng lan sepaton kets. Mbokmenawa umur-umurane lagi telung puluhan taun punjul sithik. Palindriya durung tau weruh karo priya sing siji kuwi.

Weruh sing duwe omah ngadeg, pawongan lanang wadon tuwa sing sekawit lungguh ana sisihe Palindriya uga banjur nututi menyat. Mung Sekarniti sing ora melu ngadeg. Wanita ayu kuwi lungguh rada ngadoh. Praupane katon suntrut. Palindriya mbagekake sing katemben mara kanthi gupuh.

“Mangga-mangga, Bapak Kapolsek. Nyuwun pangapunten lhe dene kawontenaipun griya kula semrawut kados ngaten.”

“Ora dadi ngapa, Pak, wong tekaku mrene uga ora karep merdhayoh. Aku kepengin ketemu karo Pak lan Mbok Markani, pawongan sing nemokake jisime Darpita. Apa iki wonge?” pitakone Amongdenta, mripate nguwasi pawongan lanang wadon sing ngadeg ngapurancag.

“Leres, Pak, nami kula Markani. Wondene niki semah kula, Mukini,” kandhane lanang tuwa nanging isih katon kiyeng iku anoraga.

“Sakniki kula ajeng taken, mang jawab napa wontene. Pun cobi-cobi sulaya lho nggih, sebab sampeyan kekalih niki dados seksi penting keranten sing riyin piyambak nyumerapi kunarpane kurban. Nah amrih anggenipun rembagan sekeca, sakniki mangga sedaya lenggahan mawon,” Amongdenta basa nganggo krama andhap sebab sing diajak caturan kuwi umure luwih tuwa tur lagi wae kenal. Nadyan jejere minangka kepala pulisi kecamatan, nanging Amondenta tetep ngugemi unggah-ungguhe wong Jawa sing kebak tata krama lan suba sita.

Palindriya, Markani dalah bojone lungguh maneh. Amongdenta lan Setyawan uga banjur melu mapan lungguh. Kursine digeret amrih bisa adhep-adhepan. Mung Juari lan Loso sing tetep ngadeg ngejejer nadyan ing teras mau isih ana kursi kothong. Kekarone tertib etika, ora arep lungguh yen kumendhane durung aweh prentah. Juari banjur ngetokake notes cilik saka kanthongan rompine siyap nyathet katrangane seksi.

“Jam pinten sampeyan manggihaken kunarpane kurban?” pitakone Amongdenta sawise kabeh satata lungguhe.

“Kula mboten mbekta jam, ning mbokmenawi watawis jam sekawan langkung sekedhik,” wangsulane wong lanang umur-umuran 70 taun iku lugu.

“Kok saget nginten nek jam sekawan langkung sekedhik?”

“Awit rikala kula dalah semah kula dumugi papan mriku, lamat-lamat kepireng swantenipun adzan Subuh.”

“Mengke riyin, sampeyan kok nglangkungi papan ngriku niku ajenge kesah teng pundi?”

“Dhateng peken kecamatan, sadeyan. Kula sadeyan kajeng bakar, wondene semah kula sadeyan godhong. Nggih godhong jati, nggih godhong pisang. Kajenge kula pikul, godhonge dipun indhit semah kula. Lha nika napa barang-barange kula salap teng latar nika,” ujare Markani sinambi nudingi pecelan-pecelan kayu sapikul dalah untingan godhong jati kang gumlethak ana platarane Palindriya.

Sing andher ana teras kono meh bareng noleh menyang pernahe plataran, klebu nom-noman pucet sing ora liya dhetektip Setyawan. Pikulane Markani semendhe wit pelem. Pikulan kuwi saka kayu jati sing wis nggalih, wangune gilig dawa. Gedhene meh salengene wong diwasa.

“Sampeyan griyane pundi? Napa panci asring nglangkungi margi mriku?” Among-denta mbacutake takon.

“Griya kula dhukuh Plumutan, pernahe radi teng nginggil ngrika. Pun meh setaun niki pendhak subuh kula kekalih nglangkungi margi mriku. Ning enjing niki wau sajake kula pas apes, sebab mboten nginten menawi wonten kunarpa ngathang-athang. Mangka terose mbah-mbah kula siyen, sok sintena ingkang manggihaken kunarpa, dagangane mboten ajenge

ditumbas tiyang. Oalah mbokmuu…kok apes temen awake dhewe iki mau. Njur saiki malah urusan karo pulisi… Piye mengko nek awake dhewe diterka sing mateni njur diukum huhuhu..”
Markani ora kuwat nguwasani pangrasane. Dheweke nangis ngguguk. Lengen kekarone ditutupake mripat. Mbok Markani melu prembeng-prembeng. Tangane ngrangkul pundhake sing lanang kareben pangrasane dadi sareh.

“Enjing niki sampeyan kekalih dados seksi, mboten didakwa mejahi kurban. Mboten ajenge diukum, sing diukum niku tiyang sing mrejaya kurban. Kula ming ajeng njaluk katrangan sampeyan mawon cundhuk kalih sing sampeyan sumerapi. Mboten kirang mboten luwih. Menawi bab kapitadosan nek kepanggih tiyang pejah njur dagangane mboten pajeng niku empun sanget-sanget anggen sampeyan ngugemi. Sebab niku namung gugon tuhon, dede ilmiah, nggarahi bangsa mboten maju. Nek empun tekan rejekine senadyan ta sedinten nyumerapi kunarpa kaping pitu paribasane, dagangan sampeyan nggih tetep pajeng mawon,” Amongdenta ngerem-eremi.

Tangise Markani mendha. Tangane srikutan ngulapi eluhe. Irunge isih sentrap-sentrup. Amongdenta ngrasa welas. Wong tuwa kuwi lugu tenan, ora ngerti pok bengkonge ukum.

“Pun sakniki mang bacutne critane,” ujare Amongdenta sawise Markani sareh.

“Dugi pundi anggen kula crita kalawau?”

Amongdenta mesem. “Dugi bab pakulinan sampeyan nglangkungi dalan mriku. Sampeyan wau rak criyos seg setaun pungkasan niki liwat mriku. Lha saderenge niki liwat pundi?”

“Saderenge lintang ngriki, kula langkung margi nginggil ngrika, ngajenge gedhong bongkor. King ngrika langkung celak. Ning sareng enten kabar menawi tilas pabrik teh niku sakniki angker, kepeksa kula nrobos margi setapak lajeng anjog teng radosan njojrog ngajeng daleme Pak Palindriya niku. Jane nggih langkung tebih tur langkung ngrekaos, ning mboten dados menapa sauger kula mboten dikereg dhemite pabrik.”

“Wangsul sampeyan seking peken jam pinten, napa liwat ngriku malih?”

“Nek wangsule mboten mesthi, gumantung pajenge dagangan kula. Menawi siyang empun pajeng nggih terus wangsul. Liwate nggih pancet margi ngriku, sebab kula mboten wantun nglangkungi gedhong angker.”

“Sing criyos nek gedhong bongkor niku angker sinten?”

“Ingkang ngawiti criyos kula mboten ngertos. Ning kabar bab angkere gedhong bongkor niku sampun sumrambah wonten laladan ngriki. Sejatosipun perkawis menika mboten namung kandheg ing pekabaran, jalaran kalih wulan kepengker wonten tanggi kula ingkang mireng piyambak swanten tangis layung-layung saking salebetipun gedhong bongkor. Pramila sakniki awis-awis wonten tiyang ingkang wantun nglangkungi gedhong setan niku. Sampun malih kok wanci dalu, selaginipun siyang mawon sami ajrih.” Amongdenta nglirik Setyawan. Sing dilirik sajak ora krasa.

“Sampeyan bidhal teng peken taksih peteng. Coloke napa?” Amongdenta nutugake pitakone.

“Mbekta oncor. Sing nyepeng oncor bojo kula. Enjing niki wau lampah kula kekalih alon-alon sanget sabab margine lunyu. Mboten nginten nek ajeng nyumerapi jisime menungsa, sirahe pecah…oh..” Markani nutupi raine maneh.

“Sasampunipun nyumerapi kunarpa terus napa sing sampeyan tindakne?”

“Pikulan kula brukne. Kula mlajeng dhateng dalemipun Pak Palindriya ndhodhogi korine. Bojo kula lemes dhimpes, mboten kiyat ngglawat.”

“Apa bener ngono, Pak Palin?” Amongdenta tumoleh marang Palindriya.

“Leres, Pak. Kula gragaban tangi mergi kori ngajeng dipun gedhor-gedhor Markani. Praupanipun ketingal ajrih, sanjang menawi ing ngandhap ngriku wonten mayit. Sareng kula

tiliki, jebul menika jisimipun nak Darpita. Pramila kula lajeng cekat-ceket nilpun kantor pulisi, ingkang nampi petugas piket," Palindriya nguwatake katrangane Markani. Amondenta unjal ambegan dawa. Awake dirubuhake menyang sendhenane kursi. Boyoke dieluk, swarane kemrutug.

"Pak Markani, anggen kula nyuwun katrangan sampeyan kangge sawatawis empun cekap. Sakniki ngga nek sampeyan sekaliyan ajenge mbacutaken lampah teng peken, mumpung wekdale taksih enjing. Mangke selak diantu-antu lengganan sampeyan. Ning nek sawanci-wanci kula mbetahake keterangan malih, sampeyan kula celuk teng kantor lho nggih."

"Dados kula mboten ditahan?"

"Mboten."

"Oh maturnuwun, Pak Pulisi," Markani agahan nyaut tangane Amongdenta terus diambungi.

Markani dalah bojone banjur pamitan nerusake laku menyang pasar. Sadurunge lelorone lunga, Amongdenta nglolos rong puluhan ewu salembar saka sake clana banjur diulungake Markani. Sing disangoni ora entek-entek anggone ngaturake panuwun. Amongdenta ngrasa welas ndulu Markani lan bojone. Wis tuwa, nanging saben dina isih kudu mikul kayu bakar menyang pasar sing jarake meh patang kilo. Markani cetha dudu golonganing blandhong sing nebangi kayu. Dheweke mung luru rencek, nglumpukake pang-pange kayu sing ceblok banjur dirupakake dhuwit.

Mengkono uga sing wadon, tansah setya tuhu ngetutake bojone karo nyambi adol godhong jati utawa godhong gedhang. Panggaotan sing pikolehe ora mingsra. Apamaneh jamane tansaya modern. Kayu kanggo gegenen pawon saya kesisih dening kompor lenga patra apadene kompor gas elpiji. Semono uga godhong jati lan godhong gedhang uga saya kedheseg dening wungkusan saka kertas sing luwih awet lan luwih wuled.

**(5)**

SAWISE Markani lan bojone mungkur, Amongdenta ganti arep nakoni Palindriya. Beda karo sadurunge sing krasa nggekeng, saiki swasanane rada nglendheh. Sebab Amongdenta wis wanuh karo Palindriya, nadyan tepunge kena diarani mung tepung rai utawa ora kumraket banget-banget. Mula anggone njaluk katrangan digawe sareh, kaya dene wong jagongan biyasa.

Sadurunge Amongdenta miwiti pitakon, Setyawan menyat banjur pamit arep menyang pekiwan. Hawa adhem alam pegunungan njalari dheweke kebelet nguyuh. Palindriya nuduhi dalan menyang jedhing, yaiku nyidhat liwat njero omah.

Mlebu kamar tamu bledheng Setyawan kober clilengan. Ruwangan iki ngglodha tanpa rerenggan. Rasane suwung, sebab ruwangan samono jembare kuwi mung diiseni kursi kayu cacah lima ngupengi meja ukiran. Rehne ora ana sing narik kawigatene, Setyawan bablas mblunus menyang ruwang tengah sing uga amba ngoblah-oblah.

Ora tinemu prabotan mbejaji ing ruwangan iki kejaba lemari buku sing dhuwure sadedege wong diwasa sarta bupet modhel lawas. Najan prabotan iku bekakas kuna ewasemono pliturane isih ketara gilap. Barange wutuh, ora ana sing krowok merga dipangan teter, mertandhani yen kayu sing kanggo garapan pancen pilihan. Beda karo barang mebeler jaman saiki sing racake mung kayu pulasan, saengga ora nganti taunan wis amrok dikrokoti teter.

Kursi penjalin loro ditata jejer mepet tembok. Kursi-kursi kuwi ngadhep meja cilik wangun pesagi. Sikil-sikilane saka penjalin, nanging lumahing meja wujud kaca riben. Ing sandhuwure meja gumlethak bungkuse rokok kretek merek Cempaka. Asbak alumunium werna wungu kebak tegesan. Awu tilas latune rokok uga mblader ing sangisore kursi.

Tangane Setyawan kumlawe njupuk bungkuse rokok lan diiling-ilingi. Isi pepake ana rolas, nanging sing nyisa ana wadhahe kari nem uthil. Setyawan ora ngrokok. Nanging

dheweke bisa ngira-ira yen rokok nem batang iku amblas jroning wektu sewengi ateges ana rong perkara sing bisa dititeni. Sepisan, pawongan sing mentas rokokan mau pancen nyethet, dene sing kapindho pawongan mau lagi goreh pikirane.

Bungkus rokok diselehake maneh. Setyawan banjur maspadakake isen-isene ruwang tengah iku kanthi luwih premati. Mripate sing awas pindha alap-alap sumurup album foto tumumpang bupet. Setyawan plingukan. Bareng yakin menawa ing papan kono ora ana sapa-sapa, dheweke terus marani pernahe album kang samake rupa soklat lemah kuwi. Nalika didemek, epek-epeke Setyawan krasa ngeres, tandha yen wis suwe album iku ora nate diuthik-uthik saka panggonane.

Album dibukak, dibiyaki mbaka siji. Perangan ngarep isi fotone Palindriya rikala ningkahan karo garwane, Raden Ayu Ajeng Kamaratih. Foto cithakan lawas, isih durung kelir. Nganggo busana penganten adat Jawa, Ajeng Kamaratih katon ayu banget. Cahyane sumunar. Setyawan ora uwis-uwis anggone nyawang. Ing teras mau Setyawan kober nglirik Sekarniti. Sajake kasulistyane kenya kuwi nunggak semi ibune. Rada manengah, foto-foto sing pinajang wis berwarna. Akeh-akehe fotone Sekarniti kawit dheweke isih bayi, ngrembaka dadi bocah, mekar rumaja putri engga nglanjak nganggo sragam SMA.

Rong kaca pungkasan isi fotone Sekarniti karo sawenehing priya ngganteng. Ana foto papat. Kabeh mawa latar mburi segara sing banyune biru lerab-lerab. Sing paling manjila fotone Sekarniti lagi nglesot ing wedhi pesisir adu geger karo priya bagus mau. Ombak segara nyempyok sikile sing nganggo clana jins diwingkis wates kentol. Ana maneh fotone Sekarniti pinuju ngrangkul gulune priya bagus mau saka mburi, dene sing lanang lungguh watu kumlasa. Sangisore foto papat kuwi ana tulisan tangan nganggo pulpen mangsi ireng, rinengga gambare godhong waru. Tulisan iku awangun endah lan ngrungit. Unine: Kenang-kenangan saka Pesisir Popoh. Muga-muga Langgeng. Sekarniti &…

Dheweke nginceng liwat angin-angin saka njero gubug sawenehing pawongan metu regunuk-regunuk

Eman, pungkasaning tulisan tangan kuwi ora bisa kewaca merga panulise ora pati cetha. Setyawan banjur rogoh-rogoh sake jaket ngetokake suryakantha . Tulisan sing kurang trawaca kuwi coba ditrawang nganggo kaca pembesar. Suryakantha dipepetake nggon tulisan. Bathuke njengkerut. Jenenge priya kuwi sajake sengaja dibusak nganggo setip karet kang dileleti idu. Sebab pener jenenge priya kuwi kertase album katon kasar mbregidhil. Nanging merga pambusake kurang sampurna, sisa-sisane mangsi mau isih bisa dieja dening Setyawan.

Rampung mbiyaki album Setyawan eling marang sedyane sekawit, yakuwi nguyuh. Weruh lawang iringan mbukak, Setyawan banjur metu. Satemene dalan menyang jedhing uga bisa liwat ruwang tengah kono. Nanging rehne lawang butulan sing tumuju pawon lagi ditutup, Setyawan pilih metu liwat lawang sing bukakan. Dheweke ngunclug memburi metu teras iringan omah. Sadurunge tekan jedhing, lakune kudu nyabrang pawon luwih dhisik jalaran loji kuwi awangun L.

Setyawan ngendhegake jangkahe. Ing pawon kono dheweke nyumurupi wanita setengah umur lagi jengkang-jengking ana sangarepe pawonan. Wanita iku nganggo jarit, klambine kembang-kembang, rambute digelung munthel, kulite nyawo mateng. Nadyan umur-umurane kliwat patang puluhan lima taun, ewadene pawakane isih sedhet. Lambene kempas-kempus nyebuli mawa mureng mrengangah. Bel, geni murub. Panci cilik sing tumumpang ana ndhuwur pawonan nyuwara kemrengseng. Cetha yen wanita kuwi lagi nggo-dhog banyu.

"Ehem…ehem," Setyawan dhehem-dhehem.

Wanita kuwi tumoleh. Ngadeg saka anggone jengkeng, praupane nyureng ndulu sing anyar katon. Setyawan mbatin, nadyan praupan ing ngarape iku katon nglenga ewadene isih ana manise.

"Sampeyan sinten?" pitakone karo nyeka kringet ing pilingane.

“Kula Setyawan, tamune Pak Palindriya. Kula madosi jedhing ajeng turas.”

“Oo…njenengan mesthi pulisi sing ajeng nglarah pejahe Mas Darpita nggih?” ucape malih semanak. Sangga runggine sakala ilang.

“Kula sanes pulisi, Yu. Kula namung tinanggenah sabiyantu pulisi miyak raja-pejah.”

“Nek ngaten mase niki mesthi dhetektip. Kados dhetektip Handaka ngoten nika.”

“Sampeyan nggih ngerti dhetektip barang ta Yu?” pitakone Setyawan karo mesem.

“We, lha dhek tesih SD siyen kula sregep teng perpustakaan kok. Waosan kula nggih bangsane crita dhetektip ngoten niku. Sing paling kula remeni serial dhetektip Handaka. Dhetektip Handaka niku pinter, lantip lan sugih akal. Ajenga durjanane primpen anggenipun nyingidaken tlacak, ning mesthi kejodheran menawi aben ajeng kalihan dhetektip Handaka. Pendheke pinter saestu Pak Suparto Brata.”

“Sinten Suparto Brata niku, Yu?”

“Nggih pengarange dhetektip Handaka niku wau. Eh, mase niki asmane sinten ta?”

“Setyawan.”

“Setyawan….dhetektip Setyawan. Asmane kados nika lhe, kados Raden Setyawan garwane Dewi Sawitri, putrane Resi Dyumatsena ing Pertapan Waringin Tunggal. Raden Setyawan niku pun dikukut gesange dening Bathara Yamadipati. Ning mergi Dewi Sawitri nggandholi lan tansah tut wingking lampahe Sang Hyang Yama, wekasanipun sukmane Raden Setyawan kawangsulaken malih.”

“Sampeyan napa remen ningali kethoprak ta, Yu?” Setyawan ngempet guyu.

“We, pripun ta. Dhek tesih legan siyen kula klebet penggemare Kethoprak Siswa Budaya je. Kula asring ningali wekdal Siswa Budaya pentas teng lapangan kecamatan ngrika. Bidhal rame-rame sareng kalihan kanca-kanca, nyepedhah pancal hik hik hik. Pas kula ningali lakone Dewi Sawitri, Wanita Penantang Maut. Sing dados Raden Setyawan Kusyadi, Dewi Sawitrine Aries Sunarsiyam. Cocog saestu, sing kakung ngguntheng sing putri ayu,” omongane wanita iku nrecel, rada angel diselani.

“Jeneng sampeyan sinten Yu?”

“O enggih nggih, nganti lali ora nepungake,” ujare wanita kuwi kasusul guyu nyekikik.

“Nami kula Tonah. Kula niki abdine Ndara Palindriya.”

“Kula selak kebelet, Yu, pundi jedhinge?”

“Oalah jan ra Jawa aku iki. Wong kebelet pipis kok pijer diajak ngobrol ae. Nika lho Mas, jedhinge wingkinge pawon nika,” ujare Tonah karo tuding-tuding pernahe jedhing. Jedhing kuwi misah watara sepuluh meter saka pawon.

Setyawan marani jedhing. Jedhinge tutupan, payone saka seng. Sadurunge mlebu, Setyawan nyetitekake pekarangan mburi omahe Palindriya kuwi. Pekarangan iku klebu jembar. Tandurane maneka warna. Ana kopi, cengkeh, sawo, blimbing, jambu lan nangka. Swasanane lindhuk, nanging hawane seger.

Ing saselane wit-witan mau lemahe mluwa, ketara yen durung suwe dhidhangiri. Ing kebon kono uga ana blumbange. Iwake akeh, ketitik katon nyabeg-nyabeg. Udakara limalas meter pernah sisih tengene jedhing ana omah-omahan cilik, kira-kira ukurane selawe meter pesagi. Aling-alinge saka gedheg. Wewangunan cilik kuwi luwih trep yen diarani gubug utawa gudhang.

Rampung ngulat-ulatake swasana, Setyawan banjur mlebu jedhing. Nengah-nengahi nguyuh Setyawan krungu lawange gubug mau muni kemriyet, tandha yen lagi dibukak. Setyawan kaget. Dheweke banjur nginceng liwat angin-angin. Saka njerone gubug kuwi sawenehing pawongan metu regunuk-regunuk. Sikile cacad, tangane keple. Lakune disangga kruk kayu. Jangkahe kecincugan. Bleger sarta praupane ora cetha merga pawongan kuwi

nganggo sandhangan gedhomboran mawa krudhung sirah, kaya busanane petinju sadurunge tandhing.

**(6)**

PAWONGAN cacad kuwi mlaku kecincug-kecincug tumuju iring tengene omah lan ilang kaling-kalingan tembok ngisor tritisan. Lakune tanpa nyuwara, tleser-tleser kaya ula. Nganti blegere pawongan kuwi diuntal tembok, Setyawan tetep ora bisa premana anggone nyawang pernahe rai merga lakune ngungkurake jedhing. Sawise bleger kuwi ora katon, Setyawan lagi metu saka jedhing. Dheweke cekat-ceket ndingkik lakune pawongan mau nanging kelangan lacak. Ing walike tembok ngisor tritisan wis ora ana sapa-sala. Bleger kuwi kaya ilang ing slempitane omah.

Setyawan banjur bali mengarep. Ngliwati pawon, Tonah wis nata gelas ana meja. Tangane sing wis nyekethem jampel gombal nuli nyandhak panci engkrengan. Panci diangkat nyeng saka sandhuwure pawonan. Banyu kumebul nuli disok mbaka sethithik menyang gelas sing wis dijejer. Tonah mrecing-mrecing karo rada nggiwarake raine saka sumube banyu umob. Setyawan ngenteni Tonah rampung ngecom wedang.

"Niku wau sinten Yu?" pitakone Setyawan sawise Tonah nyelehake pancine. Tonah njumbul. "Eh tobil anak kadhal! Kaget aku, jeneh mboten krungu nek njenengan pun teng ngriku. Sing pundi ta, Mas, sing dikersakne?"

"Niku lho, tiyang sing manggen teng gubug wingking pawon niku."

"Oo…niku ta. Niku jenenge Jana, ning asring kula celuk Dhegleng. Tiyange radi setrip, dhat eling dhat mboten. Duka stres duka dospundi. Nek pas kumat nika sedinten mbethethet kadhang mboten medal blas seking njero gubuge. Nek empun ngoten njuk nangis karepe dhewe. Kiyambake niku jane tiyang sanes, ning dipendhet abdi dening Ndara Palindriya lajeng ken ngenggeni gudhang wingking niku. Dados teng ngriki rekene namung ngenger."

"Lha sing dhangir teng kebon wingking nika sinten? Napa nggih Jana niku wau?"

"Woo sanes. Nek Jana napa nggih kiyat dhangir ta Mas, wong kawontenanipun kados ngaten. Ingkang dhangir rayat kula, Kang Sarni. Kersane Ndara Palindriya, kebon wingking niku rak ajenge didamel tumpang sari. Ning rehne lemahe atos sanget, pramila ndhangire kedah mawi ganco. Seg didhagiri angsal sepalih kedhok, ee…jawahe neba, mila nggih kasumenekakaken rumiyin," wangsulane Tonah sinambi ngudheg wedang.

"Lha sampeyan griyane pundi, Yu?"

"Ngandhap ngrika Mas, pinggire radosan aspal. Ning pendhak enjing kula kesah ngriki, reresik griya lan nyepakaken dhaharan kangge Ndara Kakung, Den Rara Sekarniti lan Jana."

"Garwane Pak Palindriya napa empun mboten wonten ta, Yu?"

"Sampun seda watawis kalih setengah taun kepengker mergi gerah seseg. Tapi nek gagapan kula, sedane ndara putri niku keranten menggalih Den Rara Sekarniti kok."

"Lho, menggalih pripun ta?"

"Den Rara Sekarniti niku kersane rama-ibunipun rak ajeng kajodhokakaken kaliyan Den Kampana Kertadirdja. Den Kampana menika putranipun Raden Mas Kertadirdja, juragan mas-masan seking Kalangbret. Rembag ing antawisipun tiyang sepah sampun gumolong. Ning Den Rara jebul wangkot, kipa-kipa mboten kersa nglampahi emah-emah kaliyan Den Kampana awit turene empun gadhah pilihan piyambak. Ning pilihanipun Den Rara Sekarniti mboten dipunsarujuki ingkang ibu. Pirsa Den Rara Sekarniti mbeguguk nguthawaton mboten kersa kajodhokakaken kalihan Kampana, ndara putri mbokmenawi rumaos lingsem kalihan kulawarganipun Pak Kertadirdja. Gerah sesegipun lajeng kambuh, wekasanipun nggeblag lan bablas seda."

“Mboten Yu, jane Pak Palindriya kalihan Bu Ajeng niku piyantun seking pundi ta? Napa nggih asli tiyang Widarakandhang ngriki?”

“O dede, Mas. Kekalihipun menika tiyang neneka, wong anggenipun pindhah dhateng ngriki rikala Den Rara Sekarniti taksih klas setunggal SMP kok. Nek asline saking pundi, kula kirang terang mergi mboten natos tanglet-tanglet. Tiwas mangke diarani lancang nek tonglat-tanglet perkawisipun tiyang sanes. Ning menawi manut panginten kula ndara putri niku tiyang saking kraton, utawi paling mboten taksih krabat kraton. Sebab panjenenganipun gadhah gelar raden ayu. Duka seking kraton Solo duka Jogja.”

“Kok malah pindhah dhateng panggenan ingkang mencil kados ngaten gek tujuwane napa?”

“Nah, menawai perkawis anggenipun pindhah niku kula nate dipunparingi pirsa dening swargi ndara putri. Wosipun anggenipun mutusaken pindhah dhateng pereng Wilis ngriki menika wonten sambetipun kalihan gerahipun ndara putri ingkang sampun puluhan taun mboten saras. Bu Ajeng menika rak gadhah gerah paru-paru. Lha, dhokter ingkang kulina ngupakara gerahipun ndara putri lajeng paring pamrayogi supados panjenenganipun pindhah dhateng panggenan ingkang hawanipun seger. Terose kangge terapi napa ngoten. Nyendikani dhawuhipun dhokter, ndara kakung lajeng madik-madik pados panggenan ingkang cocog. Wekasanipun kepanggih loji menika.”

Setyawan manggut-manggut. Nuli pitakone, “Eh Yu, sinten namine lare jaler pacangane Sekarniti sing mboten disarujuki ibune niku?”

“Wah nek namine kula kirang terang, wong mboten natos dipunjak ngriki kok. Sesambetanipun lare kalih menika dhedhemitan, mergi kuwatos menawi kadenangan dening ingkang ibu. Kula natos dicriyosi Kang Sarni, nem-neman pilihanipun Den Rara Sekarniti niku kaping kalih sowan ngriki. Ning lajeng katundhung warasan dening ndara putri, dipungusah kados kirik gudhigen. Dipun lok-lokaken cocak nguntal elo, cebol nggayuh lintang lan lintu-lintunipun. Pokoke jan diundamana ngantos entek amek kurang golek ngaten nika. Mantun kedadosan niku, nem-neman kalawau empun mboten natos ngetingal malih.”

“Kok sesambetanipun lare kalih niku mboten disarujuki Bu Ajeng perkarane napa, Yu? Napa pilihane Sekarniti niku yogane tiyang sekeng?”

“Mireng-mireng panci mergi perkawis bandha. Ndara putri niku kersane rak pados mantu ingkang bobot, bibit lan bebetipun setimbang. Eling-eling kejawi sugih, panjenenganipun menika ugi taksih keturunan ningrat, trahing kusuma rembesing madu. Menawi gadhah mantu tiyang pidak pedarakan temtu gengsi. Pramila lajeng gadhah niyat besanan kalihan Pak Kertadirdja. Sebab Pak Kertadirdja menika sugih-sugihe tiyang Kalangbret.”

“Pak Palindriya niku nyambut damele napa ta jane, Yu?”

“Sadeyan kain teng Pasar Wage Tulungagung ngrika. Tokone ageng. Saben ndinten ndara kakung tindak toko. Waune nek kesah nggih runtang-runtung kalihan garwane. Ning sasampunipun ndara putri seda, ndara kakung asring ngajak Den Rara Sekarniti. Kalamangsa nggih ngajak Dhegleng…eh Jana niku.”

“Emm…ngaten ta. Pun nggih Yu, kula tak dhateng ngajengan malih,” ujare Setyawan karo jumangkah ninggalake pawon.

“Nggih Mas, sekedhap malih unjukane kula bektane dhateng ngajeng,” kandhane Tonah karo nerusake anggone ngudheg wedang. “Huh…dhasar dhetektip, ethok-ethoke wae takon ika-iki. Ning aku ngerti nek jan-jane dheweke lagi golek sisik melik. Tujune anggonku wangsulan ngati-ati. Upama keprojol ngomong bab sing siji kuwi, wah sida cilaka awakku,” Tonah grenengan dhewe.

Nalika Setyawan tekan teras, Amongdenta lagi nampa telpun. Ora cetha lagi guneman karo sapa awit dheweke nyisih rada ngadoh. Sawise mungkasi rembug, Amongdenta nuli nyedhaki Setyawan. Tembunge lirih. “Dhik, aku ditimbali Kapolres, diutus

ngadhep esuk iki uga. Kapolres nyuwun lapuran sementara bab kasus rajapati, sebab dina iki ngepasi ana supervisi saka Polda. Mangka anggonku mriksa Palindriya durung paja-paja rampung. Mula aku, Juari lan Loso dakpamit menyang Polres luwih dhisik. Kowe keriya ana kene. Pokoke purba wasesa dakpasrahake kowe. Nek ana perkembangan anyar diage nelpuna aku ben bisa dakaturake marang Kapolres."

Sawise pamitan marang sing duwe omah, Amongdenta banjur tumuju menyang mobil dhinese sing isih diparkir ana dalan njojrog cedhak tilase papan rajapati. Juari lan Loso uga banjur pamitan tutwuri komandhane. Sadurunge lunga, Amongdenta mekas marang Palindriya sing wose supaya dheweke ora lunga adoh-adoh sadurunge perkara rajapati mau ana karampungane, merga pulisi bakal sawayah-wayah njaluk keterangane maneh. Palindriya matur sendika.

Sapungkure Amongdenta, Palindriya nginguk arlojine. Ucape katujokake marang Setyawan, "Mas Dhetektip, apa dililani nek aku niliki tokoku sedhela wae. Jalaran dina iki aku kadhung ana janji karo pelanggan. Kowe mesthine ngerti, tumrap wong dagang kaya aku ngene iki nyulayani janji padha karo nyupet dalaning rejeki."

"Mangga. Ning yen ana keparengmu, aku dakngobrol-ngobrol karo putramu ana kene."

"Kena wae. Satemene Sekarniti arep dakajak menyang toko. Ning yen pancen kokbutuhake ya mangga, aku dakngajak Jana wae. Piye, Ndhuk?" Palindriya nyawang anake. Sekarniti sing kawit mau guwayane katon suntrut manthuk. Palindriya banjur mlebu ngomah saperlu tata-tata lan ganti penganggo. Sawise miranti, wong lanang kang wis dhudha kuwi banjur ngetokake mobile saka garasi. Garasine mapan ana iring tengene omah. Kendharaane Palindriya sedhan Mercedez Benz werna putih weton taun wolung puluhan akhir, nanging kahanane isih mulus merga kerumat kanthi becik.

Ora let suwe Jana nututi metu saka njero omah. Lakune kecincugan sinambi ngempit tas kerjane Palindriya. Priya cala ina iku banjur sumusul mlebu mobil lan lungguh ana jejere supiran. Jana mlaku tanpa nyuwara. Mung swara kruke sing keprungu klethak-klethuk ing jubin. Kaya dhek ana jedhing mau, Setyawan uga ora bisa premana nyawang raine Jana. Sandhangan sing sarwa gedhomboran sarta sirahe sing tansah dikrukupi njalari Setyawan ora bisa sawutuhe namatake rupane pawongan kuwi.

Sedhan putih sing disupiri Palindriya nuli nggleser ninggalake omah magrong-magrong. Swara mesine alus, kemrengseng kaya banyu digodhog. Ngarep mburi karo ilange Mercedez ana dalan njojrog, Tonah mecungul saka njero omah karo nyangga baki isih teh limang gelas. Weruh ngarepan sepi Tonah ketara gela.

"Lho, kok empun ical sedaya. Wah, kadhung kula comne teh je. Lha gek pripun niki, terus sinten sing ajenge ngunjuk?"

"Gawanen bali neng mburi kana Yu, ombenen dhewe! Sing rong gelas wae tinggalen kene kanggo aku lan mase iki!" Sekarniti sing kawit mau kaya aras-arasen ngomong, kumecap aweh prentah.

"Sendika, Den Rara."

**(7)**

TONAH banjur nyelehake gelas loro ana meja sangarepe Sekarniti lan Setyawan. Rampung ngladekake we- dang, abdine Palindriya kuwi terus pamit memburi maneh karo nggawa sisane wedang. Teh kuwi isih kemebul. Ganda keluke wangi, wangine aroma godhong teh asli. Ora nunggu dimanggakake dening sing duwe omah, tangane Setyawan kumlawe nyandhak gelas. Didamoni sedhela banjur disruput. Klebon teh manget-manget, sirahe krasa kumepyar.

"Tepungake, aku Setyawan," ujare karo ngathungake tangan.

“Sekarniti,” kenya kuwi nampani tangane Setyawan. Banjur, “Mase iki rak dhetektip ta?”

“Kok ngerti?”

“Aku mau ngrungokake pirembugane Komisaris Amongdenta karo Bapak. Ngendikane Pak Amongdenta, mase iki disraya murih sabiyantu nglarah patine Mas Darpita.”

“Bagus nek sliramu wis paham karo tugasku. Mula dakjaluk wangsulana kabeh pitakonku amrih perkara rajapati iki enggala ana karampungane.”

“Oke, apa pitakonmu bakal dakwangsuli laras karo sing dakngerteni.”

“Apa sing njalari sesambunganmu karo Risang, Risang Ragutama, pedhot?” Sekarniti ndengegek. Lungguhe sing sekawit nglentruk dadi jejeg. Ing semu dheweke ora nyana yen Setyawan bakal takon perkara kuwi. Pitakon sing kawetu saka lesane priya iku kaya alu sing nyodhog teleng atine. Sekarniti meh wae nyelani takon, saka ngendi Setyawan ngerti yen dheweke tau nduweni sesambungan mirunggan klawan priya kang aran Risang Ragutama. Nanging pitakon mau sidane ora kawetu. Sekarniti ngrumangsani yen sing lagi diadhepi iki sawenehing dhetektip. Mula ora ana gunane nlesih perkara kuwi awit nyatane Setyawan wis weruh wewadine.

Sekarniti unjal ambegan landhung. Lungguhe sing maune jejeg saiki bali mlorot. Panyawange tumlawung, mripate kaca-kaca. Praupane banjur didhangakake, mbudidaya amrih banyu bening ing poncod mripate iku ora kebacut ngglundhung menyang pipi. Lambene kumecap lirih, “Pati.”

“Tegese Risang Ragutama saiki wis ora ana? Wis mati?” Setyawan ngoyak. Sekarniti manthuk. “Rong taun kepungkur dheweke ninggal aku kanggo salawas-lawase,” tembunge Sekarniti seret ngondhok-ondhok.

“Apa sing nyebabake dheweke mati?” pandhesege Setyawan.

Sekarniti nyawang Setyawan landhep. “Geneya Mas Dhetektip malah ngurus patine Risang? Penjenengan rak lagi golek sisik melik kanggo nglarah tiwase Darpita ta? Dakjaluk aja ndhudhah barang sing wis kependhem kareben kumarane Risang tentrem ing alam kelanggengan kana,” celathune Sekarniti rada njengek, ketara banget yen atine ora seneng.

Setyawan mesem. Ujare kalem nanging mandhes, “Sekarniti, aku sawijining dhetektip. Aku kepengin ngudhari wewadining rajapati iki adhedhasar metodheku. Mangertiya, sasuwene Mas Amongdenta tindak aku diparingi purba wasesa kanggo ngonceki misterine kasus iki. Anggepen wae aku saiki wiwit nyambut gawe. Aku miwiti ngecakake metodheku kanthi luwih dhisik golek sisik melik bab latar mburine pawongan sing nduweni sesambungan mirunggan karo Darpita!”

“Geneya aku sing koktarap? Sing duwe sesambungan mirunggan karo Mas Darpita rak ora mung aku. Awit kejaba aku isih ana rama, ibu dalah sedulur-sedulure Mas Dar. Apa Mas Dhetektip sujana marang aku?”

“Aku kudu sujana marang kowe, jalaran sliramu pawongan pungkasan sing ketemu kurban sadurunge dheweke ditemokake tiwas dening Pak Markani,” kandhane Setyawan anteb.

Sekarniti nggragab. Praupane biyas. Ujare sumengit, “Apa dhasarmu nyujanani aku?”

“Kowe satemene rak ora duwe rasa tresna ta karo Darpita? Tresnamu mung kasok marang Risang. Ning krana kowe mesakake marang bapakmu sarta kahananmu dhewe kang saya nyedhaki prawan kasep kanggo ukurane wong padesan, wekasane sih tresnane Darpita kepeksa kok tampa. Kowe mung welas marang bapakmu sing tansah dadi poyok-poyokane mitra bisnise merga anak wadone ora tumuli entuk jodho.”

“Upama gethinga dikayangapa, tetep ora kira nek aku sing mateni Mas Dar. Aku wanita ringkih, ora bakal keconggah mrejaya wong lanang kanthi adu arep. Sepira kekuwataning wanita? Sujanamu marang aku kuwi tanpa dhasar, ngawur. Dhetektip kok ngawur, huh….”

“Rak ora kudu nganggo tanganmu ta? Kowe bisa kongkonan uwong kanggo mateni Darpita. Rehning kajiyat palakrama, mula kowe ora rumangsa kelangan nalika calon garwamu kuwi mati. Iya apa ora?”

“Oh, kejem penjenengan, Mas…! Kejem banget ndakwa aku kaya ngono… huhuhuu!!”

Sekarniti njempling. Tangise kutah. Epek-epek kekarone ditutupake rai. Setyawan ora obah. Dheweke mung ngetogake wae Sekarniti ngumbar tangise. Mbasan wis taneg anggone nyuntak bruwalaning ati, Sekarniti alon-alon mbukak raine. Mripate isih kebak luh. Nanging saiki sorot mripate ketara nglentrih. Ulate uga ora landhep kaya sadurunge.

“Piye, apa kowe isih arep kumbi?!” pandhesege Setyawan, kaya ora aweh papan marang Sekarniti.

Sekarniti srikutan ngulapi eluhe. Ujare alon, “Yoh, dakakoni yen aku pancen durung duwe rasa tresna marang Mas Darpita. Tresnaku mung kasok marang Risang. Terserah nek penjenengan nganggep sikepku sing kaya ngene iki ora realistis. Nanging upama aku kelakon rabi karo Mas Dar, aku bakal mbudidaya nresnani dheweke kaya dene aku nresnani awakku dhewe. Mbokmenawa butuh wektu, nanging aku yakin bisa. Sebab rama- ibuku biyen uga palakrama tanpa kinanthen rasa tresna. Lan nyatane kok ya bisa awet nganti puluhan taun, engga ibu ndhisiki seda. Mula sujanamu marang aku ngenani patine Mas Darpita dakanggep pandakwa sing degsiya.”

“Yen kuwi pawadanmu, geneya kowe ora blajar nresnani Kampana sing uga duwe karep mengku sliramu?”

Sekarniti kaget. Setyawan bali dipandeng tajem. Nanging kaya sing uwis, sorot mripate kang sekawit landhep iku suwe-suwe nglentrih. Sekarniti ngrasa muspra arep ganti takon saka ngendi dhetektip iku ngerti bab Kampana barang. Dheweke angluh. Ana sangarepe priya pucet iki wewadine kaya diblejeti. Wekasane Sekarniti kepeksa bares.

“Nek karo Kampana, kawit biyen aku pancen ora nduweni rasa tresna saipit-ipita. Dheweke anggak, gumedhe, ngedir-edirake dumeh anake wong sugih. Mbok nganti mati aku ora arep nglanggati katresnane. Sebab upama aku kelakon omah-omah karo dheweke, uripku mesthi bakal ditindhes. Aku suthik dibatesi, wegah kakehan diatur. Aku kepengin dadi wanita sing merdika.”

“Yen ngono kowe kudu mangsuli pitakonku ing ngarep. Apa sing njalari kekasihmu, Risang Ragutama, tumekaning pati?”

Sekarniti unjal ambegan landhung. Wangsulane tatag, “Merga mobile kacilakan, kecemplung jurang neng Selareja. Mobile kobong, kunarpane Risang tinemu gosong. Manut asil penylidhikane pulisi lalulintas, rime mobil blong nalika pinuju ngambah dalan mudhun. Mobile ora bisa dikendhaleni lan monting njegur jurang.”

Dumadakan Sekarniti menyat saka lungguhe lan mlebu ngomah. Ora watara suwe dheweke bali menyang teras maneh karo nyekel lempitan surat kabar lan diglethakake ana ngarepe Setyawan.

“Iki, korane isih daksimpen,” ujare Sekarniti.

Setyawan nyaut lempitan koran mau banjur dijereng. Pranyata koran iku wis ora wutuh awit mung kari rong kaca. Sajake Sekarniti mung nyimpen perangan sing dianggep wigati. Ing headline lembar ngarep koran Warta Bawana iku tinulis irah-irahan gedhe: Kacilakan Maut ing Jurang Selareja. Ing sub-judhule tinulis: Mobil Pickup Kobong, Supire Gosong. Pawarta kuwi dipepaki mawa foto gambare ragangan mobil sing gosong tur ringseg. Ing sisihe bangke mobil ana foto maneh kanthi ukuran luwih cilik, arupa blegere pawongan sing saranduning badane gosong. Anggane kelet karo rangkane pickup. Ora mung trima gosong, jisim kuwi malah wis pereng.

Jroning surat kabar iku katulis yen kacilakan maut kasebut kedadeyan tanggal 22 Juli 2008 watara jam siji awan ing wilayah Selareja, gigire Gunung Panderman sisih lor kulon.

Disebutake yen pickup kuwi ngemot apel saka arah Batu tumuju Jombang. Pulisi lalu lintas sing diwawancarai wartawan ing lokasi nduga rime pickup blong merga kampase entek. Saengga nalika ngambah dalan mudhun tur nikung, lakune mobil ora bisa dikendhaleni. Kejaba kampas entek, pulisi uga nemokake bukti arupa tilas wadhahe minyak rim sing wis jroning kahanan kothong lan garing. Temonan bukti-bukti mau tansaya mikuwati penyebabe kacilakan.

Jisime supir pickup banjur digawa menyang Rumah Sakit Syaiful Anwar Malang. Nganti titi pawarta iku katulis, dhokter laboratorium forensik sing tinanggenah ngotopsi kunarpa isih kangelan nitik ciri-cirine kurban awit kahanane jisim wis rusak banget. Arep nglacak idhentitase kunarpa lumantar sidik jari uga kangelan jalaran driji-drijine kurban wis padha mrotholi.

Siji-sijine cara kudu nlusuri riwayate untu lan tes DNA. Nanging iki perlu wektu suwe tur butuh ragad sing ora sethithik. Mula dhokter forensik arep luwih dhisik njaluk pasarujukan saka kulawargane kurban. Pulisi sing ngangkat jisim saka dhasar jurang kandha yen kurban aran Risang Ragutama kanthi dhasar temonan kertu tandha penduduk sarta surat idin nyopir sing mencelat ora adoh saka bangkene pickup. Kertu idhentitas kuwi sing akhire dadi pathokane dhokter kanggo nemtokake idhentitase kurban.

“Apa pareng nek koran iki daksilih sedhela? Anggonku maca arep dakbacutake mengko sore merga wektu iki aku lagi ana janji karo kanca,” kandhane Setyawan karo ndeleng arlojine.

“Kena wae, waton korane aja nganti ilang.”

Setyawan menyat. Koran dilempit kaya sekawit banjur dilebokake walike jaket. Setyawan wis jumangkah limang pecak, nanging age-age bali maneh marani Sekarniti. Tangane Setyawan nglolos sawijining cupu cilik saka sake jaket. Cupu kuwi diulungake Sekarniti. Sekarniti katon mangu-mangu. Embuh apa sing diucapake Setyawan marang kenya ayu mau, sing genah Sekarniti wekasane gelem nampani pawewehe dhetektip partikelir iku.

Setyawan banjur marani sepedhah motore sing isih dijagang ana dalan njojrog. Srengengene meh tumapak ing punjering langit nalika dheweke ngeslah kendharaane. Gase diculake ing posisi netral. Rodhane ngglindhing ngudhuni dalan njojrog engga tekan watese lurung aspalan. Setyawan menggok ngiwa. Presneleng dilebokake, gas disendhal. Honda Supra X nggeblas ngudhuni perenge Gunung Wilis.

**(8)**

WENGINE saya nggremet tumuju punjere. Rembulan purnama sidi manjer ing madyaning langit. Nadyan isih nedhenge mangsa rendheng, ewadene ora katon mega saipit-ipita sing nyaput akasa. Wengine tansaya sampurna mbasan mbaka siji lintang-lintang ing langit ngatonake wujude. Kerlap-kerlip pamer kaendahan.

Arepa padhang mbulan, nanging swasana ing gigire Gunung Wilis sisih kidul wetan iku krasa tintrim kawimbuhan singlu. Mung swarane walang kecek keprungu mecah sepi. Kalamangsa ana kumlebate kalong apadene lawa kang mlembar saka pange wit siji menyang pang liyane. Adoh ing ngisor kana katon kerlap-kerlipe lampu ing laladan kutha Kediri lan Tulungagung. Cahyane semburat nyentrong langit.

Wit-witan kang thukul ana papan lempar uga mung ketara remeng-remeng, ketel bebanjengan. Siji loro ing antarane wit-witan kuwi mujudake jinise tanduran widara. Mbokmenawa merga tinemune wit widara ing papan kono, desa iki biyen banjur dijenengake Widarakandhang, kandhange wit widara. Arane saemper ing pewayangan. Yen ana pewayangan, Kademangan Widarakandhang dadi panggonan ngumpete Kakrasana, Narayana lan Rara Ireng amrih ora dipateni dening Kangsa.

Hawa atis tumurun saka pucuk gunung mbarengi mudhune ampak-ampak. Mega tipis uga wiwit ngganggu kaendahahing sang sasadara. Nanging wengi kuwi ora sawutuhe mati,

awit ana regemenge bleger manungsa ngadeg nggejejer ana sandhuwure watu sing gedhene sagudel njerum. Blegere manungsa kuwi banjur ngrapetake jakete. Sawise ngulat-ulati kahanan, pawongan sing kaya-kaya jumedhul saka walike pepeteng kuwi anjlog saka sandhuwuring watu. Sikile jumangkah lon-lonan mecaki dalan lemah.

Kanggo ukuran dalan pegunungan, lurung sing diambah wong jaketan iku kepetung amba. Mbokmenawa sedheng yen mung kanggo liwat prahoto wae. Lurung iku nggaler mengidul. Upama diturut terus, pungkasane lurung iki bakal anjog ana dalan aspalan. Ning sajake lurung iki wis arang kadhing diambah jalma manungsa. Sebab ing kana-kene akeh thinukulan tanduran mrambat sing nyrimpeti sikil. Karo pencolotan milih-milih dalan, pawongan kuwi terus nlusuri lurung engga tekan sangarepe gedhong bongkor. Wong jaketan sing ora liya dhetektip Setyawan iku mandheg sedhela. Jroning swasana remeng-remeng kaya wengi iki, gedhong bongkor iku ketara wingit lan angker, pindha kedhatone iblis.

Kanthi kebak pangati-ati Setyawan banjur jumangkah ngleboni pekarangane tilas pabrik teh kuwi. Platarane lumayan jembar, kira-kira amot kanggo parkir prahoto loro. Setyawan mbayangake, biyene plataran iku rame dening kegiyatan bongkar muat teh sing bakal kakirim menyang Karesidenan Kediri lan sakiwa tengene. Prahoto sing ngangkut teh mau wira-wiri ana lurung sangarepe pabrik kuwi. Nanging saiki gedhonge rusak, kinupeng gegrumbulan ketel sarta kinemulan rayutane wit-witan.

Gedhong iku uga tau dadi seksi bisu kedadeyan tragis. Sewidak lima taun kepungkur saradhadhu Jepang ngrudapeksa Rebeca Naurin ana njerone pabrik kono. Dirudapeksa ing tengah wengi, nendhenge rembulan purnamasidi kaya bengi iki. Rampung dienggo rencakan, Rebeca nuli digorok gulune nganggo klewang. Krana matine ora sampurna, gotheking ngakeh kumarane nonik Landa kuwi banjur gentayangan. Mulane njur sok keprungu swara tangis layung-layung saka sajroning gedhong kuna kuwi. Tangise Rebeca sing mati kasangsaya.

Setyawan nuli nyedhaki lawange pabrik. Lawang kuwi ginawe saka kayu kandel. Ambane ora kurang saka karotengah dhepa. Gemboke wis ora ana, selote thethel. Tangane Setyawan banjur kumlawe nyurung lawang. Swara engesele gumerit lirih. Lawang meblak separo, njero gedhong katon lelimengan. Ambune telek lawa nduleg irung. Ora maelu ambune kotoran lawa sing bisa marahi sirah mumet, Setyawan tetep jumangkah manjing gedhong.

Panyawange ora bisa premana awit swasana njero gedhong iku peteng ndhedhet ndumuk irung. Lakune Setyawan setengah grumutan, tangane sraweyan lan grayah-grayah, samar yen ujug-ujug sirahe njur mbentus barang atos. Ewadene dheweke ora nyenggol apa-apa. Nalurine bisa ngira-ira yen kahanan njeron gedhong iku wis kothong, ngoblah-oblah kaya lapangan.

Tumrap sing ora kulina, dhipeting kahanan kaya mengkono mau bisa njalari pikiran cepet puteg. Apamaneh ana njerone gedhong rusak sing kondhang angker iku. Nanging Setyawan dudu golonganing pawongan sing jirih. Dheweke ora mundur, kepara malah jumangkah saya manengah ngrabasa peteng.

“Hii…hii…hiiii…..”

Setyawan nratab. Jangkahe kandheg. Lamat-lamat kupinge nangkep swara tangis layung-layung. Swarane lirih, cat keprungu cat ora. Mbokmenawa asale saka ruwangan sing luwih njero. Setyawan nggrayahi pistul Bareta semi otomatis sing tansah disengkelit ana lempenge. Nanging apa iya kumarane Rebeca sing wis mati puluhan taun kepungkur mau bakal mrawasa dheweke? Dheweke ora luput, yagene kudu nampa bendune kumara klambarangan kuwi?

“Hii…hih..hiiih… huhuuu.”

Tangis kuwi bali keprungu. Saiki Setyawan tansaya yakin yen swara kuwi dudu unine cemeng keluwen. Swara iku nyata, asale cetha saka ruwangan sing rada tengah. Atine

ditatag-tatagake. Lon-lonan Setyawan jumangkah saya mlebu. Jakete dibledhehake, perlune yen ana apa ta apa dheweke bisa njabut pistule kanthi kebat. Elok, nadyan ana njero gedhong nanging Setyawan ora krasa slempeg. Sajake nalika mbangun pabrik iki biyen arsiteke Landa nggatekake temenan marang ventilasine hawa.

"Huuu…huu..hiii…hihhh…"

Swara tangis kuwi tansaya keprungu cetha. Yen ngono dheweke wis caket karo kumarane Nona Rebeca. Setyawan ndhagak. Sawatara jangkah ing ngarepe ana sorote rembulan kang nrobos gendheng kaca lan ceblok menyang jrambah, njalari swasana ing kiwa tengene dadi ora dhipet banget-banget.

Nadyan mung capet-capet nanging mripate Setyawan bisa nyumurupi ana wewujudan ireng sing lungguh ana poncoding ruwangan. Setyawan njereng mripate amrih panyawange luwih trawaca. Jantunge nitir. Apa kuwi Rebeca Naurin? Dumadakan wewujudan iku obah-obah, sajak krasa yen saiki dheweke ora ijen maneh ana njero gedhong kono. Swara tangise uga wis ora keprungu, cep kaya orong-orong kepidak. Setyawan megeng napas.

Dumadakan…bleber…! Setyawan njola. Tanpa angkan-angkan wewayangan kuwi banjur mletik pindha singgat. Ing swasana peteng, kumrembyahing wewayangan iku kaya mabur. Ora mabur saperlu ngrangsang marang Setyawan, nanging wewayangan kuwi nembus tembok lan ilang plas saka papan kono.

Setyawan njegreg kamitenggengen. Epek-epeke wis tumemplek gagang pistul, nanging wurung dijabut saka lempeng. Bareng sadhar yen wewayangan mau wis oncad saka papan kono, Setyawan age-age mrepegi tilas papane Nona Rebeca ndheprok. Setyawan nyumurupi tabet sikile manungsa. Bledug sing ngemuli jubin sumilak, mertandhani mentas dienggo kosot. Setyawan nuli nyawang pernahe wewujudan nyalawadi mau oncad.

Oh, jebul ora adoh saka anggone ungkeb-ungkeb mau ana jendhela kang meblak merga lawange wis thethel. Ateges wewayangan mau ora nembus tembok kaya sing disawang, nanging sengaja mencolot metu liwat jendhela iku. Jendhelane ora pati dhuwur, udakara sabangkekane wong diwasa. Setyawan nuli mrepegi jendhela mau. Sirahe manglung nguwasi kahanan njaba. Ngisore jendhela kebak suket gajah, dhuwure sadedege wong diwasa. Suket gajah iku obah-obah nadyan ora ana angin. Saka jendhela kono omahe Palindriya sing dumunung ana papan kang luwih ngisor katon remeng-remeng sinaput wengi.

Mbarengi wektune karo kedadeyan ing gedhong bongkor, sawenehing wanita mlaku ngunclug nyabrang plataran omahe Palindriya kang jembar. Jarite dicincing amrih jangkahe bisa luwih bebas. Ambune kemenyan nampeg irung, pratandha yen sing duwe omah lagi kutug. Palindriya pancen tansah nggondheli nalurine wong Jawa. Ing dina-dina tinamtu, mligine wanci purnamasidi, dheweke pancen asring ngobong dupa ratus. Lakune wanita iku ora tumuju teras, nanging nylingker liwat iring tengene ruwang tamu banjur bablas tumuju kebon ing mburi omah. Sirahe plingukan, kaya ana sing lagi digoleki.

"Nah…Tonah, aku neng kene..!" swara panguwuh lirih saka sangisore wit jambu kang lindhuk godhone kuwi ngagetake Tonah. Wanita iku ora bisa nyumurupi ble-gere pawongan sing undang-undang jalaran sunaring rembulan kaling-kalingan rungkuding kebon.

"Oh, njenengan ngrantos wonten ngriku ta Ndara Palin," semantane Tonah karo marani pernahe swara.

Njedhul saka walike ayang-ayang godhong jambu, priya separo umur kuwi mapag tekane Tonah kanthi adreng. Tangane Tonah gage diranggeh banjur digeret ndlusup menyang lindhuke wit-witan.

"Ayo Nah, ayo ndang mlebu menyang kamarku kana," pangatage Palindriya karo ngruket wanita setengah umur iku. Sing diruket rada mberot.

"Sareh riyin Ndara, kula ajenge matur…"

“Matur apa? Mengko wae, aku selak ora kuwat. Wis pirang minggu aku ora kok ladeni?” celathune Palindriya keprungu kedher. Ambegane ngangsur-angsur.

“Ning niki perkawis gawat Ndara, bab pejah gesange kulawarga kula. Saget ugi malah nasib penjenengan,” Tonah mangsuli mandhes.

Palindriya nggendhoni pangrukete. Pitakone, “Perkara apa ta?”

“Kula ngertos wewados panjenengan.”

“Wewadi sing endi?” Palindriya ketara ora mudheng.

“Dhetektip mudha niku wiwit nyujanani bojo kula bab pejahe Den Mas Darpita. Kiyambake tanglet-tanglet bab tiyang sing ngginakaken ganco kangge dhangir kebon niki. Ning sejatosipun rak panjenengan ta ingkang mrejaya Den Mas Darpita?”

Palindriya kaget. Mripate mlorok. Tonah sing sekawit ana jroning ruketane banjur dijlongkrokake.

“Hus, aja waton ngomong kowe, Nah!”

“Kula ngertos bilih Ndara Kakung ajrih kalihan pangancamipun Den Mas Darpita. Pramila lajeng panjenengan cegat rikala piyambakipun wangsul ngepasi jawah deres kala wingi. Rak inggih ta?”

Palindriya keselak idune dhewe. Watuke ngikil. Upama bisa sinawang, raine Palindriya mesthi katon mbrabak. Gregete marang Tonah sing sekawit makantar-kantar suwe-suwe sirep. Bareng watuke rada mendha Palindriya nggresah. Nanging durung wae dheweke kober wangsulan dumadakan keprungu jangkahe wong mlayu ninggalake papan kono.

Jlug, jlug, jlug!

Palindriya lan Tonah mlengak meh bareng.

“He sapa kuwi..!” bengoke Palindriya karo clilengan. Guwayane biyas. “Cilaka, ana sing ndingkik anggon kita sapatemon Nah!”

**(9)**

ARLOJI sing naleni ugel-ugel kiwane Setyawan nuduhake angka setengah wolu thit nalika Honda Supra X sing ditumpaki mlebu plataran omahe Palindriya. Srengengene wiwit nyengkrek, parandene hawa ing lengkeh gunung kono isih krasa anyep. Gegodhongan uga isih teles dening bun.

Manyuk plataran Setyawan kaget, sebab ing kono wis ana Kijang pickup-e pulisi sarta mobil dhinese Komisaris Pulisi Amongdenta. Mobil kapulisen loro kuwi diparkir jejer. Anggota pulisi cacah lima sragam dhines lengkap sarta sawatara anggota reserse padha pakeyan preman sikep siyaga, pating cranguk ana ngarep lawang.

Mbarengi karo Setyawan njagang sepedhah motore ing sangisore wit pelem gadhung, saka sajroning omah loji kuwi Palindriya digiring metu dening Loso lan Juari. Polatané Palindriya ketara aclum. Dheweke durung ganti sandhangan, isih nganggo piyama krem lan sandhalan jepit. Ing samburine Palindriya, Sekarniti ngetutake bapake karo tawan-tawan tangis. Sumurup pulisi-pulisi padha ngadeg ana lambe lawang, Sekarniti cengkelak mbalik mlebu ngomah karo nutupi raine. Tangise tansaya seru.

Sing metu keri dhewe Amongdenta. Dheweke menganggo pakeyan preman, clana jins lan jaket ireng. Papagan karo Setyawan ana teras, Amongdenta mesem ngece. Ujare sajak ngewak-ewakake, “Wis Dhik, wewadining rajapati iki wis kawiyak. Kabeh mau merga saka landhepe panggraitaku sarta kelantipane anggotaku jroning golek sisik melik. Tanpa pambiyantune dhetektip nyatane pulisi ya bisa mrantasi gawe ha ha ha…”

“Njur sapa durjanane, Mas?” Setyawan nambong.

“Lho, piye ta kowe kuwi? Wis genah nek Pak Palindriya dhewe ngono kok sing mateni Darpita. Mulane esuk iki dheweke dakcekel.”

“Apa penjenengan kagungan bukti lan seksine?”

Amongdenta ngguyu nyepelekake. Celathune, “Pulisi ora waton nyekel uwong Dhik. Nek wis wani nangkep, ateges bukti lan seksine kuwat.”

Amongdenta banjur mlebu ngomah maneh. Baline nggawa ganco kang dorane meh sadhepa dawane. Celathune: “Iki buktine. Ganco iki tinemu ana pawone Palindriya. Aku yakin barang iki sing digunakake kanggo ngantem sirahe Darpita rong ndina kepungkur.”

“Apa motife rajapati kuwi Mas? Geneya Pak Palindriya kok mrejaya Darpita? Mangka kurban iku rak calon mantune ta?”

“Kene dakjarwani,” kandhane Amongdenta karo nggeret Setyawan kaajak rada nyisih. Sinambi ngenteni Amongdenta bawarasa, Palindriya sing maune wis meh diunggahake menyang bake Kijang banjur dilungguhake ana kursi teras. Loso lan Juari ora wani nggawa lunga Palindriya sadurunge entuk prentahe komandhan.

“Kowe wingi rak dakpamiti ta yen aku ditimbali Kapolres. Nah, lebar saka Polres aku njur bablas nemoni wongatuwane Darpita. Jebul marang wongatuwane, Darpita nate ngaku menawa dheweke tau ngancam Palindriya,” kandhane Amongdenta klesik-klesik.

“Ngancam piye?” pitakone Setyawan sinambi ndhoyongake sirahe amrih luwih cetha anggone ngrungokake.

“Kowe rak ora ngira ta Dhik nek sejatine Darpita iku pegawe pajeg ing bageyan pencegahan lan penindakan. Darpita ngerti yen calon maratuwane kuwi ora tau asok pajeg. Mangka usahane kapetung sukses. Darpita wis tau ngelikake Palindriya supaya enggal nglunasi tanggungane sing cacahe meh setengah milyar. Ning sajake pangelik-elike calon mantu iku mung dianggep sepi dening Palindriya. Nah, ngepasi Darpita sanja mrene dhek emben kae, sepisan maneh dheweke ngelikake Palindriya. Malah Darpita kober ngancam arep nglapurake tunggakan pajege Palindriya kuwi marang ndhuwurane ing kantor pajeg kana. Temtu anggone ngucapake pangamcam mau ora dhong ana sangarepe Sekarniti. Palindriya bingung. Dheweke sumelang Darpita bakal lapur temenan. Mula nalika Darpita nedhenge jagongan klawan Sekarniti neng ruwang tamu, Palindriya njur nylingker menyang dalan njojrog karo nyangking ganco iki. Pepuntone Palindriya, luwih becik dheweke ndhisiki mateni Darpita sadurunge dilapurake marang sing berwajib.”

Amongdenta meneng sedhela. Bacute, “Miturut paseksene Sekarniti, ngepasi udan deres ngarep mburi karo mulihe Darpita kuwi Palindriya pancen dhong ora ana ngomah. Palindriya lagi mlebu omah sawise Sekarniti nguntabake mulihe Darpita. Nalika mlebu ngomah saka lawang iring tengen, sandhangane Palindriya klebus. Saka kono dudutanku saya kuwat nek wektu kuwi Palindriya mentas mrejaya Darpita nganggo ganco iki. Lan sadurunge mlebu ngomah, dheweke nyimpen ganco ana pawon.”

“Apa neng ganco iki tinemu cipratan-cipratan getih, Mas?”

“Ora ana. Ning bisa wae ta bubar mateni Darpita Palindriya banjur ngumbah ganco iki kanggo mbuwang tlacak. Karomaneh kahanane rak pas udan deres ta Dhik? Dadi upama ana cipratane getih neng ganco iki ya cepet ilang.”

Setyawan manggut-manggut. Katrangane Amongdenta tinemu nalar.

“Apa Pak Palin wis ngakoni tumindake?”

“Durung. Dheweke puguh emoh ngakoni nek wis merjaya Darpita. Miturut pangakuwane Palindriya, ngepasi udan deres kae dheweke ora nyegat Darpita neng dalan njojrog, nanging mlayu menyang kebon mburi saperlu nutupi blumbange kang isi anakan lele. Dheweke sumelang jabrisan-jabrisan kuwi bakal ucul yen banyune blumbang nganti amber. Ning pawadan kaya ngono kuwi bisa digawe-gawe. Aku wis apal karo pawadane durjana sing wis kecekel.”

Setyawan ora tumanggap. Dheweke ketara mikir. Kalamangsa mripati nglirik arlojine sajak kaya ana sing lagi diantu-antu.

“Iki maeng anak buwahku loro, Asmungi lan Darus wis dakprentah budhal nyekel Sarni. Dina iki Sarni lan Palindriya bakal dakgawa menyang markas kareben di-BAP

penyidik," Amongdenta mecah swasana amem. Setyawan ngerti, Amongdenta lagi pamer anggone rumangsa kasil ngudhari wewadining rajapati.

"Sarni melu dicekel? Apa lupute, Mas?" pitakone Setyawan. Amongdenta mesem semu melehake analisane Setyawan sing dianggep kurang landhep. Ujare, "Ganco iki dudu duweke Palindriya, ning duweke Sarni. Bisa wae ta lelorone wis pidak jempol jroning kasus iki? Tegese Sarni sing nyedhiyakake pirantine, dene Palindriya sing migunakake. Utawa malah loro-lorone sing mateni Darpita. Sarni eksekutore dene Palindriya sing ngawat-awati kahanan. Sebab upama lelorone ora sekongkol, yagene sawise Sarni dhangir ana kebon mburi kono ganco iki ora digawa mulih pisan?"

"Ning isih ana sing penjenengan lirwakake, Mas."

Amongdenta mandeng Setyawan tajem. Bathuke njengkerut. "Apa sing daklirwakake, Dhik?"

"Nalika penjenengan paring kalodhangan marang aku supaya niti priksa kunarpane Darpita kae aku nemokake dhompete kurban ing kahanan kothong. Mung kari isi KTP, STNK lan SIM. Mangka manut wongatuwane kurban, dhompete Darpita iku ora tau kothong. Paling sethithik dheweke mesthi ngesaki dhuwit ora kurang saka limangatus ewu repis. Karang blanjane pegawe pajeg ki gedhe, Mas."

"Oh, dadi nek ngono Dhik Setyawan uga wis nemoni wong tuwane Darpita?"

"Uwis, Mas. Aku ndhisiki njaluk katrangan marang rama-ibune Darpita ngepasi penjenengan ditimbali Kapolres wingi awan. Nyuwun pangaksama ya."

"Hm, ora dadi ngapa," kandhane Amongdenta ngendhelong. "Njur apa tegese nek dhompete kurban kothong?"

"Cetha nek ana sing wis njupuk dhuwite."

"Nek manut pamawasmu sapa kira-kira sing njupuk dhuwite kurban? Apa durjanane?" pitakone Amongdenta adreng.

"Bisa iya, bisa uga dudu."

"Upama sing njupuk dhuwit iku durjanane, dakkira mokal. Sebab Palindriya mono klebu wong sugih mblegedhu. Kanggo apa dheweke ngrampog dhuwite Darpita sing cacahe ora sepiraa kuwi?"

"Mengko dhisik Mas, aku durung nyujanani Pak Palin lho. Nek penjenengan duwe bukti lamun sing merjaya Darpita iku Pak Palindriya ya sumangga. Ning nek miturut pangothak-athikku, pawongan sing njupuk dhuwite Darpita iku cetha wong sekeng sing lagi butuh dhuwit."

"Wong sekeng? Kira-kira sapa, Dhik? Apa Sarni?" Amongdenta saya adreng.

"Dudu Sarni, nanging Markani lan sing wadon." Amongdenta njomblak. "Kok kowe duwe pangothak-atik mengkono?"

"Geneya ora? Markani wong sepisanan sing nemokake jisime Darpita. Bisa uga nalika kuwi dheweke melik isen-isening dhompete kurban banjur dijupuk."

"Ya, kuwi tinemu nalar. Ning rak ora kira ta Markani sing merjaya Darpita?"

"Neng donyane kriminal ora ana tembung mokal, Mas. Nalika Mas Amongdenta nokan-nakoni Markani wingi esuk kae, aku kober nglirik pikulane Markani sing semendhe wit pelem. Pikulan kuwi gilig tur atos, aku yakin saka kayu jati. Gedhene salengenku. Upama dienggo ngepruk sirah, dakkira bakal moncrot."

"Hekh….," Amongdenta ngeleg idu. "Ning tetep nglengkara, Dhik. Coba ta di-penggalih, Darpita tiwas wanci surup surya. Mangka Markani nemokake jisime wanci subuh. Apa ya mungkin Markani, sing subuh iku arep budhal menyang pasar, sorene isih kluyuran ana papan kene?"

"Mas Among apa kalepyan karo kojahe Markani wingi? Dheweke rak ngaku budhal menyang pasar esuk uthuk-uthuk, mulihe kalamangsa nganti sore. Bisa wae wanci surup kuwi dheweke mbeneri mulih saka pasar njur liwat dalan sidhatan ngarep iku. Nah, nalika

kuwi mbarengi Darpita mulih saka omah iki. Rehne melik bandhane kurban, mula Darpita banjur didingkik. Bareng ana kalodhangan sirahe Darpita terus dikepruk nganggo pikulane kuwi."

Amongdenta legeg. Dheweke sing sekawit yakin banget yen wis kasil ngudhari wewadining rajapati saiki dadi krasa tidha-tidha. Ujare: "Nek ngono Markani kudu dakceluk mrene saiki uga, Dhik!"

"Kuwi wewenang penjenengan."

Amongdenta banjur ngawe andhahane cacah papat: Asro, Murji, Ngisom lan Royan. Prentahe mandhes, "Asro, Murji kowe menyanga omahe Markani neng Plumutan kana. Nek wis ketemu njur gawanen mrene saiki uga. Dene kowe Ngisom lan Royan, menyanga Pasar Sendhang. Sapa ngerti esuk iki Markani lagi dodolan kayu neng pasar!"

Sing entuk dhawuh gage rumagang. Nyetater kendharaane dhewe-dhewe banjur budhal nindakake tugas kanthi boncengan. Ngarep mburi karo lungane pulisi reserse papat mau, dumadakan keprungu pamberunge mesin kendharaan rodha papat sing ngoper menyang presneleng siji. Kendharaan iku lagi ngunggahi lurung makadham kang totogane anjog ana plataran omahe Palindriya. Kabeh sirah tumoleh menyang pucuking plataran, ngenteni sapa sing teka.

**(10)**

ASMUNGGI mateni mesin sepedhah motore watara limalas meter saka omah sing arep dijujug. Darus agahan mencolot saka boncengan banjur ndhisiki mlayu tumuju mburi omah. Njrunthul kaya gemak, Darus nyaketi lawang pawon sing tutupan. Lawang butulan kuwi anjlog menyang pekarangane sumur. Gegere Darus dipepetake tembok, tangane nglolos pistul saka lempeng. Garan pistul digegem kenceng tangan loro, monconge diadhepake mendhuwur.

Ing ngarep omah, Asmungi nuntun sepedhah montore mlebu plataran. Omah sing diparani kuwi awangun limasan. Ora sepiraa gedhe, nanging katon bakuh. Temboke durung dilepa. Kusene saka kayu jati, uga durung kambon plituran. Jrambahe mung dipopoki luluh kasar. Ketara yen omah kuwi durung sepiraa suwe anggone ngedegake. Nadyan mapane ana sapinggire ratan aspal, ewasemono omah iki mrenca. Dununge misah rada adoh karo tangga teparone.

Lawange tutupan rapet. Jendhela kacane kasungkup kordhen abang ati. Swarane lagu dhangdhut keprungu ngganter saka radhio, mertandhani yen senajan swasanane sepi nanging omah kuwi ora lagi suwung.

Asmungi njagang sepedhah montore kanthi ati-ati. Karo grayah-grayah pistul sing didlesepake ana lempenge, dheweke njangkah menyang teras. Alon-alon tangane kumlawe nothog lawang. Pisan pindho ora ana tanggapan. Nalika anggone nothog dirosani, swarane radhio mau sirep. Ora suwe banjur keprungu kumleseting sandhal karo swara watuk cekrah-cekreh. Ceklek, ceklek muter kunci banjur mengakake lawang alon-alon.

Praupan tuwa mecungul, gulune manglung menjaba. Rambute isih awut-awutan, mripate ngriyip. Sajake priya umur-umuran sewidak lima taun iku mentas tangi turu. Karo nguceg-uceg mripat, bathuke njengkerut namatake blegere pawongan sing nggejejer ana ngarep lawang. Panyawange nlusuri saranduning awake nom-noman pawakan sedhengan kuwi saka pucuke rambut nganti poke tungkak.

"Madosi sinten, Dhik?" pitakone semu nebak-nebak. Swarane keprungu serak.

"Penjenengan napa ingkang asma Pak Sarni?" Asmungi ganti takon.

"Leres. Lha sampeyan niki sinten lan ajenge enten perlu napa?"

"Kula Mungi, saking Polsek Sendhang. Penjenengan dipuntimbali samenika ugi!"

Sarni ngowoh. Nanging kanthi cukat tangane gage mbanting lawang engga keprungu jumedher. Asmungi kaget, tangane ngogleg-ogleg selote lawang nanging ora bisa mbukak. Sajake Sarni wis ngunci lawang iku saka njero. “Asem,” Asmungi ngeses.

Sarni mlayu nunjang palang tumuju pawon. Kursi kayu sing mepalangi dalane disempar engga mencelat natap tembok. Kanthi gugup selote lawang pawon disendhal nganti mbukak ngeblak. Sarni gage mlumpat metu sumedya mbradhat menyang kebon mburi.

Nanging…. mak gabrus! Sarni tiba glangsaran merga sikile dijegal Darus sing wis siyaga ana samburine lawang butulan. Sarni krengkangan tangi, siyap-siyap arep mlayu maneh. Darus prayitna. Trengginas dheweke mencolot ngakahi anggane Sarni. Monconge pistul ditemplekake bathuke Sarni.

“Ayo mlayuwa nek kepengin moncrot molomu!” wuwuse Darus sereng. Sarni pucet sakala. Karo ngangkat tangane loro Sarni celathu memelas, “Nggih pun, kula ngakeni lepat. Kula pancen salah.”

Lakune sepedha montor Honda GL Pro sing ditumpaki Asro lan Murji ora bisa rancag. Mesine ngeden-ngeden jalaran lurung cilik sing lagi diambah iku ciyut tur lunyu kena sisa-sisane banyu udan rong ndina kepungkur. Wis ngono kathik dalane munggah pisan. Ora mokal yen kadhangkala lakune sepedhah motor igat-igut keplese-plese merga rodhane mburi setengah selip. Saya mendhuwur medhane saya mutawatiri. Asro sing kondhang kendel lan prigel numpak sepedhah motor, pisan iki krasa miris.

“Mur, penake sepadhah motore ditinggal neng kene wae. Bahaya nek nekad ditumpaki tekan ndhuwur kana,” ujare Asro.

Murji sing cekelan rosa ing boncengan kumecap, “Iya, dititipne neng omahe pen-dhudhuk ae. Aku ya wedi nek keglundhung.”

Dalan sing diambah Asro lan Murji pancen cilik lan rumpil. Kiwa dalan arupa perengan kang thinukulan wit-witan gedhe. Dene sisih tengene dalan wujud jurang sing kebak watu pating bedhosol. Mula arang banget ana kendharaan sing wani saba tekan papan kono. Sok mengkonowa isih ana omah siji loro ing saurute lurung sapecak sing rumpil mau najan antarane omah siji lan sijine jarake rada adoh. Asro banjur ngenggokake kendharaane menyang sawijining omah prasaja.

Krungu swara mesin kendharaan mlebu plataran, sing duwe omah gita-gita metu. Pawongan iku nganggo clana komprang ireng lan kaosan singlet putih mangkak. Polatane ketara gumun dene ana sepedhah montor wani munggah tekan omahe. Sumurup sing teka nom-noman loro, wong lanang umur-umuran sewidakan taun iku tansaya kebak tandha pitakon. Dheweke rumangsa durung tau wanuh karo dhayohe.

“Kulanuwun, Pak,” Asro ndhisiki uluk salam karo mesem semanak.

“Mangga, badhe kepanggih sinten Dhik?” pitakone wong lanang pakulitan ireng iku kanthi praupan nyureng.

“Anu kok Pak, kula namung badhe titip kendharaan. Kula ajeng minggah teng Plumutan.”

“Teng Plumutan? Griyane sinten?”

“Griyane Pakdhe Markani. Kula kekalih niki pernah ponakan, griya kula Trenggalek. Keleresan niki wau nembe saking Bendungan Wonorejo. Pramila mumpung empun dugi Wonorejo lajeng kula selangaken nuweni Pakdhe Markani,” wangsulane Asro nyamudana.

“Oo….Mbah Markani ta. Nek teng ngriki karane Markani Ndhogleg. Nggih mriku, kendharaane mang jagang teng emper. Arang-arang lo Dhik enten tiyang wantun numpaki kendharaan ngantos dugi ngriki, napa malih nembe jawah. Tujune sampeyan wau mboten kepleset.”

“Kula kekalih niki sejatosipun dereng nate sumerep dhaerah ngriki. Kula wastani nek margine sekeca, ee tibake rumpil tur lunyune kados ngaten,” ucape Murji.

“Dereng nate ngriki? Nek ngaten sampeyan kekalih niki nggih dereng pirsa daleme Mbah Markani no.”

“Dereng. Menika kala wau panci kula seja ajeng titip kendharaan ngiras badhe nyuwun pirsa dalemipun Pak Markani.”

“Mang turut mawon lurung niku. Mangke nek empun kepanggih griya sing mapanipun woten nginggil piyambak, nggih niku daleme Mbah Markani. Mbokmenawi taksih watawis kalih kilo malih saking ngriki. Biyasane pendhak dinten Mbah Markani teng peken kalih semahipun, sadeyan kajeng. Ning kawit enjing niki wau kula kok dereng tumon tiyange liwat.”

“Maturnuwun. Tepangaken Pak, nami kula Asro dene rencang kula niki Murji.”

“Kula Tobirin.”

Sawise markir sepedhah motore ana emper sarta mbeseli dhuwit limang ewu marang Tobirin, Asro ditutwuri Murji banjur nerusake munggah kanthi laku dharat. Merga ora tau munggah gunung, lagi oleh separo dalan Asro lan Murji wis ngos-ngosan. Sedhela-sedhela kekarone leren njupuk ambegan. Pupune krasa rencem Nanging bot-bote nindakake prentahe komandhan, nadyan ambegane melar mingkus ewadene pulisi reserse loro kuwi ora nglokro.

Ing plataran omahe, Markani lagi meceli kayu luron nganggo wadunge. Awake sing isih katon kiyeng ngliga, kringete kekotos. Saperangan pecelan kayu wis diuntingi, kapantha-pantha manut gedhe cilike rencek. Rehne ketungkul nyambut gawe, Markani nganti ora nglegewa yen Asro lan Murji wis ngadeg ana mburine.

Ngerti yen Markani nyekel wadung tholang-tholang, Asro asung sasmita marang Murji supaya luwih waspada. Sumurup gegaman sing dicekel Markani, sapandurat Asro banjur kelingan marang kunarpane Darpita sing remuk sirahe. Dhek wingi Asro pancen klebu petugas sing melu nindakake olah TKP, dadi ing angen-angene isih cumithak kaya ngapa kahanane kurban wektu iku.

Malah rikala ambulane teka, Asro ngrewangi madhahi kunarpane Darpita menyang njero kanthong mayit sadurunge diunggahake menyang mobil. Asro uga kober krungu nalika dhetektip Setyawan kandha menawa barang sing kanggo merjaya Darpita dinuga wujud gegaman sing anteb lan landhep, utawa bisa uga anteb tur landhep. Setyawan uga nyebut yen gegamane durjana mau bisa arupa wadung, ganco lan wesi gligen. Yen ngono apa wong tuwa kuwi durjanane?

“Kulanuwun Mbah,” cluluke Asro.

Markani ora noleh. Dheweke mbacutake anggone pecel-pecel kayu. Murji nyenggol lengene Asro. Celathune bisik-bisik, “Sing banter, ketoke wong kuwi wis rada suda krungon.”

“Assalamualaikum! Kulanuwun, Mbah!” Asro ngambali uluk salam kanthi swara luwih seru.

Markani njenggirat. Dheweke tumoleh nggoleki asale swara. Asro manthuk karo mesem. Markani kedhep tesmak nyawang dhayohe. Sing siji, ya sing mentas uluk salam mau, dedege gedhe dhuwur, gondrong. Godheg wok simbar dhadha. Wondene sijine lencir mbambangi nanging katon tegas. Markani kober nglirik gagang pistul sing munjuk saka lempenge sing blengah-blengah kaya Raden Werkudara kuwi. Sanalika Markani nguncalake wadhunge lan cengkelak arep mlayu.

“Mandheg! Apa pilih tak tembak sikilmu?!” aloke Asro bantas.

Mak jegagig jangkahe Markani kandheg. Weruh pulisi loro iku bareng-bareng nodhongake pistule, Markani lemes. Sikile ngoplok. Alon-alon tangane diangkat. Kandhane ngrerepa, “Kula ampun dibedhil, Pak Pulisi. Kula manut nek ajeng mang rangket. Kula ngakeni lepat. Kula kalimput. Kula manut yen ajenge diukum.”

**(11)**

KIJANG Innova werna perak mlebu plataran. Komisaris Amongdenta, Setyawan, Palindriya dalah anggota pulisi sing isih keri ana teras kono padha nyawang tekane kendharaan karo nebak-nebak. Mandheg ora adoh karo kendharaan dhinese Amongdenta, supire mbukak lawang. Nom-noman gagah nganggo busana perlente lan sepaton ireng gilap, mudhun. Tekane ijen tanpa rowang.

Priya iku katon bregas. Pawakane pidegsa, rambute klimis, brengose njlap-rang tumata. Benike klambi sisih ndhuwur sajake sengaja dibledhehake amrih kalung emas sing naleni gulu sarta simbare dhadha sing ketel bisa kadulu dening liyan.

Ora kathik uluk salam, priya iku tranyak-tranyak nyedhaki Palindriya tanpa maelu para pulisi sing isih pating cranguk ana teras kono. Sikepe ambeg ninggal suba sita, dhadhane mungal. Ambune parfume wangi nyogrok irunge para pulisi dalah Setyawan. Wangine parfum rega larang.

"Kula ndherek asung belasungkawa, Pak," kandhane priya mau karo ngrayuk tangane Palindriya sing isih ndlongop.

Palindriya nampani tangane priya enom iku karo muni, "Kampana! Kowe rak angger Kampana ta?"

"Leres Pak, menapa penjenengan pangling?"

"Wadhuh anaku lanang, piye kabarmu? Wis pirang taun kowe ora dolan mrene?" Palindriya menyat kanthi adreng banjur ngrangkul tamune keket banget. Amongdenta lan Setyawan pandeng-pandengan. "Kampana Kertadirja, iki ta pawongane," batine Setyawan.

"Sampun sawatawis wekdal, Pak. Inggih amargi kesibukan ingkang mboten saged tinilar, kula kepeksa mboten saged sowan dhateng Widarakandhang," kandhane Kampana karo isih ngrangkul pundhake Palindriya.

"Slirane saiki manggon ana ngendi? Apa isih ndherek ingkang rama neng Kalangbret kana?"

"Mboten Pak. Samenika kula manggen wonten Batu. Ajar bisnis alit-alitan. Bisnis buwah he he he… Kula sambi kalihan kuliyah. Keleresan sampun meh wisudha, dados wekdal kula omber."

"Kok krungu nek adhimu lagi kesusahan, sapa sing ngabari?"

Kampana mesem. Anggone rerangkulan diuwali. Dhehem-dhehem sedhela banjur wangsulan, "Menika kalawau cariyosipun rak ngaten. Kula rak badhe manggihi kanca bisnisan wonten Kedhungwaru. Rikala saweg sarapan wonten Dhepot Bajang ing Jepun, mboten sengaja kula maos koran ingkang kasedhiyakaken dhepot. Kula kaget awit wonten wartos bilih calon garwanipun Dhik Sekarniti dipunprajaya tiyang. Pramila kula lajeng gegancangan minggah dhateng Widarakandhang saperlu nanjihaken perkawis menika sekaliyan atur bela sungkawa dhateng penjenengan dalah Dhik Sekarniti. Perkawis bisnis kepanggih wingking."

Palindriya nggresah. Ucape lirih, "Embuh, nasibe adhimu kok kaya ngene."

"Lelampahaning tiyang mila mboten saged kabadhe, Pak. Kita namung titah ingkang mboten saged selak saking garising pepesthen," ujare Kampana karo unjal ambegan landhung, sajak melu ngrasakake panandhange sing duwe omah.

"Bener. Ah, saupama biyen Sekarniti ora ndadak rewel….."

"Sampun, sampun. Sampun dipunenget-enget malih lelampahan ingkang sampun kawuri, mindhak ngemutaken ingkang mboten-mboten."

"Iya, Ngger. Eh piye, apa slirane wis palakrama? Wiskagungan putra pira?" Sing ditakoni mlengeh. Wangsulane, "Kula taksih piyambakan kok Pak, taksih dereng pajeng he he he… Oh inggih, lha samenika Dhik Sekarniti wonten pundi?"

“Mbokmenawa lagi neng mburi. Kana jajal golekana!” Kampana banjur mblunus mlebu ngomah ditutake dening panyawange Amongdenta dalah Setyawan. Sapungkure Kampana, Amongdenta banjur nyaketi Palindriya.

“Sapa pawongan kuwi, Pak?”

“Oh, menika kalawau Kampana putranipun Pak Kertadirja. Pak Kertadirja menika mitra bisnis kula.”

“Hm, nitik anggonmu caturan karo dheweke, sajake Kampana tau duwe sesambungan mirunggan karo kulawargamu.”

Palindriya kecipuhan. Kandhane, “Waleh-waleh menapa, sejatosipun Kampana menika sampun nate kula jodhokaken kaliyan gendhuk Sekarniti. Nanging gendhuk mopo mboten purun nglampahi.”

“Sampeyan ketinggalan jaman, Pak. Iki jaman modern, jaman maju. Jaman internet. Jamane facebook, twitter lan sapanunggalane.Wis dudu wayahe maneh njodhok-njodhokake anak. Kuna kuwi. Iya nek anakmu tresna, lha nek ora? Apa sampeyan ora mesakake marang kesiksane batine anakmu?” kandhane Amongdenta reka-reka tutur.

“Kajeng kula badhe madosaken kamulyaning anak, ning jebul yoga kula mboten ulap dhateng bandha donya,” Palindriya mangsuli lirih.

“Nah, kuwi tandhane yen kamulyan mono ora bisa dituku, ora bisa diukur nganggo akeh thithike bandha. Kaya piwulange para winasis lumantar tembang Asmarandana kae. Gegarane wong akrami dudu bandha dudu rupa, amung ati pawitane. Banjur dipungkasi nganggo tetembungan: tan kena tinambak arta. Tegese katresnan mono ora bisa diregani nganggo dhuwit.”

Palindriya ora tumanggap. Nanging ing teleng atine tuwuh pletiking geni pangarep-arep Sekarniti tinarbuka atine sawise ketemu maneh karo Kampana. Yen Sekarniti gelem nampa panglamare Darpita sing satemene ora ditresnani, geneya saiki dheweke ora gelem nampa sih tresnane Kampana? Apa maneh Risang, priya sing biyen njalari anake emoh di-jodhokake karo Kampana,wistumekaning pati. Mula anggone Palindriya ngongkon Kampana nggoleki Sekarniti mau pamrihe supaya dheweke bisa sapejagong kanthi omber karo anake wadon. Sapa ngerti sawise ketemu maneh karo Kampana sikepe Sekarniti ora atos kaya sawatara taun kepungkur.

Amongdenta wira-wiri karo mbanda tangan. Kala-kala sedhakep, ora suwe ngono banjur malangkerik. Sedhela-sedhela ndeleng arlojine kanthi goreh. Praupane sing maune bingar saiki katon butheg. Nyedhaki lungguhe Setyawan, Amongdenta celathu lirih, “Dhik, iki kari ngenteni Sarni lan Markani. Nek Sarni ngakoni menawa dheweke sing nyepakake gegaman marang Palindriya, berarti teoriku menawa Palindriya durjanane bener. Ning nek pranyata Markani sing mateni Darpita, berarti analisismu pratitis.”

“Iya, Mas. Ning becike ditunggu wae dhisik apa sing mengko arep kedadeyan.” Lagi wae Setyawan mingkem, kesaru tekane Asmungi lan Darus sing nglarapake Sarni. Sarni dibonceng ana tengah. Tangane dikecrek memburi. Amongdenta mapag tekane andhahane loro iku karo srengen. “Ngapa ndadak diborgol barang? Ngene iki nek disawang uwong rak kurang prayoga.”

“Ngapunten, Ndhan, piyambakipun badhe mlajar. Pramila kepeksa kula borgol,” wangsulane Asmungi.

Sarni banjur digiring menyang teras, dilungguhake jejer Palindriya. Borgole diuculi. Setyawan menyat saka lungguhe. Mbisiki Komisaris Amongdenta karo mrecing-mrecing, “Mas, aku dakmenyang jedhing dhisik ya. Selak ora kuwat ngempet nguyuh.”

“Wah, kowe ki kaya wong anyang-anyangen wae ta, Dhik. Angger neng kene kok mesthi beser ha ha ha…,” Amongdenta kepeksa ngguyu ndulu polatane Setyawan sing mrecang-mrecing katon lucu.

Mungkur Setyawan, Amongdenta nggeret kursi menyang sangarepe Palindriya lan Sarni. Juari tanggap. Dheweke banjur njejeri komandhane karo ngetokake notes lan pulpen, siap nyathet keterangane Sarni sing dianggep wigati.

"Pak Sarni, ganco iki duwekmu?" pitakone Amongdenta karo nuduhake ganco sing didadekake barang bukti.

"Leres, Pak."

"Kok enggo apa ganco iki?"

"Kangge dhangir siti kebon, wingking dalemipun Ndara Palindriya."

"Gancomu keri neng omah kene. Kok sengaja?"

"Oh mboten Pak. Kula kesupen saestu. Kula saweg kemutan menawi ganco kula kentun sareng kala wingi bojo kula nyanjangi bilih wonten dhetektip ingkang tanglet-tanglet perkawis ganco kula menika."

"Wangsulanmu ngayawara! Endi ana jamake barang sing kulina dicekel kok keri ora krasa. Kowe aja waton mangsuli, aku dudu pulisi wingi sore. Anggere wani nggorohi aku, woo aja takon dosa kowe!" sereng wuwuse Amongdenta.

Sarni ndhingkluk. Disentak komandhan pulisi, atine dadi cilik. Ujare lirih, "Sejatosipun ganco menika kula titipaken Tonah."

"Sapa Tonah kuwi?"

"Semah kula."

"Kok titipne piye?"

"Kalih dinten kepengker kula dhangir siti wingking griya niku. Saweg angsal se-kedhok kaselak mendhungipun peteng sanget. Kula gegancangan wangsul awit teng nggriya saweg mepe kumbahan. Ganco lajeng kula pasrahaken bojo kula supados menawi mangke wangsul dipuncangking. Ning piyambakipun kesupen."

"Mengko dhisik, apa bojomu dadi rewange Pak Palindriya?"

"Leres, Pak."

"Apa bener ngono Pak Palin?" Amongdenta genti nyawang Palindriya. Sing ditakoni manthuk.

"Saiki bojomu neng ngendi?"

"Kalawau pamit dhateng peken krempyeng ngandhap ngrika, blanja janganan kangge kaperluwanipun Ndara Palindriya lan Den Rara Sekarniti."

Amongdenta tumoleh marang Asmungi lan Darus. Prentahe mandhes, "Golekana Tonah, jaken mrene pisan. Dheweke uga seksi ing perkara iki!"

"Siyap Ndhan!".

**(12)**

ORA suwe kaceke karo lungane Asmungi lan Darus, Murji teka ngirid Markani dalah sing wadon. Ing mburine Murji, Asro nuntun sepedhah motor sing rodhane nggedabel lendhut. Clanane Asro diwingkis sakentol. Sandhale, sing uga nggedabel lendhut, dicangking tangan kiwa karo nyekeli stir.

Sumurup Komisaris Amongdenta wis ngranti tekane ana teras, Markani ngedhap. Raine ditekuk, ora wani adu pandeng karo komandhan pulisi kecamatan kuwi. Amongdenta gedheg-gedheg. Markani lan sing wadon banjur dilungguhake kursi kothong ing sisih kiwane Sarni.

"Pak Markani, kowe sik kelingan aku?" pitakone Amongdenta anteb,wisora nganggo basan-binasan kaya nalika sapejagong wingi esuk.

"Taksih, Pak," wangsulane Markani seret karo tetep ndhingkluk. Drijine sikil uwik ana sandhal jepit tepos kang dipidak.

"Ngerti kowe dakundang mrene?"

"Ngertos Pak, sambet kaliyan kasus rajapejah kalih dinten kepengker."

“Nah, gene ki ngerti. Nek ngono saiki persojoa ae, aja ndadak mukir. Ora usah main sandiwara kaya wingi. Akonana wae, rak kowe ta jan-jane sing mateni Darpita? Kok gebug sirahe nganggo pikulanmu?”

Markani kaget. Dheweke tumenga nyawang Amongdenta, lambene njuwowos. Ucape kedher, “Sanes kula ingkang mejahi, Pak! Sumpah sanes kula,” wangsulane groyok.

“Leres Pak, sanes semah kula sing mejahi,” bojone Markani nrambul rembug, mripate wiwit prembeng-prembeng.

Amongdenta nggedrug jubin. Markani sabojone, Palindriya dalah Sarni njumbul kaget. Nanging alon-alon sirahe wong-wong mau banjur tumungkul maneh. Ora ana sing wani cemuwit, swasana sakala dadi tidhem.

“Kowe aja nyaru omonganku dhisik, Mbok! Sebab kowe uga daksujanani kembet jroning tiwase Darpita. Heh Markani, kowe aja selak. Nek kowe nggorohi pulisi sing lagi nglarah kasus, ukumanmu abot. Ning nek kowe gelem bares, mbokmenawa ukumanmu bakal luwih entheng,” celathune Amongdenta bantas.

Markani ngulu idu. Gorokane garing. Awake kemringet najan hawa ing lengkeh gunung kono isih krasa adhem. “Saestu pak pulisi, dede kula ingkang mrejaya tiyang niku. Mbok samber gelap ta nek kula goroh.”

“Yoh, ora apa-apa nek kowe selak. Ning yen anggonku golek sisik melik iki mengko kasil nemokake bukti kuwat nek satemene sing mateni Darpita iku kowe, woo aja takon dosa. Kowe sabojomu bakal kapatrapan pidana pati, sebab perkara tiwase Darpita iki dakanggep kasus rajapati kang rinancang.”

Bojone markani mingseg-mingseg. Tangane nggoyog-hoyog pupune sing lanang karo ngucap, “Wis Pake, ngaku ae timbang awake dhewe mengko diukum mati. Omonga sing sanyatane!”

Markani unjal ambegan landhung. Kandhane lirih, “Pak pulisi, estu kula mboten mejahi tiyang niku. Dospundi anggen kula mejahi wong pas jawah deres sonten nika kula saweg enten nggriya kalihan make lare-lare niki. Seksine putu kula jaler si Sokib. Sokib niku kawit cilik kula emong. Ning kula akeni bilih ingkang mendhet yatra dalah arlojinipun kurban pancen kula.”

“Geneya kok jupuk? Tumindakmu iku klebu kriminal, ngerti?!” panyentake Amongdenta.

Markani saya mengkeret. Ujare, “Kula melik dhateng bandhanipun kurban, sebab gesang kula sedinten-dintenipun tansah kekirangan. Nalika manggihaken jisim gumlethak, semah kula girap-girap. Saking ajrihipun, sukunipun semah kula ngantos lemes dhimpes mboten saged kangge mlampah. Piyambakipun lajeng kula junjung nebih, kersanipun sareh lan mulihaken tenaga.”

Markani meneng sedhela. Sawise pikirane rada tumata dheweke banjur mbacutake anggone crita: “Kula ingkang nyepeng oncor lajeng wangsul malih nyelaki jisimipun kurban. Kula coloki, eh sumerep dhompetipun kurban gumlethak watawis sameter saking jisim. Dhompetipun saking kulit, warnanipun cemeng. Dhompet lajeng kula pendhet. Sareng kula bikak, pranyata isinipun yatra tigangatus ewu taksih teles kebes kenging toya jawah. Yatrane kula kuras, dhompetipun kula tilar. Arlojinipun kurban ugi kula lucuti. Petang kula, kanthi yatra tigangatus menika kula saget leyeh-leyeh teng nggriya sepasar, mboten perlu rekaos luru rencek lan mikul kajeng dhateng peken. Sasampunipun mendhet barang-barangipun kurban, kula lajeng gigah-gigah Pak Palindriya menika. ”

“Njur kok gawe tuku apa wae dhuwit kuwi?Wiskok nggo nempur beras barang pa?”

“Oh, dereng kula ginakaken blas. Mbok ciker ta nek kula goroh. Yatranipun taksih wutuh gletuh. Lha niki napa,” ujare Markani karo rogoh-rogoh sak clana. Nglolos dhuwit eketen ewon nenem sarta arloji diwenehake marang Amongdenta. Kanthi masrahake dhuwit

lan arlojine Darpita marang pulisi, Markani duwe pengarep-arep uwal saka paukuman abot. Amongdenta ngongkon Juari nampani barang-barang mau.

"Nek ngono kowewisnggorohi aku, nggorohi penegak hukum. Awit nalika daktakoni wingi lagakmu kaya wong ora duwe dosa. Kowe malah nangis-nangis barang. Merga atiku welas, kowe daksangoni rongpuluh ewu. Huh, trembelane tenan kowe kuwi," Amondenta muring merga rumangsa dibodhoni dening Markani lan sing wadon. Markani saya ora duwe getih.

Nengah-nengahi Amondenta muntab kesaru tekane Ngisom lan Royan, pulisi reserse kang sekawit entuk prentah nggoleki Markani menyang pasar kecamatan. Bubar njagang montore ana plataran, Ngisom kusung-kusung marani Amondenta. Aweh kurmat, banjur matur.

"Lapur Ndhan, Markani dalah semahipun seg mboten sadeyan wonten peken. Kula sampun nruthuli dhateng para bakul, ning sedaya sami matur menawi dinten menika Markani mboten kesah dhateng peken. Malah bedhagipun ugi kothong. Kula sanggong ngantos siyang niki ugi mboten ketingal. Ateges pancen saestu bilih dinten menika Markani mboten sadeyan. Kejawi saking menika….."

"Cukup. Wonge wis neng kene, goblog!"

"Oh, siyap Ndhan," Ngisom plonga-plongo.

"Ju, wong papat iki gawanen menyang markas ben dipriksa penyidhik! Tumpakna dadi siji neng Kijang," Amongdenta aweh prentah marang Juari.

"Lajeng Tonah kados pundi, Ndhan? Menapa mboten prayogi dipuntengga langkung rumiyin?"

Amongdenta meneng sedhela sajak nenimbang. Nanging wusanane, "Tonah digawa keri wae. Wong ya Asro karo Murji durung teka ngene." Juari sumanggem. Dheweke nuli mrentah Palindriya, Sarni, Markani sarta bojone supaya munggah menyang bake Kijang. Nanging durung nganti wong-wong mau menyat saka kursine dumadakan….

"Tuluung….tuluung….ya Allah tuluuungg…!!"

"Swara apa kae?" Amongdenta niling-nilingake.

"Nika swantenipun yoga kula, swantenipun gendhuk Sekarniti!" ujare Palindriya semu kuwatir.

Amongdenta agahan mencolot tumuju asale swara panjerit ditutwuri Palindriya. Lakune kesusu-susu liwat njero omah. Sawatara pulisi sing isih keri ana teras uga melu gumrudug menyang mburi. Sarni, Markani lan Tumini tolah-toleh merga ditinggal gledhag ana teras.

Tekan mburi omah, Palindriya kaget nyumurupi Kampana kapidhara ana sacedhake blumbang. Raine gudras getih. Wondene Sekarniti ndhodhok ing poke wit jambu karo tawan-tawan tangis. Lengen kekarone ditutupake dhadha, kaya patrape wong lagi kadhemen.

Sumurup bapake nyusul memburi, Sekarniti gageyan menyat lan mlayu nggapyuk. "Aku wedi, Pak…..aku wedi…," sambate karo gidro-gidro. Sirahe didhusel-dhuselake ana dhadhane Palindriya. Sikile nggedrug-nggedrug lemah.

"Sareh…sareh…, iki maeng piye ta? Enek apa?" Palindriya dadi melu gupuh.

"Aku wediii…. Pokoke aku emoh…huu huu.."

"Kosik ta….kowe ki wedi karo sapa? Mbok sing cetha ta nek kandha," Palindriya ngerih-erih Sekarniti. Nanging wanita kuwi terus nangis karo gidro-gidro.

Amongdenta ora maelu Sekarniti. Dheweke gage mrepegi anggane Kampana kang asawang layon. Didemek lengene, isih anget. Nalika digrayang dhadhane, Amongdenta kaget semu was-was. Dheweke ora ngrasakake keteg jantunge nom-noman gagah iku.

"Dheweke isih urip, Mas. Prayogane enggal digawa menyang kamar kana lan cepet diupakara ben ora kasep!"

Amongdenta tumoleh marang pawongan sing mentas nyuwara.

"Lho, Dhik Setyawan! Jarene kowe mau pamit nguyuh, ning kok suwe banget ta?"

"Wis Mas, saiki dudu wancine ngrembug perkara nguyuh. Singbakuwong iki enggal ditulungi amrih nyawane ora bablas tinjo akhirat."

"Terus Kampana iki maeng geneya kok njur semaput kanthi kahanan gudras getih kaya ngene?"

"Mengko aku dakmatur. Sing wigati Kampana iki kudu cepet diupakara ben ora kedrawasan."

"Dhuuh…masalah kok ora entek-entek. He cah, gotongen wong iki. Gawanen menyang kamar ruwang tengah kana!" Amongdenta mrentah andhahane. Tumoleh marang Palindriya banjur, "Pak Palindriya, rak ora kabotan ta nek kamarmu daksilih kanggo ngupakara Kampana?"

"Oh mboten, babar pisan mboten." Anggane Kampana banjur digotong pulisi papat tumuju senthong ruwang tengah. Kabeh uga banjur ngetutake mlebu ngomah. Sekarniti isih nggujeri kenceng lengene bapake karo nangis.

"Ora suwe maneh, Mas," Setyawan sing mlaku iring-iringan karo Amondenta bisik-bisik.

"Apane sing ora suwe maneh, Dhik?" Amongdenta ngendhegake jangkahe. Mripate mandeng tajem marang Setyawan.

"Durjanane, durjanane wis ketemu!"

**(13)**

SAWISE kandha marang Amongdenta yen arep menyang pekiwan, Dhetektip Setyawan banjur mlebu ngomah. Nyabrangi ruwang tamu kang bawera banjur anjog ana ruwang tengah. Swasana ing ruwang tengah iku isih krasa singup, kaya dhek nalika dileboni wingi esuk. Setyawan ora bablas menyang jedhing, nanging mindhik-mindhik nyaketi kamar nomer loro ing iring tengen, kamare Sekarniti. Kupinge dipepetake lawang, nanging dheweke ora krungu swara apa-apa.

Alon-alon lawang iku dithothog, ewadene ora ana tanggapan saka njaro. Tangane Setyawan banjur ngranggeh selot lan diputer kanthi ngati-ati amrih ora nuwuhake swara. Jeklek, lawang kamare Sekarniti menga. Senthong iku suwung, mung gandane wewangen kamar sing mapag irunge Setyawan.

Kamare Sekarniti amba, dhipane gedhe. Ginawe saka kayu jati mawa ukiran ngrungit nggon perangan sirah. Spreine kasur werna jambon mawa corak kembang-kembang, jumbuh karo rupane sawale bantal lan guling. Sok mengkonowa ora tinemu barang mbejaji ing njero kamar kuwi kejaba lemari, kursi cilik lan meja riyas mawa pengilon lonjong endhog.

Setyawan jumangkah mlebu. Sing diparani dhisik meja paes. Ana kothak cilik wadhahe piranti ngadi sarira tumumpang ana kono. Setyawan banjur ngorak-arik isining kothak riyas iku kaya lagi nggoleki sawijining barang. Merga ora nemokake apa sing digoleki, Setyawan ganti maspadakake panggonan liya.

Sikile jumangkah marani lemari. Lawange dibukak, engsele nyuwara kemriyet. Jebul iku lemari gantung. Isine sandhangane Sekarniti. Gandane kapur barus nduleg irung. Ing rak ndhuwur, Setyawan sumurup kapsul winadhahan cupu plastik. Mripate ngriyip. Cupu iku nuli dijupuk banjur diiling-ilingi isine. Karo ngliling cupu bathuke Setyawan njeruk purut ketara yen lagi mikir. Wekasane cupu iku diblesegake menyang sake jaket.

Sawise ngenep lemari, Setyawan metu saka kamar. Ora lali lawang kamar iku ditutup rapet kaya sekawit. Setyawan banjur jumangkah tumuju pawon liwat lawang iring tengen. Pranyata pawone uga sepi. Tonah, sing jam yahmono wingiwiscethik geni ngecom wedang, esuk iki durung katon irunge. Nanging lamat-lamat kupinge Setyawan

nangkep swarane wong caturan saka mburi omah. Swarane ora pati banter nanging keprungu nggekeng, kaya wong kang lagi udur-uduran.

Setyawan age-age nylingker menyang samburine lawang butulan, lawang kang ngubungake antarane pawon karo pekarangan mburi. Saka saselane lawang, dhetektip iku banjur inceng-inceng menjaba. Dheweke sumurup Kampana lagi caturan serius klawan Sekarniti ing sapinggire blumbang. Anggone caturan karo ngadeg. Nadyan ora nganti bengok-bengok nanging Setyawan ngerti yen wong loro mauwisjroning tataran setengah padu.

“Niti, Risangwismati. Darpita, calon bojomu uga tiwas. Yagene kowe panggah ora gelemnampasihing tresnaku? Delengen, uripku saikiwismapan. Aku bisa nyuwargakne uripmu. Nek aku kok tampik, terus wong lanang piye sing arep kok goleki, Sekarniti?” Kampana ndheseg.

“Aku ora tresna karo kowe!,” wangsulane Sekarniti sengol karo mlengos ngung-kurake Kampana.

“Ah, tresna,” Kampana ngguyu ngece. “Tresna bisa thukul sinambi mlaku, Niti.”

“Tumrapku ora ngono, sebab wong bebojowan tanpa linandhesan tresna, batine bakal kesiksa. Uripe garing, kaya iwak kasatan banyu.”

“Kuwi teorine, wong ayu. Prakteke, saben wanita mesthi butuh materi. Apa wong rabi mono mung arep mangan tresna? Kowe wis diwasa Niti, ora samesthine nduweni panemu sing ciyut kaya ngono. Panemu sing kaya ngono kuwi pantese mung kanggo prawan-prawan sumengit sing lagi dicedhaki jaka. Kowe mbok aja kebangeten ta, Niti. Kene ta nye-dhaka mrene, mosok diparani adoh-adoh kok trima diwenehi geger,” celathune Kampana. Tangane kumlawe ngranggeh ugel-ugele Sekarniti nanging dikipatake.

“Kampana, kowe aja kurang ajar!” wuwuse Sekarniti sereng. Mripate ladak. Nanging sing disentak mung cengar-cengir.

“Sekarniti, apa kowe ora rumangsa nek seprana-seprene dakkangeni? Patang taun lho, Niti. Patang taun lawase pangrasa iku dakampet. Anggere kowe galak ngono kuwi aku malah saya gumreget lho,” Kampana saya nggrathil. Tangane megar nedya ngrayuk bangkekane Sekarniti.

Wanita iku nggiwar, karepe arep mlayu. Nanging jangkahe Sekarniti kepengkok blumbang. Dheweke kepepet. Bangkekane kang nawon kemit kasil diasut lan disikep kenceng saka mburi. Kampana ngambungi rambute Sekarniti kanthi adreng. Sekarniti bekah-bekuh. Sikile kroncalan nyepak-nyepak memburi, tangane nyoba mrengkang lengene Kampana sing nggubet wetenge.

“Uh, kowe aja ugal-ugalan. Culna tanganmu! Aku njerit lho….”

“Njerita nek kepengin kewirangan. Neng ngarep kana akeh pulisi. Nek kowe njerit wong-wong kae bakal mara mrene. Nanging aku ora wedi sebab bapakmu wis menehi palilah marang aku supaya nambal atine anake sing mentas ditinggal mati dening calon bojone. Ngertiya,wisora ana maneh sing bisa mepalangi anggonku darbe karep mengku kowe, Niti. Sebab calon bojomu wis dak untabake menyang akherat!”

“Hah! Yen ngono kowe durjanane?”

“Yen iya kowe arep ngapa,” swarane Kampana ing antarane ambegane sing ngos-ngosan. Panyikepe saya kenceng. Pupune diuseg-usegake menyang pupune Sekarniti, tangane grayang-grayang.

Setyawan sing nyawang saparipolahe Kampana saka walike lawang pawon meh wae tumandang nalika dumadakan lawang gubug papan cumondhoke Jana kemriyet menga. Pawongan cacad iku mlaku rikat kecincug-kencingcug. Tangane kiwa ngempit kruk, dene sing tengen nyekel penthung awangun gilig. Setyawan kaget. Tangane Jana sing wingi katon keple kuwi jebul isih bisa kanggo nggawa penthung kanthirosa.

Tanpa angkan-angkan penthunge Jana sumiyut ngepruk pilingane Kampana sing wis kapanjingan iblis iku sakayange. Kampana njerit kelaran. Pangrukete uwal. Saka sirahe nom-noman bregas iku ndlewer getih waras. Panone sumrepet. Kampana nyoba nggoleki pawongan sing mentas menthung mau nanging sirahe krasa nggliyeng. Kaya wong setanen, Jana terus nggebug-nggebugake penthunge menyang sirahe Kampana tanpa mandheg. Raine Kampana sasat adus getih. Tangane Kampana sraweyan nangkis penthunge Jana sabisane. Nanging tanpa guna, penthung kuwi terus nitir sirahe Kampana.

Kampana gloyoran, pandulune saya klemun-klemun. Bareng Kampana ambruk tanpa daya, pangamuke Jana lagi leren. Ujug-ujug Jana nglukar sandhangan gedhomboran sing sasuwene iki kanggo nyingidake rupaning rai. Setyawan sumlengeren. Praupane Jana rusak banget. Mripate cumplung sesisih, irunge gruwung, lambene sisih ndhuwur gripis, untune njepat, rambute gundhul brul. Kulit sirah engga dhadha nglongkop, kaya tilase tatu kobong. Rupane nggegilani. Pawongan iku luwih trep disebut monster tinimbang manungsa. Jana nyingkap sandhangane nggon perangan weteng banjur dipepetake menyang mripate Kampana sing wisketutupan getih. Kampana njola pindha weruh blegere banaspati. Tangane tuding-tuding raine Jana, nanging cangkeme angel kanggo mbengok.

"Kek…kok…kowe….oh…."

Bres! Sepisan maneh penthunge Jana sumiyut ngantem raine Kampana sarosane. Nom-noman perlente iku ora obah. Jana banjur kecincug-kecincug bali mlebu gubug. Karo mlaku dheweke isih kober ngelapi getihe Kampana kang nyiprati tangan lan awake. Bareng Jana wis diuntal lawange gubug, Sekarniti sing ndhodhok kamiweden ana sangisore wit jambu kaya ginugah. Sanalika dheweke njerit.

"Tuluung….tuluung….ya Allah tuluuungg…!!"

Ora let suwe keprungu swara gumrudug saka ngarep. Setyawan, sing sejatine ora kebelet nguyuh, tetep ngadeg ana mburi lawang. Amongdenta lan Palindriya teka disusul anggota pulisi nenem. Wong-wong mau ora nggatekake Setyawan kang amping-ampingan lawang pawon. Setyawan banjur marani Amongdenta sing jengkeng lan nggrayangi dhadhane Kampana.

***

Anggane Kampana diturokake ana kamare Palindriya. Dheweke isih semaput. Amongdenta banjur matah salah sijine andhahan kinen nyusul dokter menyang Puskesmas. Mbaka siji wong-wong sing sekawit ngrubung Kampana ing kamare Palindriya kono banjur metu lan bali menyang teras, klebu Amongdenta lan Setyawan. Palindriya dhewe wekasane uga nyusul menyang emper sawise Kampana katon anteng lan tumata ambegane. Wondene Sekarniti wis ndhisiki mlayu mlebu kamare dhewe lan dikunci saka njero.

"Piye Dhik, terus sapa durjanane? Palindriya, Markani apa Sarni?" pitakone Amongdenta ora sabar.

"Sareh, Mas. Sadurunge mangsuli pitakon penjenengan aku ganti takon luwih dhisik. Apa aku isih dikanggokake ing kasus iki?"

"Lho, ya isih ta."

"Mas Among isih percaya aku?"

"Geneya kowe ndadak takon ngono barang? Aku sik percaya karo kowe, Dhik."

"Nek ngono ngutusa sawatara anak buwah penjenengan kanggo nangkep Jana alias Risang Ragutama. Dheweke durjana sing merjaya Darpita lan sing mentas munasika Kampana!"

Amongdenta kaget, Palindriya njondhil. Juari pandeng-pandengan karo Loso.

"Piye ta Dhik? Jana eh Risang iku sapa?" Amongdenta bingung.

"Dheweke rewa-rewa dadi abdine Pak Palindriya. Manggone neng gudhang abragan mburi omah kana. Mengko wae tak genahne. Saiki sing baku penjenengan utusan anggota

luwih ka loro kanggo ngrangket Jana. Awit nadyan cacad ning dheweke iku mbebayani. Tenagane isihrosa!"

Karo isih setengah bingung Amongdenta mrentah Juari, Loso, Asro lan Murji supaya nangkep Jana. Ora kaya sing dibayangake Setyawan, nalika dicekel Jana ora niyat bangga. Dheweke pasrah bongkokan.

**(14)**

SRENGENGE manjer sagenter nalika kendharaane Setyawan menggok menyang platarane Markas Kapulisen Sektor Sendhang. Sawise njagang sepedhah motore ana nggon parkiran, priya pakulitan pucet kuwi banjur jumangkah tumuju kantor. Weruh kledhange Dhetektip Setyawan, pulisi piket cacah loro agahan ngadeg. Pulisi-pulisi iku isih enom banget, umur-umurane sangisore umure Setyawan. Mbokmenawa lelorone iku mentas lulus pendhidhikan banjur dimagangake ing kantor pulisi kecamatan kono.

"Sampun dipuntengga komandhan, Mas. Mangga langsung kemawon," ujare salah sijine pulisi jaga iku semanak lan trapsila.

"Maturnuwun," wangsulane Setyawan karo mesem.

Setyawan bablas marani ruwangane Komisaris Amongdenta. Ruwang kerjane Amongdenta tutupan. Sawise nothog kaping pindho, Setyawan banjur nduwa lawange. Weruh Setyawan mecungul, Amongdenta sing lagi ketungkul neken tumpukan berkas mlengeh amba. Dheweke agahan ngadeg lan gita-gita mapag tamune.

"Lhaa….iki apa sing dakantu-antu. Mangga Dhik, kene lenggah kene! Piye, rak ya padha waras ta?" pambagene Amongdenta karo ngathungake tangan ngajak salaman.

"Pangestune Mas Amongdenta, aku sehat-sehat ae," wangsulane Setyawan nampani tangane Amongdenta.

"Pengin ngunjuk apa? Kopi, teh, wedang jahe apa jeruk anget?"

"Walah, kok nganti kaya tamu agung wae ndadak ditari werna-werna. Teh anget ae, Mas."

"Oke. Entenana sedhela."

Amongdenta banjur mijet tombole piranti elektronik saemper remote control kang gumlethak ana mejane. Ora let suwe pulisi nom-noman ajudane Amongdenta marak kanthi gita-gita.

"Siyap Ndhan, wonten dhawuh?"

"Pur, pesena teh anget loro menyang kantin. Karo gorengan apa ta apa kono. Tape goreng, ote-ote utawa gedhang goreng ya kena!"

"Siyap!"

Setyawan kober namatake ruwang kerjane Amongdenta. Ruwangane ora sapiraa jembar nanging tumata. Isen-isene ruwangan saupleg iku mung meja kerjane Amongdenta, kursi sudhut rupa ijo enom lan lemari kaca isi buku. Ora gantalan suwe pesenane Amongdenta teka, diladekake dening ibu sing dodol ana kantin. Teh anget rong gelas sarta tape goreng sing uga isih manget-manget. Pas kanggo ngganjel weteng ing swasana esuk kang isih adhem.

"Piye Mas, ana parigawe apa dene penjenengan nimbali aku? Apa ana kasus maneh?" pitakone Setyawan sawise anggone padha abang-abang lambe lan anggone ngrahabi suguhan dianggep cukup.

Amongdenta mesem karo gedheg. Sawise nyruput wedange, perwira pulisi sing nyandhang pangkat melathi siji iku celathu, "Dongakna aja nganti ana rajapati maneh, wong sing wingi wae wis marahi sirahku puyeng kok. Tujune kowe bisa mbiyantu ngudhari wewadining rajapati kae, saengga durjanane bisa dirangket ing wektu kurang saka 48 jam. Ngene Dhik, anane kowe dakundang mrene iki merga terus terang aku isih penasaran. Piye caramu nemtokake yen Jana ya Risang Ragutama kae durjana sing merjaya Darpita?"

Setyawan meneng sedhela. Banjur, “Sejatine rumit mas. Ning rahayune Gusti nuntun aku kanggo nemokake durjanane.”

“Coba critakna purwa, madya lan wusanane ben aku mudheng.”

“Cumondhoke pawongan cacad sing ngaku aran Jana neng daleme Pak Palindriya wiwit mula wis narik kawigatenku. Ketambahan anane crita saka penjenengan bab kumarane Rebeca Naurin sing jarene klambrangan neng gedhong bongkor tilase pabrik teh. Manut katrangane Tonah, Jana cumondhok ana Widarakandhang wiwit setaun sadurunge rajapati kuwi kedadeyan. Lan manut ngendikane Mas Among, gothek bab kumarane Naurin sing klambrangan uga rame setaun pungkasan iki. Dudutanku, Jana lan kumara klambrangan iku mesthi ana hubungane.”

“Wah, kowe kok malah ngrembug masalah dhemit iku maneh ta Dhik.”

“Tengah wengi, ngepasi rembulan purnamasidi aku nekad mlebu menyang gedhong kuna kuwi.”

“Heh, edan kowe Dhik! Terus piye?”

“Swara tangis tengah wengi sing dikojahake wong-wong kae ora ngayawara. Tegese swara tangis iku pancen ana tenan. Aku mrangguli dhewe!”

“Wah…wah…sembrana kowe Dhik. Apa kowe ora wedi nek ditekak dhemite Rebeca?” Amongdenta gedheg-gedheg.

“He he he…sing nangis neng njero gedhong kuna kuwi dudu dhemit, Mas. Ning ya Risang Ragutama alias Jana kuwi.”

“Lho, dadi…?”

“Bener. Saploke anggane rusak, Risang sedhih banget. Dheweke kaya-kaya ora bisa nrima kahanane sing sekawit manungsa normal banjur malih dadi cacad kaya ngono. Ora mung cacad, anggane Risang uga rusak. Uripe prasasat tanpa guna, pangarep-arepe pepes. Mula kanggo nyuntak panandhange ati, dheweke asring nangis ijen neng njero gubuge utawa neng gedhong bongkor. Mbokmenawa nek ora ana sing diboti neng donya iki, Risangwisnglalu wingi-wingi.”

“Oo, ya ya mudheng aku saiki. Dheweke ngeboti Sekarniti, katresnane kuwi ta?”

“Bener Mas. Nadyan anggane wis rusak kaya ngono, Risang isih tansah kepengin cecaketan karo Sekarniti. Ning ya kuwi, dheweke mung bisa nyawang nanging ora bisa nyandhing. Saking tresnane, Risang ora rila nek Sekarniti nganti dipek dening wong lanang liya. Mula dheweke banjur nekad mrejaya Darpita amrih pegawe pajeg kuwi ora sida ngrabi Sekarniti. Malah upama ora enggal ketulungan, nasibe Kampana bisa uga padha karo nasibe Darpita.”

“Mengko dhisik, piye anggonmu nemtokake menawa setan ing gedhong kuna kuwi sejatine Risang?”

“Awane, ya nalika penjenengan tindak merga ditimbali Kapolres kae, aku kongkonan Sekarniti menehake kapsul marang Jana. Kapsule winadhahan cupu. Syarate anggone menehake kapsul mau kudu wanci tengah wengi, ngepasi rembulan purnama sidi. Sekarniti gelem. Nanging nalika bengine Sekarniti mara tenan, gubuge Jana pinuju suwung. Rehne sing digoleki ora ana, Sekarniti arep bali mlebu ngomah. Ning wurung merga dheweke krungu swarane wong caturan lanang wadon neng kebon mburi. Bareng didingkik jebul iku swarana Pak Palin karo Tonah.”

“Kok gubuge Jana suwung? Menyang ngendi dheweke wektu kuwi?”

“Aku mau rak wis matur, pendhak rembulan purnasidi dheweke ajeg menyang gedhong bongkor saperlu nyuntak panandhange, nangisi uripe sing kaningaya. Geneya milih gedhong bongkor? Awit neng kono Jana bisa nangis sakatoge utawa mbegok sakayange, ora samar dirungu wong liya. Upamaa ana sing krungu, mesthi ora wani nyedhak merga gedhong rusak iku kawentar angker. Nah, wengi kuwi Sekarniti wurung ketemu Jana merga dheweke pancen lagi neng gedhong kuna.”

“Kowe kok ngerti nek kapsulmu durung diwenehake marang Jana?”

“Wektu aku pamit arep pipis kae, aku kober nggledhah kamare Sekarniti nggoleki kapsul pawewehku. Tetela kapsule isih wutuh. Ateges pancen durung diwenehake marang Jana tenan. Mula dudutanku saya kuwat nek Jana iku satemene ya pawongan sing daktemoni nalika ana gedhong kuna.”

“Jan-jane obat apa ta sing kok wenehake marang Sekarniti kuwi, Dhik?”

“Marang Sekarniti aku kandha menawa kapsul kuwi obat ajaib sing mujarab banget. Lire nek anggone menehake wanci tengah wengi kebener purnamsidi, bakal ndayani pawongan sing nandhang cacad bisa bali bregas maneh. Ning sejatine kuwi ya mung kapsul obat flu biasa anggonku tuku neng apotik Kediri kana.”

“Kok kowe yakin nek Risang durung mati. Mangka dheweke wis dinyatakake tinggal donya merga kacilakan rong taun kepungkur,” Amongdenta isih penasaran.

“Ngene, nalika aku entuk klipingane Warta Bawana saka Sekarniti ngenani pawarta kacilakan neng Selareja, aku banjur mara menyang kantor perwakilane koran kuwi. Kantor birone mapan ana kutha Tulungagung kana, cedhak karo stadion Rejoagung. Kebeneran aku tepung becik karo Satrugna, kepala birone. Dheweke kuwi mitra raketku, adhik kelasku neng SMP. Aku banjur mbiyaki arsipe Warta Bawana, nggoleki bacute pawarta neng klipingan kuwi ing edisi tanggal 23 Juli 2008. Jebul ing edisi candhake mau ana pawarta yen kulawargane Risangwis ikhlasnampa kanyatan. Mula kunarpa sing kobong mau banjur digawa mulih tanpa ndadak ngenteni diotopsi luwih dhisik. Dhoktere ngidini. Pulisine ya ora kabotan yen jisim sing wis pereng iku dijupuk dening kulawargane. Ning ing koran mau aku uga nemokake berita yen mbeneri dina kuwi ana bocah lapur menyang Polsek Ngantang merga kelangan bapake. Arane bapake sing ora mulih mau Salamun. Beritane mung sakolom cilik, ning narik kawigatenku. Aku sujana aja-aja sing dinyatakake tiwas jroning kacilakan mau dudu Risang, nanging si Salamun iki.”

Amongdenta manggut-manggut. Batine ngalembana marang setitine Setyawan. Dumadakan Amongdenta ndengegek, kaya eling marang sawijining bab.

“Lho, Satrugna iku rak klebu rombongane wartawan sing munggah menyang Widarakandhang nalika ana rajapati kae ta? Aku ya tepung kok karo bocah kuwi wong kalamangsane sok jebas-jebus golek berita nganti tekan kene barang. Nek ngono apa kowe sing aweh kabar marang dheweke, Dhik?”

Setyawan mlengeh. “Bener, Mas. Sadurunge munggah menyang Widarakandhang subuh kae, aku pancen kober nge-sem es Satrugna. Dheweke dakakon ngajak kanca-kancane ngliput rajapati neng Widarakandhang.”

“Oo… pantes wae wartawan-wartawan mau padha gumrudug munggah lha wong jebule wis kok kabari ngono, Dhik.”

“Kuwi klebu strategiku kanggo ngudhari wewadine rajapati, Mas. Nek pawarta rajapati mau di-blow-up dening media massa, paraga sing duwe kepentingan klawan kasus kasebut mesthi bakal kepancing munggah menyang pereng Wilis. Nyatane pethekku ora mleset.”

“Sapa paraga sing kok karepake?”

“Sapa maneh yen dudu Kampana.”

**(15)**

Oo… saiki aku kelingan. Esuk kae sadurunge Kampana teka, daksawang kowe bola-bali nginguk arlojimu wae. Jebul pancen ana sing kokantu-antu ta, Dhik?”

“Wektu kuwi sejatine aku rada panik, Mas. Awit pawitanku ya mung spekulasi adhedhasar berita-berita sing, aku yakin,wisdipacak mediamassa. Saupama Kampana ora kepancing munggah menyang Widarakandhang, mbokmenawa anggonku miyak wewadining rajapati iki bakal cabar. Mula tekane Kampana menyang omahe Palindriya njalari

keyakinanku nek rajapati iku ana sambung rapete karo perkara asmara saya kandel. Sing maune mung seket persen dadi satus persen."

"Nek ngono wiwit mula kowe wis nyujanani Jana?"

"Bener Mas. Dheweke siji-sijine pawongan sing daksujanani."

"Ning yagene kowe uga ndadak nyujanani Markani minangka pawongan sing merjaya Darpita?"

"Satemene Markani ora klebu pawongan sing daksujanani, Mas. Anane aku setengah mrentah Mas Amongdenta supaya utusan ngrangket Markani kuwi sejatine mung dhapur kanggo ngulur wektu wae."

"Lho, ngulur wektu piye?"

"Rikala teka neng daleme Pak Palindriya ing dina kapindho, aku sumurup Mas Amongdentawisngrangket Pak Palin daya-daya arep digawa menyang markas. Aku gupuh banget, sebab nek nganti pulisi wis lunga saka omahe Pak Palindriya njur pawongan sing dakantu-antu mau teka tenan, aku rak wis ora duwe bala. Upama mengkone ana apa-apa njur sapa sing arep ngrewangi aku? Mula kekarepane Mas Among nggawa Pak Palin lan Sarni menyang markas dak candhet luwih dhisik kanthi rewa-rewa aku sujana marang Markani. Ning nyatane Markani rak ya kesangkut jroning kasus iki pisan ta mas, nadyan pasal pidana sing dienggo njiret dheweke beda karo Risang?"

"Weh..weh…lantip tenan kowe, Dhik. Terus apa sing njalari kowe tambah yakin nek sing singidan ing walike sandhangan sarwa gedhomboran kae sejatine Risang Ragutama kang sesinglon kanthi aran Jana?"

"Jan-jane ora sengaja, Mas. Sawise nggebugi Kampana nganggo penthunge, Jana banjur nyilakake penganggone pernah nggon weteng. Wetenge Jana terus dipepetake menyang mripate Kampana kang wis lempe-lempe tanpa daya. Kampana ketara kaget banget. Miturut pandugaku, kagete Kampana mau ora kok merga dheweke wedi karo raine Jana sing pancen medeni, ning merga weruh tandha mirunggan neng wetenge Jana. Lan tandha mau wis nate diweruhi dening Kampana. Jebul temenan, neng wetenge Jana iku ana toh gedhe bunder ngluwengi wudel. Toh iku isih cetha sinawang sebab kulite Risang sing nglongkop tatu kobong iku rak mung perangan sirah engga dhadha. Mula Kampana kaget kepati awit pawongan sing sasuwene iki wis dianggep mati pranyata isih meger-meger."

"Hmm…ora mokal nek Risang banjur ngigit-igit banget marang Kampana ya Dhik sebab nom-noman bregas iku tau ngrenah patine. Sajake kanthi nuduhake toh iku marang Kampana, Risang kepengin mbengok menawa dheweke durung mati kaya sing dikarepake Kampana," Amongdenta negesi.

"Kejaba ngigit-igit, Risang uga muntab sumurup pakartine Kampana kang arep kurang ajar marang Sekarniti, katresnan sing dilabuhi nganti kelara-lara kaya ngono. Mula dheweke kaya entuk kalodhangan kanggo nyuntak kesumat sing sasuwene iki tansah ngobong dhadhane. Ora mokal menawa anggone nggebugi Kampana jan kaya wong setanen kae."

"Hhh… perkara katresnan bisa njalari menungsa melik nggendhong lali ya Dhik, klebu tega marang patine kanca dhewe," Amongdenta nggresah. Bacute, "Ning apa Sekarniti kira-kira weruh nek Jana sing wis setaunan cumondhok ana gubug mburi omah kae sejatine Risang Ragutama, kekasihe biyen?"

"Aku ora ngerti Mas. Upama jroning setaun kuwi Sekarniti ora ngerti nek kekasihe manggon saomah, saora-orane akhire dheweke mesthi ngerti nalika ana kedadeyan neng pekarangan mburi omah kae. Sebab nalika Jana nyilakake penganggone kanggo nuduhake toh marang Kampana, Sekarniti uga pas ana papan kono."

"Kuwi nek sadurunge rupane rusak biyen Risang uga tau ngliga busana neng ngarepe Sekarniti," saute Amongdenta kasusul guyune.

"Ning sejatine aku kober sangga runggi karo Pak Palindriya lho, Mas?"

“Karepmu?”

“Sebab nek disawang sakeplasan rak ora ngetarani ta nek dheweke kuwi sejatine wong sugih? Omahe katon prasaja. Lire, senadyan njenggarang ning loji sing dienggoni Pak Palin iku katon mbladhus, temboke ora tau dipupuri cet. Njerone uga sasat tanpa prabotan sing mbejaji. Ning kok bisa ya dheweke duwe tunggakan pajeg nganti semono gedhene? Gedhe ning tunggakan pajeg iku rak mertandhani nek sejatine Pak Palin mono dhuwite akeh?”

“Walah, Dhik, mandak dhuwit ora ngerik wae kok. Patrap sing kaya ngono kuwi asring dadi modhuse pengusaha kanggo nginggati tagihan pajeg. Dhuwite ditumpuk neng bank, kepara ana sing diungsekne neng bank luwar negri barang. Kosok balen karo penampilan sedina-dinane sing katon kere. Ya kaya Palindriya iku.”

Sawatara menit ruwangan amem. Sing keprungu mung kumrengsenge swara AC sing disetel ing suhu 25 derajat. Amongdenta lan Setyawan ora ana sing guneman, kaya-kaya lagi kentir ing pikirane dhewe-dhewe.

“Saiki ganti aku sing arep nyuwun pirsa, Mas. Kayangapa pangakuwane Risang marang penyidhik ngenani kacilakan nggegirisi sing tau dialami, ngenger ing daleme Pak Palindriya, engga wekasane dheweke merjaya Darpita,” Setyawan mecah kasepen.

“Oh kena, kena. Tunggunen sedhela!”

Komisaris Amongdenta bali mijet tombole piranti elektronik kang gumlethak ana mejane. Bripda Purnanto, ajudane, gita-gita marak.

“Wonten dhawuh, Ndhan?”

“Pur, tulung timbalana Juari supaya ngadhep aku saiki uga. Kongkonen nggawa BAP-ne Risang Ragutama pisan!”

“Siyap!”

Sing diprentah gage njranthal menyang ruwangane Juari. Ruwangane Juari kapernah rada mburi, sebab unit reserse kriminal pancen manggon ana gedhong sisih mburi. Unite Juari kaapit dening unit Sabara, unit Lalulintas lan unit Intelijen. Saka ruwangane Amongdenta menyang unit-unit mau keletan plataran cilik sing saben esuk lan sore kanggo apel anggota. Yen wanci bengi plataran iku sok digunakake kanggo olahraga badminton utawa ping pong dening anggota pulisi sing entuk giliran dhines bengi.

Ora watara suwe Juari mara menyang ruwangane Amongdenta karo nyangking bendhelan berkas berita acara pemeriksaan utawa asring dicekak BAP. Amongdenta mrentah Juari supaya terus wae mlebu. Weruh Setyawan wis lungguh ana ruwangane komandhan, Juari langsung mlengeh amba.

“Welha ana Mas Setyawan ta iki mau.Wissuwe rawuhe, Mas?” pitakone Juari grapyak karo ngajak salaman.

“Wis rada sawetara, Mas Ju.”

“Piye kabare Mas Setyawan?”

“Alhamdulillah padha waras, Mas.”

“Ju, Dhik Setyawan iki kepengin ngerti lelakone Risang wiwit dheweke ngalami kacilakan, ngenger ana omahe Palindriya engga wekasane merjaya Darpita. Mula BAP-ne Risang daksilih sedhela ben diwaca Dhik Setyawan. Sisan gawe kareben Dhik Setyawan luwih mudheng marang babaring lelakon iki. Kono wenehna Dhik Setyawan!”

“Siyap Ndhan!” Karo ngulungake BAP marang Setyawan, Juari celathu, “Iki Mas, kanthi senenging ati BAP-ne Risang daksilihake sampeyan. Aku maturnuwun banget dene sampeyan wis mbiyantu tugase pulisi, mligine tugasku, jroning miyak rajapati ing Widarakandhang. Nek ora ana sampeyan aku wiskliru nyekel uwong sing ora luput. Mangka wisana adagium sing nyebutake menawa luwih becik ngluwari wong luput cacah sepuluh tinimbang ngrangket wong siji nanging wong kuwi ora luput.”

"Ah, aku mung saderma urun panemu wae kok Mas. Sing kudune entuk pangalemabana saka ndhuwuran ya Mas Amongdenta karo njenengan iki," ujare Setyawan anoraga.

"Pulisi ora melik pangalembana kok Mas, karang nglarah rajapati ngene iki klebu salah sijine tugase," celathune Juari.

BAP-ne Risang cukup kandel, cacahe nganti meh 100 kaca. BAP iku wis dibendhel rapi, samake dirangkepi mika. BAP sing disilihake Setyawan iku mujudake master utawa cetakan asli saka komputer lan disimpen dadi dhokumene penyidhik. Wondene fotocopyanewis dilimpahake marang jeksa penuntut umum sartawis diproses engga pengadilan. Sawise menehake BAP marang Setyawan, Juari banjur pamit bali menyang ruwangane dhewe saperlu nerusake pegaweyane.

"Mas Among, nek ana keparengmu aku nyilih ruwangan iki kanggo maca BAP sing cukup kandel iki," kandhane Setyawan.

"Uwislah, pokoke kepenakna anggonmu manggon neng ruwanganku kene. Aja sungkan-sungkan. Arepa sedina sewengi ya oleh kok, kebeneran dina iki aku pas ora ana acara," ujare Amongdenta guyon. Banjur, "Kepriyea wae aku kepotangan budi karo kowe Dhik, tanpa kowe mbokmenawa aku bakal kliru nyekel uwong. Kliru midana pawongan sing ora luput kuwi dosane gedhe banget."

"Ora Mas, sangertiku nalika awake dhewe neng Widarakandhang kae Risang ora tau guneman babar pisan. Kok pangakuwane bisa samene kandele? Kepriye carane penyidhik kanggo meksa supaya dheweke gelem ngomong?"

"Kowe ngerti geneya Jana utawa Risang kuwi ora tau guneman? Sebab sawise ngalami kacilakan swarane dadi bindheng, mbokmenawa irung lan gurunge rusak. Mesakake. Ning pulisi ora tau meksa supaya dheweke ngomong kok, Dhik. Keterangane Risang kang kaimpun neng njero BAP iki kajupuk kanthi wawancara tinulis. Poin-poin pitakonane katulis ana komputere penyidhik lan dheweke banjur nulis jawabane ing komputer iku uga."

Setyawan manggut-manggut. Tangane wiwit mbukak kaca sepisan…..

**(16)**

TEPUNGKU klawan Sekarniti wis cukup suwe. Trepe nalika aku lan dheweke isih padha-padha lungguh bangku pamulangan ing SMA Kalangbret. Apa maneh kawit kelas I nganti kelas III aku lan dheweke ajeg nunggal kelas. Kelas IPA. Nalika semana dheweke kos ana daleme Pak Lurah Hadi Manggala. Daleme pak lurah ora adoh karo sekolahan. Manut kabar sing tau dakrungu, Lurah Hadi Manggala iki kabare isih mambu famili karo Pak Palindriya. Sajake, sasuwene sekolah Sekarniti pancen sengaja dititipake marang lurahe, sebab jarak Kalangbret - Widarakandhang klebu adoh.

Wondene sing dakkosi daleme Mbah Tarsana Sastramirudha. Omahe Mbah Tarsana adhep-adhepan karo daleme pak lurah lan mung keletan ratan kampung sing ora pati jembar. Mbah Tarsana wis sepuh tur ndhudha. Putrane telu lanang kabeh, nanging wis padha dedalem dhewe-dhewe. Mula pangrengkuhe marang aku ora mantra-mantra kaya wong liyan brayan. Aku wis direken kaya dene putune dhewe.

Rehne kos-kosane adhep-adhepan, saben ndina aku tansah ketemu Sekarniti. Mangkat lan mulih sekolah ajeg runtung-runtung wong loro. Bengine kerep sinau bareng, nggarap PR bareng, kalamangsa ya silih-silihan buku barang. Yen butuh tuku buku pelajaran utawa pirantine nulis, dheweke ajeg njaluk diterake menyang toko buku sing mapane ana kutha.

Cundhuk karo unen-unen witing tresna jalaran saka kulina ngana kae, raketing pasrawunganku karo Sekarniti banjur nukulake bribik-bribik katresnan. Nalika sawijining dina aku nglairake rasa tresnaku marang Sekarniti, dheweke nanggapi. Bungahku tanpa upama. Dina-dinaku krasa endah lan kebak semangat.

Nanging kaendahan sing kober dakrasakake mau sirna bareng ibune Sekarniti ora nyarujuki sesambunganku. Ngepasi dina prei aku dolan menyang omahe Sekarniti ing Widarakandhang. Nanging aku malah diundamana entek amek kurang golek dening Bu Ajeng Kamaratih. Jarene drajatku ora setimbang karo drajate Sekarniti. Sebab Sekarniti mono isih trahing kusuma rembesing madu, anake kulawarga kinurmat. Dene aku mung anake wong pidak pedarakan, turune wong kesrakat.

Bu Ajeng uga kandha yen satemene Sekarniti wis dijodhokake karo Kampana, putrane Pak Kertadirdja juragan mas-masan ing Kalangbret. Mula aku ora kena cedhak-cedhak maneh karo dheweke Kagetku kaya sinamber gelap. Sebab Kampana mono uga kancaku sakelas. Malah lungguhe dadi sabangku karo aku.

Mulih saka Widarakandhang pangarep-arepku pepes. Pupus-pupus katresnan sing wiwit trubus kekembangan ing atiku saiki alum. Donyaku peteng. Tekan kos-kosan awakku dakbrukake menyang kasur. Sedina mbethethet mung ungkep-ungkep ana kamar. Atiku protes, yagene kok ora kinodrat dadi anake wong sugih kareben bisa dadi pacangane Sekarniti? Greget uripku kendho, klebu greget kanggo sinau. Mangka ora suwe maneh wancine ujian pungkasan, ujian kanggo nemtokake kelulusan.

Ing sekolahan, sesambungaku karo Kampana uga malih krasa kaku. Omong-omongan ya mung saperlune wae. Mangka kulinane aku lan dheweke doyan ngobrol, dhasar padha dene seneng guyon. Najan sejatine Kampana kuwi nduweni sikep sing ambeg lan gumedhe, ning yen karo aku bocahe apikan. Wondene Sekarniti, arepa ibune wis memalangi, ewa semono tumanggape marang aku ora owah. Tetep anget kaya sadurunge. Kepara dheweke luwih kerep cedhak aku tinimbang marang Kampana.

Yen Kampana apel menyang kos-kosane, Sekarniti sok emoh nemoni. Kanggo nginggati Kampana, dheweke “ngungsi” menyang kos-kosanku. Aku saya ora kepenak karo Kampana. Nanging ing sisih liya aku uga abot yen nganti kelangan Sekarniti,kenyapepujaning atiku.

“Nadyan ibuku ora nyarujuki sesambungane awake dhewe, ning aku tetep tresna marang kowe kok Ris,” pratelane Sekarniti nalika kuwi. Dheweke banjur dakkekep kenceng. Atiku ngondhok-ondhok.

Jroning kahanan ati kang rontang-ranting mau aku kasil lulus najan kanthi biji sing pas-pasan. Swasananing atiku sing lagi ora stabil njalari konsentrasiku nggarap soal-soal ujian dadi ambyar. Sawise lulus aku banjur ajar wiraswasta kanthi bakulan buwah ana pasar Karangtanjung, desa asal-usulku. Desaku mapan watara 20 kilometer sakidul wetane kutha kabupaten.

Kalamangsa aku uga kerja srabutan nukang utawa nguli. Pokoke waton entuk kaya. Satemene aku ya kepengin kuliyah kaya kanca-kancaku liyane kae. Ning kepriye maneh wong simbokku ora gableg ragad kathikwisrandha pisan. Kanthi duwe kesibukan dhewe aku kepengin ngipatake wewayangane Sekarniti saka tlapukaning mripat. Nanging tetela ora gampang. Kepara linali lali malah saya ngalela. Suwe-suwe tuwuh rasa kapangku marang dheweke.

Mula ngepasi dina Minggu aku nekad menyang Widarakandhang. Kangenkuwisora kena disayuti. Sajake wektu kuwi pas tiba dina becikku, awit Sekarniti pinuju ana ngomah ijen. Bapak-ibune tindak buwuh menyang Blitar. Nalika dakajak metu saka ngomah Sekarniti ora nulak. Mula aku lan dheweke banjur budhal nyepedhah motor menyang pesisir Popoh. Ing gisike segara kono aku lan Sekarniti seneng-seneng. Oyak-oyakan karo sirat-siratan banyu.

Kesel playon kene wong loro banjur foto-fotonan nganggo kamera digital-e Sekarniti. Motrete njaluk tulung wisatawan sing kebeneran plesir ana kono. Jare Sekarniti, foto-foto iku arep dicithak lan dilebokake album amrih mbesuke kena kanggo kenang-kenangan. Aku aweh pamrayoga supaya yen sida dipasang ana album, ing sangisore foto-foto mau diwenehi

tulisan: Kenang-kenangan saka pesisir Popoh. Muga-muga langgeng. Sekarniti & Risang Ragutama. Dheweke sarujuk.

Apes. Nalika ngeterake Sekarniti mulih, Pak Palindriya dalah Bu Ajengwisngenteni tekaku sakeloron ana teras. Aku diundamana entek ngamek kurang golek dening Bu Ajeng. Aku disengguh nggawa mlayu anake. Mula yen nganti aku kumawani ngidakake maneh sikilku ana omah kono, Bu Ajeng ngancam bakal lapur pulisi supaya ngrangket aku. Bubar diseneni aku banjur digusah kaya kirik gudhigen.

Mulih saka Widarakandhang atiku remuk rempu. Rasane kaya sinebit-sebit. Aku ngluputake awakku dhewe, yagene kok ndadak reka-reka nemoni Sekarniti barang yen tundhone malah nglara ati kaya ngene. Kanggo nglalekake kedadeyan kuwi aku bali menyang pasar ngadhep bedhag buwah-buwahan.

Kira-kira seminggu candhake, tanpa kinira sadurunge aku entuk tilpun saka Kampana. Dheweke kandha yen saiki lagi kuliyah ana Malang. Kejaba kuliyah dheweke uga dipasrahi ngopeni kebon apele bapake sing manggon ana Batu. Saliyane martakake kabarku, Kampana uga ngabari yen dina kuwi dheweke pinuju panen apel. Yen aku gelem kulakan mrana, Kampana janji bakal menehi rega miring. Minangka bakul buwah, nadyan mung pedagang cilik-cilikan, aku ketarik karo pangiming-iminge Kampana. Mula sesuke aku banjur budhal menyang Batu nggawa pick-up tuwa tinggalane swargi bapakku.

Aku terus njujug kebon apele Kampana. Pancen temenan, wektu kuwi apele Kampana lagi diundhuh. Akeh bakul buwah saka Malang lan Blitar sing nggawa rodha papat padha kulakan mrono. Undhuh-undhuhan apele Kampana pancen akeh. Lha piye wong kebone pancen ya hektaran. Karyawane tak etung ana wong 20, isih durung kepetung sing tenaga pocokan. Tekaku pinapag kanthi grapyak, kaya dene mapag tekane mitra lawas sing ora tau ketemu.

Aku banjur diajak mlaku-mlaku ngubengi kebon apele lan diajak mangan awan pisan ana kono. Sasuwening aku diajak ngubengi kebon, Kampana ngongkon karyawane supaya ngunggah-ngunggahake apel sing mentas dipethik menyang bake mobilku. Sajroning sapatemon mau Kampana ora nggepok babagan Sekarniti. Aku dhewe uga ora karep ngrembug perkara kuwi, tiwas ngongkreh-ongkreh tatu sing durung garing.

Wanci bedhug Luhur, sawise ndhuwiti apel, aku banjur pamitan. Pick-up ku kebak apel nadyan ora nganti munjung. Sengaja aku kulakan akeh merga regane pancen miring tenan. Upama dakedol kanthi rega umum, saben apel siji aku bisa njupuk bathi Rp 300. Yen mangkatku mau liwat Ngunut – Blitar – Malang – Batu, Kampana mrayogakake supaya mulihku liwat jalur sisih lor, yakuwi Songgoriti, Pujon, Selareja lan mengkone mudhun ing wewengkon Pare, Kediri. Miturut Kampana kejaba luwih cepet, sesawangan alame ing jalur mau luwih endah. Kanggo nglegani atine Kampana aku manut wae, ngiras kena kanggo variasi.

Nalika lakune mobilku tekan Songgoriti, ana pawongan sing ngawe-ngawe nyetop. Umur-umurane udakara sewidak taun. Nembung arep nunut nganti tekan Jombang. Sebab arep numpak angkutan umum sangune ngepres. Ngakune wis meh sak jam anggone nggejejer nyegat nunutan ana pinggir dalan kono. Ning saben kendharaan sing distop padha emoh mandheg.

Tumrapku malah tiba kebeneran awit ana batur sing kena kanggo kanca omong-omong ana dalan. Kejaba kuwi aku uga welas marang dheweke yen kesuwen ngadeg ana pinggir dalan kono, sebab nadyan wis meh jam siji awan nanging panase isih krasa sumelet. Pawongan iku aran Salamun. Dheweke arep sambang putune menyang Jombang. Sawise Salamun mapan lungguh ana sisihku mobil dakgas maneh.

Rikala ngambah medhan kang mbebayani ing wewengkon Selareja, aku wiwit ngrasakake keanehan. Rime mobilku jero tur rada ngeslong, ora pakem kaya sadurunge. Ngepasi ngudhuni dalan njojrog tur nikung, rime mobil wis bener-bener ngeslong. Aku

bingung, Pak Salamun panik. Merga ora bisa dierim, mobilku nylorot mudhun kaya disawatake. Apel sing dak emot pating blesar. Aku mbengok "Allahu Akbar …. Allahu Akbar…" .

Wekasane mobilku ceblok kebanting ing perengan cerung. Gumlundhung ditampani watu-watu gedhe pating bedhosol. Mendal-mendal kaya bal bekel, terus bablas njujrut menyang dhasare jurang. Aku nderemimil nyebut asmane Gusti. Gumlundhunge mobil lagi leren sawise tiba kanteb ana dhasar jurang. Embuh pirang meter jerone jurang mau, sing cetha aku ngrasakake pasiksan kang suwe banget nalika mobilku ngglundhung. Aku nindhihi anggane Pak Salamun sing wis ora sadhar.

Panduluku sumrepet. Nanging bebaya isih ngancam. Sebab jroning kahanan setengah sadhar mau aku mambu gandane bensin. Mula kanthi sisa-sisaning kekuwatan lan kesadharan, aku mancal-mancal kaca ngarep sing satemene wis renyeg separo. Arep metu liwat lawang tangeh lamun sebab bodhine mobil mleseg menjero tur posisine nggoling miring. Siji-sijine dalan metu ya mung liwat kaca ngarep sopiran iku.

Sawise kacane pecah dak tendhang, aku banjur mbudidaya metu kanthi cara mbrangkang mundur. Nalika awakku sing separowistekan njaba dumadakan bel…. genine nyaut nggon sopiran. Panase srengenge sajake nyamber bocoran bensin iku. Raiku kesamber geni, rasane panas banget. Awakku murub. Mripatku ora kena kanggo nyawang. Aku mbrosot metu saka njero mobil banjur gulung-gulung ana suketan. Pamrihku supaya geni sing ngobong saperangan awakku mau cepet mati. Nanging dumadakan byuurr….aku krasa kecemplung banyu. Lan mak pet, aku wis ora kelingan apa-apa maneh.

**(17)**

MELEK byar aku tolah-toleh. Bingung. Kahanan sakiwa tengenku peteng nadyan ora dhipet banget-banget. Ora katon soroting cahya. Rasane kaya tinarungku ana njero rong. Ning jebul aku ora ijenan, sebab dumadakan wae ana paraga tuwa kang mencungul saka walike pepeteng. Pasuryane pawongan kang kebak dening garitan umur kuwi banjur dicedhakake menyang raiku, kaya-kaya kepengin mesthekake. Weruh mripatku wis kelop-kelop, piyayi sepuh kang menganggo sandhangan sarwa wulung iku mesem bungah.

"Gusti Kang Maha Amisesa. Gusti kang paring panguripan marang sadhengah titahe. Sukur dene kisanak wis eling," paraga sepuh iku kumecap lirih. Tak sawang pasuryan tuwa kuwi ketara edhum. Atiku ayem, ateges dheweke dudu pawongan sing duwe karep ala.

Nanging ana ngendi aku iki kok mara-mara njur lumah-lumah ana papan sing peteng kaya ngene? Apa aku wis dipendhem terus paraga tuwa kuwi malaekat Mungkar utawa Nakir sing arep aweh pitakon kubur? Sejatine aku pengin caturan klawan penjenengane. Nanging lambeku krasa abot kanggo ngucap. Uwangku rasane kaku. Sing kawetu mung swara ak uk, ak uk kaya wong bisu.

"Kisanak manggon ana papan dunungku. Neng kene kisanak aman. Ngertiya kisanak, wis meh telung sasi kowe ora eling," ujare paraga tuwa iku kaya bisa maca isining atiku.

Aku kaget. Telung sasi? Apa aku mentas semaput suwe utawa istilahe koma ngana kae? Sejatine aku kepengin takon luwih akeh ngenani kahananku iki marang panjenengane. Nanging bubar ngendika saklimah, paraga tuwa iku terus lunga embuh menyang ngendi parane. Jebul kahananku lagi lumah-lumah ana sandhuwuring watu kumlasa kang linemekan gegodhongan saengga boyokku ora krasa atos banget-banget.

Hm, apa kaki-kaki tuwa kuwi mau sing wis aweh pitulungan sarta mrenata paturonku iki? Sapa satemene panjenengane kuwi? Sawise kesadharanku pulih lagi krasa yen saranduning badanku njarem kabeh. Sewu lara prasasat dadi siji. Obah wae ngrekasa. Raiku perih. Mula bisaku ya mung lumah-lumah tanpa daya, kaya urip ing sajroning mati.

Embuh wis pirang sasi suwene anggonku ngathang-athang ana panggonan sing aneh iki. Aku ora bisa niteni gumantine wektu jalaran angel mbedakake wanci awan lan bengi,

sebab swasana ing kene padha dene petenge. Sing keprungu mung kumricike banyu, embuh ana sisih ngendi pernahe.

Ing wektu-wektu tinamtu paraga tuwa sing ora dakweruhi asmane iku rawuh nyangking panganan lan omben-omben. Panganan sing digawa asring arupa tela bakar utawa tela godhog, suweg lan gembili. Kadhangkala uga nggawa sujenan iwak bethik lan badher sing wis dibakar. Paraga tuwa iku ora akeh guneme. Bubar ndokok panganan lan omben-omben ing cedhakku dheweke ajeg kandha, “Iki sarapane,” lan sawise kuwi banjur lunga maneh. Mengkono bola-bali.

Kanthi tembung, “Iki sarapane,” mau aku dadi duwe dudutan yen rawuhe paraga sepuh mau mesthi pendhak wanci esuk utawa saora-orane rada awan sithik. Kejaba ngeterake panganan, piyayi sing becik bebudene iku uga ora wigah-wigih ngganti penganggoku, ngresiki kotoranku, nyewoki lan ngganti “kasur godhong” sing wis garing nganggo godhong sing anyar. Sok-sok anggaku uga dipijeti, dipluruti lan diblonyohi nganggo ramuwan sing nyegrak ambune.

Suwe-suwe kuwarasanku pulih. Aku wiwit bisa lungguh. Sawise tegen lungguh banjur ajar mlaku trantanan kanthi rerambatan tembok watu. Nanging sikilku sing kiwa ora bisa diobahake merga apus. Lakuku dadi dhingklang kecincugan. Tangaku kiwa uga mati rasa, sajake keple. Mripatku wuta sesisih. Pikiranku uga durung sawutuhe normal. Aku ora bisa ngeling-eling apa sing mentas nemahi awakku lan yagene ujug-ujug aku tina-rungku ana papan kang sarwa peteng iki.

Nalika awakku wis saya entheng, paraga tuwa iku mara. Ngendikane, “Kisanak, wis titi wancine kowe weruh padhange hawa. Ayo saiki meluwa aku!”

Setengah dilawani dening penjenengane, aku diajak menyang alam padhang. Aku lagi mudheng, pranyata sasuwene iki manggon ana njero guwa. Swara kumricike banyu sing saben wektu dakrungu iku jebul asale saka plangitane guwa. Plangitan iku ngembes lan banyune mancur kumricik menyang watu. Guwa iki mapan ana sapinggire kali gedhe. Cang-keming guwa ketutup rayutan sarta kaling-kalingan gegrumbulan ketel saengga ora katon saka njaba. Metu saka guwa aku terus dituntun menyang pinggir bengawan. Nitik swasanane, guwa iki mapan ana lengkehing gunung.

“Nem sasi kepungkur kowe daktemu temangsang ana watu tengah kali kae. Sajake kowe mentas ngalami lelakon kang ngeres-eresi ing ndhuwur kana. Anggamu kentir lan kecanthol watu ngepasi tekan sangarepe cangkem guwa kene. Tatumu arang kranjang, awakmu rusak. Kowe banjur dakgawa menyang njero guwa, dakupakara sabisa-bisaku. Lan Gusti sajake isih ngersakake kowe urip. Nah, saiki sawangen rupamu, kowe kudu bisa nampa kanyatan iki kanthi tatag,” kandhane kaki-kaki mau.

Alon-alon raiku dakpepetake lumahe banyu kali sing bening kuwi. Kagetku tanpa kinira. Wewujudanku wis owah, nganti aku dhewe ora tepung karo rupaku sing saiki. Praupanku malih nggegilani, persis dhapure monster ing film-film horor sing tau daktonton ana televisi ngana kae. Kejaba rai lan kulitku rusak, swaraku uga ilang. Swara sing kawetu keprungu bindheng. Sakala aku lemes. Aku shock lan angel nampa kanyatan. Yagene Gusti ora mbanjut nyawaku wae? Pacoban iki abot banget kanggoku. Banjur apa gunane urip yen kahananku kaya ngene?

Mbaka seththik kesadharanku katut pulih. Aku wiwit bisa ngeling-eling kedadeyan sing njalari aku kaya ngene lan cumondhok ana njero guwa sajroning setaun iki. Kacilakan! Ya, kacilakan nggegirisi ing Selareja. Awakku kobong lan ora sengaja kejegur kali engga wekasane aku semaput. Jebul kedadeyan kuwi wis mungkur setaun. Lan sing nggawokake, nyawaku isih bisa ditulungi dening kaki-kaki nyalawadi kuwi nadyan tanpa bantuwan medhis.

“Kisanak, saiki kowe dak tundhung lunga saka papan kene awit pakaryanmu neng njaba kana durung rampung. Kanggo mbiyantu lakumu, kowe dakgawani iki,” ngendikane

paraga sepuh mau karo ngulungaku kruk kayu sing sajake mentas digawekakake mligi kanggo aku. Ketitik kruk iku isih anyar. Aku banjur ninggalake guwa, kaya laron kang mentas netes banjur mabur golek hawa padhang.

Sing daktuju dhisik omahku ing Karangtanjung. Rehne ora nyekel dhuwit kanggo nenumpak, lakuku ya mung satitahe. Kalamangsa yen ana sopir trek sing welas ndulu kahananku, aku banjur dibarengi nadyan mung trima ditumpakake ing bak mburi campur karo momotan. Yen treke menggok menyang dalan sing ora sak jurusan, aku mudhun lan mbacutake lakuku kanthi laku dharat.

Tekan Karangtanjung aku cuwa. Tangga kanan keringku wis ora ana sing tepung maneh karo aku. Aku dikira pawongan sing ngaku-aku. Manut ujare wong-wong mau, Risang Ragutama wis dikubur meh setaun kepungkur. Dheweke tiwas merga kacilakan ing Selareja. Jisimku, sing satemene jisime Pak Salamun, tinemu pereng ana njerone ragangan pick-up sing ringseg lan gosong. Ora let suwe sawise "jisimku" dikubur, simbokku gerah lan wekasane nututi tinggal donya.

Krungu yen simbok wis tinggal donya sakala aku nangis ngguguk. Nanging malah disuraki dening bocah-bocah cilik sing ngrubung. Aku dianggep wong ora waras. Aku disawati krikil lan digurak ngalih. Kanthi ati sing kelara-lara aku banjur lunga ninggalake Karangtanjung, ninggalake desa sing wis nggedhekake aku. Aku ora bisa ngyakinake wong-wong mau yen satemene Risang durung mati. Kejaba cangkem iki rekasa kanggo caturan, aku uga ora duwe bukti sing kuwat merga idhentitasku sing arupa KTP, STNK lan SIM ora dakcekel.

Lakuku klambrangan saparan-paran, kecincug-kecincug nurut obahe sikil. Yen panas kepanasen yen udan ya kudanan. Uger ngaso ana gerdhu utawa ngisore uwit, aku ajeg diguraki dening warga. Jarene akeh bocah cilik sing wedi ndulu wewujudanku.

Mbuh wis pirang ndina anggonku kedharang-dharang, sing cetha wanci sore kuwi lakuku wis manyak tekan kutha, trepe ing trotoar sangarepe Pasar Wage. Nedhenge aku golek panggonan kanggo leren, ora njarag mripatku sumurup piyayi setengah tuwa lagi ditodhong glathi dening nom-noman brandhalan loro ing parkiran sangarepe toko sandhangan. Piyayi separo umur iku ngempit tas cilik lan ditodhong ngepasi arep mlebu mobil. Bareng dak waspadakake kanthi premati aku kaget. Jebul piyayi kuwi Pak Palindriya, ramane Sekarniti.

Aku banjur mindhik-mindhik nyedhaki nom-noman loro iku saka arah mburi. Pak Palindriya dakkodhe supaya meneng. Bareng wis cedhak krukku banjur dak babitake kanggo nggebug lempenge salah sijine pemudha brandhalan iku. Bocah enom iku njerit. Dheweke tumoleh lan ganti arep ngrangsang aku. Nanging kanthi cepet banjur dak sodhog dhadhane. Nom-noman tanggung iku ambruk nekem dhadhane karo sambat ngaruara. Rowange nedya sabela. Karo nganggar glathi dheweke nggemprang nedya nrajang. Nanging Pak Palindriya prayitna. Sikile bocah mau dijegal engga tiba krungkeb.

Pak Palindriya bengok-bengok njaluk tulung. Sakala wong sapasar ngebyuk lan ngroyok pemudha brandhalan loro iku. Tujune durung nganti kekarone tiwas dienggo rencakan massa, kaselak ana pulisi teka. Bocah loro sing raine wis bengep kabeh iku banjur diangkut lunga nganggo mobil patroli. Sok mengkonowa isih ana siji loro massa sing kober mbogem bocah urakan sing wis ditumpakake Kijang bukakan mau.

Pak Palindriya ngucapake panuwun marang aku. Panjenengane mbukak dhompet banjur ngulungi dhuwit seketan ewon rong lembar marang aku. Nanging aku gedheg. Pak Palin, sing ora tepung maneh yen satemene aku Risang, banjur tawa-tawa apa aku gelem saupama dipundhut dadi abdine. Jarene, kejaba kepengin males kabecikanku panjenengane uga welas ndulu kahananku.

Sekawit aku gojag-gajeg. Ning yen dakpikir-pikir tinimbang saben ndina kluyuran turut dalan sarta ora tau kambon sega, rak luwih becik ngenger uwong wae kareben luwih

kopen. Karomeneh kanthi ndherek Pak Palindriya, aku duwe pangarep-arep bisa ketemu maneh klawan Sekarniti, najan aku ora yakin dheweke isih bisa niteni rupaku sing saiki. Sawise daklelimbang wusanane aku manggut. Marang Pak Palin aku ngaku aran Jana, wong kleyang kabur kanginan.

**(18)**

NENG daleme Pak Palindriya aku njaluk dipapanake ana gubug sing dumunung ing mburi omah. Najan satemene Pak Palin wis nyepaki kamar ana njero loji, nanging aku ngrumangsani kahananku sing sarwa ora lumrah iki. Ora samesthine rereged kaya aku turu ana senthong sing resik. Aku emoh daleme Pak Palindriya dadi jember gara-gara aku turu dadi saomah.

Gubug sing dakpanggoni iku satemene gudhang kanggo nyimpen maneka warna abragan, kaya dene pacul, arit, gledhegan kanggo ngusungi lemah, timba, rabuk, slang, sentrat pakan iwak lan sapanunggalane. Anehe aku malah krasan manggon amor barang-barang kuwi. Kebeneran neng njero gudhang kono ana lincake saengga mung kari nuroni.

Pakaryanku sing utama ngreksa omah, sebab saben dina Pak Palindriya tindak menyang tokone neng Pasar Wage. Sekarniti kerep diajak. Kundure jam telu utawa jam papat sore. Terkadhang malah nganti Magrib barang. Wondene Yu Tonah, rewange Pak Palindriya, uger wis rampung olah-olah, reresik jogan lan nyapu latar banjur bali menyang omahe dhewe. Dadi yen awan omah loji samono gedhene kuwi kerep suwung gambrung.

Marang Yu Tonah aku kober takon, menyang ngendi Bu Ajeng Kamaratih kok sasuwene aku ana kono ora nate katon. Apa gerah? Jebul manut Yu Tonah, Bu Ajeng wis seda watara telung sasi kepungkur. Satus dinane nembe dislameti rong minggu sadurunge aku ngenger. Sedane merga gerah sesege kambuh. Dening Yu Tonah aku dibisiki yen gerahe Bu Ajeng mau mbok menawa krana ngrasakake anake wadon sing tetep wangkal ora gelem dijodhokake karo Kampana. Mangka kulawargane Kampana dalah kulawarga Widarakandhang wis nyingseti rembug. Ora cetha apa pawadane Sekarniti wangkot diomah-omahake entuk Kampana. Ning yen jarene Yu Tonah, Sekarniti tau kawetu ucape menawa dheweke durung bisa nglalekake kekasihe sing wis tiwas merga kacilakan.

Aku angluh. Oh Sekarniti, semono gedhening rasa tresnamu marang aku. Apa kowe ora krasa yen sing manggon ana gubung saemper pandhelikane ula dumung iki sejatine Risang Ragutama? Sajake Sekarniti wis ora tepung maneh kalawan aku. Aku maklum. Aku ngrumangsani dudu Risang sing biyen. Aku saiki dadi wong tanpa guna sing njagakake sih kawelasane liyan, ora beda kaya dene kirik gudhigen sing dientasake saka peceren, diingu lan dipakani dening bendarane.

Nuju sawijining dina mbeneri omah suwung, aku manek-manekake mlebu menyang kamare Sekarniti. Kepara aku kober ngebrukake awakku menyang dhipan sing kasure empuk mendut-mendut kuwi. Karo lumah-lumah pikiranku ngentha-entha, saiba mulyane uripku upama kelakon bisa sesandhingan karo Sekarniti ana kamar iki.

Marem lumah-lumah aku njenggelek lan ganti nliti piranti ngadi sarirane Sekarniti, klebu sandhangane ing njero lemari gantung. Ya wektu mbukak lemarine Sekarniti mau kanthi ora njarag aku nemu koran sing wis rada lungset. Sekawit dakanggep koran lumrah. Ning bareng dakgatekake temenan aku kaget. Jebul koran kuwi macak prastawa kacilakan sing dakalami ing Selareja. Korane wis ora wutuh maneh. Ketoke Sekarniti mung nyimpen perangan sing dianggep wigati wae.

Isining pawarta gage dakjingglengi. Disebutake menawa adhedhasar temonane pulisi, kacilakan pick-up ing Selareja mau krana kampase rim entek. Saliyane kuwi minyake rim uga kothong. Aku terus mikir-mikir, apa ana sing sengaja ngowahi rime mobilku? Sebab saelingku kampase rim isih kandel. Apamaneh mobil kuwi mentas dakservis. Upama ana sing ngganti kampas utawa sengaja mbocorake minyake rim, terus sapa pawongane?

Nyut, aku banjur kelingan. Rikala diajak Kampana ngubengi kebon apele, mobilku rak daktinggal. Kampana menging aku melu nggunggah-unggahake apel menyang bake pick-up. Dheweke mrentah karyawane supaya nindakake pegaweyan iku. Aku didohake saka mobil. Kanthi mengkono ora mokal yen tanpa daksumurupi Kampana ngongkon andhahane supaya ngganti kampase rim, mbocorake minyake sarta ngendhoni baute. Mbokmenawa dheweke wis ngetung-etung yen sulayaning rimku mbarengi lakuku tekan medhan mbebayani ing wewengkon Selareja.

Nek ngono apa Kampana sing ngrancang kabeh lelakon iki? Ngundang aku menyang Batu saperlu dipaeka kanthi cara nyabotase mobilku? Uh keparat! Aku getem-getem. Pirang-pirang ndina dhadhaku kobong dening kesumat. Ora ngira yen tilas kancaku sabangku kuwi mentala ngarah patiku merga dianggep dadi pepalang anggone arep ngrabi Sekarniti. Lan ya merga tumindake Kampana sing tanpa duwe rasa kamanungsa kuwi saiki kahananku dadi rusak kaya ngene. Aku ndedonga muga-muga ing sawijining dina mengko ana kalodhangan kanggo malesake pangigit-igiting atiku iki.

Nanging prahara durung sirna. Let sawatara sasi aku krungu kabar yen Sekarniti arep diomah-omahake entuk Darpita, pegawe pajeg. Tepunge nalika Darpita ngeterake ibune blanja menyang tokone Pak Palindriya. Atiku ajur, pikiranku kuwur. Aku sok nangis ndrenginging ijenan ana njero gubug, nggetuni lelakonku sing apes. Kadhangkala wanci tengah wengi aku pindhah menyang gedhong bongkor tilase pabrik teh. Ana kono aku bisa nyuntak sesanggan kang ngentebi dhadhaku kanthi nangis utawa njerit sakayangku tanpa sumelang ana sing krungu. Upamoa ana sing krungu paling panjeritku mau dianggep swarane memedi.

Sore kuwi, mbarengi mendhung angendanu nutupi langit, embuh sing kaping pira Darpita mara menyang Widarakandhang. Dheweke kandha yen ora suwe maneh bakal nglamar Sekarniti. Atiku beka. Aku ora pengin wanita gegantilaning ati kuwi diduweni wong liya. Mripatku blereng, kaya petenge mendhung ing langit sore kuwi. Ndidalah aku weruh ganco gumlethak ana pawon. Kuwi gancone Sarni sing keri. Tanpa mikir dawa ganco daksaut. Aku gegancangan ndhisiki laku menyang dalan njojrog nunggu liwate Darpita.

Sapari polahe Darpita ora luput saka pengawasanku. Dheweke kober clilengan sajak krasa yen lagi dakawasi. Manjing wanci Maghrib Darpita pamit. Mulihe mbarengi tumurune udan. Nalika dheweke ibut ngrukubake jas udan, aku jumangkah nyaket. Dheweke kaget. Mbuh iblis saka ngendi sing wis manjing menyang anggaku, tanpa duwe rasa welas sirahe Darpita gage dakbabit nganggo ganco. Sirah pecah, isen-isene moncrot. Pecating nyawane Darpita binarung jumedhere bledheg kang nyigar akasa.

Bubar mateni Darpita awakku gemeter. Pikiranku linglung. Yagene aku saiki dadi wengis kaya ngene? Utegku kaco. Bengine aku ndhuwel ana gudhang. Ora bisa turu. Swasanane saya kekes merga udane ngrecih nganti parak esuk. Awane aku krungu ngarep omah geger. Pulisi-pulisi padha mara menyang dalan njojrog saperlu nitipriksa kunarpane Darpita. Malah kabare komandhane pulisi kecamatan nyraya dhetektip saka Kediri kanggo miyak wewadining rajapati. Nganti esuk kuwi ora ana sing nyujanani aku. Malah Pak Palindriya isih ngajak aku supaya ngancani tindak menyang toko jalaran Sekarniti lagi dijaluki keterangan dening dhetektipe.

Bengine aku bali klisikan. Pikiranku saya kuwur. Aku banjur munggah menyang gedhong bongkor. Wancine rembulan purnamasidi. Ana njero gedhong aku ungkep-ungkep. Kejaba nangisi lelakonku sing apes, aku uga tansah dioyak-oyak dening rasa salah jalaran wis merjaya pawongan kang tanpa dosa. Dumadakan ana wewayangan nyedhak. Aku kaget banget. Sapa sing wani mlebu gedhong bongkor wayah tengah wengi kaya ngene? Mengko gek pulisi sing lagi nggoleki aku? Utawa bisa uga malah dhetektip srayan mau. Pepunthonku, sadurunge dicekel aku kudu cekat-ceket oncat saka gedhong lan bali maneh menyang gubug.

Eh tanpa kanyana-nyana esuke Kampana teka menyang Widarakandhang. Tekane Kampana njalari watak wengisku mungkat. Apa maneh dheweke arep kurang ajar marang Sekarniti. Kanggo nyuntak seriking atiku, Kampana dakpilara sakatogku. Rampung milara Kampana atiku krasa marem. Dongaku rina wengi kabul, aku bisa males ukum. Bubar munasika Kampana aku pasrah marang lelakon. Lan ora let suwe pulisi nggrudug gubugku. Aku dirangket.

***

Setyawan nutup BAP-ne. Sawatara suwe dheweke ketara mikir-mikir. Ujare marang Komisaris Amongdenta, “Mas, apa guwa sing dicritakake Risang jroning BAP iki wis nate digoleki?”

“Uwis. Pulisi kana wis ngubres kiwa tengene papan kacilakan kanggo nggoleki guwa kuwi. Pulisi uga nlusuri kali nganggo prau karet. Ditlusuri wiwit saka panggonan sing dhuwur engga tekan sungapane. Ning guwa sing dicritakake Risang mau ora ditemokake. Saengga aku nduweni dudutan menawa keterangane Risang ngenani piyayi sepuh sing wis tetulung marang dheweke kuwi ora tinemu nalar. Manut pandugaku, Risang mung halusinasi.”

Setyawan bali mikir-mikir. Kala-kala bathuke njengkerut.

“Mas Among nate mireng tembung kaum Pasurajan?”

“Apa kuwi Dhik? Aku kok lagi krungu saiki.”

“Kaum Pasurajan kuwi golonganing uwong sing seneng tetulung. Ana sing nyebutake, upama sarasilahe diurut-urut mendhuwur, kaum Pasurajan iki isih turas turune raja-raja Majapahit. Ujaring kandha, nalika Kraton Majapahit ngalami sandya kala merga wiwit kalah perbawa dening Demak Bintara, krabat kraton sing emoh nggilut Islam mau padha lunga menyang gunung-gunung. Neng kana banjur nak kumanak nganti gemrayah. Kaum Pasurajan iki misterius banget, sebab pancen ora tau srawung karo liyan. Uripe neng guwa- guwa sakiwa tengene Batu, kaya dene Gunung Arjuna, Anjasmara lan Kawi. Kaum Pasurajan diyakini isih ana nadyan dinuga cacahe wis kari sethithik banget.”

“Kandhamu kuwi kok malah kaya dedongengan wae ta, Dhik. Aku ora percaya karo sing ngono-ngono iku. Pulisi kuwi nyambutgawene adhedhasar bukti sing ilmiah. Tanpa bukti ilmiah pulisi ora wani ngomong. Karodene ing jaman sing sarwa modern kaya ngene mosok iya isih ana wong-wong misterius ngono kuwi?”

Rehne wis ora ana maneh sing dirembug, Setyawan banjur pamitan. Diuntabake Amongdenta nganti tekan terase markas. Sadurunge Setyawan nyengklak sepedhah motore, Amongdenta kober celathu bisik-bisik.

“Dhik, apa bener nek Pak Palindriya iku sok nyolong-nyolong sesambungan peteng karo Tonah?”

Setyawan mesem. Wangsulane, “Arepa dhudha ning Pak Palindriya iku wong lanang normal, Mas. Pancadriyane isih genep. Ing sisih liya Tonah uga butuh dhuwit kanggo nutugake mbangun omah. Merga Sarni kuwi, kejaba wis loyo, uga ora duwe pegaweyan sing maton. Dadi ya bebasan tumbu oleh tutup.”

Srengenge wis ancik-ancik pucuking langit nalika Setyawan ninggalake markase Amongdenta. Prapatan lurung kecamatan ing sangarepe kantor pulisi kuwi wiwit reja dening bocah-bocah kang mulih sekolah. Setyawan ora pati kesusu, lakune kendharaane nguler kambang. Nanging dumadakan…..

“Thiit….thiit….thiiit!”

Setyawan agahan minggir. Ngerim sepedhah motore lan mandheg ana sangisore wit trembesi. Tangane nglolos handphone saka sake jaket. Sms sing mentas mlebu diwaca. Pengirime Satrugna, wartawan Warta Bawana. Surasane: “Mas, sesuk iku sejatine Risang Ragutama wancine ngadhepi vonise hakim atas kadurjanan sing nate ditindakake ing

Widarakandhang patang sasi kepungkur. Ning dina iki dheweke tinemu mati nganyut tuwuh neng tahanan. Mati kendhat.”
Setyawan njegreg. (Cuthel)